ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

*Наукон-методикон журнал*

# РУХСТАУÆГ

## 1 (2013)

Дзæуджыхъæу 2013

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Редактор*** – Майрæмыхъуаты Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Дзытиаты Эммæ, Исахъты Людмилæ, Кцойты Маринæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ, Хозиты Эльвирæ, Хъамболты Тамерлан, Цопанты Ритæ***

Журналы æддаг цъарыл - Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Цæллагкаты Светланæ*** йæ ахуырдзаутимæ

© СО РИПКРО, 2013
©ИПК «Литера», 2013

НОМЫРЫ ИС:

# НОГ АХУЫРАДОН СТАНДАРТ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ


**Майрæмыхъуаты Фатимæ**

**ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ НЫСАНИУÆГ, СÆ БЫНАТ СКЪОЛАЙЫ АХУЫРАДОН ПЪЛАНЫ......... 8**

**Кцойты Маринæ.**

**НЫРЫККОН АХУЫРАДОН ТЕХНОЛОГИТÆ УРОЧЫ. ДИСТАНЦИОН АХУЫРАДЫ АХАДЫНДЗИНАД......... 15**

**Солтанты Джульетæ.**

**ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТÆМ ЦЫМЫДИСДЗИНАД ГУЫРЫН КÆНЫНЫ ФÆРÆЗТÆ. ÆНÆФÆТКОН УРОКТÆ......... 17**

**Дзытиаты Эммæ.**

**УНИВЕРСАЛОН АХУЫРАДОН АРХÆЙДТЫТЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ......... 19**


# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ ...


**РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС «ИРОН ÆВЗАДЖЫ ХУЫЗДÆР АХУЫРГÆНÆГ – 2013»...... 24**

**Гæджиты Лянæ.**

**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ:**

**«КОСМОСОН ТЫГЪДАД» ( НЫМÆЦОН)......... 26**

**Гаппуаты Фатимæ.**

**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ: «РАСТЗÆРДÆ УÆВЫНÆЙ ХУЫЗДÆР НИЦЫ ИС» (МИНОГОН). ......... 31**

**Чеджемты Фаризæ.**

**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ: «ЗОНД МÆСЫГ У» (НЫМÆЦОН)......... 35**

**Соттиты Дзерассæ.**

**СОЧИНЕНИ-НЫВЫ ÆРФЫСТ БАЦÆТТÆ КÆНЫНЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ: «ФСАТИЙÆ ЗÆРОНДДÆР ДАУДЖЫТÆМ КÆМ И?..» ......... 38**

## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

**Куыдзойты Анжелæ.**

АУДИОТЕКСТИМÆ КУСЫНЫ ИУÆЙ-ИУ ФÆРСТЫТÆ (ФОНЕТИКОН ЗЫНДЗИНÆДТÆ)........42

**Хъæцмæзты Езетхан.**

МИНОГМИТЫ РАХЫЗТ МИНОГОНТÆМ........45

**Уалыты Татьянæ.**

ÆХСÆНАДЫ «РИССÆГТÆ» КОЦОЙТЫ АРСЕНЫ СФÆЛДЫСТАДЫ. ........ 50

**Гобозты Катя.**

ДЗЫРД ÆМÆ ФÆЛГОНЦЫ БАСТДЗИНАД ДЖУСОЙТЫ НАФИЙЫ ТАУРÆГЪ «ИР КУЫД САРÆЗТОЙ ЗАРÆГ»-ы. ........ 55

**Дзампаты Ларисæ**

ИРОН ÆВЗАГ АХУЫР КÆНЫНЫ ХИЦÆНДЗИНÆДТÆ ПОЛИКУЛЬТУРОН АХУЫРАДЫ БЫНДУРЫЛ........ 58

## СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

**Джериаты Мæдинæ.**

ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ: «УАЛДЗÆГ У ЦАРДЫ РАЙГУЫРÆН» (НОМДАРЫ НЫСАНИУÆГ)........61

**Æгъуызарты Зæирæ.**

ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ: «ИРОН АДÆМЫ ЦАРДЫ НЫВТÆ ХЪАНЫХЪУАТЫ ИНАЛЫ ЭТНОГРАФИОН ОЧЕРК «ИРОН ХЪÆУЫ». ........65

**Адеты Фатимæ.**

ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ: «АФÆДЗЫ АФОНТÆ» (МИНОГОНЫ БÆРЦБАРÆНТÆ)........ 68

## ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

**Уæлыгæсты Фатимæ.**

ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 4-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ: «ТЫХÆЙ ЗОНД ХУЫЗДÆР У» (ВАЗЫГДЖЫН ДЗЫРДТÆ)........72

**Зембатты Ларисæ.**
ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 2-ÆМ КЪЛАСЫ. УРОЧЫ ТЕМÆ: ДÆРГЪВÆТИН ÆМХЪÆЛÆСОНТÆ ÆМÆ СÆ РАСТФЫССЫНАД. ....76

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

2012-2013 АХУЫРЫ АЗЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ОЛИМПИАДÆЙЫ ФÆСТИУДЖЫТÆ....79
РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС «ИРОН АИВ ДЗЫРДЫ ДÆСНЫ»-ЙЫ ФÆСТИУДЖЫТÆ (2012-2013 АХУЫРЫ АЗ)....80
**Цæллагкаты Светланæ.**
ТЕАТРАЛОН РАВДЫСТ «НÆРТОН СИМД»....81
**Лазарты Иринæ.**
БРЕЙН-РИНГ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙÆ....86
**Къадзаты Мæдинæ.**
ИРОН ÆВЗАДЖЫ КЪОРД «ХУРЗÆРИН»-Ы КУЫСТЫ ПРОГРАММÆ (1- АГ КЪЛАС)....90
**Лохты Ритæ.**
ФÆСУРОКТЫ КУЫСТЫ ПРОГРАММÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ (5-ÆМ КЪЛАС)....93
**Сидахъаты Дамирæ.**
ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ КЪОРД (КРУЖОК) «РАГОН ИРОН ФЫССЫНАД ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ИСТОРИ»....96
ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ....98

## ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

**Хозиты Эльвирæ.**
ДИКТАНТТЫ БÆРÆГГÆНÆНТЫ НОРМÆТÆ (ÆРЫГОН АХУЫРГÆНДЖЫТÆН ÆХХУЫСÆН). ....104
**Тыбылты Мананæ.**
ВИКТОРИНÆ НАРТЫ КАДДЖЫТÆМ ГÆСГÆ....107
**Гæззаты Татьянæ.**
УÆЛÆМХАСÆН ÆРМÆГ 7-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ. ....107



## НÆ ЗЫНАРГЪ АХУЫРГÆНДЖЫТÆ!

*Фæстаг азты нæ институты функцитæ фæпарахатдæр сты. Ацы хъуыддаг баст у Уæрæсейы ахуырады ивддзинæдтимæ. Ахуыргæнджыты цæттæдзинад уæлдæр кæнынæй уæлдай ма институт кусы ахуырады къабæзты æппæт хъуыддæгтыл дæр. Зæгъæм, нæ институты бындурыл арæзт æрцыд республикæйы* ***Ахуырады райрæзты центр.*** *Институты кусджытæ æнтыстджын разамынд дæттынц ног ахуырадон проекттæн, инноваци-он технологитæ ахуырты фæлварынæн. Ацы бæрнон куыст æххæстгонд цæуы, республикæйы сæрмагонд фæлварæн (пилотон) скъолаты. Иуда-дзыг хъусдард цæуы ног ахуырадон уавæрты куыстмæ, хыгъд цæуынц йæ фæстиуджытæ. Раппæлинаг фæлтæрддзинад парахат кæныны тыххæй центр аразы семинарон ахуыртæ, ахуыргæнджыты зонгæ кæны фæлварæн куысты æнтыстытимæ.*

*Институты Ахуырады райрæзты центр кусы национ ахуырады фарс-татыл дæр. Ацы хъуыддаджы йæ архайд комкоммæ баст у республикæйы Национ ахуырады концепцийы домæнтимæ. Сæйрагдæрыл нымайæм ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты цæттæдзинад бæрзонддæр кæнын. Стыр æргом здæхт цæуы, нæ министрад цы ног ахуыргæнæн чингуытæ рауагъта, уыдонæй ахуырты раст пайда кæныны мадзæлттæм. Ахсджиаг куыстыл нымад у ног ахуырадон стандарты домæнтæ ирон æвзаг æмæ литературæйы уроктæм фæхæццæ кæнын. Уымæй уæлдай ма, институты кусджытæ цæттæ кæнынц методикон амынддзинæдтæ скъо-лайы разамонджытæн æмæ ахуыргæнджытæн; кусынц мадæлон æвзаг æмæ литературæйы методикæйы ахсджиагдæр фарстатыл.*

*Зынаргъ ахуыргæнджытæ! Не 'ппæт архæйдтытæн дæр æххуысы хос у уæ фæлтæрддзинад, уе сфæлдыстадон куыст. Нæ зæрдæ уын зæгъы ног æнтыстытæ.*



*Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг,*
*Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ*
*уæлдæргæнæн институты ректор*
***Исахъты Людмилæ***

# МЕ ’ВЗАГ

*У иу ӕвзаг дӕр а дунейӕн фаг,*
*Фӕлӕ нӕ ивынц мады риу ӕндӕрыл!..*
*Мӕлӕн дын нӕй, нӕ фыдӕлты ӕвзаг,*
*Кӕд ма ӕрбайсӕфт хоры нӕмыг мӕры?!*

*Ды незаманӕй ацы боны онг*
*Нӕ фесӕфтай дӕ уаз хъӕлӕс, дӕ намыс.*
*Ӕнус-ӕнус дӕ сыгъдӕг уды конд*
*Цырен арт ӕмӕ карды комыл бахсыст.*

*Тыгъд быдыры дыл дымгӕйы ныхмӕ*
*Лӕхурдта Скиф йӕ тызмӕджы ныхӕстӕ.*
*«Тох!... Тох!» - сӕрмӕттаг сабийы дзыхӕй*
*Ысхаудта дзырд – лӕг у, ӕрцыд йӕ рӕстӕг!*

*Гуыпп... Мыхъхъ... Тъӕпп... Дӕнг... -*
*Ныффӕсус и дӕ хъуыр.*
*Ныццарыдта алайнаг мады хъарӕг...*
*Фӕразон дӕ, ӕнхъӕлмӕгӕс, мӕгуыр:*
*Кӕд дыл ныккӕндзӕн иу фӕрныг та зарӕг!*

*Фӕлӕ дӕ рӕстӕг а фарнӕй хызта,*
*Дӕ сызгъӕрин ӕй ракалын нӕ фӕндыд...*
*Ныззарыд уӕд Ирон лӕппу – Къоста –*
*Ӕмӕ дӕ тулдз йӕ уидӕгтӕм ныззмӕлыд.*

*Мӕлӕн дын нӕй, мӕ фыдӕлты ӕвзаг –*
*Дӕ зӕронд мад у ацы зӕххы къори,*
*Ӕмӕ куы сӕфай (ма зӕгъӕд ызнаг) –*
*Дӕуимӕ сӕфы дунейы истори!*

***Хаджеты Таймураз***

# НОГ АХУЫРАДОН СТАНДАРТ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
*АКЗУИ-ты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг*

## ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ НЫСАНИУÆГ, СÆ БЫНАТ СКЪОЛАЙЫ АХУЫРАДОН ПЪЛАНЫ

Ирон æвзаг у нæ республикæйы паддзахадон æвзæгтæй иу, ирон адæмы мадæлон æвзаг. Ирон æвзаг у филологон циклы иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауты коммуникативон культурæ, æххуыс сын кæны сæ ныхасы рæзтæн, уæрæх сын кæны сæ дунембарынад, хъомыл сæ кæны нæ адæмы хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл.

*Ирон æвзаг* у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон æвзаг у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Ранымад уавæртæ амонынц предметы ахадындзинад: ирон æвзаг хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; мадæлон æвзаджы фæрцы сывæллæттæ зонгæ кæнынц сæ рагфыдæлты историимæ, нæ адæмы культурæ æмæ царды уагимæ.

Æвзаг канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, æвзаг у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон æвзаджы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг» ахуырдзаутæн дæтты зонындзинæдтæ сæ мадæлон æвзаджы тыххæй, рæзын сын кæны сæ æвзаджы æмæ ныхасы арæхстдзинæдтæ.

*«Ирон литературæ»* у скъолайы ахуырадон программæйы предметтæн сæ ахсджиагдæртæй иу. Предметы сæйрагдæр хæстæ сты:

- ахуырдзауты ирон аив дзырды дæсныты уацмыстимæ базонгæ кæнын;
- скъоладзауты миддуне, сæ удварн ирон цардыуаджы нывтæй фæхъæздыгдæр кæнын;
- литературон уацмысты бындурыл сывæллæтты фæзминаг æмæ фауинаг æгъдæуттæ иртасынил фæцалх кæнын;
- рæзгæ фæлтæры хъомыл кæнын гуманизм æмæ граждайнаг идеалтыл.

*Ирон æвзаг ахуыр кæныны нысантæ:*

- ахуырдзаутæн æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ раттын; бацамонын, алы адæмæн дæр йе 'взаг йæ национ хæзна кæй у, хъахъхъæнын æй кæй хъæуы;
- ахуырдзауты дзырдуат æмæ грамматикон зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кæныныл бакусын;

- дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын, скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинæдтæ æмæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын;

- литературон æвзаджы нормæтимæ базонгæ кæнын, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæнынмæ ахуыр кæнын.

*Ирон литературæ ахуыр кæныны нысантæ:*

- литературæйы фæрцы скъоладзауты иумæйаг культурæ рæзын кæнын;

- литературæйы æмбарынад бацамонын;

- литературон уацмысыл æнцой кæнгæйæ, цардæн аргъ кæнын, цард раст æнкъарын амонын;

- ахуырдзаутæм рæзын кæнын чиныгкæсæджы культурæ;

- ныхасы арæхстдзинæдтæ райрæзын кæнын æмæ а.д.

Литературæйы ахадындзинадыл дзуры ног Федералон ахуырадон стандарт дæр, кæцыйы стыр æргом здæхт цæуы ***удварны хъомыладмæ куыд сæйрагдæр универсалон ахуырадон архайдмæ.***

Удварны хъомыладыл та нымад у национ химбарынад хъомыл кæнын; мадæлон æвзаг, литературæ, истори æмæ адæмон сфæлдыстад ахуыр кæнын.

Стандарты сæйрагдæрыл нымад у, ахуырдзауты, æхсæнады хи куыд дарын хъæуы, уыимæ зонгæ кæнын (социализация); царды хибарæй раст фæндаг æвзарыныл, хибарæй архайыныл фæцалх кæнын.

Ранымад уавæртæ амонынц предметы актуалондзинад, йæ ахадындзинад скъолайы ахуырадон программæйы.

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыртæ хъуамæ арæзт цæуой Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ, «Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæты» бындурыл (сфидар сæ кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Дзæуджыхъæу, 2005).

*Иумæйагæй ахуырадон предметтæ «Ирон æвзаг» æмæ «Ирон литературæ»-йы сæйраг хæстæ сты:*

- ахуырты скъоладзаутимæ хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, ирон æвзаг хибарæй ахуыр кæныныл;
- универсалон ахуырадон архæйдтытæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон).

*Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:*

- ✓ скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- ✓ проблемон ахуыртæ;
- ✓ информацион-коммуникативон технологи;
- ✓ æнæниздзинад хъахъхъæныны технологи;
- ✓ бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
- ✓ коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- ✓ проектон-иртасæн технологи.

### Федералон ахуырадон стандарты фæзынд ахуыртыл

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуырты сæйрагдæрыл нымад цæуы *æвзагон æмæ лингвистикон, коммуникативон* компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), *культурæамонынады (культуроведческая)* компетенци рæзын кæнын.

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинад (компетенци)* – зонын мадæлон æвзаджы наукон бындуртæ, ирон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæныныл, райсын грамматикон зонындзинæдтæ; æвзаджы иуæгтæн анализ кæнынмæ арæхсын, æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнын зонын.

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – ирон æвзаг ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй

у, уый æнкъарын; æвзаджы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ, ирон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

### Ахуырты (урокты) хуызтæ

Ног æрмæг амоныны урок, рацыд æрмæг (зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ) бафидар кæныны урок, комбинарон урок, урок-беседæ, фæлхат кæныны урок, урок-лекци, урок-хъазт, урок-иртасæн, урок-практикум, ныхасы рæзтыл кусыны урок.

*Ахуырты пайда кæнæн ис ахæм методтæй æмæ мадзæлттæй:*

- рацыд æрмæджы фæдыл беседæ;
- индивидуалон бафарст;
- фронталон бафарст;
- индивидуалон куысты хуызтæ;
- кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын;
- хи куысты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын (дзырдуатæй кæнæ бæрæгуатæй пайда кæнгæйæ);
- алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, лексикон, дзырдарæзтон, морфемикон, морфологион, синтаксисон);
- грамматикон хъæзтытæ, цæсгæмттæм гæсгæ хъæзтытæ;
- презентацион æрмæджытæ цæттæ кæныныл куыст;
- текстимæ куыст: тексты анализ, текст рацаразыныл куыст æмæ а.д.;
- алыхуызон жанрты æмæ функционалон хуызты тексттæ аразын;
- искæй ныхасмæ хъус дарын, искæй ныхасы анализ (ахуыргæнæджы хæсмæ гæсгæ);
- изложенитæ (æвзаргæ, бæлвырд æмæ æлвæст) алыхуызон текстты бындурыл;
- сочиненитæ фыссын;
- диктанттæ фыссын;
- орфограммæтæ æмæ пунктограммæтæ амонын.

### Урочы сæйраг элементтæ

Нырыккон урочы фылдæр æргом хъуамæ здæхт цæуа, скъоладзауы ахуырмæ чи разæнгард кæны, ахæм мадзæлттæм. Æмæ уымæ гæсгæ, урочы сæйраг структурон элементтæ хъуамæ уой:

1. Ахуырдзаутæ раздæр цы зонындзинæдтæ райстой, сæ бындурыл цы архæйдтытæ æххæст кодтой, уыдон зæрдыл æрлæууын кæнын (æрмæст зонындзинæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын нæ, фæлæ уыцы зонындзинæдтæй ног ахуырадон уавæрты пайда кæнын, ома уыцы зонындзинæдты бындурыл ног зонындзинæдтæ райсын).

2. Ног æмбарынæдтæ бацамонын, ног арæхстдзинæдтæ (архæйдтытæ) райрæзын кæнын.

3. Зонындзинæдтæй пайда кæнын – арæхстдзинæдтыл куыст (уыимæ æрмæг фæлхат кæнын æмæ бафидар кæнын дæр).

Урочы структурæ ахæм хуызы аразгæйæ, ахуыргæнæджы къухы æфты проблемон уроктæ цæттæ кæнын.

### Активон методтæ урочы

1. ***Беседæ.*** Арæхдæр дзы пайда кæнын хъæуы зын æрмæг амонгæйæ.

Беседæйы рæстæг æнæмæнг пайда кæнын хъæуы алыхуызон иллюстративон æрмæджытæй. Зæгъæм,

1) фæйнæгыл рагацау ныффыссын, ныхас цæуыл цæуы, уый растдзинад ирдæй чи æвдисы, æмæ æрмæг бамбарынæн æххуыс чи у, ахæм дæнцæгтæ;

2) фæрстытæ дæттын хъæуы цыбыр æмæ бæлвырдæй.

Зæгъæм, дзырдты ’хсæн рæдыд ссарыны тыххæй раттæн ис хæстæ:

- бакæсут дзырдтæ, ссарут дзы орфограммæтæ;
- ссарут, рæдыд цы дзырды ис, уый,
- скæнут хатдзæг ацы орфограммæйы тыххæй (дзырдты растфыссынады тыххæй).

2. Ног æрмæг æнцондæрæй бацамонынæн пайда кæнæн ис ***ахуыргæнæджы раныхасæй.***

Ног æрмæг амонгæйæ, ахуыргæнæджы раныхас кæнын хъæуы беседæйы хуызы. Зæгъæм, раиртæст амонгæйæ, ахуыргæнæг ссарын кæны дæнцæгтæ.

Æвзаджы урочы, ног æрмæгмæ хъусгæйæ,

скъоладзаутæ фылдæр хатт афæллайынц, уыйбæрц къæрцхъус нæ вæййынц. Цæмæй ахуырдзаутæ лæмбынæгдæр уой, уымæн хорз æххуыс у рагацау хæслæвæрд раттын. Зæгъæм, *рагацау сын фехъусын кæнын, ног æрмæгмæ байхъусгæйæ сæ цавæр фæрстытæн хъæудзæн дзуапп раттын, уыдон.*

3. Урочы ***активон мадзæлттыл*** банымайæн ис ахæмтæ:

– раиртæстæн пълан бацæттæ кæнын;

– раиртæсты хæйттæй алкæмæ дæр дæнцæгтæ ссарын;

– æрмæг бакæсгæйæ, ногæй цы базыдтой, зындгонд сын цы уыд, уый рахицæн кæнын (анализ);

– фæйнæгыл фыст фæрстытæн раиртæстмæ гæсгæ дзуæппытæ бацæттæ кæнын;

– хибарæй чиныджы таблицæйæн анализ скæнын, бацæттæ кæнын хи таблицæ æмæ æнд.

Зындæр куысты хуызыл нымад у *æрмæджы сæйраг хъуыды сбæрæг кæнын.* Ахæм хæслæвæрд баххæст кæнын æппæт сывæллæтты бон нæ вæййы, æмæ йæ уымæ гæсгæ раттын æмбæлы, ахæм арæхстдзинад кæмæ ис, уыдонæн.

Ног æрмæг амонгæйæ, фылдæр пайда кæнын хъæуы хибарæй æххæстгæнинаг куысты хуызтæй, сæ фæрцы скъоладзаутæ сæхæдæг кæнынц хатдзæгтæ, ног æрмæг та æмбаргæйæ амынд цæуы.

4. Ирон æвзаг æмæ литературæйы урокты уæлдай ахадындзинад ис ***хъазты методæн***, уымæн æмæ:

1) хъазты фæрцы скъоладзау фæцалх вæййы коллективон куыстытæ æххæст кæныныл, иумæйаг куысты архайыныл. Йæ размæ цы хæс æвæрд ис, уый феххæст кæны, ерысы бацæугæйæ, æмæ йæм уый гуырын кæны стыр цымыдисдзинад;

2) хъазт сывæллоны ахуыр кæны цавæрдæр (бæлвырд) æгъдæуттæм гæсгæ архайыныл, хи раст дарыныл;

3) хъазты раргом вæййынц сывæллоны æнкъарæнтæ, хæстæгдæр ын базонæн вæййы йæ мидхъуыдытæ, йæ мидуавæр, йæ характер;

4) хъазты архайгæйæ, сывæллоны ферох вæййы урочы уæлдай митæ кæнын, дзæгъæл ракæс-бакæс кæнын; йæ хъуыдытæ баст вæййынц иу хъуыддагимæ, фæтырны йæ размæ æвæрд хæс баххæст кæнынмæ;

5) хъазт сывæллоны цымыдис кæны йæ алыварсы дуне хуыздæр базонынмæ;

6) раст арæзт хъазт рæвдздæр кæны логикон хъуыдыкæнынад, фæбæрæг вæййы скъоладзауы зондыл. Хъазт хорз æххуыс у ныхасы рæзтыл бакусынæн, уымæн æмæ сывæллоны бахъæуы йæ хъуыдытæ раргом кæнын, бамбарын сæ кæнын;

7) хъазты фæрцы сывæллон кæны къæрцхъусдæр, йе ’ргом хуыздæр здахы ахуыры æрмæгмæ;

8) хъазт у сывæллоны урочы архайынмæ разæнгард кæнæн мадзал, урочы рæвдздæр, сæрæндæр уæвыны хос.

*Урочы хъазты технологийæ пайда кæнгæйæ, хынцын хъæуы ахæм домæнтæ:*

1) хъазт хъуамæ æнгом баст уа урочы грамматикон темæимæ, арæзт уа грамматикон æрмæг хуыздæр бацамонынмæ;

2) хъазт цæттæ кæнгæйæ, хынцын хъæуы скъоладзауты кар, сæ дунембарынад;

3) урочы цы хъæзтытæй пайдагонд цæуы, уыдон хъуамæ бирæ ма уой.

Рахицæнгæнæн ис ахæм хъæзтытæ:

- цæсгæмттæм гæсгæ хъазт,
- хъазты хуызы арæзт иу куысты хуыз;
- æнæхъæн урок хъазты хуызы скæнын (урок-хъазт, урок-ерыс, урок-конкурс, урок-балц, урок-КВН);
- хъазты хуызы фæсурокты куыст бакæнын (КВН ирон æвзагæй, олимпиадæ, «Зондабиты ерыс», балц æмæ æнд.).

Хъазтæй арæх пайда кæнынц райдайæн скъолайы ахуырты. Фæлæ хъазтæй куыд методикон мадзалæй пайда кæнын хъæуы астæуккаг къæлæсты дæр. Уый хорзæрдæм фæзындзæн скъоладзауты архайдыл урочы.

## Системон-архайдон технологийы бындурыл арæзт уроктæ

Ног ахуырадон стандартимæ баст у системон-архайдон технологийы фæзынд. Ацы технологи цæхгæр фæивта ахуырты нысан, иумæйагæй сæ цыд, семæ баст

домæнтæ. Системон-архайдон технологийы бындурыл арæзт уроктæ арæх абарынц традицион методикæимæ. Æркæсæм сæ хицæндзинæдтæм.

Традицион методикæмæ гæсгæ, ахуыргæнджытæ зонындзинæдтæ «дæттынц», скъоладзаутæ та зонындзинæдтæ «исынц». Афтæмæй, сывæллон æнхъæлмæ кæсы, цы йын бацамондзысты, цы йын ратдзысты цæттæйæ, уымæ. Фæцахуыр вæййы æрмæст искæмæй исты исыныл, нал фæкусы хибарæй, нал æй фæфæнды хъуыды кæнын. Стæй цæмæн, кæд æмæ йын «ратдзысты», уæд?

Ацы хъуыддаг рахизы цардмæ дæр. Фæзыны адæймаджы мидуавæрыл. Алцæмæ дæр фенхъæлмæ кæсы цæттæйæ, кусын ахуыр нал вæййы, рауайы дзы магусайæ цæлуарзаг.

Ног ахуырадон стандарты сæйраг хъуыды – ахуыртæм системон-архайдон цæстæй кæсын – сывæллонæй домы хибарæй кусын, хибарæй хатдзæгтæ кæнын, цы хатдзæгтæ скодта, уыдонæй пайда кæнын.

Системон-архайдон технологийы бындурыл арæзт урочы нысантæ сты ахæмтæ:

- скъоладзауты фæцалх кæнын хибарæй кусыныл, гуырын сæм кæнын хибарæй фылдæр базонынмæ тырнындзинад;
- ахуырдзауты цæттæ кæнын хи ныхас раст æргом кæнынмæ, искæй ныхасмæ байхъусынмæ;
- урочы ахуырдзауты удварн хъæздыг кæнын;
- скъоладзауты коллективон куыстыл фæцалх кæнын;
- скъоладзауты логикон хъуыдыкæнынад æмæ интеллектуалон рæзтыл бакусын.

Системон-архайдон технологийы бындурыл арæзт урочы хæйттæ нысангонд цæуынц афтæ:

1. Рацыд æрмæг (зонындзинæдтæ) зæрдыл æрлæууын кæнын.

| Ахуыргæнæджы архайд | Скъоладзауты архайд |
|---|---|
| Ног темæмæ рахизынæн (йæ бацамонынæн) æхxуыс чи у, ахæм куысты хуыз раттын (проблемон уавæры фæрцы). | Хъуыды кæнынц сæ размæ æвæрд хæсыл, рацыд æрмæг сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц, хатдзæг кæнынц. |

2. Урочы нысан сбæлвырд кæнын.

| Ахуыргæнæджы архæйдтытæ | Скъоладзауты архæйдтытæ |
|---|---|
| Ахъуыды кæнын кæуыл хъæуы, быцæйуаг чи у, ахæм æрмæг скъоладзауты размæ рахæссы; ахуырдзауты цæттæ кæны урочы архайынмæ. | Хъуыды кæнынц цæлхдур аиуварс кæныныл; цы зонындзинæдтæ сæм ис, уыдон зæрдыл æрлæууын кæнынц; цæлхдур аиувар кæнынæн цы нæ зонынц, уый бæлвырд кæнынц. |
| | Сæ размæ цы хæс æвæрд ис, уый бæрæг кæнынц. |

3. Урочы цы архæйдтытæ æххæст кæндзысты, уый сбæлвырд кæнын.

| Ахуыргæнæджы архæйдтытæ | Скъоладзауты архæйдтытæ |
|---|---|
| Скъоладзаутæн дæтты, сæ хъуыдытæ раргом кæнынæн, хибарæй кусынæн сын æххуыс чи уыдзæн, ахæм æрмæг; æххуыс сын кæны, хибарæй цæлхдур райхалыныл бакусыны фæтк бацæттæ кæнынæн. | Къордты кусынц. Цæлхдур аиуварс кæнынæн æххуыс чи у, ахæм хатдзæгтæ агурынц, сæ куыстæн пълан цæттæ кæнынц; агурынц, проблемæ (цæлхдур) цы хуызы, цы мадзæлтты фæрцы аиуварсгæнæн ис, ахæмтæ. |

4. Ног зонындзинæдтæм (хатдзæгтæм) æрцæуыныл куыст.

| Ахуыргæнæджы архæйдтытæ | Скъоладзауты архæйдтытæ |
|---|---|
| Цæмæй æппæт скъоладзаутæ дæр куысты архайой, уымæ йæ хъус дары. Скъоладзауты разæнгард кæны сæ хъуыдытæ æргом кæнынмæ, цы хатдзæгтæм æрцыдысты, уыдон амонынмæ. Хатдзæгтæм гæсгæ фæрстытæ дæтты: | Ахуырадон хæс æххæст кæныныл къордты кусынц, сæ хъуыдытæ кæрæдзийæн æргом кæнынц. Быцæу кæнынц; кæй хъуыды растдæр у, уый иртасынц. Иумæйаг хатдзæгыл хъуыды кæнынц. |

| | |
|---|---|
| 1) Ногæй цы ба-зыдтат? 2) Цы хатдзæг скодтат, уый чиныджы раиртæстимæ куыд баст у? Цæмæй хицæн кæны? 3) Цавæр архæйдтытæ (куыс-ты хуызтæ) уын феххуыс уыдзысты цæлхдур аиуварс (фарста алыг) кæнынæн? Коллективон куыс-ты фæстиуджытæ раст, бæлвырд фæткыл равæры. | Алы къордæй дæр иу адæймаг сæ куысты хатдзæг æргом кæны, иумæйаг хъуыдытæ дзуры. Пайда кæнынц фæйнæгæй, интернетæй æмæ а.д. Сæ хъуыдыйы растдзинад аргументтæй фидар кæнынц, кæрæдзийы раст кæнынц. Сæ иумæйаг хатдзæг сæ къухы куыд бафтыд (архæйдтыты алгоритм), цы мадзæлттæй пайда кодтой, ууыл дзурынц. Дзурынц, хибарæй цы хатдзæг скодтой, уый æххæст æмæ растдзинадыл; сæ хатдзæг чиныджы раиртæстимæ барынц; раст кæнынц сæ рæдыдтытæ. |

5. Цы куысты фæтк равзæрстой, уымæ гæсгæ дарддæр архайын.

| Ахуыргæнæджы архæйдтытæ | Скъоладзауты архæйдтытæ |
|---|---|
| Ног ахуырадон хæс æвæры; йæ сæххæст кæнынæн цы куысты хуызтæ хъæудзæн, уымæй фæрсы; æххуыс кæны хатдзæгтæ раргом кæнынæн, разæнгард кæны дзуапп дæттынмæ, къордты кусынмæ; хицæн скъоладзауты дзуæппытæ раст кæны. | Дзурынц, хæслæвæрд æххæст кæнгæйæ, куыд архайдзысты (архайды алгоритм), уый тыххæй. Ранымад архæйдтытæ æххæст кæнынц (анализ, синтез, абарст, хатдзæгты фæрцы). Къордты (кæнæ къæйттæй) кусынц. |

6. Урочы кæрон (хатдзæгтæ, «рефлекси»).

| Ахуыргæнæджы архæйдтытæ | Скъоладзауты архæйдтытæ |
|---|---|
| Урочы темæ æмæ хæстæ зæрдыл æрлæууын кæнын; сæ баххæст кæныныл урочы куыст куыд цыд, ууыл æрдзурын; скъоладзаутæн сæ къухы цы бантыст, ууыл ахъуыды кæнын; иумæйаг хæс сæххæст кæныныл скъоладзаутæй чи куыд бакуыста, уый тыххæй радзурын кæнын; иумæйаг нысан куыд æххæстгонд æрцыд, уымæн аргъ скæнын. Бафæрсын, ахуырдзауты зæрдæтæм тынгдæр цы куысты хуызтæ фæцыд, кæцы фæрстытæ сæм фæкастысты цымыдисагдæр кæнæ зындæр, кæй дзуапп уыд хуыздæр, æххæстдæр. | Абарынц урочы нысан æмæ йæ фæстиуджыты бастдзинад, сæ архæйдтыты фæстиуджытæ: æргом кæнынц урочы темæ æмæ йæ хæстæ; цæлхдур иуварс кæнгæйæ сæм зындæр цы фæкаст, урочы сын цымыдисагдæр цы уыд, ууыл дзурынц. Сæ бон у зæгъын, се 'мбæлттæй хуыздæр чи бакуыста, кæй дзуапп уыд растдæр; фæбæрæг кæнынц, сæ къорд иумæйагæй куыд бакуыста, уый. |

Традицион методикæ скъоладзаутæй фылдæр домы хицæнтæй кусын. Ацы мадзал амынд цæуы ног ахуырадон стандарты дæр, фæлæ дзы уæддæр ахадгæдæрыл нымад у къордты куыст.

Къорды кусыныл æппæт сывæллæттæ ахуыр кæй не сты, уымæ гæсгæ сæ ахуыргæнæг иудадзыгдæр хъуамæ разæнгард кæна, амона сын йæ хицæндзинæдтæ. Зæгъæм, арæх пайда кæнын ахæм репликæтæй: «Урочы архайæм иумæ, алцы дæр кæнæм иумæ: кæрæдзиимæ уынаффæ кæнæм, ахуыр кæнæм быцæу кæныныл дæр, кæрæдзийæн æххуыс кæнæм, иумæйаг хатдзæгыл хъуыды кæнæм». «Ацы фарстæн та дæ сыхаг

цавæр дзуапп радта?», «Дæ хæс иунæгæй ма æххæст кæн, фæлæ-иу дæ сыхаджы дæр афæрс», «Дзуапп дæттынмæ рацæуæн ис дыууæйæ дæр, æрмæст рагацау баныхас кæнут», «Бынатæй дæр дзуапп дæттæн ис, æрмæст-иу раздæр ауынаффæ кæнут».

Скъоладзауты къордтыл дих кæнын хъæуы сæ психологон, удгоймагон æууæлтæм гæсгæ (фæразондæр сæ чи у, арæхстджындæр, цыргъзонддæр, зæрдæхæлардæр æмæ а.д.).

Тыхджындæр скъоладзауты сбадын кæнæн ис иумæ, цæмæй сын уавæр уа быцæу кæнынæн. Раттæн сын ис зындæр хæслæвæрд. Фæлæ урочы уавæртæм гæсгæ, тыхджын æмæ лæмæгъ скъоладзауты ис баиугæнæн дæр, цæмæй сын фадат уа кæрæдзийæн æххуыс кæнынæн.

Къорды куыстæн аргъ кæнгæйæ, дзурын хъæуы скъоладзауты удгоймагон миниуджытыл дæр, иумæ куыд куыстой, цас цæстуарзон æмæ зæрдæхæлар разындысты, кæрæдзийы рæдыдтытæ куыд раст кодтой, кæрæдзиимæ куыд дзырдтой, кæрæдзийæн куыд æххуыс кодтой.

*Системон-архайдон технологимæ гæсгæ урокæн кæнын хъæуы ахæм анализ:*

1. Хибарæй куыст цас рæстæг æххæстгонд цыд
(урочы рæстæгæн йæ 50% къаддæр нæ).
2. Ахуыргæнæг йæхæдæг цас фæдзырдта (10 минутæй фылдæр нæ).
3. Цал скъоладзауы лæвæрдтой дзуапп урочы, æмæ цас рæстæг хардзгонд æрцыд сæ дзуæппытæм байхъусынæн (цас фылдæр, уый бæрц хуыздæр).
4. Цал скъоладзауы райстой бæрæггæнæнтæ (цас фылдæр, уый бæрц хуыздæр).
5. Цал скъоладзауы уыдысты цæттæ ног æрмæгмæ байхъусынмæ?
6. Цал скъоладзауы бамбæрстой ног æрмæг?
7. Хæдзармæ куыстæн цавæр хæслæвæрд радта?

### Урочы методикон нысантæ

Ног ахуырадон стандарт ивы урочы методикон нысантæ. Урок цæттæ кæнгæйæ, æнæмæнг хъус дарын цæмæ хъæуы, уыцы хъуыддæгтæ сты ахæмтæ:

1) скъоладзау хъуамæ хорз æмбара, абон урочы куыст цæуыл цæудзæн, цы зонындзинæдтæ хъуамæ райса, цы нысан æвæрд ис йæ размæ;

2) ахуырдзаутæ урочы хъуамæ æххæст кæной алыхуызон архæйдтытæ: анализ æмæ синтез, абарст, кæной хатдзæгтæ. Урочы хъуамæ базоной æмбарынæдты бастдзинад кæрæдзиуыл (цы сæм ис иумæйагæй, хицæн та цæмæй кæнынц);

3) скъоладзауты кусын кæнын хъæуы хибарæй. Хибарæй архайынæн та хорз æххуыс сты ахуыргæнæджы арæзт проблемон уавæртæ (цæлхдууртæ). Цæлхдур иуварс кæнгæйæ, скъоладзау кæны сфæлдыстадон куыст, рæзы йæ логикон хъуыдыкæнынад;

4) урочы фаг æргом здахын хъæуы коллективон архайдмæ (къордты кæнæ къæйттæй куыстмæ). Къордты куыст алы скъоладзауы дæр архайын кæны урочы. Иумæйаг хъуыддагыл кусгæйæ, скъоладзаутæ кæнынц ныфсджындæр, активондæр;

5) урочы аразын хъæуы, скъоладзауты сæ хъуыдытæ æргом кæнынмæ чи разæнгард кæны, ахæм коммуникативон уавæртæ;

6) ахуырты рæстæг пайда кæнын хъæуы, скъоладзауты миддуне, сæ арæхстдзинæдтæ раргом кæнынæн хорз æххуыс чи у, ахæм алыхуызон куысты мадзæлттæй.

### Зæрдылдаринаг ахуыргæнæгæн

1. Урочы къаддæр дзур: хæслæвæрды домæнтæ цалдæр хатты ма дзур; чиныджы бакæсæн кæмæн ис, уыцы информаци дæхæдæг ма дзур; скъоладзауы дзуапп ма фæлхат кæн!

2. Скъоладзау дзуапп куы радта, уæд æй бафæрс, цæмæн афтæ хъуыды кæны, уымæй.

3. Ахуырдзауы дзуапп дæхæдæг ма раст кæн. Уадз æмæ йын йæ рæдыд йе 'мбæлттæ бафиппайой, сраст æй кæной.

4. Скъоладзауы дзуаппæн (архайдæн) дæхæдæг ма аргъ кæн, йе 'мкъласонты баудз.

5. Фæрстытæ раст æмæ бæлвырд дæтт; скъоладзаутæй цы домыс, ууыл-иу ахъуыды кæн.

6. Фылдæр хъуамæ архайай урочы нæ, фæлæ урок цæттæ кæнгæйæ: урокмæ æрмæг агургæйæ, урочы структурæйыл хъуыды кæнгæйæ.

Урочы актер нæ дæ, фæлæ режиссер!

***Кцойты Маринæ,***
***АКЗУИ-ты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг***

# НЫРЫККОН АХУЫРАДОН ТЕХНОЛОГИТÆ УРОЧЫ. ДИСТАНЦИОН АХУЫРАДЫ АХАДЫНДЗИНАД

Фæстаг азты Уæрæсейы арæзт цæуы ног ахуырадон системæ. Ивддзинæдтæ фæзындисты ахуырады æппæт къабæзтыл дæр. Ахæм уавæрты ирон æвзаджы ахуыргæнæг дæр æнæмæнг хъуамæ арæхса ног мадзæлттæй, ног ахуырадон технологитæй пайда кæнынмæ. Ацы хæс актуалондæр кæнынц ног информацион технологитæ, информацион тыгъдады иумæйагæй цы ивддзинæдтæ фæзынд, уыдон дæр.

Ног ахуырадон системæ ахуыргæнæджы размæ æвæры ахæм хæстæ:

- царды ивддзинæдты æнæкъуылымпыйæ архайын чи сарæхса, ахæм скъоладзауты-рауагъдонты цæттæ кæнын;
- ахуырдзинад цы пайда хæссы адæймагæн, уый хорз чи 'мбары, æмæ ахуырмæ хибарæй чи тырны, ахæм рæзгæ фæлтæр хъомыл кæнын.

Уæрæсейы Федерацийы Национ ахуырадон программæйы фыст ис: «Система образования призвана обеспечить подготовку высококвалифицированных специалистов, способных к профессиональному росту и профессиональной мобильности в условиях информационного общества и развития новых наукоемких технологий». Ацы хъуыддаг комкоммæ хауы ахуыргæнæгмæ дæр, уымæн æмæ ахуыргæнæг у фæндагамонæг наукæйы бæрзæндтæм.

Ахуырады домæнтæ æмæ йæ райрæзт бахастой ивддзинæдтæ ирон æвзаг æмæ литературæ амоныны методикæмæ дæр. Ныридæгæн ирон æвзаджы ахуыргæнджытæй дæр бирæтæ æдæрсгæйæ пайда кæнынц алыхуызон ахуырадон мадзæлттæй, фæхæстæгдæр сты ныриккон ахуырадон технологитæм, бирæтæ арæхсынц интернеты æрмæджытæй урок фæхъæздыгдæр кæнынмæ, презентацион æрмæджытæ хибарæй бацæттæ кæнынмæ.

Фæлтæрдджын ахуыргæнджыты руаджы ирон æвзаг æмæ литературæйæ цæттæгонд цæуынц цымыдисаг урокты хуызтæ: урок-диспут, урок-балц, урок-хъазт, урок-акци æмæ æнд. Уый ууыл дзурæг у, æмæ ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ рæстæджы домæнтæм гæсгæ кусынмæ кæй арæхсынц, рæстæг та ныртæккæ ахæм у, æмæ кæцыфæнды сывæллон дæр хибарæй ссардзæн хъæугæ цымыдисаг æрмæг, æмæ йæм, чи зоны, йæ ахуыргæнæджы амындтытæ ницы уыйбæрц бахъарой. Ахæм уавæрты хъæуы хиуыл фылдæр кусын, методикон мадзæлттæй активондæрæй пайда кæнын.

Ног ахуырадон технологитæ хорз æххуыс сты, куыд тыхджын скъоладзаутимæ кусынæн, афтæ лæмæгъ ахуырдзаутимæ архайынæн дæр, урочы алкæмæн дæр йæ зонындзинæдтæ раргом кæнынæн.

Ног ахуырадон технологитæ скъоладзаутæн æххуыс сты хибарæй æмæ къордты кусынæн, хи цæстæнгас раргом кæнынæн, искæй хъуыдымæ аивæй хъусынып фæцалх уæвынæн, быцæу ныхасы архайынып сахуыр уæвынæн. Цыбыр дзырдæй, æхсæнады хи раст дарын чи зоны, ахæм удгоймаг хъомыл кæнынæн.

Алыхуызон информацион-коммуникативон технологитæй ифтонггонд ахуыртæ скъоладзауты разæнгард кæнынц ахуырмæ, уæрæхдæр сын кæнынц сæ хъуыдыкæнынад, гуырын сæм кæнынц цымыдисдзинад ног æрмæг базонынмæ.

Куыд зонæм, афтæмæй алыхуызон цæстуынгæ æрмæг, мультимедион æмæ интерактивон фæрæзтæ ахадгæдæр кæнынц ахуыры процесс. Рохгæнæн нæй психологон факторæн дæр: ныртæккæйы сывæллæтты урочы архайынмæ не сразæнгард кæндзынæ, сæ фыр зæрондæй

чи сбур, æхæм хуыздзыд таблицæтæй. Ног информаци сæм тагъддæр æмæ арфдæр бахъардзæн ног технологиты фæрцы.

Федералон ахуырадон стандартмæ гæсгæ, ахуырад, ног методикæтæй пайдагæнгæйæ, сывæллæттæн хъуамæ æххуыс кæна сæ курдиат раргом кæнынæн. Ацы хъуыддаджы урокты стыр æнтыстытæ къухы æфты *проектон методы фæрцы.* Проекттæ вæййынц:

- иу скъоладзауы цæттæгонд (индивидуалон куысты хуыз);
- къæйттæй æххæстгонд;
- къордты æххæстгонд.

Проектон куыстæн равзарынц цавæрдæр проблемæ, цымыдисаг темæ.

Проектон куысты фæстиуджытæ æнæмæнг бахынцын хъæуы урочы, скъоладзауы къухы цы бафтыд йæ темæйыл кусгæйæ, уый хъæуы иннæтæм дæр фæхæццæ кæнын.

Технологон методты ’хсæн фæстаг азты эффективоныл нымад у *дистанцион ахуырады формæ (хуыз).*

Ацы метод у ахуыры ног формæ, фæзынд хæрз æрæджы. Æнгом баст у информацион технологи æмæ телекоммуникацийы рæзтимæ. Ацы ахуыры формæ алы адæймагæн дæр уæрæх фæндаг гом кæны ахуырмæ, алкæмæн дæр дзы у йæ бон пайда кæнын, æрмæст домы интернетимæ бастдзинад.

Дистанцион ахуырад уæлдай пайдайаг æмæ актуалон у рынчын сывæллæттимæ кусгæйæ, сæ низы аххосæй скъоламæ, цæуын кæй бон нæу, ахæмтимæ кусынæн.

Ацы уавæр хынцгæйæ, нæ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы кусджытæ бацæттæ кодтой сæрмагонд ахуыртæ рынчын сывæллæттæн. Æнтыстджынæй дзы пайда кæнынц Беслæны 1-æм скъолайы ахуыргæнджытæ дистанцион ахуырады хуызы.

Дистанцион ахуыртæй Уæрæсейы рагæй пайда кæнынц, фенæн сæ ис телеуынынады, интернеты. Ацы хъуыддагмæ йæ æвæрæн бахаста нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрад дæр. 2013 азы сæрды дистанцион хуызы арæзт æрцыд диктант ирон æвзагæй; интернеты министрады сайтты ссарæн ис, дистанцион ахуырты хуызы урокты æмæ фæсурокты рæстæг спайдагæнæн кæмæй ис, ахæм æрмæджытæ. Ахуырады кусджыты институты кафедрæтæ та (уыимæ ирон æвзаджы кафедрæ дæр) æнтыстджынæй аразынц алыхуызон интернет-конференцитæ, интернет-семинартæ. Ацы мадзал дæр нымад у дистанцион ахуырыл.

Куыд традицион ахуырæн, афтæ дистанцион ахуырæн дæр йæ аразæн бындуртæ сты программæтæ, ахуыргæнæн чингуытæ, методикон рекомендацитæ æмæ бæстон арæзт инструкцитæ.

Дистанцион ахуырæй парахатæй пайдагонд кæй цæуы, уый тыххæй йæ ахуырадон фæрæзты фылдæр хай арæзт у электрон хуызы. Уыдон сты: мультимедион ахуыргæнæн чингуытæ æмæ пособитæ, тестон системæтæ, видеокинотæ, иллюстрацитæ, дзырдуæттæ, бæрæгуæттæ æмæ энциклопедитæ.

Ирон æвзаг æмæ литературæйы методикæйы дæр фидæн азы цæудзæн иввдзинæдтæ, фæзындзысты ног ахуырты фæрæзтæ, уыимæ дистанцион ахуыртæн æххуыс чи у, ахæмтæ дæр.

*Электрон ахуырадон фæрæзтæ*

Ирон æвзаг æмæ литературæйы уроктæ цæттæ кæнгæйæ, ахуыргæнджытæн сæ бон у пайда кæнын алыхуызон электрон ахуырадон фæрæзтæй. Ссарæн сæ ис ахæм адристыл:

1. «Осетинский язык» - учебные и справочные материалы.
2. Краткий русско-осетинский разговорник (часть II).
3. www.osradio.ru Информационно-аналитическое издание.
4. www.region15.ru Северо-осетинский информационный портал.
5. www.chempion-ir.ru Чемпион ИР - детская газета Владикавказа.
6. osinform.ru Информационное агентство ОСинформ.
7. irspb.ru сайт осетинского землячества Санкт-Петербурга.
8. iriston.com История и культура Осетии.
9. ossetians.com Сайт об осетинах.

*Солтанты Джульетæ,*
*АКЗУИ-ты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг*

# ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТÆМ ЦЫМЫДИСДЗИНАД ГУЫРЫН КÆНЫНЫ ФÆРÆЗТÆ. ÆНÆФÆТКОН УРОКТÆ

Скъоладзауты ахуырмæ сразæнгард кæнынæн ис алыхуызон мадзæлттæ. Зонындзинæдтæ цæттæйæ дæттынæй æмæ ахуыры æрмæг цалдæр хатты фæлхат кæнынæй пайдадæр у скъоладзауты сфæлдыстадон куыстыл æфтауын. Абон скъолаты уыцы фарст у сæйраг, æххæстгонд цæуы æнæфæткон урокты (нетрадиционные уроки) фæрцы.

Æнæфæткон уроктæ сты, ахуырты арæзт иумæйагæй ивд кæм цæуы, ахæм. Уыдонмæ хауынц: урок-лекци, лекци-парадокс, урок-диспут, урок-хъазт, урок-суд, урок-балц, урок-фембæлд æмæ æндæртæ.

Сæ мидис æмæ арæзтмæ гæсгæ æнæфæткон уроктæ вæййынц:

- *сывæллоны фантази, йе сфæлдыстадон гæнæнтæ райрæзынæн æххуыс чи у, ахæмтæ.* Уыдон сты: урок-аргъау, урок-æрмадз (мастерская), урок-сочинени, урок-сфæлдыстадон доклад, урок-«диссæгты фæз», фантастикон проекты урок, урок-радзырд, урок-бенефис, урок-портрет, урок-сюрприз;
- *архайгæйæ æххæстгæнæн уроктæ:* урок-экскурси (фæсаууон экскурси дæр), урок-балц (ивгъуыдмæ кæнæ фидæнмæ), уазджыты уаты, урок-экспедици, туристон проект бацæттæ кæныны æмæ йæ бахъахъхъæныны урок;
- *ерысы хуызы арæзт уроктæ:* урок-хъазт, урок-«домино», урок-викторинæ, дзырдбыдтыл кусыны урок, урок-иртасæн, урок-КВН, урок: «Цы? Кæм? Кæд?», урок-эстафетæ, урок-конкурс, урок-дуэль, урок-ерыс;
- *скъоладзауæй активон архæйдтытæ чи домы, ахæм уроктæ:* кæрæдзиимæ кусыны (кæрæдзийы бафæрсыны) урок, экспресс-фæрстыты урок, урок-зачет, хи зонындзинæдтæ бахъахъхъæныны урок, урок-консультаци, урок-практикум, урок-семинар, урок «Хуыздæр чиныгкæсæг чи у?», телеурок, урок-репортаж, урок-консультаци, урок-кæронбæттæн ныхас, урок-конференци.

Стыр ахадындзинад ис хъазты хуызы арæзт уроктæн. Ахæм уроктæй иу у цæсгæмттæм гæсгæ хъазты урок. Скъоладзаутæй алкæмæндæр фадат дæтты йæхи алы рольты равдисынæн. Хъазты ахадындзинад уый мидæг ис, æмæ ахуыры процесс кæны хæстæгдæр цардæ уавæртæм, практикондæр æй кæны. Урок-хъазты саразæн вæййы конфликтон уавæр, уый та домы хибарæй фылдæр архайын. Бирæ хъæзтыты скъоладзаутæ иумæ рахæссынц уынаффæ, уый фæрцы рæзы сæ хъуыдыкæнынад, æнгомдæр кæнынц сæ ахастдзинæдтæ. Хъазты фæрцы сæм фæзыны цымыдисдзинад, разæнгард кæнынц ахуырмæ.

Методикæйы амынд цæуынц алыхуызон хъæзтытæ:

- *хъæзтытæ-фæлтæрæнтæ;* арæзт цæуынц урочы æмæ фæсурокты рæстæг, хардзгонд сыл цæуы 10-15 минуты онг. Сæ нысан у урочы æрмæгыл бæстондæр бакусын, алы сывæллоны дæр куыстыл бафтауын. Арæзт цæуынц алыхуызон викторинæты, кроссвордты, ребусты, чайнвордты, шарадæты, сæрзилæнгæнæнты, уыци-уыциты хуызы;
- *хъæзтытæ-балцтæ;* пайдагонд сæ цæуы, куыд урочы, афтæ фæсурокты рæстæг дæр; сæ нысан у æрмæг арфдæр

бамбарын кæнын, ног зонындзинæдтæ раттын, цымыдисдзинад гуырын кæнын;

- *цæсгæмттæм гæсгæ хъазт;* хорз фадæттæ аразы скъоладзауы ныхасы рæзтыл бакусынæн, йæ психологион уавæрыл фæзынынæн;

- *хъазт-ерыс;* йæ фæрцы скъоладзаутæ фæцалх вæййынц иумæйаг куыстыл, разæнгарддæр кæнынц ахуырмæ.

Хъæзтыты ахуырдзаутæ фæархайынц къæйттæй, къордтæй, кæнæ та иууылдæр иумæ.

Хъæзтытæй цы уавæрты архайæн ис, уыдон æмткæй равдисæн ис ахæм хуызы:

| *Хъазты хуыз* | *Урочы æрмæг* | *Ахуырдзауты уавæр* | *Кæд равзарын хъæуы ацы куысты хуыз* |
|---|---|---|---|
| Ахуырдзаутæ иууылдæр иумæ кæм архайынц, ахæм | Æрмæг у вазыгджын, домы иумæйаг куыст | Ахуырдзаутæ къордтæй кæнæ къæйттæй кусынмæ цæттæ нæма сты | Ахуыргæнæгæн рæстæг куы нæ уа къæйттæй кæнæ къордтæй куысты бафтауынæн |
| Къордтæй кæнæ къæйттæй æххæстгæнæн | Æрмæгимæ ис ахуыргæнæджы æххуысæй кусæн | Ахуырдзаутæ ахæм хъæзтыты формæтæм цæттæ сты | Ахуыргæнæгæн ахæм куыст кæнынæн рæстæг куы уа |

Цæсгæмттæм гæсгæ хъазт цæттæ кæнгæйæ, ахуыргæнæджы хъуыды кæнын хъæуы йæ этаптыл, уыдон та сты:

1) скъоладзауты хъазтмæ бацæттæгæнæн куыст: хъазтæн сюжет равзарын, рольтæ байуарын, хъазты архайджытæн инструкци раттын, рольтæ бацæттæ кæнын;

2) хъазты рæстæг: цæсгæмттæм гæсгæ ахъазын;

3) хъазт равдисыны фæстæ (рефлекси). Хъазтæн анализ кæнæн ис хъазты рæстæг дæр, иу эпизодæй иннæмæ паузæтæ кæнгæйæ.

(Уыдзæн ма)

***Дзытиаты Эммæ,***
***АКЗУИ-ты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг***

# УНИВЕРСАЛОН АХУЫРАДОН АРХÆЙДТЫТЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ

*«Ахуыры хъуыддаджы сæйрагдæр исты зонын нæу, фæлæ уыцы зонындзинæдтæй пайда кæнынмæ арæхсын».*

Герберт Спенсер

Цард куыд ивы, афтæ æвдисы ацы хъуыдыйы растдзинад. Скъолайы сæйрагдæр нысан бирæ зонындзинæдтæ раттын хъуамæ ма уа, фæлæ уыцы зонындзинæдтæй бахъуаджы рæстæг спайда кæныныл сахуыр кæнын. Ацы хъуыды æвæрд ис Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты.

Æмæ ма иу хорз хъуыды ис ног ахуырадон стандарты. Уый у *скъоладзауты удварны рæзтмæ фылдæр æргом здахын.*

Æгæр фæкарз ис нæ абоны дуне, зын цæрæн дзы у раст адæймагæн. Бæлвырд фæфылдæр ахуыргæнæджы хæс, йæ бæрнондзинад. Зындгонд уырыссаг ахуыргонд Д.И. Менделеев йæ рæстæджы фыста: «Знания без души, как меч над нашей головой в руках безумца». Фыдзæрдæ, давд æмæ хиндзинады ныхмæ сывæллæтты аразын, растзæрдæ уæвыныл сæ ахуыр кæнын – ахæм у абоны ахуыргæнæджы сæйраг нысан.

Федералон паддзахадон ахуырадон стандартмæ гæсгæ, сæйрагдæрыл нымад цæуы ахуыртæм системон-архайдон цæстæй кæсын. Цыбырæй ацы системæйы хицæндзинад бацамонæн ис Конфуцийы ныхæстæй:

*Я слышу, и я забываю;*
*Я вижу, и я помню;*
*Я делаю, и я понимаю.*

Сывæллон фылдæр йæхæдæг архайы урочы, базоны урочы нысан, йæ темæ; аргъ кæны йæхи æмæ йе 'мбæлтты куыстæн, хибарæй æххæст кæны алыхуызон куысты хуызтæ, архайы къордты куысты; урочы æппæт куыстытæ дæр æххæст кæны æмбаргæйæ – ахæм у ацы системæйы нысан.

Цы сты «универсалон ахуырадон архæйдтытæ» (цыбырæй УАА)? Ацы термины иумæйаг нысан у «ахуыр кæнын зонын», хибарæй хиуыл кусынмæ арæхсын, хибарæй зонындзинæдтæм тырнын. Æмткæй УАА сты, скъоладзау æмбаргæйæ ахуырты рæстæг цы архæйдтытæ æххæст кæны, уыдон. Уыцы архæйдтыты фæрцы ахуыры фæндагыл йæ къухы æфты бирæ æнтыстытæ, фæцалх вæййы хибарæй ахуыр кæныныл.

Скъоладзауы УАА рæзынц алыхуызон ахуырадон дисциплинæты, алы урочы дæр. Сæ рæзт аразгæ у, урочы цы куысты мадзæлттæй пайдагонд цæуы, уыдоны хуызтæй.

УАА функцитæ сты:

- скъоладзауæн урочы хибарæй кусынæн уавæртæ аразын, урочы химæ хæстæ исын, уыцы хæстæ æххæст кæнынæн цы зонындзинæдтæ хъæуы, уыдон зæрдыл æрлæууын кæнын æмæ сæ баххæст кæнын; хи архайдæн аргъ кæнын зонын, хи архæйдтытæ (зæгъæм, фысгæ æмæ дзургæ ныхас) раст кæнынмæ арæхсын;
- скъоладзауы удварны рæзтæн уавæртæ аразын; сывæллоны зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ фæфылдæр кæнынæн ахадгæдæр чи у, ахæм мадзæлттæ бацагурын.

Универсалон ахуырадон архæйдтыты рæзтыл куыст цæуы алы урочы дæр (æппæт ахуырадон предметты), æмæ уый амоны сæ универсалон характер. Сæ

универсалондзинад ма баст у уыимæ, æмæ алы ахуырадон предмет дæр фæзыны сывæллоны удварны рæзтыл, скъоладзауы миддуне хъæздыгдæр кæны, рæзын ын кæны йæ иумæйаг культурæ, хъомыл æм кæны хи архæйдтытæн аргъ кæныны арæхстдзинæдтæ.

Зæгъæм, литературон кæсынады урочы *коммуникативон* универсалон ахуырадон архайд рæзы диалогон ныхас аразгæйæ. Сабитæ, сценкæйы архайгæйæ, текст цæсгæмттæм гæсгæ кæсынц, кæрæдзимæ хъусынц, раст кæнынц кæрæдзийы рæдыдтытæ.

Скъоладзауты *миддуне хъæздыг кæны* (познавательные УУД) текстыл куыст, суанг текстæн сæргонд æвзарын дæр. Сывæллæтты фæхъæуы, сæргонд текстæн дзуапп дæтты æви нæ, уый базонын; лæвæрд сæргæндтæй, тексты мидис чи æргом кæны, уый равзарын, æмæ афтæмæй феххæст кæнынц алыхуызон ахуырадон архæйдтытæ – анализ, синтез, абарст æмæ æнд.

*Регулятивон* ахуырадон архайды райрæзт бафиппайæн ис, сабитæ сæхи æмæ се 'мбæлтты архæйдтытæн аргъ куы фæкæнынц, уæд. Регулятивон ахуырадон архайд рæзы кæрæдзийы зонындзинæдтæн аргъ кæнгæйæ дæр. Зæгъæм, кæсыны урочы: текст хуыздæр чи бакаст, æмдзæвгæ аивдæр чи радзырдта, уацмыс хи ныхæстæй хуыздæр чи радзырдта, уыдæттæ æвзаргæйæ; æвзаджы урочы: кæрæдзийы фысгæ куыстытæн аргъ кæнгæйæ, рæдыдтытæ раст кæнгæйæ, кæй сочинени зæрдæмæдзæугæдæр у, уый иртасгæйæ; кæрæдзийæн бæрæггæнæнтæ æвæргæйæ.

Универсалон ахуырадон архæйдтыты райрæзтæй аразгæ сты сывæллæтты ахуыры хæрзхъæддзинад æмæ зонындзинæдтæ, царды сæм цы арæхстдзинæдтæ ис, уыдон (*компетенцитæ*). Цæмæй астæуккаг æмæ хистæр къæсты скъоладзаутæн æнцондæр уа ахуыр кæнын, уый тыххæй ацы куыстæн бындуртæ æвæрын хъæуы райдайæн скъолайы.

Дæнцæгæн æрхæссæм, универсалон ахуырадон архæйдтыты райрæзтæн æххуыс чи у, ахæм куысты хуызтæ ирон æвзаджы урокты.

| ***Хæслæвæрд*** | ***Цавæр УАА рæзын кæны?*** | ***Цавæр ИКТ пайдагонд цæуы?*** | ***Дзуæппытæн аргъ кæнын*** |
|---|---|---|---|
| Аудировани: байхъусын цалдæр чысыл текстмæ, сæргæндтæ сын равзарын, иу сæргонд дзы ссарын. | Логикон Удгоймагон Регулятивон Коммуникативон | Тексттæ, иллюстрацитæ тексттæм | Хи дзуапп сбæрæг кæнын, хи рæдыдтытæ ссарын, сраст сæ кæнын |
| Иллюстрацимæ гæсгæ базонын, цæуыл дзуры текст; текстмæ байхъусын, фæрстытæн дзуапп раттын. | Логикон, коммуникативон | Текст, текстмæ гæсгæ арæзт иллюстраци | Куыд дын бантыст хæс сæххæст кæнын, уый тыххæй радзур |
| Монологон ныхасыл куыст: ахъуыды кæнут, цавæр текст саразæн ис темæмæ гæсгæ. Текст аразгæйæ цавæр дзырдтæй, дзырдбæстытæй спайда кæндзынæ? | Коммуникативон<br>Логикон | Интерактивон фæйнæг | Дæ текст бакæс, дæхæдæг ын аргъ скæн |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Диалогон ныхасыл куыст. Лæвæрд проблемæйы фæдыл аныхас кæнын. | Коммуникативон | | Рауади уæ диалог? Истæуыл баныхас кодтат? Дзургæйæ фæрæдыдыстут? |
| Кæсын. Сæргондмæ гæсгæ стæй тексты сæйраг хъуыды чи æргом кæны, ахæм музыкæмæ гæсгæ базонут, цæуыл дзуры ацы текст. Текст бакæсут, текстмæ гæсгæ баххæст кæнут таблицæ ( зæгъæм, сæйраг геройты архæйдтытæ, сæ мидхарактеристикæ). Таблицæмæ гæсгæ сæйраг геройы тыххæй радзурын. | Миддуне хъæздыг кæнын, логикон, коммуникативон | Текст, музыкæ | Тексты сæйраг хъуыды сбæрæг кодтай? Куыд æй раргом кодтай? |
| Грамматикæ. Раиртæст сахуыр кæнут, дæнцæгтæ бахъуыды кæнут. Раиртæст æндæр хуызы (цымыдисаг) радзурын. Раиртæстмæ дæнцæгтæ æрхъуыды кæнын. | Логикон, коммуникативон | Раиртæстмæ цæттæгонд презентаци | Раиртæст де 'мкъласонтæн бацамон |
| Тексты рæдыд сраст кæнын (хъуыдыйæдтæ раст равæрын) | Логикон | Презентаци | Текст бакæсын |
| Лексикæ. Текст бакæсын, нысангонд дзырдтæ рафыссын, сæ нысаниуæг сын бацамонын. Дзырдтимæ дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ саразын. | Коммуникативон | Тексты презентаци | Де 'мкъласонтæн дзырдтæ уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын кæ, семæ хъуыдыйæдтæ саразæнт. |
| Фонетикæ. Мыр куыд дзургæ у, уымæ байхъусут. Мыр кæм æмбæлы, ахæм тагъддзуринаг кæнæ зарæг (æмдзæвгæ) сахуыр кæнын. | Коммуникативон | Æмдзæвгæмæ гæсгæ арæзт презентаци | Урочы ерыс саразын: чи хуыздæр радзурдзæн кæнæ азардзæн. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Фыстæг.<br>Де ’мбалмæ ирон æвзагыл фыстæг ныффысс. | Миддуне хъæздыг кæнын<br>Логикон<br>Коммуникативон | Интернеты писмо ныффыссын | Де ’мбалы фыстæгæн дзуапп ныффысс |
| Проектон куыст.<br>Де скъолайы тыххæй радзур. | Коммуникативон | Къамисæнæй (телефонæй) пайда кæнгæйæ, æрмæг æрæмбырд кæнын.<br>Скъолайы равзæрды тыххæй, йæ историйы тыххæй æрмæг ссарын. | Презентаци бахъахъхъæнын.<br>Ерысы хуызы: чи хуыздæр! |
| Монологон ныхасыл куыст. Радзырд-презентаци «Мæ хуыздæр æмбал». | Удгоймагон<br>Коммуникативон | Презентаци «Мæ хуыздæр æмбал» | Урочы хорз эмоционалон æнкъарæнтæ.<br>Социалон роль – «Æз дæр кæйдæр æмбал дæн». |
| Нæ горæты (хъæуы) уынгты нæмттæ. | Миддуне хъæздыг кæнын. | Компьютерон презентаци, мыхуыргонд æрмæг. | Презентаци бахъахъхъæнын ерысы хуызы. |
| Лексикæ.<br>Экраныл цы предметтæ федтат, уыдоны нæмттæ зæгъут. | Миддуне хъæздыг кæнын.<br>Логикон<br>Регулятивон | Ирон национ уæлæдарæсы (рагон хæдзары дзаумæтты) нывты презентаци. Цы у, цæмæн хъæуы? | Хи зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын: кæцы предметты нæмттæ базыдтай? Цы дзы нæ базыдтай? |
| Монологон ныхасыл куыст.<br>Ирон национ уæлæдарæс. Хæс: нæлгоймаджы (сылгоймаджы) уæлæдарæсы тыххæй радзурын: цавæр предметтæ дзы уыд, цæмæн хъуыдысты, куыд сæ цæттæ кодтой (хуыдтой). | Миддуне хъæздыг кæнын.<br>Логикон<br>Регулятивон<br>Удгоймагон | Скъоладзауты презентацитæ | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнынц: ныхасы темп, хъæздыгдзинад, растдзинад; презентацийы хæрзхъæддзинад сбæрæг кæнын; къордты куыстæн аргъ скæнын. |
| Диалогон ныхасы рæзтыл куыст.<br>Уæ зæрдæмæ цы дзаума фæцыд, уый дуканийы балхæнут. Дуканигæсимæ куыд дзурдзыстут, ууыл дæр ахъуыды кæнут. | Миддуне хъæздыг кæнын.<br>Логикон<br>Регулятивон<br>Удгоймагон | Дзаумæтты презентаци, сæ макеттæ. | Хи дзуапп раст кæнын, искæй дзуапп раст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ирон хæринæгтæ. Радзурын иу-дыууæ хæринаджы тыххæй: куыд æй кодтой, цæмæй, цы пайда у. | Миддуне хъæздыг кæнын. Логикон Регулятивон | Хæринæгты презентаци. | Чи хуыздæр радзырдта, кæй презентаци хуыздæр у. |
| Монологон ныхасыл куыст. Сочинени «Мæ уарзон цæрæгой». | Коммуникативон Логикон Регулятивон | Презентаци «Мæ уарзон цæрæгой», Иумæйаг презентаци «Ме 'мкъласонты уарзондæр цæрæгойтæ». | Кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнынц: ныхасы темп, хъæздыгдзинад, растдзинад, презентацийы хæрзхъæддзинад, къордты куыд куыстой. |
| Грамматикæ. Урок куыд цæуы, афтæ таблицæ баххæст кæн: 1. Цы зоныс сæрмагонд номдарты тыххæй? 2. Цы дæ базонын фæнды сæрмагонд номдарты тыххæй? 3. Цы базыдтай сæрмагонд номдарты тыххæй? | Миддуне хъæздыг кæнын. Логикон Регулятивон Коммуникативон | Грамматикон хæслæвæрдтæ. | Баххæстгонд таблицæ – раиртæстытæ, дæнцæгтæ. |
| Лексикæ. Цавæр агъуысты цæрын дæ фæнды? Цавæр предметтæ дзы хъуамæ уа? | Миддуне хъæздыг кæнын. Логикон Регулятивон Коммуникативон | Интерактивон плакат «Агъуыст», итернетæй ист агъуыстыты къамтæ | Агъуысты предметтæ æрфыссын, сныв сæ кæнын. |
| Æрфыстон текст. «Нæ куыдз фесæфт». Хъусынгæнинаг бацæттæ кæнын. | Коммуникативон Логикон Миддуне хъæздыг кæнын. Регулятивон | Интернетмæ хъусынгæнинаг бацæттæ кæнын (Цы йæм бахæссис, цы дзы ныффыссис) | Хъусынгæнинаг бацæттæ кæнын |
| Проект. Ахуыргæнджыты бæрæгбонмæ открыткæ бацæттæ кæнын, ахуыргæнæгæн æй бафыссын. | Коммуникативон Логикон Миддуне хъæздыг кæнын. Регулятивон | Слайдтæ, музыкæ. | Арфæйы ныхæстимæ открыткæтæ раттын (монологон ныхас) |
| Проектон куыст. Нæ горæты (хъæуы, уынджы) пълан-схемæ/макет: уынгтæ снныв кæнын, нæмттæ сын æрхъуыды кæнын, алыхуызон хæдзæрттæ æмæ арæзтадтæ сыл баныхасын. | Коммуникативон Логикон Миддуне хъæздыг кæнын. Регулятивон | Ахуыргæнæджы рекомендацитæ, куыд бацæттæ кæнæн ис ахæм проект, уый тыххæй. | Кæрæдзийы куыстæн аргъ кæнын: оригиналон хъуыды, хуыздæр оформлени, хуыздæр æй радзырдта, проекты хæстæ хуыздæр баххæст кодта. |

# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

## РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС «ИРОН ÆВЗАДЖЫ ХУЫЗДÆР АХУЫРГÆНÆГ - 2013»

Ахуырад æмæ наукæйы министрады хъæппæрисæй æрвылаз дæр ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты 'хсæн арæзт æрцæуы республикон конкурс «Ирон æвзаджы хуыздæр ахуыргæнæг». Конкурсы нысан у ахуыргæнджыты сфæлдыстадон гæнæнтæ раргом кæнын, ирон æвзаджы ахуыргæнджыты профессионалон рæзты æмвæзад сбæрæг кæнын.

Конкурсы сæйраг хæстæ сты:

– йæ куыстмæ сфæлдыстадон цæстæй чи кæсы, уыцы ахуыргæнджыты сбæрæг кæнын; ног æнтыстытæм сæ сразæнгард кæнын;

– ирон æвзаджы ахуыргæнæджы куыст æхсæнады цæсты кадджын кæнын;

– ахуыргæнджыты раппæлинаг фæлтæрддзинад парахат кæнын.

2013 азы конкурсы фæрцы раргом ахуыргæнджыты арæхстдзинад, ног ахуырадон технологитæй сæ куысты куыд пайда кæнынц, куыд арæхсынц ног уавæрты кусынмæ.

2013 азы республикон конкурсы архайдтой 8 ирон æвзаджы ахуыргæнæджы. Уыдонæй, жюрийы уынаффæмæ гæсгæ, афæдзы ирон æвзаджы хуыздæр ахуыргæнæгыл нымад æрцыд Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Гæджиты Лянæ.***

Дыккаг бынат жюрийы уæнгтæ сак-






каг кодтой Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Гаппуаты Фатимæйæн,*** æртыккаг бынат – Елхоты 2-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Чеджемты Фаризæтæн.***

Номинацитæм гæсгæ конкурсы архайджыты куыстæн аргъгонд æрцыд ахæм хуызы:

«Ахуыргæнæг-иртасæг»-ыл нымад æрцыд Михайловскы скъолайы ахуыргæнæг ***Соттиты Дзерассæ;***

«Ахуыргæнæг-хъомылгæнæг»-ыл – Дзæуджыхъæуы 48-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Дзебысаты Ларисæ;***

«Ахуырдзауты патриотон хъомыладмæ стыр æвæрæн хæссæг»-ыл нымад æрцыд Фиййагдоны скъолайы ахуыргæнæг ***Куыдзиаты Анжелæ;***

номинаци «Мæ зæрдæ дæттын ахуырдзаутæн» лæвæрд æрцыд Бесланы 6-æм скъолайы æрыгон ахуыргæнæг ***Багаты Фатимæйæн.***

Стыр бузныг конкурсы æппæт архайджытæн дæр, нæ зæрдæ сын зæгъы ног æнтыстытæ.

Фæлæ бынтон раст нæ уыдзæн, конкурсы фæстиуджытæ хынцгæйæ, цы хъуыдытæм æрцыдыстæм, уыдон уын куы нæ фехъусын кæнæм, уæд.

Республикон конкурс у ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты цæттæдзинады æмвæзад бæрæггæнæг, иумæйагæй ирон æвзаджы ахуыргæнæджы фæлгонц æвдисæг мадзал.

Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты фæлтæрддзинадимæ базонгæ уæвынмæ, аккаг аргъ ын скæнынмæ æрбацæуынц алыхуызон æхсæнадон къордты минæвæрттæ. Конкурсы фæрцы уыдонмæ фæхæццæ вæййы ирон æвзаджы ахуыргæнджыты куыст; ам раргом вæййынц, скъолаты предметмæ цы цæстæй каст цæуы, иумæйагæй мадæлон æвзаг æмæ литературæйы методикæ цы уавæры ис, уыцы фарстатæ дæр.

Ацы уавæр стыр хæстæ æвæры, куыд конкурсы архайджыты размæ, афтæ горæты æмæ районты методистты размæ дæр.

Республикон конкурсмæ хъæуы рагацау цæттæ кæнын, æмбæлгæ куыст бакæнын хъæуы ахуыргæнæджы хи презентацион æрмæгыл, конкурсы архайæджы ныхасы хъæдыл, сæйрагдæр та – урочы арæзтыл.

Куыд бафиппайдтам, афтæмæй æппæт районтæ ацы конкурсмæ хъæугæ æргом не здахынц: ахуыргæнджыты ’хсæн рагацау фаг куыст не ’рцæуы. Хатгай республикон конкурсмæ æрвыст æрцæуы, районы конкурсы йæхи хуыздæр цы ахуыргæнæг равдыста, уый нæ, фæлæ конкурсы архайынæн разыйы дзуапп чи радта, уыцы ахуыргæнæг.

Ранымад хъуыддæгтæ сты зæрдылдаринаг, республикон конкурсмæ бæрнондæр цæстæй кæсын кæй хъæуы, ууыл дзурæг.

***Гæджиты Лянæ,***
*Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг*

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *Нымæцон (рацыд æрмæг фæлхат кæныны урок)*
*Ныхасы темæ: Космосон тыгъдад*

***Урочы нысантæ:***
1. Нымæцоны æмбарынадыл бакусын.
2. Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад гуырын кæнын.
3.Ныхасы рæзтыл бакусын.

***Цæстуынгæ æрмæг:*** интерактивон фæйнæг, презентаци, таблицæ, текст, ахуыргæнæн чингуытæ, этимологион дзырдуат.

## Урочы цыд:

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

*1. Ахуыргæнæджы разныхас (мотивацион уавæр).*

Сывæллæттæ, абон къласы компьютер куы байгом кодтон, уæд федтон электрон фыстæг. Тынг бадис кодтон. Сымах дæр ма йæ бакæсут.

1-аг слайд. «Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Мæн фæнды сымахимæ хæларæй цæрын!»

- Ацы фыстæг чи ныффыста, уый уæм диссаг нæ кæсы?

- Кæсы.

- Фæнды уæ йæ базонын?




- Фæнды.

- Фыстæгимæ ма йæ æрвитæг æрбарвыста ныв дæр. Нывмæ гæсгæ сымах базондзыстут, фыстæджы автор чи у, уый.

Фæлæ уал ныффыссæм абоны нымæц æмæ нæ урочы темæ *(скъоладзаутæ фыссынц).*

- Æрбакæсут-ма лæмбынæг нывмæ. Цы дзы уынут?

- Хуры системæйы планетæтæ.

- Хурмæ куыд хæстæгдæр сты, афтæ ма сæ ранымайут. (Меркурий, Венера (Бонвæрнон), Земля (Зæхх), Марс, Юпитер, Сатурн, Уран, Нептун, Плутон)

- Уæдæ уæм куыд кæсы, цымæ нæм чи æрбарвыста электрон фыстæг? Кæй фæнды махимæ хæларæй цæрын?

- Инопланетянины (æндæр планетæйы цæрæджы)!

- О, уый раст у!

2-аг слайд (фæзынд инопланетянин)




Инопланетянин дзуры: «Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Рагæй мæ фæндыдис сымахимæ фембæлын. Мæ бæллиц у Зæххы къоримæ æртæхын æмæ Ирыстонимæ базонгæ уæвын».

*Ахуыргæнæг*: Сывæллæттæ, сымах та

куыд зæгъут, æрбахонæм æй?

- О.

### *II. Урочы темæйыл куыст*

*Ахуыргæнæг:* Цæмæй хонæг арвитæм, уый тыххæй нæ хъæуы баххæст кæнын хæслæвæрд. Æрбакæсут-ма фæйнæгмæ. Бакæсут хъуыдыйæдтæ, стъæлфыты бæсты дзы сæвæрут хъæугæ дзырдтæ.

(Стъæлфыты бæсты – нымæцтæ: 7, 4, 12, 365 (366 – алы 4-æм аз дæр вæййы), 9, 6480).

(4-æм хъуыдыйад бæкæсыны фæстæ)




*Ахуыргæнæг:* Цавæр æппæтдунеон бæрæгбон бæрæг кæндзыстæм хуымгæнæны мæйы?

- Космонавтикæйы бон. 1961 азы, 12 апрелы, фыццаг адæймаг – Юрий Гагарин – атахт космосмæ.

- Уæдæ 5-æм хъуыдыйады цавæр дзырд бафысдзыстæм?

- Дыууадæс.

*Ахуыргæнæг:* Сбæрæг кæнæм, раст баххæст кодтам хæслæвæрд æви нæ?




- Уæдæ нæ хуынды гæххæтт арвитæм.

- Цалынмæ нæм æндæр планетæйы цæрæг хæццæ кæны, уæдмæ дарддæр нæ куыст кæнæм. Хъуыдыйæдты цы цухгонд дзырдтæ ныффыстат, уыдон ма иу хатт бакæсæм. Цымæ, æвзагзонынады та куыд хуыйнынц ацы дзырдтæ?

*(Нымæцонтæ)*

*Ахуыргæнæг:* Тынг раст. Уæдæ чи зæгъдзæн, абон нæ урочы цавæр ныхасы хай æвзардзыстæм?

*(Нымæцон)*

*Ахуыргæнæг:* Раст. Абоны урок хуымæтæджы урок нæу: бафидар кæндзыстæм, нымæцоны тыххæй цы базыдтам, уый; бакусдзыстæм ныхасы рæзтыл. Æмæ куыд бамбæрстат, афтæмæй ма нæ урок баст у космосимæ дæр.

*Беседæ:*

1) Цы у нымæцон? (Предметты нымæц æмæ рæнхъæвæрд цы ныхасы хай æвдисы, уый хуыйны нымæцон. Зæгъæм: 2, 10 100).

2) Сæ нысаниуæгмæ гæсгæ нымæцонтæ цавæртæ вæййынц? (Бæрцон, рæнхъон, дихон æмæ муронтæ).

3) Цал нымады хуызы ис ирон æвзаджы? (Дæсгай æмæ ссæдзгай).

4) Нымæцонтæ сæ арæзтмæ гæсгæ цавæртæ вæййынц? (Хуымæтæг, вазыгджын, амад).

5) Нымæцон номдаримæ бастæй куыд тасындзæг кæны? (Ивы æрмæстдæр номдар).

*Ахуыргæнæг:* Нæ уазæг та цы фæци?




- Мæнæ ис, æртахт нæ уазæг! Цæмæй йын йæ ном базонæм, уый тыххæй баххæст кæндзыстæм хæслæвæрд. Алкæмæн дæр уæ йæ разы ис текст. Раффыссын дзы хъæуы нымæцонтæ. Уый фæстæ баххæст кæнут, тексты бын цы таблицæ ис, уый. Уым

æмбæхст ис нæ уазæджы ном. Алчидæр кусы хибарæй. *(Кæсынц текст)*

*Текст*

Хуры системæйы фараст планетæйæ адæймагæн цæрæн ис æрмæст Зæххыл. Иннæты физикон уавæртæ цæрынæн нæ бæззынц.

Хуры системæйы планетæтæй æппæты тагъддæр зилы Меркури. Уымæ гæсгæ йыл сæвæрдтой рагон ромаг мифологийы базырджын хуыцауы ном. Хуры алыварс иу зылд æркæны æстай аст бонмæ.

Диссаджы рæсугъд у иннæ планетæ – Бонвæрнон. Уымæ гæсгæ йыл сæвæрдтой уарзондзинад æмæ рæсугъддзинады хуыцау Венерæйы ном. Ацы планетæ Хуры алыварс æрзилы авд мæймæ.

Марсæн, туджы хуызæн кæй у, уый тыххæй ис ромаг хæсты хуыцауы ном. Йæ асмæ гæсгæ Марс у Зæххæй дыууæ хатты къаддæр, йæ гуырахст та – авд хатты къаддæр. Марс дæр, Зæххы хуызæн, зилы йæ сæмæны алыварс.

*Ахуыргæнæг:* Цавæр нымæцтæ рафыстат? (Ахуыргæнæг сæ фыссы фæйнæгыл: 9, 1, 88, 2, 7).

- Ацы нымæцтæ математикæйы цавæр къордтыл адих кæнæн ис?

*(Иунысанон (однозначные) æмæ дыууæнысанон (двузначные))*

- Цавæр нымæц дзы у уæлдай æмæ цæмæн? (88).

- Цæмæй ма хицæн кæны ацы нымæц ноджыдæр?

*(Нымæцонæн йæ дæсæгтæ (десятки) æмæ иуæгтæ (единицы) нысангонд сты иу цифрæйæ)*

- Æвзагзонынады та нымæцонтæ сæ арæзтмæ гæсгæ цавæртæ сты?

*(Хуымæтæг, вазыгджын æмæ амад)*

- Кæцы нымæцон дзы ис банымайæн ссæдзгай нымадæй ( 88).

- Куыд æй зæгъдзыстæм? (Аст æмæ цыппарыссæдзы).

- Раст. Ахахх æй кæнæм. Уæдæ рахизæм иннæ хæсмæ. Нымæцтæ сæвæрут, куыд фылдæр кæнынц, уымæ гæсгæ æмæ сын сæ быны ныффыссут сæ дамгъæтæ.

- Цы хуыйны нæ уазæджы ном?

- Гуми!

| | | | |
|---|---|---|---|
| 2 | 9 | 1 | 7 |
| у | и | г | м |

- Гуми афтид къухæй не 'рбацыд, æрбахаста нын хæслæвæрд.

Гуми «дзуры»:

Иу – мæ сæр, дыууæ – мæ хъустæ!
Иу – мæ гуыр, дыууæ – мæ къухтæ!
Иу – мæ дзых, дыууæ – мæ къæхтæ!
Ис мын фындз, дыууæ – цæстытæ!
Радзырдтон уын æз рæстытæ!
Уый æз дæн…Гуми!

*Ахуыргæнæг:* Цавæр нымæцонтыл æмбæлæм Гумийы æмдзæвгæйы?

*(Иу, дыууæ)*

- Сæ нысаниуæгмæ гæсгæ цавæртæ сты?

*(Бæрцон)*

- Саразæм сæ рæнхъонтæ, муронтæ, дихонтæ.

(Фыццаг, дыккаг, ½-мы, иугæйттæ, дыгæйттæ)

Хæслæвæрд:

1-аг къорд тасындзæг кæны дзырдтæ «иу, дыууæ».

2-аг къорд тасындзæг кæны дзырдтæ «фыццаг, дыккаг».

*(Сбæрæг кæнын хæслæвæрд)*

Чиныгимæ куыст. Баххæст кæнын фæлтæрæн 228 (6-æм къласы ахуыргæнæн чиныг).

*Ахуыргæнæг:* Ныр та Гумийы базонгæ кæнæм Ирыстонимæ, уый тыххæй та дзуапп раттын хъæуы ахæм фæрстытæн.

*(Гумийы зарæгмæ æххæст кæнынц хæс).*

Интерактивон фæйнæгыл куыст. Скъоладзаутæ раст дзуæппытæ æвзарынц, хъуыдыйæдты сæ, кæм æмбæлы, уым æвæрынц.

1) Цал квадратон километры у Цæгат Ирыстоны фæзуат?

(8 мин кв. км.)

2) Цал сахары ис Ирыстоны?

(6 сахары: Дзæуджыхъæу, Алагир, Беслæн, Дигора, Æрыдон, Мæздæг)

3) Теркæн йæ дæргъ æдæппæтæй цас у?

(600 км)

4) Ирыстон Уæрæсеимæ кæд баиу?

(1774 азы)

5) Фидар Владикавказ кæд арæзт æрцыд?

(1784 азы)

6) Цал театры ис нæ горæты?

(7 театры: Ирон драмон театр, Уырыссаг театр, Дыгурон театр, Музыкалон театр, Куклаты театр «Саби», Бæхты театр «Нарты», Фæсивæдон театр «Амыран»)

*Ахуыргæнæг:* Тынг хорз. Гумийы иучысыл базонгæ кодтам Ирыстонимæ. Ныр та йæ базонгæ кæнæм не 'гъдæуттимæ. Ирон адæммæ ис табуйаг нымæцонтæ: 3 æмæ 7. Абайты В. «Этимологион дзырдуат» - æй









пайдагæнгæйæ, сбæрæг кæнын нымæцонтæ 3 æмæ 7 этимологи.

*(Скъоладзаутæ дзырдуаты агурынц дзуапп)*

*Иртасæн куыст.* Ærtæ 'три; весьма популярное в фольклоре число, относится к древнему иранскому и индоевропейскому фонду.

Avd 'семь'. Излюбленное число в фольклоре. Как и другие числительные – иранское наследие («Аудæн»-æй).

*Ахуыргæнæг:* Фæйнæгыл – нывтæ. Нывтæм гæсгæ, нымæцонтæ 3 æмæ 7 пайдагæнгæйæ, дзырдбæстытæ саразын (дзургæ куыст).

(Æртæхуызон тырыса, æртæ чъирийы, æртæ æртæдзыхоны, æртæкъахыг фынг, æртæ фæрсчы, хъæдын авдæн)

*Ахуыргæнæг:* Мах цæрæм Ирыстоны, нæ сæрмæ фæйлауынц дыууæ тырысайы – Уæрæсейы æмæ Ирыстоны. Цы амонынц сæ хуызтæ? Цы бастдзинад ис ирон тырысайæн Нарты æртæ мыггагимæ?

*(Скъоладзауты дзуæппытæ)*

- Уадз, алкæй сæрмæ дæр фæйлауæнт амонджынæй æмæ рæсугъдæй, сæ фæйлауæнтæ та хæссæнт фарн æмæ сабырдзинад. Зæрдыл æрбалæууынц Айларты Михалы ныхæстæ:

Æрттив, фæйлау, ирон фарны тырыса!
Дæу систам уалæ хурæмвæз бæрзонд.
Мыййаг, ирон йæ дард балцы куы тыхса,
Ныфс дæттæг ын – дæ хуыз æмæ дæ конд.

2. Фынджы æртæ къахы амонынц:

Фыццаг – Хурты Хурмæ,
Дыккаг – Хуыцаумæ,
Æртыккаг – Зæхмæ.
Тымбыл дæр у Зæххау, Хурау.
Æнæкæрон – дунейау, нæдæр ын райдайæн ис, нæдæр кæрон…

3. Хъæдын авдæн. Дзырд «Авдæн» дæр арæзт у нымæцон «авд»-æй, ома авд сывæллоны кæмæн уыд нæ фыдæлтæй, уыдон нымад уыдысты æххæст бинонтыл. Æвдæм сывæллоныл та арæх æвæрдтой (уæлдайдæр та дыгурмæ) ном Авдан – Æвдæм.

Чындзæн йæ хыз исгæйæ фæкувынц: «Авд фырты æмæ иу цъæхдзаст чызг».

*Ахуыргæнæг:* Цы у дзырдбаст æмæ цæмæй хицæн кæны хъуыдыйадæй?

1) дзырдбаст арæзт вæййы сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæй;

2) хъуыдыйады вæййы æххæст хъуыды, дзырдбасты та нæ вæййы;

3) дзырдбаст иу дзырдæй арæзт нæ вæййы, хъуыдыйад та вæййы.

Зæгъæм: Уалдзæг. - хъуыдыйад, фæлæ: хъарм уалдзæг - дзырдбаст.

Ахуыргæнæг: Цы дзырдбæстытæ æрхъуыды кодтат, уыдонæй иуимæ саразут

хъуыдыйад æмæ йæ равзарут хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

*Мад фынгыл æрæвæрдта æртæ чъирийы.*

Ахуыргæнæг: Цавæр хъуыдыйады уæнгтæ вæййынц нымæцонтæ?

(Сæйрат, æххæстгæнæн, бæрæггæнæн)

(Къордты куыст)

*Ахуыргæнæг:* Ныр та Гумийы базонгæ кæнæм ирон адæмон сфæлдыстадимæ.

*1-аг къорды хæс.* Зæрдыл æрлæууын кæнын, нымæцонтæ кæм ис, ахæм аргъæуттæ.

1) «Сарты фырт» (æртæ фырты).

2) «Раст лæг æмæ зылын лæг» (æртæ мыдамæсты).

3) «Ох-ох æмæ мæгуыр лæджы фырт» (иу афæдзы фæстæ лæппумæ йæ фыд æрцыд).

*2-аг къорды хæс.* Ныффыссын æмбисæндтæ нымæцонтимæ. Бамбарын сæ кæнын.

1) Дыууæ æфсымæрæй арс дæр тæрсы.

2) Зæххыл ис æртæ ахуыргæнæджы: цард, чиныг æмæ адæймаг.

3) Фондзыссæдз сомæй фондзыссæдз лымæны – хуыздæр.

*3-аг къорды хæс.* Ныффыссын уыциуыцитæ нымæцонтимæ.

1) Иу лæгæн – дыууадæс фырты (афæдз).

2) Нарты Уырызмæгæн – фондзыссæдз хæдоны ( къабуска).

3) Æртæ æфсымæрæн - иу нымæт (æртæкъахыг фынг).

4) Асиатыл – авд кæрцы (хъæдындз).

***III. Урочы хатдзæгтæ***

*Ахуыргæнæг:* Æвæццæгæн, нымæцонтимæ æмдзæвгæтæ дæр зонут. Уæ хорзæхæй, бакæсут сæ.

1) Иу у хур!

Иу у мæй!

Бафтауæн сæм иу дæр нæй!

Иу – мæхæдæг. Иу – мæ мад.

Иуæй райдайы нымад.

2) Иу, дыууæ, æртæ, цыппар…

- Чермены дзыхы бал ныппар.

- Фондз, æхсæз, уæд авд, уæд аст…

- Гъе уæд уаис фатау раст!

- Мæнæ фараст, мæнæ дæс…

- Алтъами дæр уарзын æз…

*Ахуыргæнæг:* Мæнæ та нын Гуми дæр цыдæр зæгъынмæ хъавы.

Гуми «дзуры»: «Æз дæр базыдтон иу æмбисонд: «Æрбацыд кæм ис, уым ацыд дæр вæййы». Тынг æхсызгон мын уыдис сымахимæ фембæлд. Æз базонгæ дæн ирон адæмы æгъдæуттимæ, сæ культурæимæ. Федтон, куыд зæрдæхæлар сабитæ ис уе скъолайы, уый. Тынг бирæ зонут, æмæ уыл бирæ хъæлдзæг бонтæ кæнæд. Нымæц «5» у æппæты хуыздæр бæрæггæнæн, æмæ фондзтыл ахуыр кæнут. Амондимæ байрæзут!»

*Ахуыргæнæг:* Цæй, сывæллæттæ, афæндараст кæнæм нæ уазæджы.

- Йæ зæрдæмæ тынг фæцыдыстут, æмæ йæ фæнды сымахæн исты хорздзинад скæнын. Уæ бæллицтæ ныффыссут сыфтыл æмæ йæм сæ раттут (æмбырд кæны сывæллæтты фыстæгтæ). Арфæтæй та йæ фæндараст акæнæм.

- Рæствæндаг у!

- Сæрæгасæй дæ бынат ссар!

- Æнæниз æмæ амондджын у!

Гуми: Хорзæй баззайут!

*Бæрæггæнæнтæ сæвæрын (рефлекси).*

***IV. Хæдзармæ куыст:*** Интернеты, чингуыты кæнæ газетты ссарын, нымæцонтæ кæм æмбæлы, ахæм цымыдисаг хабæрттæ космосы тыххæй æмæ сæ рафыссын.

***Гаппуаты Фатимæ,***
***Æрыдоны 1-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Растзæрдæ уæвынæй хуыздæр ницы ис»*
*Грамматикон темæ: Миногон*

**Урочы нысантæ:**

1. Проблемон уавæртæ аразгæйæ, скъоладзауты хибарæй архайын кæнын; миногоны æмбарынадимæ базонгæ кæнын.
2. Æфтауын хъуыды кæныныл, хибарæй кусыныл, хи хъуыдытæ æргом кæныныл.
3. Гуырын кæнын царды фæзминаг уæвынмæ, раст хъуыддæгтæ кæнынмæ тырныndзинад.

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

1. Урочы архайынмæ цæттæ кæныныл куыст (мотивацион уавæр).

*Ахуыргæнæг:* Абон нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм, уый базонынæн уын аххуыс уыдзæн нæ дзырдбыд. Баххæст æй кæнæм, цымæ дзы цавæр дзырд æмбæхст ис?

Дзырдбыд - фæйнæгыл

| | | |
|---|---|---|
| | | æстдзинад |
| д | | вд |
| | | айд |
| | | æригъæд |
| уар | | т |
| к | | рæф |
| æ | | гом |
| рæ | | ау |
| | | ххуыс |

(Дзырдбыды дзырдтæ: рæстдзинад, давд, сайд, тæригъæд, уарзт, кæрæф, æнгом, рæдау, æхххуыс)

*Ахуыргæнæг:* Куыд бамбæрстат нæ урочы темæ? Цæуыл дзурдзыстæм?

*«Растзæрдæ уæвынæй хуыздæр ницы ис».*

- Цавæр адæймагæй фæзæгъынц, растзæрдæ у, зæгъгæ?

- Ныффыссут-ма уæ тетрæдты дзырдбаст *растзæрдæ адæймаг.*

- Цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц ацы дыууæ дзырды?

- Цы нысан кæны дзырд *растзæрдæ*? (Предметы æууæл, йæ миниуæг)

*Ахуыргæнæг:* Базонут, цавæр ныхасы хайы кой цæуы ацы æмдзæвгæйы.

*Йе ’ууæл номдарæн æвдисын,*
*Уый цæмæй зына æргом.*
*Бирæ хæстæ химæ исын,*
*Базон-ма, куыд у мæ ном.*
Гаппуаты Хъасболат

(*Дзуапп:* Миногон)

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*Ахуыргæнæг:* Диссаджы ныхасы хай у миногон, алæмæттаг. Абон уый уæхæдæг дæр бамбардзыстут.

*Ахуыргæнæг:* Урочы кæрон хъуамæ баххæст кæнæм ацы хъуыды.

(Фæйнæгыл – слайд)

- *Цы нын радзурид йæхи тыххæй миногон?*

- Æз дæн … ныхасы хай.
- Æз дзуапп дæттын фæрстытæн …
- Æз нысан кæнын …
- Ныхасы хæйттæй хæларæй цæрын … .
- Хъуыдыйады вæййын …, … .
- Адæм мæ арæх пайда кæнынц сæ ныхасы, уымæн æмæ мæ фæрцы …

*Ахуыргæнæг:* Нæ дзырдбыды ис «æвзæр» дзырдтæ дæр. Ссарут сæ (*давд, сайд, кæрæф*).

Ацы дзырдтӕ сты, адӕймаджы ӕвзӕр миниуджытӕ бӕрӕггӕнӕг. Хайджын сӕ чи вӕййы, уыдоны куыд фӕхонӕм? (*даваг, сайаг, ӕнӕфсис*).

Ӕз сӕ ныртӕккӕ фехалдзынӕн, цӕмӕй сын уӕ зӕрдӕты бынат ма уа, ма сӕ уат хайджын.

Уӕ разы сау гӕххӕттытӕй конд зӕрдӕты нывтӕ. Ныффыссут ацы дзырдтӕ уыцы гӕххӕттыты.

Аскъуынут уыцы сау зӕрдӕтӕ, цы 'взӕр дзырдтӕ сыл фыст ис, уыдон хъуамӕ нӕ зӕрдӕты ма уой.

*Ӕмбисӕндтыл куыст.*

*Ахуыргӕнӕг:* Нӕ дзырдбыды дзырдтӕ ист сты ирон ӕмбисӕндтӕй.

Ӕмбисӕндтӕ хъӕугӕ дзырдтӕй баххӕст кӕнут.

Кӕцы дзырд кӕм сфидаудзӕн?
*(ӕргом, рӕдау, уарзт, ӕххуыс)*

Райгуырӕн бӕстӕ хъулон … кӕнын хъӕуы.
… ныхасы къӕм нӕй.
… лӕг дзӕнӕтмӕ цӕуы.
… бахъуаджы рӕстӕг хъӕуы.

*Ахуыргӕнӕг:* Куыд ӕмбарут ӕмбисӕндтӕ? (Амонынц сӕ хъуыды).

Ацы дзырдтӕ уӕ царды бахъӕудзысты, ныффыссут сӕ, уӕ разы цы урс гӕххӕттӕй конд зӕрдӕтӕ ис, уыдоныл *(ӕргом, рӕдау, уарзт, ӕххуыс)*

*Фарст:* Дзырдтӕй миногонтӕ кӕцытӕ сты?

*Ахуыргӕнӕг:* Нӕ урочы темӕ раргом кӕнынӕн нын аххуыс уыдзӕн Лев Толстойы радзырдтӕй иу. Бакӕсӕм ӕй.

Мӕгуыр лӕг ӕмӕ Донбеттыр.

Иу лӕгӕн йӕ хорз фӕрӕт доны ныххауд. Бады доны был ӕмӕ кӕуы, хъыг кӕны йӕ диссаджы фӕрӕты сӕфтыл, йӕ хӕдзардарӕгыл.

Донбеттыр ӕй фехъуыста, фӕтӕригъӕд ын кодта, доны бынӕй йын сыгъзӕрин фӕрӕт систа ӕмӕ йӕм дзуры:
- Ай дӕ фӕрӕт у?
- Нӕ, уый мӕ фӕрӕт нӕу, - загъта лӕг.

Донбеттыр ӕм доны бынӕй ӕвзист фӕрӕт рахаста. Лӕг та йӕм дзуры:
- Уый дӕр мӕ фӕрӕт нӕу.

Уӕд Донбеттыр лӕгӕн йӕхи фӕрӕт рахаста.
- Ай мӕ фӕрӕт у! - бацин кодта мӕгуыр лӕг.

Донбеттыр мӕгуыр лӕгӕн йӕ рӕстдзинады тыххӕй ӕртӕ фӕрӕты дӕр балӕвар кодта.

Лӕг сӕхимӕ ӕрбацыд ӕмӕ адӕмӕн хабар радзырдта.

Сыхаг лӕг ӕм фӕхъуыста стӕй доны былмӕ азгъордта ӕмӕ барӕй йӕ фӕрӕт доны ныппӕрста. Бады доны был ӕмӕ кӕуы.

Донбеттыр ӕм сыгъзӕрин фӕрӕт рахаста, фӕрсы йӕ:
- Ай дӕ фӕрӕт у?
- Мӕн у, мӕн! – ныхъхъӕр кодта лӕг.

Кӕй асайдта, уый тыххӕй йын Донбеттыр нӕдӕр сыгъзӕрин фӕрӕт радта, нӕдӕр ын йӕхи фӕрӕт доны бынӕй систа.

*Беседӕ:*
- Текст уӕ зӕрдӕмӕ фӕцыд? Цӕмӕй?
- Цӕмӕн афтӕ тынг бацин кодта мӕгуыр лӕг йӕхи фӕрӕтыл?
- Цӕмӕн хоны автор мӕгуыр лӕджы фӕрӕт «хӕдзардарӕг»?

(Фӕрӕт кусӕнгарз у, уый фӕрцы мӕгуыр лӕг йӕ бинонты дардта)
- Цавӕр зӕрдӕты хицӕуттӕ сты радзырды архайджытӕ?
- Цӕмӕй йӕ базыдтат? Цӕй фӕрцы раргом сты сӕ зӕрдӕтӕ?

(Сӕ архайдӕй, сӕ ныхӕстӕй, сӕ хъуыдытӕй)
- Цавӕр хъуамӕ уой нӕ ныхӕстӕ, нӕ хъуыдытӕ, нӕ архайдтытӕ, цӕмӕй нӕ зӕрдӕтӕ сыгъдӕгӕй баззайой?

*Ахуыргӕнӕг:* Ӕмбисӕндтӕй кӕцы ӕвдисы тексты сӕйраг хъуыды?

(Фӕйнӕгыл – слайд)

1) Раст лӕг йӕ рӕстдзинадӕн сӕфынӕй нӕ тӕрсы.

2) Нӕртон лӕг сайын йӕ сӕрмӕ нӕ хӕссы.

3) Сайаг адӕймаджы фӕндаг бирӕ нӕ хӕссы.

*Дзуапп:* Сайаг адӕймаджы фӕндаг бирӕ нӕ хӕссы.

*Хæс:* Тексты ссарын миногонтæ. Рафыссын сæ, цы дзырдтимæ баст сты, уыдонимæ.

*Дзуапп:* Мæгуыр лæг, хорз фæрæт, диссаджы фæрæт, сыгъзæрин фæрæт, æвзист фæрæт, сыхаг лæг.

*Ахуыргæнæг:* Цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц миногонтæ?

Цы дзырдтимæ баст сты, уыдон цавæр ныхасы хæйттæ сты?

Скæнут хатдзæг миногоны тыххæй (хибарæй хатдзæг кæнынц).

*Къордты куыст:*

*1-аг хæс (проблемон уавæр)*

1-аг къордæн: Ссарын адæймаджы фæзминаг миниуджытыл дзурæг æмбисæндтæ. Миногон цы æмбисонды ис, уый фæбæрæг кæнын.

2-аг къордæн: Ссарын адæймаджы фауинаг миниуджытæ кæм ис, ахæм æмбисæндтæ. Миногонтæ цы æмбисæндты ис, уыдон фæбæрæг кæнын.

Раст лæгæн сæфæн нæй.
Гæдыйы къах цыбыр у.
Загъдкъахæгæн – над.
(Къоста)

Даваг лæг йæ хæдзарæй дæр давы.

Зондджын адæймаг йæхицæй нæ феппæлы.

Мæнгард лæг æргом нæ цæуы, сусæгæй архайы.

Хивæнд митæ кæнын хорз нæу.

*2-аг хæс (проблемон уавæр).* Миногонтæй равзарын, адæймаджы миниуджытæн аргъ чи кæны, ахæмтæ. Иуимæ дзы хъуыдыйад саразын. Синтаксисон æвзæрст æй ракæнын.

1-аг къордæн:
рæсугъд адæймаг
рæсугъд ныхæстæ

сыгъзæрин къухдарæн
сыгъзæрин къухтæ

2-аг къордæн:
сау мигътæ
сау зæрдæ
фæлмæн баз
фæлмæн ныхæстæ

*Хæс:* Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæнын. Миногон хъуыдыйады цавæр уæнг вæййы, уый тыххæй хатдзæг скæнын.

*Фæлмæн ныхæстæ адæймаджы зæрдæмæ тынгдæр хъарынц.*

*3-аг хæс (проблемон уавæр):* Адæймагæн йæ архæйдтытæм гæсгæ характеристикæ раттын.

(Къордтæ кусынц хибарæй. Уый фæстæ сæм байхъусын).

1. Йæ ныхас не 'ххæст кæны, арæх йæ дзырд фæсайы. Ахæм адæймаджы хонынц … (сайаг, мæнгард, фæлывд адæймаг).

2. Алы куыст дæр зæрдиагæй кæронмæ хæццæ кæны. Ахæм адæймаджы хонынц … (куыстуарзаг, бæлвырд адæймаг)

3. Исты йæм куы вæййы, уæд дзы алкæмæн дæр бахай кæны. Ахæм адæймаджы хонынц … (хæларзæрдæ, рæдау)

4. Никæмæн ницы дæтты, куы йæм уа, уæддæр «нæй, нæй» кæны. Ахæм адæймаджы хонынц … (чъынды)

5. Скъоламæ æрæджытæ кæны, хæдзармæ куыст не 'ххæст кæны, урочы ныхас кæны, ахуыргæнæгмæ нæ хъусы. Ахæм скъоладзау у … (æнæгъдау, æнæуаг)

6. Хистæрты коммæ нæ кæсы, йæ мадмæ фæстæмæ дзуры. Æмæ йæ хонынц … (æгоммæгæс, æнæгъдау).

7. Скъоладзау йæ урок куы зона, афтæмæй йæ къух сдарын куы нæ уæнда, уæд æй куыд схонæн ис? (нæуæндаг, æфсæрмыгæнаг)

8. Исты йын сусæгæй куы радзурай, уæд æй уайтагъд иннæтæн адзуры. Уый та у … (дзæгъæлдзых).

*Ахуыргæнæг:* Цы дзырдтæ бафыстат, уыдон цавæр ныхасы хæйттæ сты? Цавæр фарстæн дзуапп дæттынц?

(Хибарæй хатдзæг скæнын)

Хæс: Бакæсын диалогтæ (Кæсынц цæсгæмттæм гæсгæ).

*1-аг къорд:*

Аслан: Инал, дæ кърандас ма мæм авæр.

Инал: Дæхион æрбахастаис, мæ кърандас мæхи хъæуы.

Аслан: Инал, аххуыс ма мын кæн мæ чингуытæ хæссынæн.

Инал: Дæхи чингуытæ сты, æмæ сæ дæхæдæг ахæсс.

*2-аг къорд:*

Зæлинæ: Каринæ, цом-ма мемæ дуканимæ. Абон нанайы гуырæнбон у, æмæ мæ цыдæртæ алхæнын хъæуы.

Каринæ: Ма тыхс. Æз дын аххуыс кæндзынæн. Дæ нанайы æз дæр бирæ уарзын. Хъуамæ йæ абон иумæ сбуц кæнæм.

*Ахуыргæнæг:* Кæй равзариккат æмбалæн? Цæмæн?

Цавæр хорз миниуджытæ ис Каринæмæ? (Байхъусын сывæллæтты дзуæппытæм).

*Хæс:* Текст миногонтæй баххæст кæнын.

Арæх адæймаджы йæ удыхъæды миниуджытæм гæсгæ абарынц цавæрдæр цæрæгоимæ.

Кæд искæй арс рахуыдтой, уæд уый зон, æмæ у … ( гуымиры, уæзбын). Кæд искæй тæрхъусыл банымадтой, уæд уый та у … (тæппуд). Рувасы ном кæуыл сæвæрынц, уый та вæййы …(хинæйдзаг) адæймаг.

Бирæгъы ном сфидаудзæн …(зыд) æмæ …(кæрæф) адæймагыл.

Куыдзы ном сфидаудзæн …(чъынды) адæймагыл. Гæды та – …(сайаг) æмæ … (хиуарзоныл).

*Ахуыргæнæг:* Иучысыл нæ фæллад суадзæм. *(Релаксаци).*

Базон-базон, уый та циу?

Дæлдзæхæй нæ сырх гал йе ’взæгтæ суагъта. (Цæхæра)

Нæ гыццыл къæбиц – æнæ дуар. (Айк)

Нæ чысыл скъæты – урс уæрыччытæ. (Дæндæгтæ)

Сыгъзæрин ацæуы, æмæ æвзист æрбацæуы. (Хур æмæ мæй)

Сау дæн, æмæ сынт нæ дæн; урс дæн, æмæ цыхт нæ дæн;, къæдзил мын ис, æмæ мыст нæ дæн. (Булкъ)

Йæхæдæг – сырх, адджын, йæ хæдон – цъæх, хъæдабæйы хуызæн. (Харбыз)

Лæдзæгыл сыгъзæрин тæбæгъ æрзад. (Æхсынæн)

*Ахуыргæнæг:* Цæй фæрцы базыдтат предметты нæмттæ?

(Сæ миниуджытæм гæсгæ, ома миногонты фæрцы)

*Ахуыргæнæг:* Цæмæн нæ хъæуынц миногонтæ, цæмæн сæ фæпайда кæнæм нæ ныхасы?

*Дзуапп:* Нæ ныхас кæнынц мидисджындæр, аивдæр, бæлвырддæр, хъæздыгдæр.

Миногонты фæрцы радзурæн ис адæймаджы фæзминаг æмæ фауинаг миниуджыты тыххæй.

***Урочы хатдзæгтæ.***

1. Хъуыдыйæдтæ баххæст кæнын.

(Фæйнæгыл – слайд)

***Цы нын радзурид йæхи тыххæй миногон?***

- Æз дæн сæрмагонд ныхасы хай.
- Дзуапп дæттын фæрстытæн цавæр?цыхуызæн?
- Нысан кæнын предметы миниуæг.
- Хæларæй цæрын номдаримæ.
- Хъуыдыйады вæййын бæрæггæнæн.
- Адæм мæ дзургæйæ арæх пайда кæнынц, уымæн æмæ мæ фæрцы сæ ныхас кæны хъæздыгдæр, аивдæр.

2. Рефлекси.

*Ахуыргæнæг:* Ацы урочы уæ ногæй чи цы базыдта? Цы пайда уын фæцис урок? Уæ зонындзинæдтæн, урочы куыд архайдтат, уымæн аргъ скæнут ирон æмбисæндты æххуысæй.

- Чи уæ куыд архайдта урочы, уымæ гæсгæ равзарут æмбисæндтæ. Йæхимæ гæсгæ уæ тынг хорз чи бакуыста, уый равзарæд ахæм æмбисонд: *Цы куыстмæ бавналон, æмæ цы нæ сараздзынæн!*

- Йæхимæ гæсгæ, йæ зонындзинæдтæ фаг кæмæн не сты, миногоны тыххæй æппæт æрмæг нæ бамбæрста, афтæ чи хъуыды кæны, уый та райсæд æмбисонд *«Кæнинаг кæнын хъæуы».*

*Ахуыргæнæг:* Уæ бон бауыдзæн сыгъдæг зæрдæйæ фæцæрын? (Байхъусын дзуæппытæм).

Бацархайут. Хъуамæ уæ алчи дæр

йæхицæн дзура, «æз нæ асайдзынæн», «æз нæ адавдзынæн», «æвзæр ми мæ сæрмæ не 'рхæсдзынæн», зæгъгæ.

Нарты Батрадзау уæ алчи дæр хъуамæ йæхæдæг ма кæна æвзæр ми, искæмæн æй йæ разы кæнын дæр ма уадза. Уæд уæ зæрдæтæ уыдзысты сыгъдæг.

***Урочы кæрон.***

*Ахуыргæнæг:* Нæ урок мæ фæуын фæнды ахæм таурæгъæй.

Кæддæр, дам, иу зондджын лæджы бафарстой, адæймагæн дыууæ цæсты цæмæн ис. Иу цæст ын фаг нæ уаид, дзых æмæ йыл фындз иугæйттæ куы ис. Æмæ, дам, дзуапп радта уыцы лæг: «Галиу цæстæй адæймаг хъуамæ уына йæхи хъæндзинæдтæ, йе 'взæр митæ. Уадз, æмæ сæ раст кæна. Рахиз цæстæй та хъуамæ уына искæй фæзминаг миниуджытæ, цæмæй сын аргъ кæнын зона».

***Хæдзармæ куыст:*** Сочинени-æрфыст: «Æз дæр иу фæзминаг адæймаг зонын».

***Чеджемты Фаризæ,***
*Елхоты 2-æм скъолайы ахуыргæнæг*

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Зонд мæсыг у» (æмб.)*
***Грамматикон темæ:*** *Нымæцон*

***Урочы эпиграф:***
*Номдарæн йæ хыгъд æвдисын,*
*Стæй йæ рæнхъæвæрд дæр раст,*
*Иуварс дзы мæхи нæ исын,*
*Алкæддæр дæн йемæ баст.*
Гаппуаты Хъасболат

***Урочы нысантæ:***

1. Проблемон уавæрты фæрцы ахуырдзауты ног æрмæг хибарæй базонынмæ бацæттæ кæнын.
2. Скъоладзауты фæцалх кæнын хибарæй архайныл, хи хъуыдытæ раст æргом кæныныл, нымæцонæй ныхасы мидæг пайда кæныныл.
3. Хъомыл кæнын фæллой уарзыны æнкъарæнтæ, гуырын кæнын æмзондæй архайынмæ тырнындзинад.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

Ахуырдзауты урочы архайынмæ сразæнгард кæнын (мотиваци).

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, сымах райсомæй, æвæццæгæн, тынг тагъд кодтат скъоламæ.

*Ахуыргæнæг:* Ничи уæ байрæджы кодта? Цæмæн цæуынц сывæллæттæ скъоламæ? (Ахуыр кæнынмæ).

*Ахуыргæнæг:* Ахуыр кæнын та цæмæн хъæуы?

*(Скъоладзауты дзуæппытæ)*

*Ахуыргæнæг:* Бирæ цы сывæллон фæзоны, уый адæм куыд фæхонынц? (Зонды къуыбар)

*Ахуыргæнæг:* Абон нæ урочы темæйæн дæр йæ иу хай баст уыдзæн....зондимæ, уымæн æмæ зонд у…

(2-АГ СЛАЙД).

Раст! Зонд мæсыг у.



*Ахуыргæнæг:* Чи уæ зоны, мæсыг цы у, уый? Цæмæн хъуыдысты нæ фыдæлты мæсгуытæ? *(Скъоладзауты дзуæппытæ)*

*Ахуыргæнæг:* Куыд хъуыды кæнут, мæсыг æнцон амайæн уыд? (Мыггаг иумæйагæй амадта мæсыг)

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*Ахуыргæнæг:* Абон мах дæр бафæзмдзыстæм нæ фыдæлты æмæ самайдзыстæм 5-æм къласы мæсыг. Фæнды уæ?

Ис нæм амайæн æрмæг – дуртæ. Фæлæ цæмæй дур амады ныффидар уа, уый тыххæй йæ фæстæ цы хæслæвæрд фыст ис, уый сæххæст кæнын хъæуы.

(Æвдисы хъæбæр гæххæттæй конд мæсыджы макеты хæйттæ – дуртæ)

Уæ ныфс хæссут? Тынг хорз! Цæмæй базонæм, цавæр ныхасы хаимæ базонгæ уыдзыстæм, уый тыххæй сæххæст кæнæм 1-аг хæс.




Уæдæ бавналæм нæ мæсыг амайынмæ, ома хæслæвæрдтæ æххæст кæнынмæ.

*1-аг хæслæвæрд (проблемон уавæр):* Дзырдтæ ныхасы хæйттæм гæсгæ къонвертты нывæрут.

(Дæтты сæм 4 алыхуызон къонверты. Къонверттыл фыст ныхасы хæйтты нæмттæ: Номдар, Миногон, Мивдисæг. Скъоладзаутæ хъуамæ базоной, дзырдтæ цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый æмæ сæ хицæнтæй къонвертты сæвæрой. Куыст цæуы къордты мидæг. Алы къордмæ дæр ис хицæн къонверттæ).

(3-аг СЛАЙД)

*Ахуыргæнæг:* Бакæсут номдартæ (1-аг къорд), ныр та – миногонтæ (2-аг къорд), мивдисджытæ (3-аг къорд).

*(Дзуæппытæ сбæлвырд кæнын)*

*Ахуыргæнæг:* Цавæр дзырдтæ ма уæм баззад æнæ бæрæггондæй? Бакæсут-ма сæ. (Къонвертты уыд, нымæцонтæ цы дзырдтæ нысан кæнынц, ахæмтæ дæр. Скъоладзаутæ сæ къонвертты нæ сæвæрдтой. 1-аг къорд кæсы, цы дзырдтæ сæм баззад, уыдон)

*Ахуыргæнæг:* Цавæр ныхасы хæйттæм сæ ахæссæн ис? (проблемон фарст).

*Ахуыргæнæг:* Ацы дзырдтæ сты, абон цы ног ныхасы хай базондзыстæм, уыимæ баст.

Цы нысан кæнынц? Ахъуыды кæнут. (бæрц, нымæц)

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ, предметтæн сæ нымæц цы ныхасы хай æвдисы, уый куыд хуыйны? (нымæцон). Базыдтам нæ грамматикон темæ дæр – Нымæцон!

(4-æм СЛАЙД)

*Ахуыргæнæг:* 2-аг къорд, бакæсут-ма, цы дзырдтæ уæм баззад, уыдон (иу, æртæ, фараст, иуæндæс).

(Уыдон дæр сты нымæцонтæ)

*Ахуыргæнæг:* Номдартимæ сæ иумæ сбæттут, дзырдбæстытæ семæ саразут. Цы нысан кæнынц? (Номдарты бæрц).

*Ахуыргæнæг:* Куыд схонæн ис, бæрц цы нымæцонтæ амонынц, уыдон? (Бæрцон)

*Ахуыргæнæг:* 3-аг къорд, бакæсут-ма, цы дзырдтæ уæм баззад, уыдон. (Фыццаг, æртыккаг, фарæстæм, иуæндæсæм).

*Ахуыргæнæг:* Ацы дзырдтæ дæр предметты нымæц нысан кæнынц? Уæдæ цы? (рæнхъæвæрд) Куыд схонæн ис предметы рæнхъæвæрд цы нымæцонтæ амонынц, уыдон та? (Рæнхъон нымæцонтæ)

*Ахуыргæнæг:* Скæнут хатдзæг, нымæцон цы нысан кæны, уый тыххæй.

*(Скъоладзаутæ хибарæй кæнынц хатдзæгтæ, уый фæстæ раиртæст æвдыст цæуы фæйнæгыл дæр.*

(5-æм СЛАЙД).

*Ахуыргæнæг:* Нæ мæсыг амад куы фæуæм, уæд хъуамæ дзуапп раттат ахæм фæрстытæн: «Нымæцонтæ нæ царды кæм хъæуынц? Цæмæн сæ хъæуы зонын?»

*Ахуыргæнæг:* Алы къорд дæр йе 'вæрæн бахаста мæсыджы арæзтмæ, сæххæст кодтат фыццаг хæслæвæрд æмæ уæ бон у мæсыгæн бындур сæвæрын.

*2-аг хæслæвæрд (ног проблемон уавæр).* Нымæцтæ дзырдтæй ныффыссын.

Бæрцон нымæцонтæ: 2, 4, 15.

Рæнхъон нымæцонтæ: 3, 12, 1.

(Дыууæ, цыппар, фынддæс; æртыккаг, дыууадæсæм, фыццаг).

*Ахуыргæнæг:* Цы ис иумæйагæй дзырдтæм?

(Дзырдты æмбæлынц дывæргонд æмхъæлæсонтæ. Сæ растфыссынады тыххæй хатдзæг скæнын).

*Ахуыргæнæг:* Ацы хæслæвæрд дæр та сæххæст кодтат. Ацамайут мæсыджы 2-аг рæнхъ.

*3-аг хæслæвæрд (3-аг проблемон уавæр).* Æмбисæндтæ нымæцонтæй баххæст кæнын, сæ хъуыды сын бамбарын кæнын:

Æдылы хъæдмæ … цыды кæны.

… мыдыбындз чыргъæд нæ кæны.

Къодах йæ … цæфæй бæрæг у.

*Ахуыргæнæг:* Æмбисæндтæй нæ урочы темæимæ кæцы баст у? (Æдылы хъæдмæ дыууæ цыды кæны).

*Ахуыргæнæг:* Дарддæр амайæм нæ мæсыг.

*4-æм хæслæвæрд (ног проблемон уавæр).* Базон-базон, уый та циу?

Æртæ æфсымæрæн – иу нымæтхуд (фынг).

Уырызмæгыл – фондзыссæдз хæдоны (къабуска).

Иу лæгæн – дыууадæс фырты (афæдз).

Тетрæдты сæ ныффыссут, бахахх кæнут нымæцонтæ.

*Улæфты рæстæг (релаксаци).*

*Ахуыргæнæг:* Мæсыг æнцон амайæн нæу. Кусджытæ фæллайгæ дæр бакæнынц. Иу минут аулæфæм. (9-18-æм СЛАЙДТÆ).

Æмдзæвгæ улæфты минутæн:

Дæс - Царди цъымарайы хæфс.

Дыууын – Уымæн уыд дынджыр гуыбын.

Æртын – Раст йæхи хуызæн лæппын.

Цыппор – Мад сын ракодта гуыбор.

Фæндзай – Радта лæппынæн йæ хай.

Æхсай – Уый та – бустæ, хыл, тæргай!

Æвдай – Мад æм рамæсты: «Нынцай!»

Æстай – Хърихъупп сæ кæны хъæууай.

Нæуæдз – Уайтагъд даргъ бырынкъ фæкъæдз!

Сæдæ – Бабын тæргайгопп, уæдæ!

*5-æм хæслæвæрд (проблемон уавæр).* Истори, географи æмæ музыкæимæ баст темæтимæ ныффыссын, нымæцонтæ кæм æмбæлы, ахæм хъуыдыйæдтæ.

1) Ирыстоны фæзуат у 8 мин квадратон километры. 2) Ирыстон Уæрæсеимæ баиу 1774 азы. 3) Музыкæйы ис 8 нотæйы.

*Ахуыргæнæг:* Амайæм мæсыджы иннæ рæнхъ.

*6-æм хæслæвæрд (проблемон уавæр).* Хинæйдзаг фарст: Ссыгътой 15 мыдадзын цырагъы, фæстæмæ дзы ахуыссын кодтой 10. Цырæгътæй æнæсыгъд цал баззад? (Раст дзуапп: иу дæр нæ)

Раст дзуапп цы къорд радта, уый амайы мæсыджы рæнхъ.

*7-æм хæслæвæрд (проблемон уавæр).* Цавæр уацмыстæй ист сты ацы рæнхъытæ?

1. Иу цæст ма фезмæлыд,
Иннæ ныдздзагъыр… (Хетæгкаты Къоста, «Бирæгъ æмæ хърихъупп»)

2) - Дзырд кæддæриддæр дзырд сайы,-
Авдæн исты зæгъ!
- Авд сæры уæйыгыл зайы,
Зондæй та – къæдзæх! (Хетæгкаты Къоста, «Лæскъдзæрæн»)

3) Иу бон куы уыдис, уæд мæнæ
Зæрватыкк йæ ахстоны раз
Сбадт, цъыбар-цъыбур куы кæны. (Нигер, «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»)

*Ахуыргæнæг:* Цы ис ацы рæнхъытæм иумæйагæй? (Се 'ппæты дæр ис нымæцонтæ)

- Ацамайæм иннæ рæнхъ.

*8-æм хæслæвæрд (проблемон уавæр).* Баххæст кæнын 5-æм къласы ахуыргæнæн чиныджы 395-æм фæлтæрæн. Нымæцонтимæ дзырдбæстытæ уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын.

Самайын мæсыджы рæнхъ.

*9-æм хæслæвæрд (проблемон уавæр).* Бамбарын кæнын хъуыдыйæдтæ.

1) Дисныйы бæрц сырæзыд.

2) Уылынджы йас йеддæмæ нæу.

3) Дыууæ мæрты ма нæм ис мæнæу.

(Скъоладзаутæ дзуапп дæттынмæ куы нæ арæхсой, уæд сын æххуыс кæны ахуыргæнæг).

Ахуыргæнæг æвæры мæсыджы фæстаг дур, æз дæр уын ме 'ххуысы хай бакодтон, зæгъгæ.

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, æрбакæсут-ма, цы хъуаг у нæ мæсыг? Цæмæй бæрæг у, 5-æм къласы мæсыг у, уый? (Мæсыгæн ном радтой: «5-æм къласы мæсыг»).

*Ахуыргæнæг:* Нæ мæсыг амад фæцис. Цæй фæрцы йæ самадтам?

«Зонындзинæдты мæсыг» æй схонæн ис»?

- Дзуапп раттут фæрстытæн:

1) Нымæцонтæ нæ царды кæм хъæуынц?

2) Цæмæн сæ хъæуы зонын?» (Скъоладзауты дзуæппытæ)

*Ахуыргæнæг:* Нымæцонтæ нæ царды тынг хъæуынц, сты нæ алыварс. Бакæсут-ма, Гаппуаты Хъасболат нымæцоны тыххæй куыд фыссы, уый (эпиграфыл куыст).

***III. Урочы хатдзæгтæ (рефлекси)***

(Пайдагонд цæуы хуызджын карточкæтыл конд нысантæй)

*1. Ахуыргæнæг:* Урочы алцы дæр чи бамбæрста, æмæ урок цымыдисаг кæмæ фæкаст, уыдон сисæнт карточкæ хъæры нысанимæ (!) иннæтæ та – карточкæ фарсты нысанимæ (?).

- Цавæр къуылымпыдзинæдтыл сæмбæлдыстут урочы?

2. Бæрæггæнæнтæ сæвæрын.

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, ныр цымæ нымæцонтæ куы нæ уаид, уæд уын бæрæггæнæнтæ куыд сæвæрин?!

- Цавæр бæрæггæнæнтæ уарзут исын?

- Бакæсæм-ма Къадзаты Станиславы æмдзæвгæ «5 æмæ 2».

***IV. Хæдзармæ куыст***

Ærхъуыды кæнын, зондамынд кæм ис, ахæм аргъау нымæцонтимæ. Чиныджы хуызы йæ скæнын, баххæст æй кæнын нывтæй.

***Соттиты Дзерассæ,***
*Михайловскы скъолайы ахуыргæнæг*

## СОЧИНЕНИ-НЫВЫ ÆРФЫСТ БАЦÆТТÆ КÆНЫНЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Фсатийæ зæронддæр дауджытæм кæм и?..»*
*(Хетæгкаты Къоста)*

***Урочы эпиграф:*** «Адæймаг æрдзы паддзах у?»

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

*1. Ахуыргæнæджы ныхас.*

Нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм, уый уæхæдæг хъуамæ базонат. Феххуыс уын уыдзысты, урочы цы тексттæй пайда кæндзыстæм, уыдон.

*2. Дзырдуатон куыст:* бацамонын дзырдты нысаниуджытæ: бардуаг, зæд, дауæг – дауджытæ.

*3. Къордты куыст.*

*1-аг хæс.*

Алы къорд дæр кусы йæхи текстыл. Тексттæ бакæсын. Алы тексты дæр ны-

хас цæуы цавæрдæг бардуагыл, иу тексты – Фæлвæрайыл, иннæйы – Тутырыл, æртыккаджы та – Æфсатийыл. Æрмæст бардуæгты нæмттæ уагъд æрцыдысты: скъоладзаутæ сæ хъуамæ сæхæдæг сбæрæг кæной.

Текcттæ сæ арæзтмæ гæсгæ сты алыхуызон: таурæгъон, æрфыстон, тæрхон.

*(Къордты уæнгтæ сбæрæг кодтой бардуæгты нæмттæ, равзæрстой текcттæ сæ хуыз æмæ сæ æууæлтæм гæсгæ)*

*Хæс 1-аг къордæн:* Текст бакæсын. Сбæрæг кæнын йæ сæйраг хъуыды, йæ хуыз. Текcтæн сæргонд æрхъуыды кæнын. Æфсати тексты цавæрæй æвдыст цæуы, уый тыххæй хатдзæг скæнын.

Иуахæмы зæронд цуанон æмæ æрыгон цуанон ацыдысты цуаны. Фæхицæнтæ сты. Зæронд лæг амардта иу саг, арфæ ракодта Æфсатийæн æмæ æнхъæлмæ кæсы йе ’мбалмæ.

Уыцы рæстæг æрыгон цуанон къæдзæхты астæу баййæфта сагты рæгъау æмæ сæ цæгъдын райдыдта. Дæс дзы куы амардта, уæд æм Æфсати хъæр кæны: «Æгъгъæд у, мæ фосы мын мауал цæгъд!» Фæлæ уый уæддæр мары æмæ мары.

Уæд æм Æфсати афтæ тынг смæсты, æмæ йæ саугуырм бакодта. Афтæ æрыгон цуанонæл æрцыд сырдты бардуаджы æлгъыст.

*2-аг къорды хæс.* Текcттæ бакæсын. Сбæрæг кæнын сæ сæйраг хъуыды, сæ хуыз. Цы базыдтат ногæй Æфсатийы тыххæй, текcттæ бакæсгæйæ?

1) Урс-урсид дзæгъгъатæй
   Бандæттæ, тæрхæг;
   Саджы урс сыкъатæй
   Фсатийæн – сынтæг...

   Арсы хъуын – йæ лыстæн,
   Тинтычъи – йæ баз...

2) Бады Æфсати йæ къæлæтджын бандоны. Йæ алыварсмæ фæлгæсы, хъахъхъæны йæ бæстæ. Йæ аив урс боцъотæ рæсугъд фаст, йæ уæлæ – урс куырæт.

*3-аг къорды хæс.* Текст бакæсын. Сбæрæг кæнын йæ сæйраг хъуыды, йæ хуыз. Текcтæн сæргонд æрхъуыды кæнын. Цы базыдтат ногæй Æфсатийы тыххæй?

Арвæй зæххы ’хсæн цыдæриддæр ис, уыдонæн се ’ппæтæн дæр хъуамæ уа



хъахъхъæнæг, ома йæхи бардуаг. Ахæм зондыл хæст уыдысты ирон адæмы фыдæлтæ. Зæгъæм, фосы бæркад куырдтой Фæлвæрайæ, хоры тыххæй куывтой Уацилламæ, бæлццæтты фæдзæхстой Уастырджийыл. Сæхи бардуаг уыд хъæды сырдтæн дæр. Ууыл нымад уыд Æфсати. Куывтой йæм цуаны цæугæйæ, куырдтой дзы «иу мæллæг саг».

Нæ фыдæлтæм гæсгæ, бардуаг хъахъхъæнæг дæр уыд æмæ бæркадхæссæг дæр.

*(Къордты уæнгтæ кæнынц хатдзæг Æфсатийы æддаг бакасты æмæ йæ миниуджыты тыххæй)*

*Ахуыргæнæг:* Кæй зонут ирон нывгæнджытæй? *(Скъоладзаутæ дзуапп дæттынц)*

- Абон ма базонгæ уыдзыстут нывгæнæг Цæллагты Викторимæ, равзардзыстæм ын йæ куыстытæй иу.

(Дыууæ скъоладзауы бацæттæ кодтой раныхас Цæллагты Викторы тыххæй. Сывæллæттæ дзурынц, кæрæдзи ивгæйæ)

*4. Ныв равдисын, иумæйагæй йыл æрдзурын.*

*Беседæ нывы бындурыл:*

- Бардуæгтæй кæцыйы уынут нывы? Цæмæй йæ базыдтат?

- Цавæр æнкъарæн уæм сæвзæрд, ныв фыццаг хатт фенгæйæ?

- Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут текстты хуызтæ (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон).

- Цавæр тексты хуызæй пайда кæндзыстæм, нывмæ гæсгæ сочинени фысгæйæ? (æрфыстон текстæй)

- Цæмæн?

- Цы текстæ бакастыстут, уыдонæй æрфыст кæцы у? Цæмæй бæрæг у?

*Ахуыргæнæг:* 1-аг къордæн (лингвисттæн) рагацау хæсгонд уыд, иумæйагæй ныв куыд æвзæрст фæцæуы, уый тыххæй æрмæг ссарын. Цавæр æмбарынæдтæ баст сты нывимæ?

*Дзуапп:* Нывы фон, йæ темæ, йæ сæйраг хъуыды, нывы ахорæнты хуызтæ, ахорæнты нысаниуæг, композици, нывы сюжет.

*(Амонынц æмбарынæдты нысаниуæг)*




*Хæс:* Дзырдтæм синонимтæ ссарын, тетрæдты сæ ныффыссын.

Ныв – уацмыс, куыст, авторы куыст;

нывгæнæг – нывы автор, Цæллагты Виктор;

бардуаг – æххуысгæнæг, хъахъхъæнæг;

уæлæдарæс – дзаумæттæ;

уæлейæ – уæлвонгæй;

райдзаст – рухс, ирд.

*Ахуыргæнæг:* Нывгæнæджы архайд равдисынæн цавæр мивдисджытæй спайда кæндзыстут?

*Дзуапп:* сныв кодта, равдыста, радзырдта, æркæсын кодта, фæхъæздыг кодта, нæ хъус æрдардта, фенын кодта, цæстытыл ауайын кодта, сарæзта, райхæлдта.

*Ахуыргæнæг:* Нывмæ кæсгæйæ, адæймагмæ цавæр æнкъарæнтæ сæвзæры?

*Дзуапп:* Райдзаст, хъæлдзæг, арф хъуыдытæ, æнцойдзинад, рог, фæлмæн, æнкъард, æрхæндæг.

*5. Сочиненийæн æрмæг æмбырд кæнын.*

- Нывы сæргонд куыд баст у йæ мидисимæ?

- Нывы архайд цавæр афæдзы афоны цæуы?

- Цы ми кæнынц цуанæттæ?

- Ныв уæ зæрдæмæ цæуы? Цæмæй?

- Цавæрæй æвдыст цæуы Æфсати?

- Цавæр ахорæнтæй снын кодта Виктор Æфсатийы? Цæмæн равзæрста ахæм ахорæнтæ?

- Ирон литературæйы та чи равдыста Æфсатийы фæлгонц? Цы ис иумæйагæй Хетæгкаты Къоста æмæ Цæллагты Викторы куыстытæм?

*Ахуыргæнæг:* Уе 'мбæлтты къордæн (иртасджытæн) бахæс кодтон Æфсатийы æрфыст адæмон сфæлдыстады ссарын.

*(Скъоладзаутæ дзуапп дæттынц)*

*Беседæ:*

- Адæмон сфæлдыстады мотивтæ нывыл куыд фæбæрæг сты?

- Нæ фыдæлтæ разыйæ баззадаиккой Цæллагты Викторы нывæй?

- Ирон нывгæнджытæй ма кæй цæстытæй кæсæм адæмон сфæлдыстады хъайтартæм? (Тугъанты Махарбег, нарты геройтæм кæсæм йæ цæстытæй)

*2) Нывы композицийыл куыст.*

- Нывмæ кæсгæйæ, адæймаг фыццаг цы фены?

- Цæмæн афтæ стырæй равдыста автор Æфсатийы?

- Цавæр хъуыдытыл уæ æфтауы, Æфсати

ахæм стыр кæй у, йæ быны цæуæг адæм та ахæм чысылтæ кæй сты, уый?

- Цы уынæм нывы раззаг хайыл?

- Цы ми кæнынц адæм? Цавæр кувæндоны раз сты?

- Цавæр кувæндæттæ ма зонут?

- Цуанæттæ кусарт акæндзысты, уый бæрæг у. Уый фæстæ та?

- Куыд дарын хъæуы хи кувæндоны?

- Нывы ахорæнтæй сæйрагдæр цавæр у? Цæмæн? Цы нысан кæны урс хуыз?

- Цы зæгъынмæ хъавыд автор йæ нывæй? Цавæр хъуыды уæм сæвзæрд?

- Цавæр хатдзæг скæнæн ис, нывмæ кæсгæйæ?

- Сымах та уæхи куыд фæдарут æрдзы мидæг? Кувæндоны та?

- Мæнæ ам куы фестиккат (амоны нывмæ), уæд та цы ми кæниккат? Кæм ис уæ бынат нывы?

*6. Нывмæ гæсгæ дзырдтимæ дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ саразын, тетрæдты сæ ныффыссын.*

Æфсати –

Дарæс –

Арв –

Кувæндон –

Хъæд –

Цуанæттæ –

7. *Рæдыдтытæй бафæдзæхсынил куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Цæмæй сочинени фысгæйæ, ма фæрæдийат, уый тыххæй бакусæм иу текстыл. Сраст ын кæнæм йæ рæдыдтытæ.

Нывы мах уынæм Æфсатийы. Уый у бардуаг сырдтæн. Йæ уæлæ ис урс дарæс, бады къæлæтджын бандоны. Æфсати хъахъхъæны йæ сырдты. Æфсати кæсы, кувæндоны бын цы адæм ис, уыдонмæ. Адæм кусарт куы акæной, уæд дзы Æфсатийы ном дæр ссардзысты. Адæм куывд куы фæуой, уæд сæ фæстæ бафснайдзысты. Кувæндон дарын хъæуы сыгъдæг. Кувæндоны бырæттæ уадзæн нæй. Кувæндæттæ хъæуы хъахъхъæнын.

*Тексты рæдыдтытæ:*

1) текст раст арæзт нæу (йæ хæйттæм ын хъæуы базилын, раст сæ равæрын);

2) хъуыдыйæдты раст нæу дзырдты рæнхъæвæрд;

3) тексты арæх пайдагонд цæуы уыцы иу дзырдтæй, ахæм дзырдтæ хъæуы синонимтæй баивын;

4) хъуыдыйæдтæ кæрæдзийыл раст баст не сты.

*Ахуыргæнæг:* Хъуыдыйæдтæ сраст кæнут, сочинени фысгæйæ сæ уæ бон уыдзæн пайда кæнын.

*8. Сочиненийæн пълан цæттæ кæнынил куыст.*

Пълан:

1. Ирон адæмон сфæлдыстады мотивтæ Цæллагты Викторы уацмысты.

2. Æфсати – хъæды сырдты бардуаг.

3. Æфсатийы фæлгонц Цæллагты Викторы нывы.

4. Цавæр æнкъарæнтæ мæм гуырын кæны ныв?

*9. Хæдзармæ куыст:* хæслæвæрдтæй иу равзарын:

1) Пъланыл æнцой кæнгæйæ, нывмæ гæсгæ ныффыссын сочинени.

2) Ныффыссын таурæгъон сочинени «Кувæндоны».

3) Ныффыссын сочинени-эссе «Цæллагты Викторы нывмæ кæсгæйæ…»

## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

***Куыдзойты Анжелæ,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ***
***литературæйы кафедрæйы***
***сæргълæуууæг***

# АУДИОТЕКСТИМÆ КУСЫНЫ ИУÆЙ-ИУ ФÆРСТЫТÆ

*(фонетикон зындзинæдтæ)*

Термин «аудирование»-йы автор у америкаг психолог Браун, пайда кæнын дзы райдыдта дыууынæм æнусы дыккаг æмбисы. Уырыссаг методикон литературæмæ ацы дзырд æрбафтыдис æхсайæм азты – фыццагдæр дзы спайда кодта З.А. Кочкина (Кочкина З.А. Аудирование: что это такое? – Иностранный язык в школе. - 1964 - № 5), уымæй размæ ныхасы ацы хуыз хуыдтой «понимание речи на слух». Куысты ацы хуыз иронау хонæм «ныхасмæ хъусын», фæлæ уый бынтон раст æмæ æххæстæй не 'вдисы термины мидис – ныхасмæ хъусын æмæ йæ æмбарын.

Ныхас куыд процесс у дыууæрдæм арæзт, ома уыцы иу архайæг вæййы дзурæг дæр æмæ хъусæг дæр. Уымæ гæсгæ скъоладзаутæн амонын хъæуы æрмæст дзурын нæ, фæлæ ныхасмæ хъусын дæр. Сывæллон ныхасмæ хъусын куы нæ зона, ныхас куы не 'мбара, уæд, æрмæст дзурын зонгæйæ, æвзагæй пайда кæнынмæ нæ сарæхсдзæнис. Ирон æвзаг дыккаг кæмæн у, æмæ йæ цалдæр азы дæргъы чи ахуыр кæны, уыцы скъоладзаутæ хатгай суанг ахуыргæнæджы фæрстытæ дæр нæ фембарынц (ахуырадон темæтимæ баст цы ныхас нæу, уый кой нал кæнæм). Ацы факт дзурæг у ууыл, æмæ ныхасмæ хъусын æмæ йæ æмбарын амонын хъæуы сæрмагонд мадзæлтты фæрцы, сæрмагонд методикæмæ гæсгæ.

Ныхас æмбарынил сахуыр кæнæн ис æрмæст хъусгæйæ. Фæлæ кæд ныхасы иннæ хуызтæм (дзурын, фыссын, кæсын) æмæ æвзагон æрмæгмæ алы урочы дæр се 'ргом здахынц, уæд ныхасмæ хъусын куыд сæрмагонд куысты хуыз рохуаты аззайы. Афтæмæй уый у тынг зын куыст, ныхасы процессы тынг зын хай. Ныхасмæ хъусын йæ бон у алы æнæниз адæймагæн дæр, фæлæ æмбаргæ хъуыст кæнынил хъæуы сæрмагондæй ахуыр кæнын. Сусæггаг нæу иу хъуыддаг: скъоладзаутæ иуæндæс азы дæргъы фæахуыр кæнынц ирон æвзаг, афтæмæй йыл дзурын дæр нæ базонынц, стæй йæ æмбаргæ дæр нæ фæкæнынц. Æппæты стырдæр «æнтыстдзинад» вæййы

кæсын базонын æмæ хи тыххæй дыууæ-æртæ фразæйы зæрдывæрдæй бахъуыды кæнын.

Скъоладзаутимæ цы психологтæ куыстой, уыдон скодтой цымыдисаг хатдзæг: сывæллæттæ хъусгæ цы дзырдтæ кæнынц, уыдон, фыст дзырдтимæ абаргæйæ, хуыздæр бахъуыды кæнынц. Уыимæ фехъусгæ информаци сывæллоны хъуыдæджы бирæ фылдæр рæстæг баззайы.

Ныхасмæ хъусынил ахуыр кæнын хъæуы суанг фыццаг уроктæй фæстæмæ, фыццаг къласæй райдайгæйæ. Рагацау ахæм куыстыл чи нæ фæцалх ис, уыцы сывæллæтты фæстæдæр, астæуккаг æмæ хистæр кълæсты, тынг зын уыдзæни сахуыр кæнын.

Цæмæй скъоладзаутæ ацы куыстыл сахуыр уой, разæнгард æм кæной, уый тыххæй аудиоæрмæг хъуамæ уа хæрзхъæд, раст арæзт.

Ныхасмæ хъусыны фыццаг этапы æргом здахын хъæуы уымæ, цæмæй информаци баст уа, сывæллæттæн зонгæ цы æрмæг у, уыимæ; текст ма уа æгæр стыр æмæ вазыгджын, æрмæг лæвæрд цæуа раст æмæ логикон æгъдауæй кæрæдзиимæ баст арæзт структурæты фæрцы, ма дзы уа æнæхъæугæ бирæ нымæцтæ, нывæфтыд-аивгæнæн мадзæлттæ æмæ æнд.

Сæ дæргъ æмхуызон кæмæн у, фæлæ сæ структурæ та – алыхуызон, ахæм хъуыдыйæдтæ хъусынæн æмæ æмбарынæн æмхуызон æнцон не сты. Цас зындæр æмæ вазыгджындæр уа хъуыдыйады синтаксис, уыйас æй зындæр у кæронмæ бахъуыды кæнын.

Ныхас лæгæй-лæгмæ куы цæуа, уæд æнцондæр æмбарæн у, механикон фыст текстимæ абаргæйæ, уымæн æмæ «цардæгас» монолоджы мидис бамбарынæн æххуыс сты ситуаци дæр, къухæвдыстытæ дæр, мимикæ, артикуляци, интонаци. Ноджы зындæр æмбарæн у механикон (фыст) диалогон ныхас. Уыцы зындзинад хатгай баст вæййы дикторы хъæлæсы хицæндзинæдтимæ (тембр, бæрзæнд) æмæ ныхасы темпимæ. Уыимæ ныхас æмбарыны процесс къуылымпы кæны куыд æгæр тагъд ныхас, афтæ æгæр сындæг дæр: тагъд-тагъд куы дзура диктор, уæд хъусæгæн рæстæг нæ фаг кæны æппæт дзырдтæ кæнæ сæ фылдæр бамбарынæн, æмæ дзы ныхасы мидис «алидзы»; æгæр сындæг куы уа ныхасы темп, уæд та, цалынмæ текст кæронмæ хæццæ кæна, уæдмæ хъусæгæй йæ райдайæн ферох уыдзæн.

Ныхасмæ хъусынæн ис æрмæст психологион нæ, фæлæ лингвистикон зындзинæдтæ дæр. Ацы къордмæ, фыццаджыдæр, ахæсгæ сты: 1) æгæр бирæ æнæзонгæ кæнæ зынæмбарæн æвзагон æрмæг тексты; 2) тексты мидисы вазыгджындзинад; 3) дзурæджы æвзаджы хъæд; 4) хъусæджы æвæлтæрддзинад.

Æвзагон æрмæгимæ баст зындзинæдты рахицæнгæнæн ис фонетикон, лексикон æмæ грамматикон аспекттæ.

*Фонетикон зындзинæдтæ.* Ирон æвзаг куыд дыккаг ахуыр кæнынц алы адæмыхæттытыы минæвæрттæ. Уыдонæй бирætæн сæ мадæлон æвзæгты (кæнæ та сæ фыццаг æвзаджы) фонетикон системæтæ хицæн кæнынц ирон æвзаджы мырон скондæй. Иу дзырды мидæг мырты ’хсæн, стæй фразæйы мидæг хицæн дзырдты ’хсæн бæлвырд «арæнтæ» кæй нæй, уымæ гæсгæ зын бамбарæн у, иу дзырд кæм фæци æмæ иннæ кæм райдыдта, уый. Уæвгæ, ацы зындзинад иумæйаг у æппæт æвзæгтæн дæр. Иннæ стыр «къуылымпыгæнæг» хъуыд-даг та баст у спецификон ирон мыртимæ: кæд ирон /ы/ æмæ уырыссаг /ы/ уыцы иу дамгъæйы фæрцы æвдыст цæуынц, уæддæр сты бынтон алыхуызон мыртæ – ирон мыр у лæмæгъ æмæ цыбыр. Ахæм миниуджытæ ис /æ/-мæ дæр. Ноджы ма, ирон цавд кæд динамиконыл нымад у, уæддæр лæмæгъ кæй у, уымæ гæсгæ ахуыргæнинæгтæ зынтæй иртасынц кæрæдзийæ /а/ æмæ /æ/, стæй /æ/ æмæ /ы/.

Фонетикон зындзинæдты иннæ къорд та баст у ирон фарстон, æппæрццæг æмæ фидаргæнæг хъуыдыйæдты ритмикон-интонацион арæзтимæ, ирон ритмикæйы хицæндзинæдтимæ: уырыссаг, стæй скъолайы цы фæсарæйнаг æвзæгтæ ахуыр кæнынц, уыдонæй уæлдай ироны цавд алы дзырдыл хицæнæй кæй нæ хауы, фæлæ

бæлвырд дзырдты къордтыл, уыимæ.

Фонетикон зындзинæдтæ аиуварс кæнæн ис сæрмагонд фæлтæрæнты фæрцы. Дæнцæгæн æрхæсдзыстæм иу-цалдæр фæлтæрæны.

Байхъусут дзырдтæм æмæ уæ къух сдарут, мыр /æ/-имæ (кæнæ /ы/-имæ, кæнæ /а/-имæ, кæнæ æмхъæлæсон /у/-имæ, кæнæ хъæлæсон /у/-имæ) дзырд фехъусгæйæ.

Байхъусут хъуыдыйæдтæм æмæ уæ къух сдарут, фарстон (æппæрццæг) хъуыдыйад фехъусгæйæ.

Байхъусут хъуыдыйадмæ æмæ зæгъут, цал дзырды дзы ис.

Байхъусут дзырдмæ æмæ йæ (дзургæйæ) адих кæнут мыртыл.

Байхъусут дзырдмæ æмæ сбæрæг кæнут, цал хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыры дзы ис, уый.

Байхъусут фразæмæ æмæ зæгъут, цал хатты дзы æмбæлы мыр /хъ/ (кæнæ /тъ/, / къ/, /пъ/, /чъ/…).

Байхъусут фразæмæ æмæ сбæрæг кæнут логикон цавды бынат.

Байхъусут фразæмæ æмæ рахицæн кæнут, иумæйаг цавд цы дзырдты къордтæн ис, уыдон.

Байхъусут фразæмæ æмæ сбæрæг кæнут паузæты бынæттæ.

Кæсут фыст дзырдтæм æмæ хъусут, диктор сæ куыд дзуры, уымæ. Зæгъут сæ дикторы фæстæ.

Кæсут дзырдтæм æмæ хъусут, диктор сæ куыд дзуры, уымæ. Уе ′ргом аздахут мырты къордты дзурынадмæ (зæгъæм, æмхъæлæсонты къордтæй райдайгæ дзырдтæн сæ разæй хъуысы /ы/ (ызнон, ысбадын), дывæргонд æмхъæлæсонтæ дзурын хъæуы дæргъвæтинæй, зылангонтæ æзылангонты фарсмæ вæййынц ассимиляцигонд (бадти – батти), суинаг афоны мивдисджыты цæсгомон кæрæтты дзурын хъæуы дæргъвæтин /ц/ (сбаддзынæн – ысбаццынæн) æ.æнд.).

Куыд ныхасы иннæ хуызты, афтæ хъусын æмæ æмбарыны хъæндзинæдтæ дæр хатгай баст вæййынц, хъусæгæн йæхицæй аразгæ чи нæу, ома объективон чи у, ахæм зындзинæдтимæ. Цы ныхасмæ хъусы скъоладзау, уымæн йæ автор йæхæдæг нæу, цæттæйæ йын лæвæрд цæуы, уымæ гæсгæ уыцы ныхасыл никуыдæй ис хъусæджы миниуджытæн фæзынæн. Фæлæ афтæ зæгъæн нæй, æмæ ахуыргæнинаг тексты мидис куы нæ бамбара, уæд уый кæддæриддæр текстимæ баст зындзинæдты аххос вæййы. Нæ, ам стыр нысаниуæг ис хъусæджы индивидуалон миниуджытæн дæр: лæмбынæг хъусын зоны æви нæ (уыимæ куыд дыккаг, афтæ фыццаг æвзагыл лæвæрд текстмæ дæр), æрхъуыдыджын у æви нæ, фактты логикон бастдзинад уынын зоны æви нæ, паузæтæ, логикон цавд, риторикон фæрстытæ хъусы æмæ сын сæ нысаниуæг æмбары æви нæ, ныхасы темæ уайтагъд ацахсы æви нæ, æппæт уыдонимæ. Цыбыр ныхасæй, цас ахуыргæнинаг уа зæрдæргъæвддæр, цымыдисдæр, цас тынгдæр æй фæнда ног зонындзинæдтæ райсын, уыйас тагъддæр æмæ хуыздæр сахуыр уыдзæнис ныхасмæ хъусын æмæ йæ æмбарыныл.

***Хъæцмæзты Езетхан,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ–йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы доцент***

# МИНОГМИТЫ РАХЫЗТ МИНОГОНТÆМ

Миногмитæ нырыккон ирон æвзаджы æнцонæй рахизынц номдартæм, стæй миногонтæм дæр. Абон нæ ныхас уыдзæн, *миногмиты* рахызт *миногонтæм* кæд æмæ цы хуызы фæцæуы, ууыл. Æвзаджы ацы фарстыл чи кусы, йе та сæ чи хъавы арфдæр зонынмæ, уыдонæн æххуысæн лæвæрд цæуы ацы цыбыр куыст.

Номдартæм цы миногмитæ рахизы, уыдон хъуыдыйады дæр, стæй дзырдбасты дæр æнцон сбæрæг кæнæн сты: хъæуы сæм раттын æрмæстдæр фарст: кæд *чи*? кæнæ *цы*?-йæн дзуапп дæттой, уæд уыдзысты номдары ролы (субстантивон номдартæ – миногмиты рахызт номдартæм).

Зæгъæм: хорз *кусæг* /(*чи?*) кусæг/– номдар – *кусæг* лæг /лæг (цавæр?)/ – миногми æмæ а.д.

Кæнæ кæд дзырдæн – миногмийæн аива йæ нымæц (*кафæг – кафджытæ*, *дзурæг – дзурджытæ*), кæнæ йæ кæрон тасындзæджы домæнтæм гæсгæ, зæгъæм: *уæйгæнæг*, *нывгæнæгæй*, *хуымгæнæгимæ*), уæд нæ бон зæгъын у, миногми номдар кæй сси (миногмиты субстантивацийы домæнтæм гæсгæ). Чысыл зындæр у, миногмитæ миногонтæм куы рахизынц, уæд уый сбæлвырд кæнын. Æркæсæм ахæм хъуыдыйæдтæм:

1) Арф уынгæг ком. Сау айнæджы фахсæй.

Нар бынмæ *æргъæвст* цъиуау кæсы. (Коч. М. Къоста Херсоны: Хорзæй баззай, Ир. – Ордж.: Ир, 1972:176 ф.).

2) Йæ *æргъæвст* митæм ын смæсты дæн.

Дыууæ хъуыдыйады дæр дзырд *æргъæвст* дзуапп дæтты фарст *цавæр?*-æн: цъиу (*цавæр?*) – *æргъæвст*, митæ (*цавæр?*) – *æргъæвст*.

Цæмæй сбæрæг кæнæм, кæцы дзырд у *миногон* æмæ кæцы – *миногми*, уый тыххæй æркæсæм, ирон æмæ уырыссаг æвзагиртасджытæ цы зæгъынц æвзаджы ацы фæзынды тыххæй, уымæ дæр. Хъыгагæн, ирон æвзаджы ацы фарстайыл ис хæрз чысыл æрмæг. Фæлæ бацархайдзыстæм, ирон æмæ уырыссаг æвзæгты ацы проблемæйыл цы æрмæг ис, уыдон кæрæдзийыл абарын æмæ афтæмæй хатдзæг скæнын.

Алыхуызон ныхасы хæйттæй миногонты ролы пайдакæнынад æвзаджы хуыйны *адъективаци* (лат. *adjektivum* – прилагательное).

Адъективацийы (*æндæр ныхасы хæйтты рахызт миногонтæм*) тыххæй кæсæм: «Переход слов других частей речи в разряд прилагательных (например: *изысканный* вкус, *раскисшая* дорога)» [3: 30].

Лингвистикон-энциклопедион дзырдуаты та кæсæм ахæм хатдзæг (æрмæст ам «*адъективаци*»-йы бæсты лæвæрд цæуы термин «*транспозици*»): «В более узком смысле транспозиция, или функциональная транспозиция – переход слова (или основы слова) из одной части речи в другую или его употребления в функции другой части речи» æмæ ма дарддæр: «Различаются два этапа транспозиции: 1) неполная, или синтаксическая транспозиция, при которой изменяется лишь синтаксическая функция исходной единицы без изменения ее принадлежности к части речи. Средством такой транспозиции является словоформа («отец» «дом отца»), служебное слово («la maison du piere), десемантизированное слово в полуслужебной функции («старый»

«старый человек», то есть «старик»; «быстрый» «идти быстрым шагом», то есть «быстро»), окружения («я живу на втором (этаже)»); 2) полная или морфологическая транспозиция, при которой образуется слово новой части речи (см. словообразование). Средством ее является аффиксация и конверсия (см. конверсия в словообразовании). Различение морфологической и синтаксической конверсии при транспозиции – одна из сложных проблем лингвистического анализа.

В зависимости от категории, в которую или в функции которой переходит слово (его основа), различают: *субстантивацию* (то есть переход в класс *существительных*), *адъективацию* (переход в класс прилагательных), вербализацию (оглаголивание), адвербиализацию (переход в класс местоимений). Возможны переходы в служебные части речи (предлоги, союзы, частицы), в междометия» [6: 519].

Уæдæ кæд номдартæм сæ бон рахизын у миногмитæн се ’ппæтæн дæр, уæд миногмиты рахызт миногонтæм афтæ парахат нæу ныры ккон ирон æвзаджы.

Гæбæраты Никъалайы æмæ Тахъазты Харумы ахуыргæнæн чиныджы (7-æм къласæн) миногмиты номдартæм æмæ миногонтæм рахызты тыххæй кæсæм: «Миногмитæ арæх рахизынц номдартæм, ома арæх вæййынц номдарты бæсты:

*фыссæг* лæг (миногми) – хорз *фыссæг* (номдар);

*зылд* фос (миногми) – хорз *зылд* (номдар).

Миногмитæ иуæй-иу хатт рахизынц миногонтæм дæр:

*æргъæвст* цъиу (миногми);

*æргъæвст* митæ (миногон);

*хæрзконд* хуым (миногми);

*хæрзконд* лæппу (миногон)» [4: 42].

Уырыссаг æвзаг иртасджытæ миногмиты адъективацийы тыххæй ноджы зæгъынц:

«При переходе в прилагательные причастия утрачивают свои основные глагольные признаки: время, вид и способность глагольного управления.

…Причастия, перешедшие в разряд прилагательных, приобретают иногда и характерные грамматические признаки качественных прилагательных: способность иметь полные и краткие формы (настроение приподнято, результат неожиданен), а также способность образовывать формы степеней сравнения (это приглашение было неожиданнее того) и др…» [9: 214].

Зæгъæн ма ис афтæ дæр: миногмитæ миногонтæм рахизгæйæ райсынц ахæсгæ нысаниуæг (се ’ппæт нæ райсынц): *куринаг* дзаума – комкоммæ нысаниуæг; *куринаг* чызг – ахæсгæ нысаниуæг; *æхсидгæ* дон – комкоммæ нысаниуæг; *æхсидгæ* салам – ахæсгæ нысаниуæг.

*Сагсур* фæсивæд æфхæрд у, абон
Сæфы далæ кæмдæр…
Сыст-ма, æмæ нæм фæстæмæ æрхон
Рагон амонд ды уæддæр (Нигер. 1 т. 1966, 629 ф.).

*Сагсур* у ахæсгæ нысаниуæг. Цы нысан кæны æмæ куыд равзæрд ацы дзырд, уый тыххæй æркæсæм Абайты Васойы «Историон-этимологион дзырдуат»-мæ:

«sagsur «быстроногий», «лихой» – næ sagsur fæsivæd «наша лихая молодежь»; asu sagsur læppujæn mæ kysgy raddut «за этого лихого юношу выдайте мою дочь».

Буквально «нагоняющий оленя»; см. sag suryn. Украшающий эпитет, родившийся в практике охоты на оленей» [1: 18].

*Сагсур* сси миногон, уымæн æмæ йæ мивдисæгон æууæлтæ фесæфта, æмæ схайджын ис миниуæгæвдисæг æууæлтæй. Куыд миниуæгæвдисæг миногон, афтæ йæ сæвæрæн ис барæн бæрцы дæр: Нæ хъæуы фæсивæдæй *сагсурдæр* æнæхъæн Ирыстоны нæй æмæ æнд.

Бæрцбарæнты тыххæй Багаты Никъала зæгъы: «Сравнительная степень выражает такое качество, которое проявлено в предмете в большей степени, чем такое же качество в другом однородном или неоднородном предмете. Сравнительная степень в осетинском языке образуется при помощи суффикса -дæр; сравним, например, прилагательные в словосочетаниях: *сыгъдæг* дон «чистая вода» и *сыгъдæгдæр* дон, *рæсугъд* ныв «красивая картина» и *рæсугъддæр* ныв, *хъæбæр* цъар «твердая

кора» и *хъæбæрдæр* цъар, *æвзæр* бон «плохой день» и *æвзæрдæр* бон; *хорз* рæстæг «хорошее время» и *хуыздæр* рæстæг; *хæрзконд* адæймаг «стройный человек» и *хæрзконддæр* адæймаг и т.д.» [2: 187-188].

Миногонты уæлахизон бæрцы тыххæй Багаты Никъала зæгъы: «Превосходная степень выражает такое качество, которое превосходит качественные признаки всех сравниваемых однородных предметов.

Образуется превосходная степень при помощи сочетания формы положительной степени с наречием степени тынг – «очень», тыхджын – «очень», иттæг – «очень», «весьма», иууыл – «совсем», бынтон – «совсем», хæрз – «совсем» (от наречия хорз – «хорошо»), сæнт – «очень» (от слова «резко»), стыр – «очень» (букв. «большой»), мæлæты – «очень» (букв. «смертельно» от слова «мæлæт» – «смерть»), фыд – «очень», фыр – «чрезмерно», хъæбæр – «очень» (букв. «твердо»), диссаджы – «удивительно», заманайы – «очень», ахъаззаг – «очень», æгæр – «слишком», æнæкæрон – «бесконечно», æвирхъау – «очень», тæккæ – «самый» [2: 189-190].

Æмæ: «Усилительная (возрастающая) форма сравнительной степени прилагательного образуется путем редупликации, т.е. повторения имени прилагательного, причем в первой части бывает положительная степень в форме отложительного падежа, а во второй – форма сравнительной степени. Например: Лæппу кодта егъауæй-егъаудæр – «Мальчик становился все больше и больше»; Рухс кодта мынæгæй-мынæгдæр – «Свет уменьшался»; Нæ бæстæ кæны хъæздыгæй-хъæздыгдæр – «Наша страна становится богаче и богаче». [2: 188].

Ноджы дарддæр: «Возрастающая степень качества одного предмета может быть выражена и формой сравнительной степени, но при этом случае возрастание степени выражается наречием степени, образуемым путем повторения имени существительного со значением времени: азæй-аз (из года в год), бонæй-бон (изо дня в день). Например: Бæлас кодта бонæй-бон бæрзонддæр – «Дерево с каждым днем становилось все выше и выше». Нæ бæстæ кæны бонæй-бон тыхджындæр, азæй-аз хъæздыгдæр – «Наша страна становится изо дня в день сильнее, из года в год – богаче» и т.д. [2: 199].

Хатдзæг скæнынæн æркæсæм иуцалдæр дæнцæгмæ.

1. Æви цин æмæ фыруарзтæй
Дæу æрфæндыди, цæмæй
Суанг йæ *æхсидгæдæр* азтæй
Цух уый ма кæна дæуæй (Дзаб. Х., 110 ф.).

2. Дуар байгом, æмæ уатмæ æрбахызт хæрзконд чызг.

Йæ хъару, йæ уд ын уыд рагæй дæр зонгæ,

Йæ бакаст, йæ уындæй нæ уыди *хæрзконддæр* (Гафез. Поэмæтæ. Цхинвал, 1963, 12 ф.).

3. Нартæм Æхсæртæггатæй *сгуыхтдæр* мыггаг нæ уыд (Æмб. Ирон æмбисæндтæ. Ордж. Ир, 1976, 141 ф.).

4. Æхсæвы куыст *æнтысагдæр* у (Æмб. Уый дæр уым, 75 ф.).

5. Иу лæджы ныхасæй дыууæйы ныхас *уырнинагдæр* у (Æмб. Уый дæр уым, 64 ф.).

6. Иуы цæстæй сæдæйы цæст *уынагдæр* у (Æмб. Уый дæр уым, 170 ф.).

7. Цас уой *ʻлвæстдæр* хъистæ,
Уыйбæрц тонынц тагъддæр,
Фæлæ уыйбæрц искæй
Агайы сæ цагъддæр (Дзаб. Х. Уацамонгæ. – Ордж.: Ир, 1974. – 113 ф.).

Уæлдæр цы дæнцæгтæ æрхастам, уыдоны руаджы нæ бон зæгъын у: миниуæгæвдисæг дзырдтæн бæрцбарæнтæ куы уа, куы æвдисой предметы æууæл (архайдмæ гæсгæ), зæгъæм: *æппæлинагдæр* чызг, *кафагдæр* лæппу, *кусагдæр* адæймаг æмæ а.д., уæд æнæмæнг уыдзысты миногмитæ, фæлæ бæрцбарæнтимæ цы миногмитæ æмбæлынц ахæсгæ нысаниуæгимæ, уыдон растдæр у нымайын миногонтыл: *ʼлвæстдæр* хъуыды, *кафагдæр* зæрдæ æмæ æнд.

Медойты Боболка дæр амоны йæхи цæстæнгас ацы фарстмæ: «Ирон æвзаджы миногмиты нысаниуæджы вæййынц куыд номдартæ, афтæ миногонтæ дæр, уымæн æмæ дыууæ ныхасы хайы функцитæ дæр феххæст кæны.

Миногмитæ миногоны функци куы

феххæст кæнынц, уæд миногонау ивгæ нæ фæкæнынц, ивгæ фæкæны æрмæстдæр бæрæггæнинаг номдар, æмæ миногмибæрæггæнæн кæддæриддæр фæлæууы йæ размæ: *фыссæг* лæг, *карст* хуым, *кæрдинаг* хуым…» [7: 206].

Æмæ ма ноджы иу ахсджиаг хъуыды: «Миногмитæ райсынц номдартæ æмæ миногонты æууæлтæ, ома ивынц номдартæ æмæ миногонты хуызæн, феххæст кæнынц банысангонд ныхасы хæйтты синтаксисон функцитæ, вæйййы сын миногонтау бæрцбарæнтæ дæр.

Мивдисæджы æууæлтæ дæр райсынц: иуæй, цы мивдисæджы базæйыл сырæзынц, уыцы мивдисæджы лексикон нысаниуæг бахъахъхъæнынц; иннæмæй та сын мивдисæгау вæйййы *афон*, хуыз, *миздæхæны категоритæ*, æмæ йæ иуæйиу лингвисттæ хицæн ныхасы хайыл дæр уымæн нымайынц» [7: 209].

Уырыссаг æвзаг иртасджытæ ма зæгъынц, зæгъгæ:

«…Наличие частицы – приставки *не* – у причастий придает им ярко выраженный оттенок возможного качества и облегчает образование прилагательных (*неудавшийся* актæр, *незадавшееся* предприятие)». [9: 264].

Ацы хъуыды ахæссæн ис ирон æвзагмæ дæр. Ирон æвзаджы разæфтуантæ *æнæ*- æмæ *æ*- дæттынц æппæрццæг нысаниуæг. Зæгъæм:

1. Бæрæг йæ рариуыгъд… *Æнæфæивгъуыйгæ* йæ цæф (Гæд. Ц. Уацмыстæ. – Ордж.: Ир, 1984,. - 208 ф.).

2. Æмæ тызмæг уыд зæрæдтæн сæ дзырд:

«Хуымгæнæг ацыд, сау зæххы æрæнцад…

Дæ цард ын уæд *æнæфехалгæ* цырт (М.В. Рохсанæ. Ордж.: Ир, 1988, 19 ф.).

3. Куы амæлæм, уæддæр нæ фæстæ судздзæн

*Æнæхуысгæ, æнæсæфгæ* нын чи у,

Нæ уыцы уарзт æндæртæн дæр сæ риуы:

Æнадзалæй куы ниудзæни, куы худдзæн (М.В. Уый дæр уым. 10 ф.).

4. Фæлæ фæныкхуыз, тугахуырст цинелты

Куы здæхтысты *æнæдаст* лæгтæ, уæд,

Уæлахизы сызгъæрин дымгæ ногæй

Зылди, мæ фыд, дæ ингæны сæрмæ.

(М. В. Уый дæр уым. - 19 ф.)

5. *Æнарæхст* лæг суг сæтгæйæ йæ цæст къахы. (Æмб. Ирон æмбисæндтæ. Ордж.: Ир, 1976,184 ф.).

6. Куы хыссæйæ фæлмæндæр, куы та – мæсыгау *æнæсæтгæ*. (Æмб. Уый дæр уым, 283 ф.).

7. Æнæмæт лæг *æнæнызгæд* мард у (Æмб. Уым дæр уым, 283 ф.).

8. *Æнæмæлгæ* дуне нæй (Æмб. Уый дæр уым, 338 ф.).

9. *Æвæгæсæг* сывæллон сидзæрыл нымад у (Æмб. Уый дæр уым, 26 ф.).

10. Уыцы стъалыйау уæд царды

Ирд, *æнæмæлгæ* дæ хъуыды (Дзаб.Х. Уацамонгæ.Ордж.: Ир, 1974, 39 ф.).

Миногмитæ миногонтæм рахизынц:

1. Сæ мивдисæгон æууæлтæ куы фесафынц (афон æмæ хуыз);

2. Миногонты æууæлтæ сæм куы фæзыны: миниуæгдзинад (качественность), куыд миниуæгæвдисæг миногонтæ – бæрцбарæнтимæ æмæ сæ комкоммæ нысаниуæг куы раивы ахæсгæ нысаниуæгæй.

Уæдæ æппæрццæг нысаниуæгджын разæфтуантæ *–æнæ* æмæ *–æ* æфтыд куы æрцæуынц дзырдтæм-миногмитæм, уæд баззайынц сæ миногмион фæлгонцы, æрмæст райсынц æппæрццæгджын миниуæг-нысаниуæг, уырыссаг æвзаджы куыд у, афтæ. Миногонтыл сын банымайæн вæйййы æрмæстдæр уæд, сæ комкоммæ нысаниуæг ивд куы æрцæуы ахæсгæ нысаниуæгæй.

Миногмитæ миногонты ролы хъуыдыйады мидæг арæхдæр вæйййынц бæрæггæнæнтæ. Зæгъæм:

1. *Æнарæхст* лæг суг сæтгæйæ йæ цæст къахы. (Æмб.) Лæг (*цавæр?*) *æнарæхст*. Хъуыдыйады мидæг у бæрæггæнæн.

2. Æви цин æмæ фыруарзтæй

Дæу æрфæндыди, цæмæй

Суанг йæ *æхсидгæдæр* азтæй

Цух уый ма кæна дæуæй (Дзаб. Х.). Азтæй (*цавæр?*) *æхсидгæдæр*. *Æхсидгæдæр* бæрæг кæны дзырд *азтæй*, æмæ уымæ гæсгæ хъуыдыйады мидæг уыдзæн

бæрæггæнæн.

Миногмитæ куы рахизынц миногонтæм, уæд хъуыдыйады мидæг арæх феххæст кæнынц амад зæгъинаджы номон хайы функци.

Зæгъæм:

1. Æхсæвы куыст *æнтысагдæр у*.

Куыст (*цавæр у?*) *æнтысагдæр* у. Хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ у зæгъинаджы номон хай.

2. Иуы цæстæй сæдæйы цæст *уынагдæр у*. Цæст ( *цавæр у?*) *уынагдæр у*. Ацы хъуыдыйады дæр *уынагдæр у* хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ у зæгъинаджы номон хай.

Лæвæрд дæнцæгтыл куы дзурæм, уæд нырыккон ирон æвзаджы сты тынг бирæ, нæ бон сæ у парахатæй пайда кæнын.

Æвзæрст дæнцæгты руаджы нæ бон скæнын у ахæм хатдзæг: миногмитæ миногонтæм рахизгæйæ, хъуыдыйады мидæг вæййынц бæрæггæнæнтæ æмæ зæгъинаджы номон хæйттæ (миногонты хуызæн).

Уæлдæр цы æрмæг равзæрстам æмæ хатдзæгтæ скодтам, уыдоны бындурыл нæ бон зæгъын у, миногмитæ миногонтæм арæх кæй рахизынц, уый.

Нырыккон ирон æвзаджы миногмиты контрастивон (контрастивная – конфронтативная–сопоставительная) характеристикæ куы бæлвырд кæнæм, уæд мах æнæмæнгæй бахъæудзæн æрæнцой кæнын уырыссаг æвзаджы миногмийы грамматикон домæнтыл, стæй ма йæ авналæнтыл æмткæй райсгæйæ дæр, æрмæстдæр уый тыххæй, цæмæй ацы фарст æрцæуа арфдæр æвзæрст. Теоретикон хъуыдытæй уырыссаг æвзаджы æвæрæнтæ сты бирæ уæрæхдæр. Ирон æвзаджы миногми та у уырыссаг миногмийы хуызæн, уымæ гæсгæ æнæраст нæ уыдзæн ацы ран нæ абарсты хъуыды.

*Литературæ:*


***1.*** Абаев В.И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т.3. -Л., 1979

***2.*** Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Ч. 1. Орджоникидзе, 1965

***3.*** Большой толковый словарь русского языка. Санкт-Петербург, «Норинт», 2002

***4.*** Гæбæраты Н., Тахъазты Х. Ирон æвзаг (Ахуыргæнæн чиныг 7-æм къл.). Дзæуджыхъæу, Ир, 1992

***5.*** Грамматика осетинского языка // Под ред. Г.С.Ахвледиани. Т.1. Орджоникидзе, 1963

***6.*** Лингвистический энциклопедический словарь. М., 1990

***7.*** Медойты Боболка. Нырыккон ирон æвзаг. Морфологи. Цхинвал, 2003

***8.*** Русская грамматика. АН СССР. 1т. М., Наука, 1992

***9.*** Современный русский язык. Издание 4-е, дополненное и переработанное. М.: Высшая школа,1971


*Цыбыргонд нæмттæ:*

Æмб. – Æмбисонд
Гаф. – Гафез
Гæд. Ц. – Гæдиаты Цомахъ
Дзаб. Х. – Дзаболаты Хазби
Ирон æмб. – Ирон æмбисæндтæ
Коч. М. – Кочысаты Мухарбег
М.В. – Малиты Васо
Ниг. – Нигер

***Уалыты Татьянæ,***
***филологон наукæты кандидат,***
***ЦИПУ-йы скъолайы агъоммæйы***
***æмæ райдайæн скъолайы ахуырады кафедрæйы доцент***

# ÆХСÆНАДЫ «РИССÆГТÆ» КОЦОЙТЫ АРСЕНЫ СФÆЛДЫСТАДЫ

Коцойты Арсен тынг хорз зыдта ирон адæмы цард, национ характеры миниуджытæ, зыдта, хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр сæм цы уыдис, уыдон. Йæ публицистон уацтыл ын нæ цæст куы ахæссæм, уæд сæ сæйрагдæр темæ у ирон адæмы царды хъуагдзинæдтæ, æхсæнады «риссаг» фарстатæ. Арсен цы идеалон æхсæнадмæ бæллыд, уым сын бынат кæй нæ уыд, уый хорз зыны йе сфæлдыстады.

Ирон адæм фыдæлтæй фæстæмæ нозт æмæ хæрдæй сæ бæрц кæй зыдтой, уый бæрæг у нæ адæмон сфæлдыстадæй дæр. Кадæг «Нарты æмбырд»-ы нарты хистæртæй иу афтæ зæгъы: «Адæмтæ хæлæг уæд кодтой нартмæ, сæ хорзы кой дардыл уæд хъуысти, сæ гуыбыныл хæцын куы фæрæзтой, нозтæй сæхи куы хъахъхъæдтой, ронгæй сæ бæрц куы зыдтой».

Ирон лæг цыфæнды æххормаг куы уыдаид, уæддæр йæхиуыл хæцын фæрæзта, адæм ыл сæ цæст куы æрæвæрой, уымæй тынг тарст. Мæнæ куыд фыста 19-æм æнусы этнограф Кокиты Савва: «Осетин относительно пищи отличается необыкновенной умеренностью, воздержанием и выносливостью. Неумеренность и обжорство считаются большим пороком. Малейший намек на страдания голода считается большим бесстыдством, бессовестностью, почему осетин переносит голод, не заявляя никому никогда об этом» (1).

Уымæн нæ ауæрста Коцойты Арсен дæр Малхазтæ æмæ уыдон хуызæттыл йæ фельетонты, карикатурæты, радзырдты. Йæ юморы, йæ сатирæйы бын-иу сæ фæкодта.

Нозт адæймагæн йæ удгоймагон миниуджытæ куыд фесафын кæны, æгады бынатмæ йæ куыд æркæны, уый тынг хорз равдыста йæ радзырд «Æнæхъус Карум»-ы. Хъæууон лæг Карум-иу арæх ахаста горæтмæ уæй кæнынмæ хъыбылтæ, кæрчытæ æмæ æйчытæ, фæлæ уыцы æхцайæ бинонтæн ницы пайда уыд. Хæрд æмæ нозтыл-иу ын бахардз сты. Ацы хатт йемæ ацæуын сфæнд кодта йæ ус Нинæ дæр, цæмæй зымæджы агъоммæ бинонтæн хъарм дзаумæттæ балхæна.

Горæтмæ куыддæр ныххæццæ сты, афтæ нозтуарзаг лæгтæ дуканийы дуæрттæм фæкæс-фæкæс кодтой, кæд сæ бакæндзысты, зæгъгæ. Каруммæ аназын афтæ тынг цыдис, æмæ-иу йæ комыдæттæ аныхъуырдта, нал фæрæзта æнхъæлмæ кæсын. Базайрæгты ауæй кæнынмæ дæр нал фенхъæлмæ каст, афтæмæй уал æд карк хæрæндоны фæмидæг.

Базармæ цæугæйæ йæхи хуызæтты уынджы цудтытæгæнгæ, хъæртæ, хъыллистытæгæнгæ куы ауыдта, уæд та сæм тынг бахæлæг кодта, æндæр фæнд æм æрцыдис: «Кæм ис базар! Дард у! Уырдæм фæцу, стæй та фæстæмæ. Нæ, Карум уырдæм нал фæцæудзæн, – мæнæ йæ комыдæттæ æркæлынц, сæн æмæ хаслама йæ цæстыты разæй нал хицæн кæнынц». Æрбауæй кодта куыддæртæй йæ базайрæгтæ æмæ уал ацæл кæныны фæнд скодта, кæннод, мыййаг, минасæн æхца куынæуал баззайа. Лæг æмæ ус фæйнæ комдзаджы нæма акодтой, афтæ сæм æмбырд кæнын райдыдтой искæй хардзæй цæл æмæ нозтуарзаг Иликъотæ, Никъотæ, Тедотæ æмæ Къотетæ. Нинæ ма-иу бæргæ

сдзырдта, цæуын нæ хъæуы, зæгъгæ, фæлæ йæм хæрамы цæстæй куы бакастысты, уæд уый дæр ныхъхъус ис.

«Цæл дарддæр цыди. Зард нал фидыдта. Дзурджытæ кæрæдзи нал æмбæрстой. Расыг худт, æнæбынат хъæртæ æмæ хъыллистытæ арæхæй-арæхдæр кодтой... фынгыл уаг, æгъдауы мыггагæй ницыуал баззад», - зæгъы Арсен йæ радзырды архайджытæй.

Дарддæр Карум æмæ йе 'мбæлттæ сæхи куыд дардтой, уый тынг зæрдæрисгæ равдыста нæ фыссæг. Цы ма сæм баззад адæймагдзинадæй? Æппындæр ницы. «Карум Иликъомæ йæ былтæ куы бадардта, уæд уый амондмæ гæсгæ, фæцудыдта æмæ бандонæй афæлдæхт, – омдзæгæй йæ цæсгомыл ницы ауади, æрмæст йæ риу æмæ йæ хъæбыс сахуырстысты, Иликъо та омгæйæ размæ асхъиудта æмæ уый дæр пъолыл афæлдæхт».

Гуыбыны хæрдæй бæрц чи нæ зыдта, нозтæй йæ зонд чи фесæфта, уыцы Карум йе 'хца иууылдæр хæрæндоны ныууагъта.

Не 'мбæхсы Арсен йе 'нæуынондзинад æнæгъдау адæммæ, нæ сыл ауæрды йæ сатирæйæ: «Дыууæ дæр æруагътой сæхи тротуары дуртыл æмæ омдтой. Уынгты расыг адæмæй фылдæр цы уыди, омджытæ дæр дзы уыдаид, фæлæ адон дыууæйæ фæрсæй-фæрстæм кæй омдтой, ууыл бирæтæ худæгæй мардысты. Хæстæгдæр дуканигæстæй иу рацыди æмæ сыл æхситтытæ кодта, йæ къухтæ йæ синтыл сæвæргæйæ».

Арсенмæ адæймагæн æппæты карздæр æфхæрд вæййы хуыимæ абарст. Карумы дæр хуыты хæринаг фæкодта, æнæхъусæй йæ ныууагъта æмæ дзы афтæмæй йæ маст райста.

Къаддæр тæрхон нæ хæссы Арсен, цыппар лæппуйы мад, рынчын сылгоймаг Ханиффæйы нывонды куывдмæ чи æрбамбырд, уыцы адæмæн («Ханиффæйы мæлæт»). Бадт арахъхъ æмæ бæгæны кæрæдзийы фæдыл уагътой, афтæмæй хъæлдзæгæй æрвыстой сæ рæстæг. Нозт сын ферох кæнын кодта, цæй тыххæй æрæмбырд сты, уый дæр. «Ацы æмбырд у куывд, æмæ куывды зарын дæр хъæуы», – зæгъы фынджы хистæр. Æмбисæхсæвмæ заргæ – худгæйæ арвыстой сæ рæстæг.

Нæ бацауæрста Арсен нозтуарзаг сылгоймæгтыл худынæй дæр. Æнахъом сывæллætты мад хи не 'мбаргæйæ кæй хуыссыд, уыдон ууыл нал уыдысты, «бадтысты фынджы алыварс æмæ, мæнæн фылдæр бантысайæ æвнæлдтой хæринæгтæм, быннозт кодтой арахъхъ сыкъайæ. Фыццаг сæ ныхас уыди сабыр, лæгъз, хиуылхæцгæ, фæлæ фæстагмæ уат байдзаг ис худтæй, хъыллистæй, æмхæццæ ныхасæй».

Уый фæстæ сæ сæр сæ фат нал æмбаргæйæ, æнæрынцайгæйæ фæхеры кодтой рынчын сылгоймаджы, цалынмæ йæ уд нæ систа, уæдмæ. Фыссæг хæрамæй, æгъатырæй æвдисы цæлуарзаг адæмы, сæ гæды мæт æмæ æхххуыс дæр сæрæй – кæронмæ гуыбындзæлы фæдыл кæй уыдысты, уый æргом зæгъы.

Арсенæн нозтуарзаг адæммæ цы цæстæнгас уыд, уый ирдæй зыны йæ къаннæг радзырд «Тутыр»-ы дæр. Тутыры бæрæгбонмæ цы бирæ адæм æрæмбырд, зæрондæй сывæллоны онг, уыдон се 'ппæт дæр æвдисæн уыдысты ахæм нывæн: тъæпæнæджы цы нозт уыди, уымæй дзæбидыры сыкъатæ куыд дзаг кодтой, æмæ сæ куывддонтæ ерысæй куыд афтид кодтой. «Дзæбидыр æрзылд фарæстæм, дæсæм хатт. Æрдуз зынын байдыдта знæт денджызы хуызæн. Ныхас, хъæр, зарджытæ сиу сты иу æнæкæрон уынæры». Н. Добролюбовы загъдау, нуазынц æмæ нуазынц, сау фосы хуызæн цалынмæ нæ ныввæййынц, уæдмæ.

Нозтæй йæ зонд чи фесæфта, уыцы адæмыл нæ бацауæрста Арсен йæ радзырды. Сæхи нал æмбаргæйæ, кафыдысты тъæпæнæджы алыварс, сæ зарджыты табу кодтой Тутырæн, фæлæ дзы хъуыст кады ныхæстæ тъæпæнæджы номыл дæр, йæ цæрæнбоны тыххæй. Расыг адæмæй кæронмæ маст райсынæн сын Арсен сæ цины бон æруадзын кодта стыр бæллæх: «Уалынмæ æрдузыл æвиппайды айхъуыст «Æллæх!», зæгъгæ, æмæ бæстæ басабыр... Тъæпæнæджы бын сæмбæлд зæххыл, кафджыты къухты та аззадысты афтид къултæ. Нозт асуадæттæ кодта æмæ миты бын

афардæг, æрмæст ма ранæй-рæтты аззад цадтæ-цадтæй. Иуæй-иутæ айтæ-уыйтæ нал акодтой, фæлæ цадтыл фæдæлгом сты æмæ райдыдтой нуазын»... Нозт хæйрæджы хойраг кæй у, адæймаджы иблисы хай, уымæн æвдисæн ацы эпизод.

Ивгъуыд æнусы Н. Добролюбов фыста: «Уæрæсейы нæлгоймæгтæ уый онг банызтой, æмæ бамбæрстой, афтæ цæрæн нал ис» (2). Афтæ-иу куы уаид, уæд ирон адæмæй дæр бирæтæн бамбарынафон у бæргæ.

Голландиаг Э.М. Йеллинек расыг кæнын низыл куы банымадта, уæдæй фæстæмæ бирæ рæстæг рацыд. Ирон адæм ацы карз низы ныхмæ кæй ницыма æрхъуыды кодтой, расыгдзинад та ногæй кæй рапарахат, уымæн æвдисæн абоны рæстæг.

Уæдæ Коцойты Арсен ацы ахсджиаг проблемæйыл йе сфæлдыстады кæй æрдзырдта, хурмæ йæ кæй рахаста, уымæй дæр у раппæлинаг. Размæ, хуыздæр цардмæ цы фæлтæртæ тырнынц, уыдонæн та сæ хæс у фыссæджы сфæлдыстадæй аккаг хатдзæгтæ скæнын. Культурæ æмæ расыг кæнынæн баиугæнæн кæй нæй, уый дæр зæрдыл дарын.

Арсен хорз зыдта, адæймаджы ном чи хæссы, уыдон зын уавæрты дæр фæразон кæй вæйййынц. Фыдзаман разынынц æхсæнадæн йæ чъизи, йæ ницæйаг адæм. Афтæ уыди революцийы рæстæджы дæр.

Митотæ, Суликъотæ иннæ адæмимæ абаргæйæ ноджы зындæр уавæры бахаудтой. Уымæн æмæ уыдон æндæвта æрмæстдæр хи удæнцой, гуыбыны хæрд. Уыцы адæмы æмбырдон фæлгонц Арсен сарæзта йæ радзырд «Куыд мын алыгъдис»-ы. Се 'фсæст цард сын фехæлдта рæстæгмæйы хицауад, бон – изæрмæ сæ хæрды кой йеддæмæ ницыуал хъуысы: «Бон дыууæ – æртæ хатты алы ран сихор чи нæ бахæры, ахæм дзы нæй, фæлæ «стонгæй нал фæразын» чи нæ зæгъы, ахæм дæр дзы нæй».

Гуыбынил мард адæмы фæлгонц ирддæрæй равдисынæн Арсен æрлæууыд сæ иуыл. Абон уал ын дыууæ хатты бантыст сихор бахæрын, фæлæ уæддæр стонгæй мæлын зæгъы. Авторæн æнæуынон кæй у, уый бæрæг у мæнæ ацы ныхæстæй дæр: «аныхъуырдта», «йæ хъуыры аирвæзт» йеддæмæ дзы ницы фæзæгъы. Æртыккаг хатт сихор хæрыныл куы 'рбадт, уæд ын нæ фыссæг нал бацауæрста йе 'нæфсисдзинадыл: «Уалынмæ мæ сыхаджы басы къусмæ фæкомкоммæ дæн. Уынын, басы уæлæ ленк кæны раст стыргомау цæппæры йас сойы стъæлф. Дис кæнын; кæцæй фæци ацы сойы стъæлф?! Амардта мæ уыцы сойы æртах. Комыдæттæ нал уромын, – мысын сой, мысын дзидза»...

Æрмæстдæр йæ гуыбын бафсадыныл у йæ мæт. Йæ алыварс цытæ цæуы, искæмæн дæр ма æххормаг у, уыдæттæ йæ не 'ндавынц. «Куыд уыдзынæн, туджы цъыртт мæ куы нал ис, мæ тых куы асасти бынтондæр?! О, мæ райгуырæн бæстæ, нал дæ фендзынæн, æвæццæгæн», - хъуысы æппынæдзух йæ хъæрзын. Арсен ам цыма зæгъынмæ хъавы: Райгуырæн бæстæйæн дæ хуызæн гуыбындзæлтæ цас нал уой, уыйййас хуыздæр. Бонæй хæринаджы кой, æхсæв йæ фынты дæр æндæр ницы уыны, æрмæст хæринæгтæ æмæ нозт. Радзырды кæрон Арсен йæ геройы бынтондæр бафхæрдта. Физонджытæ æмæ лывзæтæ кæнынмæ æгас мæй цæмæй хъавыд, уыцы куыдзы дæр ын нал саккаг кодта, йæ цинæй йæ æнæхай фæкодта.

Уæздандæр нæ разынд йæ гуыбыны хæрдыл студент Тембол дæр («Хус къæбæртæ»). Уымæн дæр йæ зæрдиагдæр хъуыды, абон цы бахæра, уый уыди. Йæ алыварс цы хабæрттæ цæуы, уыдон Тембол хъуыста, фæлæ сæ йæ зæрдæмæ арф нæ иста. Хъæуы йæ æрмæст æфсæст цард æмæ æнцойад. Чи уыдзæн паддзах, цавæр царды уаг уыдзæн, уыдæттæ Темболмæ нæ хауынц. Йæ цинæн кæрон дæр нал уыди, хус къæбæртыл куы фæхæст, уæд! Чъизи æмæ цъыфæйдзæгтæ кæй уыдысты, уымæй дæр сæ нал бафаудта. Стонг æмæ дзы фæллад дæр ферох сты, мыртт – мырттгæнгæ цыди хæдзармæ. Арсенæн иууыл æнæуынондæр цы уыди – адæмы хæлæджы æфтауын – уымæй хайджын разынд Тембол дæр, «æмбæрста, цæуджытæ йæм хæлæджы цæстæй кæй кæсынц æмæиу барæй тынгдæр къæрццытæ кодта».

Тынг фæтарст, къуырийы фаг скæ-

нынмæ цы хус къæбæртæн хъавыд, уыдонæн байсынæй. Æрмæст уæд смæсты Керенскимæ дæр, уымæн æмæ «хицауады хорз гуыбины дзагæй бары». «Стыр тохы рæстæг йæ сæйраг мæт хи удыл кæмæн у, фыссæг уыдон ныхмæ у, Темболы хуызæтты ныхмæ, хиуарзон индивидуалистты ныхмæ. Бауагъта йæ бафхæрын, йæ фæстаг ныфс – йæ хус къæбæртæй фыдæнхъæл цæмæй фæуа, ахæм уавæрмæ йæ бахауын кодта», - фыссы Тлаттаты Аннæ (3).

Йæ хус къæбæртæ йын куы байстой ныры цардыуаг «хъахъхъæнджытæ», уæд Тембол хъæр кæны большевикты тохы уынæрмæ хъусгæйæ: «Цæвут пулеметтæ! Цæвут сармадзантæ! Цардæн уаг скæнут!» Уый тыххæй мæнæ куыд фыста Епхиты Тæтæри: «Тембол уыцы царды уагæй цæрын нал фæрæзта. Фæлæ Коцойы-фырт йæ геройы йæ цæстытæй ракæсын кодта» (4).

Нæ уыд Темболы хуызæттæн сæ цæстытæй ракæсын кæнæн, нæ сæ æндæвта адæмы тох хуыздæр цардыл. Салæгаты Зоя ма дзы революционер дæр сарæзта: «Тембол теперь знает, что счастье, новую жизнь принесут только большевики, и он, несомненно, будет в их рядах» (5).

Растдæр мæм кæсы Джусойты Нафийы хъуыды: «Сиды «цардæн уаг скæнынмæ» Тембол, фæлæ йæхæдæг йæ къух уазал доны дæр не стулдзæн. Сиды «цардæн уаг скæнынмæ» Тембол, фæлæ уагты хуыздæр хоны æфсæст гуыбын æмæ цардиппæрд хи гуылы бын æндзарæджы уавæр»(6).

Темболы хиуарзондзинадæй хайджын у радзырд «Дыууæ фембæлды» дохтыр Тепсыр дæр. «Цыдæриддæр йæ царды пайдайæн æххуыс у, уый – хорз, æмæ йæ фарс дзурдзæн кæддæриддæр, йæ царды пайдайæн æххуыс цы нæ уа, уымæн та йæ ныхмæ дзурдзæн». Хъæууон хæдзарады продукттæй хъуаг кæй æййафы, йæ гуыбын кæй нал æфсады, уымæ гæсгæ йæ фæнды, цæмæй зæхкусджытæ знаггад ма кæной, æндæр æй, царды цы ног ивддзинæдтæ цæуы, уыдон тынг не ’ндавынц.

Арсен карз тæрхон рахаста, революцион тохты рæстæджы æрмæст йæхи царды хорздзинадыл чи архайдта, уавæртæй пайдагæнгæйæ, искæй фæллой чи давта, уыдонæн дæр. Зын рæстæджы, тыхст уавæрты разыны алы адæймагæн дæр йе ’цæг удыхъæд.

Искæй фæллой давынмæ фæцæуынц радзырд «Æхцайы чырын»-ы Сæйтт æмæ Уæсмæн, иннæтæй фæстæдæр хъуамæ ма баззайой ацы хъуыддаджы. Иу рæстæджы коммунисттæ куы фæлыгъдысты, уæд Уæсмæны ницы хай фæци, ныр æй хъуамæ баххæст кæна. Уæд сæ хъæуы давджытæ, фæныкгуызтæ, стъигъджытæ сæ хæдзары хъуæгтæ ияуылдæр баххæст кодтой æмæ тынгдæр ууыл мæсты кæны кæрæф лæг дæр. Дыууæ зыд сыхаджы цы бæрзонд хæдзар равзæрстой, уым уайтагъд сæ цæст æрæвæрдтой æнахуыр дзаумайыл. Давын, стъигъын Арсенмæ стыр æнæгъдаудзинадыл нымад сты, уымæ гæсгæ фæхудын кодта чиныгкæсæджы Сæйтт æмæ Уæсмæныл. Рафæлив-бафæлив кæнынц кæрæдзийы, чырын кæй фæуыдзæн, уымæй. Дыууæйы зæрдæ дæр æм тынг æхсайы, кæд, мыййаг, æхцайы чырын у, зæгъгæ. Фæстагмæ куы бамбæрстой расай-басайыл рæстæг цæуы, уæд сæ ныхас фæцыбырдæр кодтой æмæ, æхца, зынаргъ дзаумæттæ цы чырыны æнхъæл уыдысты, уый раластой.

Фæндагыл цæугæйæ нæ Арсен байхъусын кодта дыууæ къæрныхы бæллицтæм. Чырыны хуылфæй цавæрдæр зæланг фехъусгæйæ Уæсмæны зæрдæ фырцинæй сриуыгътытæ кæны æмæ йæхицæн фæндтæ кæны: «Ныр йæ кæрты алыварс дурын быру самайдзæн. Йæ хæдзар зестæй бамбæрздзæн, цъæх ахорæнæй йæ сахордзæн æмæ йæм æгас хъæу, хæлæг кæнгæйæ, кæсдзысты...»Ноджы зыддæр æмæ бирæгъдæр у йæ сæнтты Сæйтт: «Цы цард æм æрхаудта æрæджиау! Нард род-иу аргæвддзæн æмæ æдзух дзидза гарчицæимæ хæрдзæн... Кæуылты чырын у, кæуылты!... Хъуамæ дзы милуанæй къаддæр ма уа æхца».

Базыдтам, Уæсмæн æмæ Сæйтт сæ тыхстæй кæй нæ давынц, фæлæ сæ зæрдæйы дзæбæхæн. Уыдон фæнды схъæздыг уæвын æмæ æвæлмон цард кæнын. Ахæм æввонгхорты та Арсен

цæргæ – цæрæнбонты æфхæрдта йæ сатирикон ныхасæй. Бафхæрдта Сæйтт æмæ Уæсмæны дæр нæ фыссæг. Æхцайы чырыны бæсты сын аласын кодта фæндыр. Давын сæм худинаг нæ кæсы, фæлæ се 'хцайы чырын мæнг куы разынд, уæд тынг фæтарстысты худинагæй! Фыссæгæн ма æнæуынон тынгдæр уымæй сты, æмæ адæмы зын уавæртæй кæй пайда кæнынц – давгæ уый размæ дæр кодтой.

Искæй цæттæ фæллойæ йæ цард аразынмæ чи хъавы, уыдонæй Арсен фæхудт йæ карикатурæты дæр. Чи йын нæ зоны, давджытæн тæрхон цы карикатурæйæ рахаста, уый: «Хъуыдайнат, нæ разы ничи ис, – зæгъ-ма мын раст: цал бæхы, цал стуры радавтай дæ цæрæнбонты?

– Цы кæны, зæгъдзынæн дын æй. Радавтон нымадæй 250 бæхтæ æмæ 320 стуртæ.

– Æмæ уæдæ уыйæппæт фосæй йе дæ хæдзарыл куы ницы зыны, йе та дæхиуыл, уыцы тынд мæгайы хуызæн куы дæ!

– Æз дын, Тотрадз, мæ ныхас зæгъын: уырны дæ æви нæ, уый та дæхи хъуыддаг у...

– Уырны мæ, уырны, Хъуыдайнат, фæлæ ныр бамбæрстон, фыдæлты æмбисонд раст кæй у: «давæггаг фарсыл нæ хæцы».

Нæ фыдæлтæ кæд ахуыргонд нæ уыдысты, уæддæр сæм æрдзæй рахæсгæ зонд бирæ уыд. Сæ алы хъуыды, сæ алы уынаффæ дæр уыд хъæугæ æмæ раст. Уый тынг хорз æвдыст æрцыд се 'гъдæутты дæр. Æгъдау фидауын кодта адæмы цард, уымæ гæсгæ йæм тырныдтой æппынæдзух. Царды æгъдау цас фылдæр уыд, уый бæрц адæмы 'хсæн æмбарынад дæр фылдæр уыд. Æгъдæутты æхсæн уæлдай бæрæг дардтой адæймаджы рæсугъдгæнæг æгъдæуттæ. Адæм артæй тæрсæгау тарстысты æнæуаг адæймаджы ном райсынæй. Йæ ном-иу чи фæчъизи кодта, æгъдау æмæ æфсармы сæрты-иу чи ахызт, уый-иу адæм сæхиуыл дæр нал нымадтой, ссис-иу адæмы æнæуынондзинады аккаг.

Арсенæн уыдон иууылдæр зындгонд уыдысты, æмæ уымæн нæ ауæрста йе сфæлдыстады æнæгъдаудзинады ныхмæ тох кæныныл дæр.

*Литературæ:*


1. Добролюбов Н. А. Собр. соч. в. 3-томах. Т. 2. – М., 1996. – С. 216.
2. Джусойты Нафи. Коцойты Арсен. – Цхинвал, 1964. – Ф. 102.
3. Епхиты Тæтæри. Коцойты Арсен. – Орджоникидзе, 1955. – Ф. 87.
4. Салагаева З. М. Арсен Коцоев// Очерк истории осетинской советской литературы. – Орджоникидзе, 1967. – С. 295.
5. Тлаттаты Аннæ. Фотоальбом. – Орджоникидзе, 1977. – Ф. 19.
6. Чибиров Л. А. Культура застолья// Вестник Южной Осетии.–1991.-№19.

**Гобозты Катя,**
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы 2-аг курсы магистрант***

# ДЗЫРД ÆМÆ ФÆЛГОНЦЫ БАСТДЗИНАД ДЖУСОЙТЫ НАФИЙЫ ТАУРÆГЪ «ИР КУЫД САРÆЗТОЙ ЗАРÆГ»-Ы

Зындгонд поэт, публицист, литературон критик Джусойты Нафи вазыгджын бынат ахсы нырыккон ирон литературæйы райрæзты. Йæ прозæ æмæ поэтикон уацмыстæ, йæ литературæзонынадон æмæ публицистикон уацмыстæ ахадгæ сты ирон дзырдаивады. Нафийы аивадон уацмыстæ фыст сты алыхуызон темæтыл. Фыссæг дзы æвдисы ирон адæмы царды нывтæ, йæ бæллицтæ.

Мæ нысан у равзарын Нафийы таурæгъ «Ир куыд сарæзтой зарæг»-ы дзырд æмæ фæлгонцы бастдзинад.

Нафийы ацы уацмысы хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ уæлæнгай кастæй уайтагъд зын бамбарæн сты. Йæ алы дзырдыл дæр ын ахъуыды кæнын хъæуы куыд аивадон ныхасы вазыгджын хайыл.

Таурæгъы сюжет у ахæм: Хуыцау бирæ адæмыхæттытæн радта зарæг, фæлæ ирон адæммæ уыцы амонд не 'рхаудта. Йе 'фсон ын поэт æмбарын кæны афтæ:

Хуыцау сæ, –
Нæ кæсынц мæ коммæ! – ысфаудта:
Нæ, дам, уарзынц,
Куы фæзары фæндыр сæ фынгыл,
Фæлæ, дам, сæ уд у, сæ дзæцц,
Куыдзы ниудау, фаты 'хситт, сонт,
Æрдынбосы тохмондаг ризын!...

Ацы рæнхъыты ныхмæвæрд цæуынц дыууæ хъуыдыйы: зарæг – рæсугъддзинад æмæ хæст – мæлæт. Экспресси сын дæттынц æнкъарæнджын-аргъгæнæн, фæлгонцджын дзырдтæ æмæ фразеологизмтæ (*фæзары фæндыр, сфаудта, уарзынц, сонт; куыдзы ниудау, фаты 'хситт, тохмондаг ризын; коммæ нæ кæсынц, сæ уд у, сæ дзæцц*).

Иры адæмæн уый фæхъыг ис, æмæ йæ ныхмæ сдзырдтой зарæджы хуызы. Схуыдтой йæ «чъынды Хуыцау».

Джусойты Нафийы таурæгъ «Ир куыд сарæзтой зарæг»-ы æвзаг нывæфтыд кæнынц поэтикон фæлгонцтæ, дзырд æмæ фæлгонцæн фæзыны æнгом бастдзинад. Таурæгъы цымыдисаг у Хуыцауы фæлгонц: йæ архайд ын поэт цæстытыл уайын кæны аивадон-нывгæнæн мадзæлттæй. Зæгъæм, абарст бар дæтты Хуыцауы архайд цæстытыл бæлвырд ауайын кæнынæн.

Хуыцау, дам-иу, райсом йæ фарсыл
Хуры тымбылæг æрбаста, *хызынау;*
*Хуымгæнæг лæгау*-иу
Байтыдта быдыртыл, хæхтыл
Хурæн йæ рихиты 'рдутæ – йæ тынтæ,
*Хоры нæмгуытау*…
Гъей, стæй-иу аппæрста арв 'астæу
Хуры тымбылæг, *сыгъзæрин уызынау,*
Стъалыты урс чысыл…
Йæхæдæг-иу, *ног цагъд къуымбилау,*
Йæ хæмпус æврæгътæ
Йæ уæлæ нымбæрзта,
Æмæ-иу ныффынæй,
Тыхæвзарæн зиуы – *æвæлмон фысымау!..(*21)

Ацы рæнхъыты абарстытæ поэт къæдзыгтæй кæй хицæн кæны, уымæй сæм чиныгкæсæджы æргом тынгдæр здахы. Абарстытæ сты æххæст («полное сравнение должно в себе заключать предмет, образ и связывающий признак»)[1] уымæ гæсгæ сæ бындурыл арæзт аивадон фæлгонцтæ сты зæрдылдаргæ.

Афтæ кæсы, цыма поэт æгæр хуымæтæг кæны Хуыцауы фæлгонц, фæлæ æцæгæй

---

1 Б.В. Томашевский. Стилистика. Ленинград, 1983. С. 204.

та, цы бæрзонд поэтикон ныхасæй амынд цæуынц йæ миниуджытæ, уыдон æй ныв кæнынц барджын, æппæтхъомыс æмæ царддæттæгæй. Нафи Хуыцауы бары хуымгæнæг лæгимæ, æмæ афтæмæй рæзынц параллелон фæлгонцтæ: хуымгæнæг лæг æмæ Хуыцау.

Хуыцауы миниуджытæ кæрæй-кæронмæ дæр нывгонд цæуынц ирдæй. Цæстыты раз февзæрынц æнахуыр нывтæ. Поэт «хæмпус æврæгътæ» бары къуымбилтимæ – «ног цагъд къуымбилау». Ацы фæлгонц нын зонгæ у Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Æрра фыййау»-ы рæнхъытæй:

Мигъ æнгом йæ быны бадти,
Урс цагъд къуымбилау[2].

«Урс» æмæ «ног» схонæн ис контекстуалон синонимтæ, уымæн æмæ ног вæййы сыгъдæг, урс дæр у сыгъдæгдзинад æвдисæг.

Ног цагъд къуымбил куыд фæлмæн у, афтæ фæлмæн сты æврæгътæ дæр, æмæ сæ Хуыцау йæ уæлæ æрæмбæрзта. Автор дарддæр æвдисы, хуымгæнæг лæг уæззау куысты фæстæ куыд бафæллайы æмæ бафынæй вæййы фыр фæлладæй, афтæ Хуыцау дæр «тыхæвзарæн зиуы æвæлмон фысымау» ныффынæй.

Таурæгъы поэтикон ныхасы быдыры аивадон хæс æххæст кæнынц олицетворенитæ. Уыдон сты поэтикон ныхасы вазыгджын хæйттæй иу, уымæн æмæ адæймаджы хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ æвдисынц цæстуынгæйæ. Зæгъæм, хурæн йæ тынтæ сты «рихиты æрдутæ». Ирон зарæг «лæджы уд фæкæны хæтæнты», зæгъгæ, у ахæсгæ нысаниуæг, уымæн æмæ зарæгæн автор радта удгоймаджы миниуæг.

Фæлгонцад уацмысæн дæттынц метафорæ (йæ хæмпус æврæгътæ йæ уæлæ нымбæрзта) æмæ эпитет (сызгъæрин). «Сызгъæрин (уызын)» у эпитет, метафорæйы хай. Ацы метафорæ хурæн амоны йæ сæйраг æууæл – судзгæ кæй кæны, уый. Сырæзыди дзы экспрессивон аивадон фæлгонц.

Таурæгъы сæйрагдæр у зарæджы фæлгонц. Ирон адæймаджы царды йын стыр бынат кæй ис, йæ эстетикон уынинады хай кæй у, уый дзы æвдыст цæуы.

Ирон зарæг райгæ
Лæджы уд фæкæны хæтæнты…
Æрæфтауы зæрдыл
Мæгуырæн йæ зынтæ, йæ фынтæ,
Мæгуыр дæр кæмæй кæны хъал…
Лæджы уд йæ цинæй, йæ фарнæй,
Цæргæсау, уæларвмæ ыстæхы,
Фæзары, фæсимы æвронгæй!.. (23)

Ацы рæнхъыты хъусæм Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Мæгуыры зæрдæ»[3]-йы цы бæллиц ис, уый, стæй Гæдиаты Секъайы æмдзæвгæ «Æнкъард хъуыды»[4]-йы лирикон хъайтары сæрибармæ тырнындзинад:

Нæй кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн, –
Йæ сихор, йе 'хсæвæр – йæ мæт;
Йæ уат – ыскъæт, зыгуым – йæ лыстæн,
Хъæбæр – йæ цъæх хуыссæн нымæт…

Кæд рухс нæ баййафы йæ цардæй,
Йæ бон кæд арвиты зынтæй, –
Уæддæр нæ ныххуыссы æнкъардæй –
Йæ зæрдæ хъал вæййы фынтæй.
(«Мæгуыры зæрдæ»)

Ехх, ныр сæрибарæй ацæр дæ уалдзыгон бонты,
Цæргæсау дæ зæрдæ уæлæуæз тæхæд!
Ныссадз нын ныфсджынæй дæ худ къул, дæ къухтæ – синтыл.
(«Æнкъард хъуыды»)

Рагæй-æрæгмæ дæр зарæг стыр бынат ахсы ирон адæмы царды. Зарæджы фæрцы адæймаджы кæнæ фаугæ кодтой, кæнæ таиу уæлæрвтæм систой. Алы зарæгæн дæр ис йæхи нысаниуæг, стæй æнæ аххоссагæй нæ фæзыны. Ирон адæммæ ис алыхуызон зарджытæ: «хъæбатырты, историон, фæллойы, цуанонты, лирикон, низтæ дзæбæх кæныны, афæдзы афонты, хъазæн, худæн, æфхæрæн æмæ æнд… Лирикон зарджытæ дзаг сты рæсугъд нывтæй æмæ арф æнкъарæнтæй…».

Зарджыты фæзынд фылдæр хатт баст вæййы трагикон цаутимæ. Ирон адæм зарæджы æвдыстой сæ зын хъысмæт,

2 Хетæгкаты Къоста. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 1994. 124 ф.

3 Хетæгкаты Къоста. Амынд чиныг.

4 Гæдиаты Секъа. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, «Ир», 1991. 54 ф.

сæ уæззау уавæр. Зæгъæм, фæндыры фæзынд «Нарты кадджыты».

Иннæмæй, зарæг хъуамæ адæймагыл цæргæсау базыртæ базайын кæна, бауырнын æй кæна, цард хуыздæр кæй кæндзæн, ууыл. Джыккайты Шамил йæ уац «Куывд æмæ зарæг»-ы фыссы: «Зæрдæисгæ у поэтикон ныхас. Уымæй ахъаззагдæр та у зарæг. Адæммæ афтæ каст: арвмæ ныхасæй зарæг тынгдæр хъуысы, хуыцæуттæн æхцондæр æмæ адджындæр у».[5]

Тынг аив равдыста Нафи йæ таурæгъы «лæджы уд». Спайда дзы кодта, удгоймаг адæймагæн йæ архайд цы мивдисджытæй равдисæн ис, уыдонæй – «ыстæхы», «фæзары», «фæсимы».

Абарст «цæргæсау» та æвдисы, цæргæс куыд сæрибар æмæ бæрзонд тæхы, ахæм вавæры кæй ис лæджы уд дæр, уый.

Уацмысы вазыгджын бынат ахсы зарæджы мидисы æрфыст. Ирон адæм дзы стыр хъуыды бавæрдтой, сæ удварны хæзнатæ æргом кæнынц:

Хæрзвæндон кæнгæ у æмбойны:
Хъæсдарæгæй ракуырдтой
Барон, фæразоны сагъæс,
Цæвæгæй – куыстуарзон æхситт, *(куысты символ)*
Цæргæсæй – сæрыстыры, тохы хъæлæс, *(сæрибары символ)*
Бæлонæй – уарзты зæрдæрисы зæл, *(сыгъдæг уарзондзинады символ)*
Тымыгъæй – хъазуатон ныббырстыты сидт, *(хæсты символ)*
Уæлхохы цъæх цъититæй –
Æнустæм æвидийæн хос…» *(царды символ)* (22)

Нафи уацмысы кæрон æрхаста ахæм рæнхъытæ:

Ирон зарæг,
*Бæгæныйау,* расыг нæ кæны!..
Афтæ амоны таурæгъ… (23)

Зарæг цæуы фæлтæрæй-фæлтæрмæ, нæй йын мæлæт. Цасфæнды куы зарой адæм, уæддæр дзы не стыхсдзысты, зарæг нæ амæлдзæн æнустæм. «Ирон зарæг… расыг нæ кæны» у олицетворени, адæймаджы миниуæгæй спайда кодта поэт, зарæджы архайд равдисынæн.

Ацы таурæгъæй бæрæг у, Нафийы æвзаг хъæздыг кæй у, аивдæр æй чи кæны, ахæм алыхуызон аивадон-нывгæнæн мадзæлттæй. Дзырд æмæ фæлгонцы бастдзинад йæ уацмысы у цæстуынгæ, уый та стыр æххуыс у уацмысы идейæ хуыздæр бамбарынæн.

---

5 Хетæгкаты Къоста. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 1994. 124 ф.

***Дзампаты Ларисæ,***
***Педагогон институты кафедрæ ЮНЕСКО-йы хистæр наукон кусæг***

# ИРОН ÆВЗАГ АХУЫР КÆНЫНЫ ХИЦÆНДЗИНÆДТÆ ПОЛИКУЛЬТУРОН АХУЫРАДЫ БЫНДУРЫЛ

Цард размæ куыд цæуы, техникæ куыд рæзы, афтæ ивынц фæлтæрты домæнтæ, сæ цæстæнгас, сæ тырнындзинад.

Скъоладзауты алывæрсыг рæзтæн бындур сæвæрын, бæлвырд зонындзинæдтæ сын раттыны хæс лæууы скъолайы размæ. Æвзаджы æрмæг бацамонынæй уæлдай ма кусын хъæуы сæ ныхасы культурæйыл, сæ раст хъомыладыл, разæнгард кæнын сæ хъæуы æхсæнадон фæллоймæ, хибарæй кусынмæ.

Ацы ахсджиаг хæс сæххæст кæныны хъуыддаджы сæйраг бынат ахсынц ахуыргæнæн чингуытæ. Уыдон хъуамæ дзуапп дæттой æвзаг ахуыр кæныны ныриккон домæнтæн.

Цæгат Ирыстоны Педагогон институты ЮНЕСКО-йы кафедрæйы кусджытæ, сæ сæргъы – профессор Хъамболты Тамерлан, афтæмæй, сæ размæ сæвæрдтой тынг бæрнон хæс: бакусын, республикæйы иумæйагæй ирон æвзаджы рæзтæн, ирон æвзагмæ æхсæнады цæстæнгас аивынæн æххуыс чи фæуыдзæн, ахæм мадзæлттæ саразыныл. Ахæм бæрнон хæс сæххæст кæнынæн та, кæй зæгъын æй хъæуы, бавналын хъуыд мадæлон æвзаг ахуыр кæныны бындуртæм. Фыццаджы дæр, бацæттæ кæнын, ныриккон домæнтæн дзуапп чи дæтты, ахæм ахуыргæнæн программæтæ æмæ чингуытæ; дыккаджы, сæрмагондæй æркæсын æмæ ивддзинæдтæ бахæссын рæвдауæндæтты хъомылгæнджыты æмæ скъолайы ахуыргæнджыты куысты уавæртæм, саразын сын хъæугæ мадзæлттæ рæзгæ фæлтæрæн мадæлон æвзаг амонынæн.

Кафедрæйы куыст арæзт цыд полилингвалон ахуырады бындурыл, ныриккон ахуырады «диалог культур»-ыл нымад чи у, уыцы раззагдæр технологийыл æнцой кæнгæйæ. Ацы технологимæ гæсгæ, ирон æвзаг æмæ ирон кæсыны чингуытæм хаст æрцыдысты, скъоладзауты дунейы адæмты культурæимæ чи зонгæ кæны, ахæм тексттæ. Хъамболты Тамерланы хъуыдымæ гæсгæ, сывæллон, йæ мадæлон æвзаг ахуыргæнгæйæ, ирон литературæйы классикты уацмысты фарсмæ куы фена æмæ куы бакæса уырыссаг, Уæрæсейы æндæр адæмты æмæ фæсарæйнаг фысджыты уацмыстæ, уæд, иуæрдыгæй, йæ мадæлон æвзаг йæ цæсты кадджындæр кæндзæн, иннæрдыгæй та йын банкъардзæн йæ хъæздыгдзинад, æппæт фæзындтæ равдисынмæ дæр кæй арæхсы, уый, æмæ йæм, æнæмæнг, сæвзæрдзæн тырнындзинад йæ ахуыр кæнынмæ.

Ахуыргæнæн чингуыты фæрцы скъоладзаутæ ирон æвзаджы урокты хъуамæ базонгæ уой æппæтуæрæсейон æмæ æппæтдунеон культурон хæзнатимæ; хи чысыл райгуырæн бæстæ базоныны фæстæ рахиздзысты Уæрæсейы, стæй та æппæт зæххы къорийы тыххæй зонинæгтæм.

Ирон æвзаджы программæмæ хаст æрцыдис ивддзинæдтæ. Уыцы ивддзинæдтæм гæсгæ арæзт æрцыдысты «Ирон æвзаджы чингуытæ» 1-11-æм кълæстæн.

Æвзаджы æрмæг баззадис æнæивдæй, фæлæ чингуыты æвзаджы темæтæ амынд цæуынц бæлвырд ныхасы темæты бындурыл, ома, скъоладзаутæн грамматикон зонындзинæдтæ лæвæрд цæуынц, бæлвырд

ныхасы темæимæ сæ зонгæ кæнгæйæ (ныры чингуыты ацы фæзынд не 'мбæлы).

Зæгъæм, 3-аг къласы темæ «Миногон æмæ йæ иумæйаг нысаниуæг» амынд цæуы цæрæгойты тыххæй радзырдтæ, æмбисæндтæ, уыци-уыциты бындурыл, ома тематикон принципмæ гæсгæ.

Тематикон урок у æмбарынæдты системæ: грамматикон, лексикон, логикон. Ахæм урокты скъоладзаутæ æрмæгыл кусын райдайынц, ног зонындзинæдтæ райсынæй, сæхи 'взаджы дзы спайда кæныны онг.

Урокты скъоладзауты размæ сæвзæры ахæм хæстæ:

а) сбæрæг кæнын, дзырд цы предметыл цæудзæнис, уый;

æ) равзарын, дзурынæн æвзаджы цавæр æрмæг баххуыс уыдзæнис, уый;

б) раст саразын раныхас фæд-фæдыл радзурыны фæтк.

Ацы хæстæ сæххæст кæныны тыххæй æнæмæнг хъæуы кæрæдзиуыл баст тексттæ.

Программæ домы æвзаджы темæтæ бабæттын ахæм ныхасы темæтимæ: *Скъола. Æхсæнад æмæ цардыуаг. Æрдзы фæзындтæ æмæ хъæздыгдзинæдтæ. Ахуырад æмæ фæллой. Культурæ. Уæларвон тыгъдад. Нæ адæмы истори. Уæрæсе – алыхуызон адæмыхæттыты иумæйаг зæхх. Географион балцытæ. Спортивон хъæзтытæ. Музыкалон культурæ. Киноаивад. Дунейы адæмты æвзæгтæ. Ахуырад фæсарæйнаг бæстæты. Ирыстоны индустри æмæ æнд*.

Ацы ныхасы темæтæ лæвæрд цæуынц скъоладзауты кармæ гæсгæ, иу къласæй иннæмæ хизгæйæ, хуымæтæгдæрæй зындæрмæ хизыны принципмæ гæсгæ.

Программæмæ гæсгæ, алы къласы дæр ахуыргонд цæуынц æвзагзонынады æппæт хæйтты элементтæ дæр: лексикæ, фонетикæ, дзырдарæзт, морфологи, синтаксис. Ног темæтæ амынд цæуынц рацыд æрмæгыл æнцойгæнгæйæ. Уый тыххæй ахуыргæнæн чингуыты фæлтæрæнтæм лæвæрд цæуы уæлæмхасæн хæслæвæрдтæ. Зæгъæм, темæ «Номдар» амонгæйæ, фæлтæрæнты хæслæвæрдтæ домынц, цæмæй скъоладзаутæ сбæрæг кæной, уыцы дзырд цавæр мыртæ æмæ дамгъæтæй арæзт у, цал уæнджы дзы ис, цавд кæцы уæнгыл хауы, цавæр хъуыдыйады уæнг у, йæ хъуыдымæ гæсгæ йын синоним кæнæ антоним ссарæн ис æви нæ, цавæр тематикон къордмæ хауы æмæ аф. д.

Программæ æмæ ног ахуыргæнæн чингуытæм, ахуыргæнæгæн æххуыссæн, лæвæрд цæуы къæлиндарон-тематикон пълантæ. Уыдоны амынд цæуы, алы темæйæн дæр цал сахаты раттын хъæуы, уый; алы урочы дæр цы ног дзырдтæ бацамонын хъæуы, уый; цавæр рацыд æрмæг сфæлхат кæнын хъæуы, уый; лæвæрд цæуы, ныхасы рæзтыл куыстæн хъус цæмæ æрдарын хъæуы, уый.

Ацы пълантæ раздæр ахуыргæнджытæ сæхæдæг арæзтой, ныр, сæ куыст сын фенцондæр кæныны тыххæй, автортæ бакуыстой ууыл дæр æмæ сæ бахастой, бæстон цы «методикон амындтытæ» сарæзтой, уыдонмæ.

Уыцы иу урочы бæлвырд темæимæ бастæй грамматикон æрмæг амынд цæуы баст тексттæ, хицæн хъуыдыйæдтæ æмæ дзырдбæстытæ, дзырдтæ, алыхуызон схемæтæ, ребустæ æмæ дзырдбыдты бындурыл.

Чингуыты лæвæрд цæуы логиконстилистикон фæлтæрæнтæ: предметтæ сæ иумæйаг æууæлтæм гæсгæ къордтæ кæнын; дзырдтæй аразын тематикон æмæ лексикон-тематикон къордтæ; агурын сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд дзырдтæ; хъуыды зæгъынæн равзарын бæлвырд дзырд.

Программæ домы фæлтæрæнты æрмæджы ирон æмæ дыгурон диалектты лексикон хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын.

Ацы хъуыддаг фæзынд ахуыргæнæн чингуыты дæр. Алы куысты хуызы фæстæ дæр расткъуымонты лæвæрд цæуынц дзырдты æмбарынæдтæ, зæгъæм: *сыгъдæг – кæдзос, хъæппæлтæ – гæрстæ.*

Уый уымæн афтæ бакодтам, цæмæй, иу адæмыхатт уæвгæйæ, алы кæмтты цæргæйæ, не 'взаджы цы лексикон хицæндзинæдтæ ис, уыдон аиуварс кæнæм, кæрæдзийы ныхас æмбарæм, кæрæдзимæ хæстæгдæр кæнæм.

Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй ахуыргæнæг хъуамæ куса скъоладзауты раст хъомыладыл, уымæ гæсгæ ахуыргæнæн чингуыты цы æрмæг лæвæрд цæуы, уый æвзæрын кæны райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад; ахуыр кæны хи хорз дарыны æгъдæуттыл; хистæрæн – кад, кæстæрæн – æххуыс кæныныл; æхсæнадон фæллой хъахъхъæныныл.

Æмæ куыд ис ацы нысантæ сæххæст кæнæн, фæлтæрæнты æрмæг (баст текстæ, æмдзæвгæтæ, уыци-уыцитæ, æмбисæндтæ) бар куы нæ дæтта, уæд.

Уымæ гæсгæ, автортæ бацархайдтой ахæм æрмæг бацæттæ кæныныл. Ацы æрмæг уыцы иу рæстæг ахадгæ у ахуырдзауты иумæйаг рæзтыл куыстæн дæр. Уымæн ахъаз сты фæлтæрæнтæм лæвæрд хæслæвæрдтæ:

а) сбæрæг кæнын тексты сæйраг хъуыды;

æ) сбæлвырд кæнын цауты иудзинад æмæ хицæндзинад;

б) бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл.

Ныхасы темæтæн æвзæрст æрцыдысты, грамматикон æрмæг цæй быңдурыл бацамонæн ис, ахæм текстæ.

Раздæр ахуыргæнæн чингуыты фаг æрмæг нæ уыдис урочы æппæт нысантæ сæххæст кæнынæн, ныр программæйы домæнтæм гæсгæ, стæй чингуыты арæзтмæ гæсгæ, куыст зынгæ фенцондæр уыдзæн.

Ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ, скъоладзаутæн æрмæг цæттæйæ дæттæн нæй, уæд ыл хъуыды нæ кæнынц, сæ зæрдыл æй нæ бадарынц æмæ дзы уый фæстæ сæ фысты мидæг, кæнæ сæ ныхасы сæ бон спайда кæнын нæ вæййы.

Уымæ гæсгæ, ног æрмæг амонгæйæ, пайда кæнын хъæуы проблемон методæй. Æрмæг бацамоныны тыххæй бацæттæ кæнын хъæуы ахæм фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ, цæмæй, дзуæппытæ фæдфæдыл дæтгæйæ, скъоладзаутæ сæхæдæг æрцæуой хъæугæ хатдзæгмæ – базоной термин кæнæ раиртæст.

Ацы ран дæр та чингуыты автортæ бацархайдтой ахуыргæнæгæн баххуыс кæныныл. Æрмæг афтæ равæрдтой, æмæ алы урок дæр райдайы текстæй. Йæ бынмæ лæвæрд фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ сæххæст кæнгæйæ, скъоладзаутæ ахуыр кæнынц дзурыныл дæр, рæзы сæ логикон æмæ сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад, æрмæг дæр бамбардзысты хуыздæр æмæ æнцондæрæй.

Чингуытæ арæзт сты традицион ахуырады бындурыл, фæлæ сæм хаст æрцыдис рæзгæ технологиты элементтæ:

а) бæлвырд зонындзинæдтæ хибарæй агурын зонын;

æ) алы уавæрты хи цæстæнгас куыд уа, ууыл архайын;

б) алыхуызон абарстытæй пайда кæнын, хатдзæгтæ кæнын;

в) бæлвырд темæйыл раныхæстæ аразынмæ арæхсын;

г) диалогон ныхасы архайын, монологон ныхасмæ арæхсын.

Уæдæ, цæмæй скъоладзаутæн рæзой сæ коммуникативон арæхстдзинæдтæ æмæ сæ хъуыдыкæнынад, мадæлон æвзагыл дзурынмæ тырной, уый тыххæй сæ скъолайы ахуыр кæнын хъæуы, грамматикон справочникты хуызы арæзт ахуыргæнæн чингуытæм гæсгæ нæ, фæлæ, алыхуызон текстæ тематикон принципмæ гæсгæ иугонд кæм цæуынц, ахæм ирон æвзаджы чингуытæй пайда кæнгæйæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, аив æмæ хъæздыг ирон æвзагыл фыст ахуыргæнæн чиныг стыр æххуыс у раст хъомыладæн. Фæлæ ма йæ ахадындзинад ноджы тыхджындæр фæуыдзæн, ирон фысджыты уацмыстæй ист текстты фарсмæ æндæр æвзæгтæй тæлмацгонд текстæ дæр мыхуыргонд куы уа, уæд. Ацы хъуыддаг сывæллоны дунембарынад хъæздыгдæр кæй кæны, ууыл дзуры Федералон паддзахадон ахуырадон стандарт дæр.

Æмæ, ныры программæмæ гæсгæ, ног фæлтæры чингуытæ дзуапп дæттынц, уæлдæр цы домæнтæ æмæ ног методикон фæзилæнты кой ракодтон, уыдонæн.

# СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

***Джериаты Мæдинæ,***
***Беслæны 4-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

**Урочы темæ: «***Уалдзæг у царды райгуырæн»*
*Грамматикон темæ: Номдары нысаниуæг*

***Урочы нысантæ:***

1. Базонгæ кæнын номдары нысаниуæгимæ, йæ грамматикон æууæлтимæ.
2. Бакусын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл.
3. Ахуыр кæнын æрдзы рæсугъддзинад æнкъарыныл, æрдз хъахъхъæныныл.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

*1. Мотивацион уавæр.*

*Ахуыргæнæг:* Уæ бон хорз! Диссаджы расугъд бон скодта, æмæ, нæ зæрдæ дæр афтæ рæсугъд æмæ хъæлдзæг æнкъарæнтæй цæмæй байдзаг уа, ууыл бацархайæм.

Нæ урочы темæйыл æрдзурынæн нын феххуыс уыдзæн Касаты Батрадзы æмдзæвгæ. Бакæсæм æй.

Æз уалдзæг дæн…
Фæлмæн къæвдатæ,
Суадæтты фæлмæн зард,
Цæкуы-цæхæрау дидинджын бæлæстæ
Ыссыгътой уарзт æрыгæтты зæрдæты
Æмæ йæ царды ивылд донау
Хæссынц æд бæллицтæ,
Хъæргæнгæ æмæ заргæ.
Æз уалдзæг дæн…
Сыгъдæг зæрдæты суадон,
Æвзонг удтæм парахатæй цæуын,
Æрхæссын сын рæсугъд уарзты
’нкъарæн,
Сæ бæллицтæ сын цардимæ бæттын.

Уалдзæг дæн,
Рагуалдзæг æз,
Уазал æмæ хъармæн сæ ауæдз…
Рагæй дæр, тынг рагæй
Ерыс кæнынц
Иры нæртон куывдты цин æмæ зарæг.

(Æмдзæвгæйы текстмæ хъусынц музыкæйы зæлтимæ иумæ: хъуысы Вивальдийы музыкæ «Времена года. Весна»)

*Ахуыргæнæг:* Цæуыл дзурæм абоны урочы?

*(Уалдзæгыл)*

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*1. Ахуыргæнæг:* Æмдзæвгæйы текст ис уæ разы. Куыд бафиппайдтат, афтæмæй автор йе ’мдзæвгæйæн йæ сæргонд нæ ныффыста. Уыцы хæс сæххæст кæнын хауы махмæ.

- Ахъуыды кæнут, куыд хъуамæ

архайæм, цæмæ гæсгæ хъуамæ æрхъуыды кæнæм æмдзæвгæйæн сæргонд.

*(Текстæн йæ темæмæ гæсгæ)*

- Нæ размæ ис хæс: сбæрæг кæнын æмдзæвгæйы темæ, æрхъуыды йын кæнын сæргонд.

*2. Текстимæ куыст.*

1) Бакæсын æмдзæвгæ. Бамбарын кæнын дзырдты лексикон нысаниуджытæ: *ауæдз, цæкуы-цæхæр.*

*(Дзырдты лексикон нысаниуæг бацамонынæн спайда кæнын цæстуынгæ æрмæгæй)*

2) Рафыссын, æрдзы фæзындтытæ цы дзырдтæ æвдисынц, уыдон. Хъус æрдарын дзырдты растфыссынадмæ.

*(Уалдзæг, къæвдатæ, суадæттæ, бæлæстæ, донау, суадон, рагуалдзæг, уазал, хъарм, ауæдз)*

- Цы ис иумæйагæй ацы дзырдтæм?

*(Иууылдæр æвдисынц æрдз)*

- Цавæр темæ сæ иу кæны?

*(Дзурынц уалдзæгыл)*

*3. Ахуыргæнæджы цыбыр раныхас:*

- Уалдзæг у диссаджы афон. Бирæ курдиатджын адæм равдыстой ацы афон се сфæлдыстады: нывты, музыкæйы, æмдзæвгæты.

(Спайда кæнын уалдзыгон æрдз æвдисæг нывтæй: Исаак Левитан «Весна», Ван Гог «Рыбалка весной», Алексей Саврасов «Грачи прилетели», Челæхсаты Магрез «Уалдзæг).

*4. Ахуыргæнæг:* Ирон фысджытæй дæр бирæтæ равдыстой уалдзæг сæ уацмысты, уыдонимæ – Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Секъа, Джыккайты Шамил æмæ ма бирæ æндæртæ.

*(Скъоладзаутæ дзурынц Хетæгкаты Къостайы æмæ Гæдиаты Секъайы æмдзæвгæтæ)*

*5. Фарст:* Уалдзæджы коймæ цы ауад уæ цæстытыл?

*(Хур, дидинæг, дон, мæргътæ, ... )*

- Уæ разы цы уалдзыгон нывтæ ис, уыдонмæ гæсгæ та цавæр предметты нæмттæ у уæ бон ранымайын?

- Æркæсæм, цы дзырдтæ рахицæн кодтам нæ тексты, уыдонмæ (бакæсын сæ).

- Темæйæ уæлдай ма ацы дзырдты цы иу кæны?

*(Ацы дзырдтæ сты номдартæ)*

*6. Цыбыр хатдзæг скæнын:*

- Цы æвдисы номдар?

*(Номдар æвдисы предметы ном)*

Хатдзæг ныффыссын слайдыл схемæйы.

*7. Къордты куыст* (скъоладзауты дыууæ къордыл адих кæнын: 1-аг къорд – «*сгарджытæ*», 2-аг къорд – «*иртасджытæ*». Алы къорд дæр æххæст кæны хицæн хæслæвæрдтæ)

*1-аг къорды хæс:*

- Текстæй рафыссын, предметты нæмттæ цы дзырдтæ æвдисынц, уыдон. (Дзырдтæ фыссынц сæрмагонд сыфтыл)

Сæ куыст куыд баххæст кæной, уымæй аразгæ у 2-аг къорды куыст.

*2-аг къорды хæс:*

Лæвæрд дзырдтæм фæсæфтуан ***–т*** æфтаугæйæ, саразын ног дзырдтæ.

Афон –

Бон –

Тын –

Маргъ –

Дидинæг –

1-аг къорды сывæллæттæ кæсынц, цы дзырдтæ рафыстой, уыдон; сæ фыстытæ адæттынц 2-аг къордмæ.

2-аг къорды скъоладзаутæ кæсынц, цы дзырдтæ саразтой, уыдон.

«Сгарджытæ» цы дзырдтæ рафыстой, уыдон таблицæмæ гæсгæ дих кæнынц дыууæ къордыл.

| *Иу предметы ном* | *Бирæ предметты нæмттæ* |
|---|---|
| | |
| | |

*Ахуыргæнæг:* Цæмæй хицæн кæнынц дыууæ цæджындзы дзырдтæ?

*(Фыццаг цæджындзы дзырдтæ сты иу-*

*уон нымӕцы, дыккаг цӕджындзы дзырдтӕ та бирӕон нымӕцы ӕвӕрд)*

Хатдзӕг та ныффыссын схемӕйы. *(Номдартӕн ис иууон ӕмӕ бирӕон нымӕц, ивынц нымӕцтӕм гӕсгӕ)*

*Ахуыргӕнӕг:* Ацы номдарты 'хсӕн ис, ӕрмӕст иууон нымӕцы чи ӕмбӕлы, ахӕмтӕ. Ссарут сӕ *(уалдзӕг, уарзт, цард, Ир)*

Цалынмӕ 2-аг къорд хӕслӕвӕрд ӕххӕст кӕнынц, уӕдмӕ 1-аг къорд тексты агурынц предметтӕн сӕ архайд ӕвдисӕг дзырдтӕ – мивдисджытӕ, ӕмбарын сын кӕнынц сӕ растфыссынад.

*(Ссыгъдтой, хӕссынц, цӕуын, ӕрхӕссын, бӕттын)*

- Цавӕр орфограммӕ ӕмбӕлы ацы дзырдты?

- Цавӕр информаци дӕттынц лӕвӕрд дзырдтӕ?

*Ахуыргӕнӕг:* Ацы дзырдты ӕххуысӕй тексты ныхас цӕуыл цӕуы, уый нӕ бон бацамонын у?

*Ахуыргӕнӕг:* Темӕ бӕлвырддӕрӕй кӕцы дзырдтӕ ӕвдисынц, номдартӕ ӕви мивдисджытӕ?

*Ахуыргӕнӕг:* Скӕнут хатдзӕг, номдартӕ тексты цавӕр функци ӕххӕст кӕнынц, уый тыххӕй?

*(Номдартӕ нӕ зонгӕ кӕнынц ныхасы темӕимӕ, ома номдарты фӕрцы базонӕм, тексты кӕй кӕнӕ цӕй кой цӕуы, уый)*

Хъуыдыйады уӕнгтӕм гӕсгӕ равзарын:

*Рагӕй дӕр, тынг рагӕй ерыс кӕнынц Иры нӕртон куывдты цин ӕмӕ зарӕг.*

*Фарст:* Цавӕр хъуыдыйады уӕнгтӕ вӕййынц арӕхдӕр номдартӕ?

*(Номдартӕ арӕхдӕр вӕййынц сӕйраттӕ ӕмӕ ӕххӕстгӕнӕнтӕ. Номдартӕ хъуыдыйады вӕййынц куыд сӕйраг, афтӕ фӕрссаг уӕнгтӕ дӕр)*

Хатдзӕг ныффыссын схемӕйы.

Тексты ӕрмӕгӕй спайдагӕнгӕйӕ, саразын синквейн дзырд «уалдзӕг»-имӕ.

Зӕгъӕм: Уалдзӕг.

Сыгъдӕг, рӕсугъд.

Цӕуын, ӕрхӕссын, бӕттын.

Уалдзӕг у цин ӕмӕ зарӕг.

Цард.

Ӕмдзӕвгӕйы темӕ кӕронмӕ сбӕрӕг кӕныны тыххӕй *дыууӕ къордӕн лӕвӕрд цӕуы быцӕйуаг куыст ахӕм хӕсимӕ:*

Лӕвӕрд хъуыдыйӕдты мидис бафидар кӕнын, текстӕй йын аргументтӕхъуыдыйӕдтӕ ӕрхӕсгӕйӕ. Алы къорд дӕр хъуамӕ бахъахъхъӕна (ӕрхӕсса раст ӕмӕ хъӕугӕ аргументтӕ) йӕ хъуыды.

1-аг къорд кусынц ахӕм тезисмӕ гӕсгӕ: *Уалдзӕг – уарзт.*

2-аг къордӕн та лӕвӕрд ӕрцыд ахӕм тезис: *Уалдзӕг – цард.*

*Ахуыргӕнӕг:* Куыд уӕм кӕсы, кӕцы хъуыды у ӕмдзӕвгӕйӕн сӕргонды аккаг?

- Цавӕр ныхасы хӕйттӕ сты тезистӕ аразӕг дзырдтӕ? Хъуыдыйады цавӕр уӕнгтӕ сты?

*(Сӕйрат дӕр ӕмӕ зӕгъинаг дӕр загъд ӕрцыдысты номдартӕй. Се 'хсӕн сын ӕвӕрӕм тире)*

2-аг къорд цы куыст бакодтой, уый бындурыл баххӕст кӕнын ног хӕслӕвӕрд: баххӕст кӕнын слайдыл лӕвӕрд таблицӕ.

| **номдар иууон нымӕцы** | **фарст** | **номдар бирӕон нымӕцы** | **фарст** |
|---|---|---|---|
| уалдзӕг | | къӕвдатӕ | |
| зард | | суадӕтты | |
| цӕкуы | | бӕлӕстӕ | |
| цӕхӕрау | | ӕрыгӕтты | |
| царды | | зӕрдӕты | |
| донау | | бӕллицтӕ | |
| уарзт | | куывдты | |
| уарзты | | | |
| ӕнкъарӕн | | | |
| цардимӕ | | | |
| рагуалдзӕг | | | |
| ауӕдз | | | |
| ерыс | | | |
| иры | | | |
| цин | | | |
| зарӕг | | | |

*Ахуыргӕнӕг:* Лӕвӕрд дзырдтӕм фӕрстытӕ раттут. Ацы номдартӕм алыхуызон фӕрстытӕ цӕмӕн дӕттӕм?

*(Сты алыхуызон грамматикон формӕты: сӕ нымӕцтӕ, хауӕнтӕ сты алыхуызон)*

Хатдзæг ныффыссын схемæйы: *Номдартæ ивынц хауæнтæм гæсгæ.*

### *IV. Æрмæг бафидар кæнынил куыст*

Рацыд æрмæгæй зонындзинæдтæ сбæрæг кæнынæн баххæст кæнын тестытæ:

*Тест 1-аг къордæн*

*1. Уалдзæг æрхæссы*

а) уазал

æ) æнкъарддзинад

б) цард

в) бæркад

*2. Уалдзæгæн йæ синоним у*

а) æвзонгдзинад

æ) сæрæндзинад

б) хъæздыгдзинад

в) æнцойдзинад

*3. Уалдзæгæн йæ бæрæггæнæн у*

а) урсзачъе

æ) сызгъæрин

б) æнтæф

в) царддæттæг

Тест 2-аг къордæн

*1. Номдартæ æвдисынц*

а) миниуæг

а) архайд

б) предмет

в) нымæц

*2. Номдартæ ивынц*

а) нымæцтæм гæсгæ

æ) цæсгæмттæм гæсгæ

б) афонтæм гæсгæ

в) бæрцбарæнтæм гæсгæ

*3. Номдартæ домынц фæрстытæ*

а) цавæр? цыхуызæн?

æ) чи? цы?

б) цал? цас?

в) цы ми кæны? цы кæны?

Тестытæ баххæст кæнгæйæ, скæнын хатдзæгтæ.

1-аг къорды хатдзæг: *Уалдзæг у царды райгуырæн.*

2-аг къорды хатдзæг: *Номдар æвдисы предметы ном, домы фæрстытæ чи? цы? Ивы нымæцтæ æмæ хауæнтæм гæсгæ.*

*Урочы эпиграфæн равзарын æмбисонды хъуыды:*

*Æвзонгдзинад æмæ уалдзæг æфсымæртæ сты.*

- Куыд баст у ацы æмбисонд нæ урочы темæимæ?

### *V. Урочы кæронбæттæн*

Беседæ:

- Цавæр темæйыл куыстам абон урочы? *(Номдарты нысаниуæг)*

- Нæ ныхасы темæ та цавæр уыд? *(Уалдзæг у царды райгуырæн)*

*Ахуыргæнæг:* Æвæццæгæн, хуымæтæджы нæ бæрæг кæнæм уалдзæджы ахæм диссаджы бæрæгбонтæ: 8 Мартъи – сылгоймæгты бæрæгбон, сылгоймаг – царддæттæг; куадзæн, йæ символ-айк – царды равзæрд; 9-æм май –Уæлахизы бон, балæвар кодта ног цард адæмæн.

*Ахуыргæнæг:* Цы базыдтат урочы, æмæ уæ уыцы зонындзинæдтæ цæмæн хъæудзысты, уый ныффыссут мæнæ ацы таблицæйы.

| *Урочы базыдтон…* | *Фæнды ма мæ базонын…* | *Ацы зонындзинæдтæ мын пайда сты…* |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |

*Ахуыргæнæг:* Уæ куыстæн уæхæдæг аргъ скæнут. Уый тыххæй та уæ хъæуы мæнæ ацы таблицæ баххæст кæнын:

*Урочы куыд куыстон, уымæй*

| *разы дæн* | *бынтон разы нæ дæн* | *разы нæ дæн* |
|---|---|---|
| *уымæн æмæ…* | *уымæн æмæ…* | *уымæн æмæ…* |

### *VI. Хæдзармæ куыст*

Урочы æрмæгæй пайда кæнгæйæ, ныффыссын цыбыр сочинени-æрфыст уалдзæджы тыххæй.

***Æгъуызарты Зæирæ,***
***Беслæны 6-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ

## ***Урочы темæ:*** *«Ирон адæмы царды нывтæ Хъаныхъуаты Иналы этнографион очерк «Ирон хъæуы»*

***Урочы нысантæ:***

1. Уацмысы бындурыл æрдзурын ирон адæмы царды ног социалон фæзындтыл.

2. Ахуырдзауты дзургæ ныхасы рæзтыл кусын, гуырын сæм кæнын уарзондзинад райгуырæн бæстæмæ, ирон æгъдæуттæм.

3. Ахуыр кæнын хъуыдытæ аивæй æргом кæныныл, хи цæстæнгас быцæу ныхасы фидар кæныныл, хи зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæныныл.

Ахуыргæнинæгты хиæмбарынады æуæлтæ раиртасын æмæ бафидар кæнын.

**Урочы эпиграф:**

*«Фехалут æнахуырдзинады къæдзæх, цæмæй тагъддæр фесæфа фыдгæнджыты ахстон».*

*Виктор Гюго*

***Урочы пайдагонд цæуы ахæм æрмæгæй:***

1) Чингуыты равдыст.

2) Техникон фæрæзтæ: компьютер, интерактивон фæйнæг æмæ пультытæ.

**Урочы цыд:**

***I. Ног æрмæгыл куыст.***

1. Ахуыргæнæджы архайд. Интерактивон фæйнæгыл æвдисы Цæгат Ирыстоны Рахизфарсы районы картæ. Районы иннæ хъæуты æхсæн картæйыл амоны, Бруты хъæу бæрæггонд кæм цæуы, уыцы бынат (Бруты хъæуы истори цыбырæй дзуры).

1830 азы сæвзæрд Санаты хъæу. Хъæуæн йæ бындурæвæрджытæ уыдысты Санаты мыггагæй 9 хæдзары, рацыдысты хæххон хъæутæ Хъæни æмæ Тменыхъæуæй. Инæлар Абхазовы æфхæрæн экспедици куы ныппырх кодта йæ ныхмæ хæцæг хохæгты, уæд сæ æрцæрын кодтой фæзы. Санаты хъæу ма нoджыдæр хуыдтой «Чысыл Брут». Хъæуæн йæ алыварс бырутæй (частоколом) æхгæд кæй уыдис, уымæ гæсгæ йæ схуыдтой Бруты хъæу.

Бруты хъæуæй цы зындгонд адæймæгтæ рацыди, уыдоны æхсæн уыдысты: Мамсыраты Темырболат, Санаты Уари, Хъаныхъуаты Инал.




Цы мыггæгтæ уын ранымадтон, уыдон иууылдæр сты, ирон адæммæ уæздæттæ кæнæ Тæгиатæ кæй хуыдтой, уыдонæй.

Нæ урочы сæйраг хаймæ цалынмæ нæма рахызтыстæм, уæдмæ уал бафæлварут дзуапп раттын рацыд æрмæгæй мæнæ ацы фæрстытæн: (скъоладзаутæ архайынц пультытимæ).

Нæ урочы мах, абоны цардимæ йæ абаргæйæ, равзардзыстæм Хъаныхъуаты Иналы этнографион очерк «Ирон хъæуы». Фæлæ уал бакæсæм фыссæджы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй цыбыр

презентацимæ (фæйнæгыл æвдыст цæуы Хъаныхъуаты Иналы тыххæй презентаци).




Уацмыс æвзарыны размæ уал æркæсæм иуæй-иу дзырдты нысаниуæгмæ.

Этнос – историон æгъдауæй чи сæвзæрдис, адæймæгты ахæм фидар иугонд – адæмы хатт, наци;

Этнографи – историон зонады къабаз, ахуыр кæны дунейы адæмты равзæрд, се ‘рцард алы рæтты, сæ культурæ, се ‘хсæнадон цардуаджы хицæндзинæдтæ.

Инал очерк «Ирон хъæуы» ныффыста хæрз æрыгонæй, гимназы ма куы ахуыр кодта, уæд (1870 азы). Уацмысмæ лæмбынæг куы ’ркæсæм, уæд фендзыстæм: фыссæг сагъæс кæны йæ адæмы ивгъуыд æмæ фидæныл æмæ йын зæгъы: ивгъуыдмæ фæстæмæ здæхæн нал ис, цардыуаг аразын хъæуы ног уавæртæм гæсгæ.

Ивгъуыд заманы æгъдæуттæ æмæ хъуыдытæй ног уавæрты чи нал бæззы, уыдоныл къух сисын хъæуы, адæм сæ уд хъуамæ хъарой рухсдзинадыл, æрмæст уæд ссардзысты рæсугъд фидæн – афтæ зæгъæн ис «Ирон хъæуы» сæйраг мидисæй. Уыцы хъуыдыйыл лæуд уыдысты бирæ ахуыргæндтæ æмæ рухстауджытæ.

Æмбисондау хастой адæм Колыты Аксойы зондамынд: «Ног фæлтæртæ цæмæй хорз хъомыл кæной, уымæн хъæуы ахуыр æмæ размæдзыд бинонтæ…».

Царды мидис фыссæг равдыста уацмысы дыууæ фæлгонцы – Мосе æмæ Хæтæхцыхъойы руаджы.

- Цæмæй тыхсы Мосе, æмæ цы у йæ рагондæр бæллиц?

(скъоладзауты дзуæппытæ).

- Цавæр цæстæнгас ис Хæтæхцыхъомæ раздæры цардмæ, ног цардмæ та?

(скъоладзауты дзуæппытæ).

Инал цырддзаст фыссæг уыдис. Йæ адæмы царды æмæ психологийы цы ивддзинæдтæ ’рцыд фæсреформæ, уыдон лæмбынæг æвзæрста.

Уыдонæй иу уыд раздæры балцмондаг барæг, искæй хардзæй чи цард, йæ сæрмæ сау куыст чи нæ хаста, уыцы джигиты ног тип.

Фыссæг нын куыд амоны, афтæмæй Данел у уыцы заманы фæсивæды характерон ног тип.

- Цымæ, Данелы хуызæттæ абон не ’хсæн ис?

- Æркæсæм-ма æмæ бæстон равзарæм Данелæн йе ’ддаг бакаст дæр, йæ миддунейы æууæлтæ дæр. Уый фæстæ дзуапп ратдзыстут мæ фарстæн.

- Цы бакастыстут æмæ цы базыдтат Данелы тыххæй, уыдæттæ-ма ранымайут (скъоладзауты дзуæппытæ: кусгæ ницы кæны; йæ худ хæдмæл карчы хуызæн; йæ цъæх цухъхъа – æмпъызтытæ; йæ бæрцагъудты – æрмæст цалдæр бæрцы; йæ хæдзар у, аргъæутты цы халагъудтæ вæййы, ахæм; йæ зæронд мады ферох кодта; кæд гæвзыкк у, уæддæр мур ницæуыл хъуыды кæны: у хъæлдзæг, дзураг).

- Раздæры джигиттау Данел дæр кусын нæ фæцахуыр, цы зоны, уый у уæздандзинад, ома, уазæгæн æгъдау дæттын. Ноджы ма зоны кафын æмæ хъазтæн фæтк æвæрын.

Ахæм цард адæймагæн худинаг кæй у, уый хъуыды дæр нæ кæны, йæхицæй ма буц цы у, уымæй дарддæр.

- Уæдæ ма ныр раздæхæм мæ фарстмæ æмæ зæгъæм, абон не ’хсæн «Данелтæ» ис æви нæй.

- Цавæр цард кæнын ахуыр сты ахæмтæ?

- Куыд схонæн ис ахæм адæймæгты?

- Куыд ис семæ тохгæнæн?

- Сымахæй искæй зæрдæмæ цæуы ахæм цардыуаг?

- Цавæр зæрдæйы ахаст уæм фæзынд Данелмæ? (у худæг, тæригъæддаг).

- Абоны скъоладзаутæ бирæ предметтæ ахуыр кæнынц. Ныртæккæ кæцыфæнды скъоладзау дæр зæгъдзæн, цавæр наукæ ахуыр кæны хур, зæхх, стъалыты тыххæй зонинæгтæ. Уацмысы ссарут, адæмы талынгдзинадыл дзурæг бынæттæ.

- Цæуыл уæ ахъуыды кæнын кодтой уыцы нывтæ? (хъæуы ахуыр кæнын, цæмæй дæм уа зонындзинæдтæ, æмæ талынг, æнæфенд адæймагыл нымад ма уай).

- Адæймаг æрмæст зонындзинæдтæй вæййы æххæст адæймаг? (бирæ хатт адæймагмæ цалдæр дипломы дæр вæййы, фæлæ уæддæр баззайы «къуырмайæ», «æнæхсæстæй»).

- Нæ фыдæлтæй нын цы ’гъдæуттæ баззад, уыдонæй бирæтæ æвдыст æрцыдысты уацмысы. Ранымайут-ма сæ ( лæппуйы райгуырд, куывд, зианы æгъдау, чындзæхсæв).

- Цы цæстæй кæсы Инал марды ’гъдæуттæм? (иуæй сæ равдыста сæ этнографион хуызы, иннæмæй та сын рарғом кодта сæ социалон фæстиуджытæ: мæгуырмæ-иу æртардтой бинонты).

- Сымахмæ та куыд кæсынц ирон æгъдæуттæ? Исты дзы аппариккат?

- Раздæры хуызæн ма æххæст кæнынц ирон адæм сæ фыдæлты æгъдæуттæ?

- Æнцон æххæстгæнæн сты ирон æгъдæуттæ?

- Куыд уæм кæсы, æгъдауджын адæймаг хъуамæ цавæр уа? (уæздан, хиуылхæцгæ, хæдæфсарм).

- Цы æхсæнады цæрæм, уым адæм иууылдæр æгъдауджын сты?

- Æнцон цæрæн у æгъдауджын адæймагæн æнæуаг æхсæнады?

- Цавæр миниуджытæй хъуамæ уа хайджын адæймаг, цæмæй нырыккон царды æмæ æхсæнады йæхи æххæст адæймагæй æнкъара? (ахуыргонд, сæрæн, куыстуарзаг, ныфсджын, цæстуарзон).

- Сомбон сымах дæр бакъахдзæф кæндзыстут царды стыр фæндагмæ. Ахæм ныфс уæм ис, цæмæй нырыккон æхсæнады аккаг бынат æрцахсат?

- Цы уæ хъæуы бакæнын уый тыххæй? (ахуыр кæнын, кусын, спорты архайын, искæмæн æххуыс кæнын).

- Цавæр æвзæр миниуджытæй уæ фæнды уæлдай тынгдæр уæхи бахъахъхъæнын?

- Урочы райдайæны цы эпиграф бакастыстæм, уымæ ма иу хатт æркæсæм æмæ раргом кæнæм, цы зæгъынмæ хъавыди Виктор Гюго йæ ныхæстæй (скъоладзауты хъуыдытæ).

- Урочы кæрон мæ фæнды сымахæн ныстуаны хуызы бакæсын мæнæ ацы рæнхъытæ:

«Дæхиуыл ды æппынæдзухдæр кус,
Дæ удыл ма ауæрд, лæггад кæнын фæраз;
Цæстуарзонæй фæцæр, дæ мадмæ хъус,
Цæмæй фæсмонгонд ма фæуай
дзыллæйы раз».

***II. Урочы хатдзæгтæ. Рефлекси.***

- Цы райстат уæхицæн æмæ цы ахæсдзыстут уемæ ацы урокæй?
(скъоладзауты хъуыдытæ).

*Бафæлварут-ма раттын раст дзуæппытæ мæнæ ахæм фæрстытæн:*

1. Кæд рацыд мыхуыры фыццаг ирон чиныг?

*а) 1720 азы; б) 1798 азы; в) 1921 азы.*

2. Кæд рацыд мыхуыры фыццаг ирон грамматикæ?

*а) 1844 азы; б) 1944 азы; в) 1812 азы.*

3. Чи саразта фыццаг ирон грамматикæ?

*а) Всеволод Миллер; б) Æлборты Барис; в) Андрей Шегрен.*

4. Фыццаг ирон рухстауæг Колыты Аксо кæд байгом кодта ирон чызджытæн скъола?

*а) 1862 азы; б) 1870 азы; в) 1910 азы.*

5. Ацы æмдзæвгæтæй кæцы нæ ныффыста Колыты Аксо?

*а) «Мады-Майрæмы кады зарæг»; б) «Райсом»; в) «Мах фыд».*

6. Чи уыд фыццаг ирон профессионалон поэт?

*а) Æгъуызаты Иуане; б) Колыты Аксо; в) Мамсыраты Темырболат.*

7. Ацы æмдзæвгæтæй кæцы у Мамсыраты Темырболаты фыст?

*а) «Чырыстийы рухс райгасдзинад;*
*б) «Рынчын æмæ рынчынфæрсæг»;*
*в) «Бæлон».*

8. Хъаныхъуаты Инал йæ уацмыстæ цавæр æвзагыл фыста?

*а) уырыссаг; б) ирон; в) гуырдзиаг.*

9. Хъаныхъуаты Иналы уацмыс «Ирон хъæуы» йæ жанрмæ гæсгæ цавæр у?

*а) радзырд; б) роман; в) очерк.*

10. Ирыстоны хъæутæй кæцыйы тыххæй ныффыста Хъаныхъуаты Инал йæ очерк?

*а) Заманхъулы; б) Бруты; в) Зилгæйы.*

***Адеты Фатимæ,***
***Дзæуджыхъæуы 50-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ

## (ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ куысты кæронбæттæн урок темæйæ)

***Урочы темæ:*** *Афæдзы афонтæ*

(грамматикон темæ: Миногоны бæрцбарæнтæ)

***Урочы нысантæ:***

1. Скъоладзауты дзуырдуат фæхъæздыгдæр кæнын. Диалогон ныхасы рæзтыл бакусын
2. Бакусын миногоны грамматикон формæтæ аразыныл.
3. Æрдзмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

***Урочы хуыз:*** Урок-экскурси.

***Урочы фæлгонц:*** компьютер, дидактикон æрмæг, иллюстрацитæ, нывтæ**.**

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Мотивацион уавæр.*

*Ахуыргæнæг: (презентацион æрмæгыл æнцой кæнгæйæ)*

Абон нæ урокмæ постхæссæг тынг тагъд кодта æмæ нын æрбахаста фыстæг. Цымæ, кæмæй у, æмæ дзы цы ис? Уынут, фыстæджы ис цыппар ныва æмæ уыци-уыци. Байхъусут-ма йæм æмæ базонут, кæмæй у фыстæг.

Дада цыппар фæндаджы астæу бады.
Иу фæндаг – сау у, иннæ – урс,
Æртыккаг– цъæх, цыппæрæм – бур.

*(Фыстæг у афæдзæй æмæ нын æрбарвыста йæ цыппар фырты нывтæ)*

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ афæдзы фыртты нæмттæ куыд хуыйнынц?

*(Афæдзы фыртты нæмттæ хуыйнынц Зымæг, Уалдзæг, Сæрд æмæ Фæззæг)*

*Ахуыргæнæг:* Абон урочы цæуыл дзурдзыстæм, сымахмæ гæсгæ?

(Абон нæ урочы дзурдзыстæм афæдзы афонтыл)

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*Ахуыргæнæг:* Куыд загътат, афтæмæй афæдзы афонтæ сты цыппар. Мах сæ хонæм «цыппар æфсымæры», уыдон сты алыхуызон сæ удыхъæдæй дæр æмæ æддаг бакастæй дæр. Æмæ сæ цæмæй хуыздæр базонæм, уый тыххæй ацæудзыстæм уыдонмæ уазæгуаты.

(*Ахуырдзаутæн æвдыст цæуы презентаци)*

Фæйнæгыл – поезды ныв. Поезды цæугæйæ, скъоладзаутæ дзурынц æмдзæвгæтæ афæдзы афонты тыххæй. Хъуысы П.И. Чайковскийы музыкæ «Времена года».

Уалдзæг.

Мит тайы, их сайы,
Фæхъулон ис зæхх:
Йæ цæгат фæзæйнад,
Йæ хуссар фæцъæх.

Йæ фæдыл нæ хъæдыл
Фæхæцыд сыфтæр;
Нæ хуымтæ - кæндтытæ,
Нæ ласæн - цъыфдæр.

Цырд лæппу гæлæбу
Æрцахста... Загъ ын:
– Нæ уалдзæг - дæ уазæг,
Ныууадз æй цæрын!

Хетæгкаты Къоста

Сæрд.
Хур судзы... Уырыдзы
Хæрынæн бæззы...
Чи хъæдæй рæгъæдæй
Сырх мæнæргъ хæссы,

Чи халсарæй кæмтты
Ӕргъæмттæ бæтты...
Хуыскъæлæй, æхсæрæй
Кæм цæуынц рæтты!

Цæвæгæй, мæхъитæй,
Ӕхсырфæй цæттæ,
Хорз байрай, мæ бæстон,
Кæмдæриддæр дæ!

Хетæгкаты Къоста

Фæззыгон хъæды.
Азгъæлди хъæдæн йæ сыфтæр,
Хур дæр æй нал тавы фаг.
Ӕмæ дзы бон дæр, изæр дæр
Нал хъуысы мæргъты тъæлланг.

Дымгæ дзы стонг сырдау зилы,
Гом хихтæм уазал хæссы,
Бæласы къалиутæ стилы,
Бæлас дæр джихæй лæууы.

Плиты Харитон

*Ахуыргæнæг:* Мæнæ æрбахæццæ стæм уазæгуаты хистæр æфсымæры паддзахадмæ. Уæртæ нæ размæ рацыд йæ æртæ фыртимæ. Зæгъут-ма, чи у, æмæ цы хуыйнынц йæ фырттæ.

*(Нæ размæ рацыд æфсымæрты хистæр Зымæг. Йæ фырттæ та сты Декабрь, Январь æмæ Февраль).*

*Ахуыргæнæг:* Нæ фысымтæ ныл тынг бацин кодтой, равдыстой нын сæ ихджын паддзахад. Бакæсут-ма нывтæм æмæ зæгъут, цавæр ивддзинæдтæ æрцыд æрдзы.

*(Ахуырдзаутæ кæсынц зымæджы нывтæм æмæ дзуапп дæттынц)*

*Ахуыргæнæг:* Нæ фысымтæн радзурут, цæмæн афтæ уарзут зымæг æмæ цавæр хъæзтытæй фæхъазут зымæджы.

*(Мах зымæджы фæхъазæм къахдзоныгътыл, фæбырæм дзоныгътыл, фæхъазæм хоккейæ, скæнæм митын дадатæ. Зымæджы вæййы нæ уарзондæр бæрæгбон Ног аз).*

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, хæрзбон зæгъæм зымæгæн æмæ нæ балц дарддæр акæнæм.

(Хъуысы зарæг «Голубой вагон»)

Мæнæ æрбахæццæ стæм дыккаг æфсымæры паддзахадмæ. Кæсут, уый дæр нæ размæ рацыд йæ фырттимæ. Базонут-ма, чи у дыккаг æфсымæр?

*(Дыккаг æфсымæр у Уалдзæг, йæ фырттæ та сты Март, Апрель æмæ Май).*

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ та ныртæккæ æрзилдзыстæм уалдзæджы паддзахадыл, æмæ ма уæ хъус æрдарут, цавæр ивддзинæдтæ æрцыд æрдзы, уымæ. *(Скъоладзаутæ нывтæм гæсгæ дзуапп дæттынц)*

*Ахуыргæнæг:* Хæрзбон зæгъæм нæ фысымтæн æмæ дарддæр цæуæм нæ фæндагыл. *(Хъуысы «Балцы зарæг»)*

Мæнæ æрбахæццæ стæм æртыккаг æфсымæры паддзахадмæ. Цымæ, чи рацыд нæ размæ?

(*Скъоладзаутæ нывтæм гæсгæ дзуапп дæттынц: «Нæ размæ рацыд Сæрд йæ æртæ фыртимæ. Йæ фырттæ хуыйнынц Июнь, Июль, Август»)*

*Ахуыргæнæг:* Раст зæгъут. Кæсут-ма, цы тынг рæсугъд дарæс сыл ис. Уæдæ сæрд та цæмæн уарзут?

- Сæрды каникулты куыд фæулæфут, уый ма радзурут нæ фысымтæн.

(*Скъоладзаутæ дзуапп дæттынц нывтæм гæсгæ: «Сæрды вæййы хъарм. Каникулты фæхъазæм футболæй, нæхи фæнайæм цæугæдоны. Бæлæстыл вæййы бирæ дыргътæ»)*

*Ахуыргæнæг:* Ӕмæ та нæ балц дарддæр акæнæм.

(*Хъуысы «Балцы зарæг»)*

Мæнæ æрбахæццæ стæм æфсымæрты кæстæр Фæззæгмæ. Цас дыргътæ æмæ нын халсартæ рахастой нæ размæ! Ӕвæццæгæн

æй базыдтой тынг кæй сæххормаг стæм. Акæсут-ма, куыд рæсугъд у Фæззæджы паддзахад! Куыд рæсугъд дарæсты сфæлыстой сæхи бæлæстæ!

- Сывæллæттæ, нæ балц кæронмæ æрхæццæ. Афæстиат уыдзыстæм нæ фысымтæм. Цымæ цæмæ, куыд уæм кæсы?

*(Ныртæккæ фæззæг у, хъуамæ фæззæджы тыххæй фылдæр радзурæм).*

*Ахуыргæнæг:* Ныртæккæ сымахимæ стæм фæззыгон парчы. Байхъусæм æмæ хуыздæр базонæм фæззæджы миниуджытæ.

Радзурут-ма, цæмæн уарзут ацы афæдзы афон? Цæмæй хъæздыг у фæззæг?

(Скъоладзаутæ нывтæм гæсгæ дзуапп дæттынц)

*- Хур кæсы, фæлæ тынг нал тавы.*

*-Фæуазал ис. Адæм сæ хъарм дарæс скодтой.*

*- Фæззæджы бонтæ фæцыбырдæр сты.*

*-Бæлæсты сыфтæртæ фæбур сты.*

*- Мæргътæ атахтысты хъарм бæстæм.*

*- Адæм æфснайынц халсартæ æмæ дыргътæ.*

*Ахуыргæнæг:* Адæм бирæ халсартæ æмæ дыргътæ кæй бафснайдтой, уый тынг хорз у. Байхъусæм-ма Димæ æмæ Алинæмæ, цымæ нын цы радзурдзысты дыргътæ æмæ халсарты тыххæй.

Диалог

*- Алинæ, ды зоныс дыргътæ тынг пайда сты æнæниздзинадæн, уый? Ис дзы бирæ витаминтæ.*

*- Зонын, Димæ. Æз бирæ уарзын фæткъуытæ, кæрдотæ, чылауитæ æмæ алтъамитæ.*

*- Халсарты дæр бирæ витаминтæ ис, æмæ уыдон дæр хæрын хъæуы.*

*- Мæ мад арæх фæкæны чъиритæ халсартимæ: картофджынтæ, къабускаджынтæ æмæ насджынтæ.*

*- Æз бирæ уарзын насджынтæ æмæ картофджынтæ.*

*- Изæры-иу махмæ уазæгуаты æрбацу, мамæ картофджынтæ æмæ насджынтæ кæндзæн.*

*- Хорз, бацæудзынæн уæм.*

*- Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн.*

*Ахуыргæнæг:* Хорз афæстиат стæм фæззæджы паддзахады дæр æмæ ныр фæстæмæ раздæхæм нæ къласмæ. Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, хæдзармæ уын цы дзырдтæ лæвæрд уыд ахуыр кæнынмæ, уыдон.

Къæвда - дождь
Ирд - яркий
Мынæг - тусклый
Тауын - сеять
Æфснайынц - убирают
Цæттæ кæнын - готовиться.

*Ахуыргæнæг:* Ратæлмац кæнут ирон æвзагмæ хъуыдыйæдтæ æмæ бафидар кæнут ног дзырдтæ.

1) Абон уары къæвда. 2) Сæрды хур вæййы тынг ирд. 3) Уаты цырагъ у тынг мынæг. 4) Быдыры тауынц мæнæу. 5) Ахуырдзаутæ æфснайынц скъолайы кæрт. 6) Скъоладзаутæ урокты фæстæ сæхи цæттæ кæнынц бæрæгбонмæ.

*Ахуыргæнæг:* Ныртæккæ баххæст кæндзыстæм ахæм хæслæвæрд:

Бафæлварут раст дзуæппытæ равзарын, антонимтæй пайда кæнгæйæ. Хъуыдыйæдтæ уæ тетрæдты ныффыссут.

Скъоладзаутæ сæ тетрæдты æххæст кæнынц хæслæвæрд.

| | |
|---|---|
| бонтæ сты… | даргъдæр |
| | цыбырдæр |
| бонтæ вæййынц… | хъармдæр |
| | уазалдæр |
| хур у… | ирддæр |
| | мынæгдæр |
| хур арвыл … | ссæуы бæрзонддæр |
| | æрцæуы ныллæгдæр |
| Фæззæджы райдайы… | хур бонты рæстæг |
| | къæвда бонты рæстæ |

| | |
|---|---|
| бæлæсты сыфтæртæ… | фæбурдæр вæййынц |
| | фæцъæхдæр вæййынц |
| сырдтæ дæр… | сæхи сæрдмæ цæттæ кæнынц |
| | сæхи зымæгмæ цæттæ кæнынц |
| адæм… | æфснайынц хор, дыргътæ |
| | тауынц хор, халсартæ |

*Ахуыргæнæг:* Кæцы бæрцбарæны сты миногонтæ *даргъдæр, цыбырдæр, хъармдæр, уазалдæр, ирддæр, мынæгдæр, бæрзонддæр*?

(Миногонтæ сты барæн бæрцы).

*Ахуыргæнæг:* Сæвæрут-ма сæ уæлахизон бæрцы.

*(Æппæты даргъдæр, æппæты цыбырдæр, тынг хъарм, тынг уазал, æппæты ирддæр, тынг мынæг, æппæты бæрзонддæр).*

***III. Урочы хатдзæгтæ***

- Цымæ, цы бадардзыстут уæ зæрдыл нæ диссаджы балцæй?

- Уæ зæрдæмæ кæцы афæдзы афон тынгдæр фæцыд? Цæмæн?

- Кæцы афæдзы афоны фæцæут скъоламæ фыццаг хатт?

- Кæцы афæдзы афоны уæ фæллад фæуадзут?

- Кæд вæййы уæ уарзондæр бæрæгбон?

- Кæд фæнайут уæхи цæугæдоны?

- Кæд атæхынц мæргътæ хъарм бæстæм?

- Цæмæн хъæуы æрдз хъахъхъæнын?

*Ахуыргæнæг:* Абон тынг хорз куыстат, æмæ уын стыр бузныг. Ныртæккæ та райуардзыстæм, фæззæг нын цы дыргътæ сæвæрдта немæ, уыдон.

Мæнмæ гæсгæ, тынг донджын æмæ адджын дыргътæ сты.

*Бæрæггæнæнтæ сæвæрын.*

***IV. Хæдзармæ куыст:*** Афæдзы афонтæй иуимæ баст æрдзы нывтæ скæнын.

# ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

***Уæлыгæсты Фатимæ,***
***Дзæуджыхъæуы 5-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 4-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Тыхæй зонд хуыздæр у» (æмб.)*
*Грамматикон темæ: Вазыгджын дзырдтæ*

***Урочы нысантæ:***

1. Базонгæ кæнын вазыгджын дзырдты арæзтимæ.
2. Бакусын дзургæ ныхасы рæзтыл.
3. Ахуыр кæнын царды уавæрты зондæй архайыныл, æгъдауджын уæвыныл.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

*1. Мотивацион уавæр.*

*Ахуыргæнæг:* Сабитæ, æз мæ нанайæ арæх фехъусын: «йæ чемы нæу», зæгъгæ. Никуы уæ ничи фехъуыста ацы дзырд? Цы у, цымæ, «чем»?

(уырыссагау – настроение)

*Ахуыргæнæг:* Зæгъут-ма, сабитæ, абон нæ урочы «нæ чемы уæвын» бахъæудзæн? Уæдæ нæ урок райдайæм, нæ «чемыл куыд уæм», афтæмæй. Уымæн та нын ис æххуысгæнæг. Йæ ном у Худындзæг.



Худындзæг йæ рæстæг уарзы хъазгæ-худгæйæ æрвитын. Мах та урочы кусгæ кæндзыстæм, стæй-иу хатгай Худындзæгимæ чысыл аулæфдзыстæм. Бахудæм Худындзæгмæ дæр æмæ нæ кæрæдзимæ дæр.

*Ахуыргæнæг:* Нæ хъуыдытæ «базмæлын кæнæм». Фæрстытæн дзуæппытæ рæвдз раттæм.

2. Блиц-фарст:

Цал хатты хъæуы абарын, цæмæй иу хатт алыг кæнай? (7 хатты)

Дунетыл нæй мæнæй фылдæр,
Цæрын æмбæлттимæ æнгом
Ныхасы хæйттæн дæн сæ сæр,
Хæссын æз предметæн йæ ном. (номдар)

Нарты Уæрхæгæн 12 фырты æмæ 4 чызджы? (афæдз, афæдзы афонтæ)

Цавæр маргъæн йæ бон у постхæссæг уæвын? (бæлон)

Цы ис арсæн йæ кæрон, сагæн – йæ разæй? (дамгъæ *с*)

Йæ адæмы сæраппонд йæхи залиаг калмы дзыхы чи баппæрста? Куыд хуыйны таурæгъ? (Зæринæ, «Мады хох»)

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*Ахуыргæнæг:* Мады хохимæ ма баст у æндæр таурæгъ дæр. Ныртæккæ йемæ базонгæ уыдзыстæм. Фæлæ уал равзарæм, цы ног дзырдтæ дзы ис, уыдон. Бакæсæм-ма сæ.

*1. Дзырдуатон куыст:*

кæрдæгхуыз
Мады хохрæбын
зæрдæхъæлдзæгæй
цардвæндаг
хуымæтæг
вазыгджын

*2. Текст бакæсын.*

Аргъæутты бæстæйы Мады хохрæбын Дæллаг дзырдты хъæуæй Уæллаг дзырдты хъæуы астæу калдис абухгæ дон. Хъæуты цæрджытæ кæрæдзимæ уазæгуаты цыдысты нарæг хиды сæрты. Хидыл ахизæн уыдис æрмæст иу адæймагæн. Иуахæмы Дæллаг дзырдты хъæуæй иу лæг, йæ ном Цард, фæцæйцыд Уæллаг дзырдты хъæумæ. Хиды раз амбæлд Уæллаг дзырдты хъæуæй иу лæгыл. Йæ ном хуынд Фæндаг. Алкæй дæр сæ фæндыд фыццаг ахизын:

- Ауадз мæ, Фæндаг, тагъд кæнын, нæ мæ ’вдæлы!

- Ӕмæ æз ардæм тезгъо кæнынмæ æрбауадтæн, æнахуыр цыдæр?

- Ӕз Цард дæн! Кæд хуымæтæг дæн, уæддæр æнæ мæн зæхх фесæфдзæн!

-Ӕз та Фæндаг дæн! Кæд уый бæрц ахадгæ нæ дæн, уæддæр æнæ мæн кæдæм фæцæуздынæ?!

Дардæй сæм касти Ныхасы хистæр Ӕгъдау æмæ сæм дзуры:

- Афтæ фыдуындæй хи ’вдисын уæ иуы дæр аив нæ кæны, мæ хæлæрттæ. Тыхæй зонд хуыздæр у! Хыл æмæ загъд ницы сты. Уыдон, Цард, дæу мæгуыр кæнынц, Фæндаг, дæу та афтид кæнынц. Фæлтау равзарут иудзинад, хæлардзинад æмæ уын нарæг хид алкæддæр уæрæх фæндаг уыдзæн.

Фефсæрмы сты хистæры уайдзæфæй Цард æмæ Фæндаг. Сæ къухтæ кæрæдзимæ радтой æмæ балымæн сты. Дыууæ ’мбалæй рауад иу, хонын æй райдыдтой Цардвæндаг. Афтæ дыууæ хуымæтæг дзырдæй – *цард* æмæ *фæндаг*-æй рауад иу вазыгджын дзырд – Цардвæндаг.







*3. Беседæ тексты бындурыл:*

- Куыд дардтой сæхи Цард æмæ Фæндаг хиды раз?

- Цæмæн афтæ дардтой сæхи?

*Ахуыргæнæг:* Ирон адæм нарæг хиды тыххæй фæзæгъынц, «æрдуйæ нарæгдæр хид», зæгъгæ. Ӕвæццæгæн, ахæм хид уыд нæ таурæгъы дæр.

Хидæн царды ис стыр нысаниуæг. Бакæсут-ма дунейы диссагдæр хидтæм.

(Презентаци «Дунейы рæсугъддæр хидтæ»)

Таурæгъы персонажтæ ахæм хидыл нæ цыдаиккой, фæлæ нарæг хæххон хидыл.

- Чи бауайдзæф кодта Цард æмæ Фæндагæн?

Куыд сын загъта? Цавæр зонд сын бацамыдта?

(Тыхæй зонд хуыздæр у).

- Сымах та цавæр æмбисæндтæ зонут зонд æмæ хæлардзинады тыххæй?

Æмбисæндтæ:

«Дæ рæдыдыл куы нæ сæттай, уæд дыууæ рæдыды кæныс».

«Хорз æмгар зын сахат сбæрæг вæййы».

«Зонды тæлмац æвзаг у».

«Хистæры зонд бирæ ахсы, йæ цæст та дардмæ уыны».

*Ахуыргæнæг:* Æз ма уе 'мбисæндтæм бафтаудзынæн æндæр æмбисонд – «Зонд тыхы абырста». Куыд æй æмбарут? Куыд баст у таурæгъы хъуыдыимæ?

- Цæуыл нæ ахуыр кæны таурæгъ?

*3. Тексты арæзтыл куыст.*

- Цæмæй арæзт у нæ текст?

(Хъуыдыйæдтæй)

- Хъуыдыйæдтæ та цæмæй арæзт сты?

(Дзырдбæстытæй)

- Дзырдбаст та цæмæй арæзт вæййы?

(Дзырдтæй)

- Дзырдтæ та цæмæй арæзт вæййынц?

(Уæнгтæй)

- Цал уæнджы ис дзырд *цардвæндаг*-ы?

- Йæ арæзтмæ гæсгæ ацы дзырд хуымæтæг у æви вазыгджын? Цæмæн уæм афтæ кæсы? (Вазыгджын, уымæн æмæ арæзт у дыууæ дзырдæй)

- Абон нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм?

(Вазыгджын дзырдтыл)

- Куыд хъуыды кæнут, цавæр дзырдтæ сты вазыгджын? (Дыууæ кæнæ фылдæр дзырдтæй арæзт дзырдтæ)

*4. Чиныгимæ куыст* (4-æм къласы ахуыргæнæн чиныг).

1) Ныффыссын нымæц, къуырийы бон, къласы куыст.

2) 17-æм фарсыл баххæст кæнын 37-æм фæлтæрæн (фысгæ куыст).

*5. Интерактивон фæйнæгыл куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Ацы хуымæтæг дзырдтæй саразут взыгджын дзырдтæ æмæ сæ ныффыссут уæ тетрæдты:

| | |
|---|---|
| Къух | уарзаг |
| Хи | базыр |
| Хъулон | сæрфæн |
| Бæрæг | мæрзæн |
| Куыст | бон |

6. Нывтæм гæсгæ вазыгджын дзырдтæ саразын (слайдтыл æнцой кæнгæйæ).

Кæсагахсæг, саунæмыг, къухмæрзæн, хæдтæхæг, Дзæуджыхъæу, хъæдхой, къамисæг














*7. Вазыгджын дзырдтæй иуимæ нывмæ гæсгæ хъуыдыйад саразын.*

*8. Фæлладуадзæн рæстæг (релаксаци музыкæимæ).*

Кæмдæр, бæрзонд хæхты хъæбысы (къухтæ хæрдмæ сивазын æмæ хæхтæ равдисын), райгуырд рæсугъд, зæрдæхæлар дидинæг. Уый кодта диссаджы хæрздæф (арф сулæфын, раулæфын). Хуры тынтæ йæ алыварс кафыдысты Нæртон Симдæй (æрзилын хи алфамблай). Сивæзта дидинæг хурмæ йæ иу сыф (сивазын иу къух), сивæзта иннæ сыф (сивазын иннæ къух) æмæ арвыста хурæн æмæ æппæт дунейæн хæлардзинад æмæ циндзинады салам. Арвитæм мах дæр нæ алыварс адæмæн хæлардзинад æмæ циндзинады салам (къухтыл бафу кæнын).

*9. Диалогмæ байхъусын (видеоæрмæгæй пайда кæнгæйæ):*

Æнкъардæй бады Алинæ.

- Цы кæныс, дæ фындз цы 'руагътай?
- Мæ уарзон бæрæгбон мæ зæрдыл æрбалæууыд, …æмæ…
- Цæй кой кæныс, цæ?!
- Мæ гуырæнбоны. Ехх, æвæдза…алы бон дæр мæ гуырæнбон куы уаид!
- …Æмæ абон кæй гуырæнбон у, уый зоныс?
- Куыд нæ йæ зонын!
- Сымах та йæ зонут?

(Хетæгкаты Къостайы гуырæнбон)

*Ахуыргæнæг:* Чи уыди Къоста?

(ирон фыссæг, поэт, нывгæнæг)

*10. Къостайы æмдзæвгæтæй кæцытæй ист сты ацы рæнхъытæ? Хъуыдыйæдты ссарут вазыгджын дзырдтæ.*

(Скъоладзаутæ кусынц дыгæйттæй – къайгай)

1) Зондамонæгмæ хъус,
Цы зæгъа, уый-иу кæн,
Зæрдæхъæлдзæгæй кус
Æмæ бæззай лæгæн!.. («Лæгау»)

2) Рагон мастæн – тад;
Загъдкъахæгæн – над. («Кæмæн цы...»)

3) О, уасæг, уасæг,
Сызгъæрин къоппа!
О, уасæг, уасæг,
Сырхзæлдаг боцъо! («Уасæг»)

4) Зæрватыкк – æнæхъыг,
Æнæмаст цæрæг!
Дæ зарæг – нæ дарæг,
Нæ уалдзæггæнæг! («Зæрватыкк»)

5) Алчи зыдгæнæджы
Бирæгъ фæхоны.
Бирæгъ зыд кæй кæны, –
Чидæрид зоны… («Бирæгъ æмæ хърихъупп»)

*11. Ссарын вазыгджын дзырдтæ; (лæмæгъдæр ахуырдзаутимæ):*

А) Къамисæг, зонд, саунæмыг, сырх, хæдзар, къухмæрзæн.

Æ) Хæдтæхæг, ахуыргæнæг, хох, æгъдау, хæдзаргæнæг.

Б) Цард, Дзæуджыхъæу, куыстуарзаг, æмбал, фыссæг.

В) Хъæдхой, зарæг, хæдзаргæнæг, уæнг, хæларзæрдæ

Г) Бæрæгбон, зарæггæнæг, дзырд, цæсгом.

***III. Урочы хатдзæгтæ (Рефлекси)***

*Беседæ:*

- Цæуыл дзырдтам абон урочы?
- Чи уæ цы базыдта ногæй?
- Цы уæм фæкаст цымыдисаг урочы?
- Кæй куыст фæцыд уæ зæрдæмæ?

***IV. Хæдзармæ куст:***

1. Сахуыр кæнын чиныджы раиртæст.
2. Дзырдуатæй рафыссын 10 вазыгджын дзырды, семæ хъуыдыйæдтæ саразын.

***Зембатты Ларисæ,***
***Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 2-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:* *Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ æмæ сæ растфыссынад***

***Урочы нысантæ:***

1. Бацамонын дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад.
2. Ахуыр кæнын хибарæй хъуыды кæныныл, хатдзæгтæ кæнын æмæ хи хъуыды æргом кæнынyл. Бакусын сыгъдæгфыссынады æгъдæуттыл.
3. Разæнгард кæнын мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ.

***Урочы пайдагонд цæуы:*** 2-æм къласы ирон æвзаджы ахуыргæнæн чиныгæй, компьютерæй, интерактивон фæйнæгæй.

*Урочы æнцойгæнæн дзырдуат:*

Орфограммæ
Сыгъдæгфыссынад
Къæрцхъус
Дæргъвæтин
Дывæр

**Урочы цыд:**

***1. Бацæттæгæнæн рæстæг (мотивацион уавæр)***

*Ахуыргæнæг:* Нæ урок райдайдзыстæм Хуыгаты Мырзабеджы æмдзæвгæйы рæнхъытæй:

*Цæмæн ма ис сисæн æвзагæй уæлдæр,*
*Ирон æвзаг райгуырдис дисæн:*
*Цæмæн кæнæм не 'взаг нæхæдæг дæлдæр? -*
*Ǽвзаг куы у удты æвдисæн!*

- Куыд æмбарут ацы æмдзæвгæйы хъуыды? (Скæнын хатдзæг мадæлон æвзаджы нысаниуæджы тыххæй)

***I. Рацыд æрмæгыл куыст***

1. Кавказаг мыртæ æмæ дамгъæтæ зæрдыл æрлæууын кæнын.

Слайдыл кæсæм:

| | а | æ | о | у | ы | и |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **с** | | | | | | |
| **дз** | | дзæ | | | | |
| **хъ** | | | | | | хъи |
| **гъ** | гъæ | | | | | |
| **къ** | | | къо | | | |
| **з** | | | | | | |

*Ахуыргæнæг:*

Æз уын дзурдзынæн дзырдтæ. Сымах мæм лæмбынæг хъусут!

Фæйнæгыл æмæ уæ тетрæдты фыссут, цы дамгъæты растфыссынад хъуамæ нæ зæрдыл бадарæм, уыдон.

Фæткъуы, хъæдындз, дзурын, пъол, джитъри, хæцъил, чъыр, мигъ.

*Ахуыргæнæг:*

Ныр та фыссæм æнæхъæн дзырдтæ:

рух**с**, ма**ш**инæ, æв**з**аг, **ж**ираф.

- Цæмæй хицæн кæны ацы дзырдты растфыссынад?

*Дзуапп:*

Ирон «**с**» æмæ уырыссаг «**ш**» фыссæм алыхуызон. Уырыссаг æвзагæй æрбайсгæ дзырдты фыссæм уырыссаг «ш», ирон дзырдты та – ирон «с».

*Ахуыргæнæг:* Уæлдæр цы дамгъæтæ ныффыстам, уыдон иннæтæй цæмæй хицæн кæнынц?

*Дзуæппытæ: 1)* Уыцы дамгъæтæ фыст цæуынц хъæбæр нысанимæ.

*2)* Уыцы мыртæ мах хонæм кавказаг…

*Ахуыргæнæг:* Ацы мыртæ цавæртæ сты?

*Дзуæппытæ:* Æмхъæлæсонтæ.

*Фæлладуадзæн минут* (хъазты чызджытимæ асимæм, хъазты лæппутимæ акафæм музыкæмæ гæсгæ).

*Ахуыргæнæг:* Ǽз уын дзурдзынæн дзырдты къæйттæ, сымах лæмбынæг хъусут æмæ дзы ссарут хицæндзинæдтæ:

*Раз - раззаг,*

*Уæй - уæййаг,*

*Хъæу - хъæууон.*

*Дзуæппытæ:* дзырдты ис дыгай дамгъæтæ. Иу дамгъæ дыууæ хатты фыст цæуы.

*Ахуыргæнæг:*

Уе 'ппæт дæр раст стут, фæлæ ноджы растдæр уыдзæн *«Дæргъвæтин æмхъæлæсон»*.

- Уæдæ абон урочы цавæр æмхъæлæсонтимæ базонгæ уыдзыстæм?

***II. Ног æрмæгыл куыст***

*1. Чиныгимæ куыст.*

1. Бакæсын æмæ равзарын 8§, баххæст кæнын 98-æм фæлтæрæн.

Дыккаг цæджындзы дзырдтимæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ.

*2. Тагъддзуринагыл куыст.*

Къаппа-къоппа – къæбæлдзыг,
Къаппа-къоппа – хæтæлдзыд.
Къаппа-къоппа – уæлвæзы,
Къаппа-къоппа – дæлвæзы.

*3. Ахуыргæнæг:* Куыд зонут уыциуыцитæ та?

Рæсугъд у, фæлæ дзы къæхтæ сæлынц! *(мит)*

Базон-базон, уый кæд у, æрдз скæны урс фæлыст? *(Зымæг)*

*Ахуыргæнæг:* Цавæр афæдзы афонтæ ма зонут? (Уалдзæг, сæрд, фæ**зз**æг, зымæг). Равзарын дзырд «фæззæг»-ы растфыссынад.

*4. Текстыл куыст.*

Зымæг.

Ралæууыд уазал зымæг. Урс мит бамбæрзта хæдзæртты сæртæ.

Мæргътæ сæ ахстæтты бамбæхстысты. Тæрсынц уазалæй. Хурмæ æнхъæлмæ кæсынц.

Æрмæст сывæллæттæ цин кæнынц зымæгыл.

*а) Беседæ тексты бындурыл.*

- Цавæр афæдзы афоны кой цæуы тексты? Цæмæй бæрæг у?

- Зымæджы ма цавæр ивддзинæдтæ æрцæуы æрдзы?

*(Дзуæппытæм байхъусын)*

- Сывæллæттæ та цæмæн фæцин кæнынц зымæгыл?

- Зымæгон хъæзтытæй цавæртæ уарзут?

*æ) Тексты орфограммæтыл куыст.*

- Ссарын дзырдтæ дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ, рафыссын сæ, бацамонын сæ растфыссынад; кæрæдзийы тетрæдтæ райсын, сбæрæг кæнын фыстытæ, кæрæдзийæн бæрæггæнæнтæ сæвæрын.

- Ссарын тексты дзырдтæ кавказаг æмхъæлæсонтимæ, бахахх кæнын æмхъæлæсонты бын; кæрæдзийы фыстытæ та сбæрæг кæнын.

- Текстæй рафыссын иуyæнгон дзырдтæ, сбæрæг та кæнын кæрæдзийы фыстытæ.

*Фæлладуадзæн минут* (хъæзты чызджытимæ асимæм, хъæзты лæппутимæ акафæм музыкæмæ гæсгæ).

5. Уыци-уыцитæм гæсгæ дзырдбыд баххæст кæнын.

1) Адæм бафснайдтой тыллæг,
Æмæ ралæууыд …
(Фæззæг)

2) Нæ йæм фæрæт
Æмæ хырх вæййы,
Нæ дзæбуг æмæ аркъау,
Афтæмæй уæладзыг
Хæдзæрттæ аразы.
(Зæрватыкк)

3) Æхсæв уыны, бон – нæ.
(Хæлынбыттыр)

4) Иу хатт дыууæ хатты
Демæ фæхыл дæн.
Цас у сæ нымæц
Æдæппæт нæ хылтæн?
(Дыууæ)

5) Цъиу нæу, афтæмæй цæрдæг
Къалиуæй къалиумæ гæппытæ кæны.
(Æхсæрсæттæг)




**Раст фысс**



| | а | æ | о | у | ы | и |
|---|---|---|---|---|---|---|
| с | са | | | | | |
| дз | | | | дзу | | |
| хъ | | хъæ | | | | |
| гъ | | | | | гъы | |
| з | | | зо | | | |
| къ | къа | | | къу | | |



*7. Карточкæтимæ куыст. Дзырдтæ баххæст кæнын.*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Х | Х | | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Х | Х | | | | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Х | Х |

*(Æххуыс, æххормаг, зæхх)*

***III. Урочы хатдзæгтæ***

1. Беседæ:

- Цавæр ног æрмæгимæ базонгæ стæм абон?

- Кæд фæфыссæм дзырды дæргъвæтин æмхъæлæсон?

- Цы архæйдтытæ кодтам, уыдонæй уæм зын кæцытæ фæкастысты?

- Хуызæр чи архайдта урочы?

***IV. Хæдзармæ куыст:***

Ныффыссын цыбыр нывæцæн (4-6 хъуыдыйады) ахæм темæйыл: «Мæ уарзондæр зымæгон хъæзтытæ».

*Ахуыргæнæг:* Нæ урок фæуыдзыстæм Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæйæ (дзурынц æй иумæ)

Ирон æвзаг! Мæ зынджы хай, мæ арт!
Æрттив, æхсид æнусбонтæм æдасæй.
Дæ цæрайæ, дæ рухс æмæ дæ тафсæй
Цæрдзынæн æз æмæ хæрдзынæн ард.

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

## 2012-2013 АХУЫРЫ АЗЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ОЛИМПИАДÆЙЫ ФÆСТИУДЖЫТÆ

2012-2013 ахуыры азы ирон æвзаг æмæ литературæйы республикон олимпиадæйы æдæппæтæй архайдтой 125 ахуырдзауы (66 – æвзагæй, 59 – литературæйæ). Уыдонæй 44 уыдысты 9-æм къласы ахуыргæнинæгтæ, 38 – 10-æм къласы ахуыргæнинæгтæ, 43 та 11-æм къласонтæ.

Олимпиадæйы архайджыты ’хсæн бынæттæ нысангонд æрцыдысты ахæм хуызы.

**Ирон æвзагæй:** 9-æм къласы ахуырдзауты ’хсæн фæуæлахиз Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Гæззаты Эсмиральдæ (йæ ахуыргæнæг – Лохты Ритæ). Олимпиадæйы призертæй 9-æм къласонты ’хсæн нымад æрцыдысты: Змейкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Сиукъаты Оля (йæ ахуыргæнæг – Дзуццаты Римæ), Дзæуджыхъæуы РФМЛИ-йы ахуыргæнинаг Гатикъоты Инессæ (йæ ахуыргæнæг - Дзобелаты Венерæ), Красногоры скъолайы ахуыргæнинаг Кобесты Тамилæ (йæ ахуыргæнæг - Техты Гульчора), Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Хæмæтаты Дзерассæ (йæ ахуыргæнæг – Кобесты Ритæ), Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнинаг Тедеты Кристинæ (йæ ахуыргæнæг – Саухалты Валентинæ).

10-æм къласонтæй ирон æвзагæй йæхи хуыздæр равдыста Елхоты 1-æм гимназы ахуыргæнинаг Хетъеты Сослан (йæ ахуыргæнæг – Гæззаты Ритæ).

Призертæй нымад æрцыдысты: Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы ахуыргæнинаг Гиоты Данæ (йæ ахуыргæнæг – Кцойты Зæлинæ), Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы ахуыргæнинаг Хъæцмæзты Маретæ (йæ ахуыргæнæг – Кцойты Зæлинæ), Ногиры 2-æм скъолайы ахуыргæнинаг Алæгаты Миланæ (йæ ахуыргæнæг – Гæджиты Езетхан), Беслæны 2-æм скъолайы ахуыргæнинаг Браты Диана (йæ ахуыргæнæг – Тауытты Фатимæ).

11-æм къласонты ’хсæн хуыздæрыл нымад æрцыд Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ахуыргæнинаг Дзæгæхаты Агуындæйы куыст (йæ ахуыргæнæг – Цакъоты Людмилæ).

Призертæ систы: Тарскæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Мæхъиты Аленæ (йæ ахуыргæнæг – Хуыгаты Изæ), Беслæны 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Дзампаты Зæринæ (йæ ахуыргæнæг– Дзгойты Зæлинæ), Цыколайы 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Темыраты Арсен (йæ ахуыргæнæг– Озиты Тая).

**Ирон литературæйæ:**

9-æм къласонты ’хсæн хуыздæрыл нымад æрцыд Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Гæззаты Эсмиральдæйы куыст (йæ ахуыргæнæг – Лохты Ритæ).

Призертæ систы: Хæтæлдоны скъолайы ахуыргæнинаг Бæгъиаты Мæдинæ (йæ ахуыргæнæг – Æгкацаты Жаннæ), Змейкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Сиукъаты Ольгæ (йæ ахуыргæнæг – Дзуццаты Римæ), Дзæуджыхъæуы РФМЛИ-йы ахуыргæнинаг Гатикъоты Инессæ

(йæ ахуыргæнæг – Дзобелаты Венерæ), Хъæдгæроны скъолайы ахуыргæнинаг Моурауты Лаурæ (йæ ахуыргæнæг – Гуытъиаты Заремæ).

10-æм къласонты 'хсæн хуыздæр разынд Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Тебиаты Викторияйы куыст (йæ ахуыргæнæг – Кобесты Ритæ); призертæ систы: Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы ахуыргæнинаг Гиоты Данæ (йæ ахуыргæнæг – Кцойты Зæлинæ), Дзæуджыхъæуы 50-æм скъолайы ахуыргæнинаг Баситы Давид (йæ ахуыргæнæг – Хæмыцаты Фузæ).

11-æм къласонты 'хсæн хуыздæрыл нымад æрцыд Змейкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнинаг Утарты Ларисæйы куыст (йæ ахуыргæнæг – Дзуццаты Римæ); призертæ систы: Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназы ахуыргæнинаг Гуйты Мæдинæ (йæ ахуыргæнæг – Дзебысаты Мзия), Дзæуджыхъæуы 46-æм скъолайы ахуыргæнинаг Сохиты Аланæ (йæ ахуыргæнæг – Хъороты Беллæ).

Журналы редакци арфæ кæны олимпиадæйы архайджытæн æмæ сæ ахуыргæнджытæн. Нæ зæрдæ сын зæгъы ног æнтыстытæ.

## РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС «ИРОН АИВ ДЗЫРДЫ ДÆСНЫ»-ЙЫ ФÆСТИУДЖЫТÆ

## (2012-2013 АХУЫРЫ АЗ)

Нæ республикæйы æрвылаз дæр курдиатджын сывæллæтты 'хсæн арæзт фæцæуы «Ирон аив дзырды дæсны»-йы конкурс. Ацы конкурсæн ис стыр ахадындзинад: йæ фæрцы сывæллæттæм гуыры уарзондзинад мадæлон æвзагмæ, рæзынц се сфæлдыстадон гæнæнтæ; рæзгæ фæсивæд æмхиц кæнынц ирон дзырдмæ, ирон дзырдаивадмæ.

2013 азы хуымгæнæны мæйы 5-æм боны Сывæллæтты сфæлдыстадон республикон галуаны арæзт æрцыд республикон конкурсы æртыккаг этап. Конкурсы архайджытæ сæ кармæ гæсгæ дихгонд æрцыдысты цыппар къордыл:

1) рæвдауæндæтты хъомылгæнинæгтæ æмæ райдайæн кълæсты ахуырдзаутæ;
2) 5-7 кълæсты ахуыргæнинæгтæ;
3) 8-9 кълæсты ахуыргæнинæгтæ;
4) 10-11 кълæсты ахуыргæнинæгтæ.

2013 азы «Ирон аив дзырды дæсны»-йы республикон конкурсы æдæппæтæй архайдтой 140 сывæллоны.

Дæлдæр мыхуыр кæнæм конкурсы уæлахиздзауты номхыгъд.

| № | Конкурсы архайæг | Скъола, рæвдауæндон | Кълас | Бынат | Ахуыргæнæг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Токты Ирбег | Дзæуджыхъæуы прогимнази «Интеллект» | 3 | I | Гадзиаты С.В. |
| 2 | Хъаныхъуаты Инал | Дзæуджыхъæуы 83- æм рæвдауæндон | | I | Ботъоты М.Н |
| 3 | Сиукъаты Оля | Дзæуджыхъæуы 99- æм рæвдауæндон | | I | Гуыбиаты А.И. |
| 4 | Сиукъаты Тотраз | Дзæуджыхъæуы 30 - æм скъола | 10 | I | Битарты Л.П. |
| 5 | Исрафилова Аминæт | Дзæуджыхъæуы 99- æм рæвдауæндон | | II | Дзуццаты Р.Н |
| 6 | Пухаты Элинæ | Дæллаг Санибайы скъола | 5 | II | Къораты Ф.Т. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 7 | Гаджиты Мальвинæ | Алагиры 5-æм скъола | 7 | I | Хъайттаты Л.Н |
| 8 | Дулаты Замирæ | Дзæуджыхъæуы 13-æм скъола | 10 | II | Хъæцмæзты Ж.И. |
| 9 | Тлаттаты Анастасия | Октябрьскæйы 1-æм скъола | 3 | III | Цхуырбаты А.Ю. |
| 10 | Харебаты Ленæ | Елхоты 3-æм скъола | 10 | III | Танделаты К.С |
| 11 | Бæцойты Аслæнбег | Уæллаг Фиййагдоны скъола | 9 | III | Куыдзиаты А.Б. |
| 12 | Цæллагты Аланæ | Ольгинскæйы скъола | | III | Кочысаты Л.С. |

***Цæллагкаты Светланæ,***
***Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ТЕАТРАЛОН РАВДЫСТ «НÆРТОН СИМД»

*1-аг ныв*

*Хъуысы хъисын фæндыры цагъд. Сценæмæ рацыдысты амонджытæ.*

*1-аг амонæг:*

Ис а дунейы фарн æмæ рæстдзинад,
Фыдæй-фыртмæ сæ хъахъхъæны ирон…
Нæрæмон Нарт, ныууагътат нын лæгдзинад, -
Æвзыгъд лæджы æсхонæм мах «нæртон».

*2-аг амонæг:*

Хæрын Сырдоны рихийæ æз ард:
Нæ басастаид Нарты фидар иу дæр,
Бæттæм сæ цытимæ нæ фидæн,
Кæнæм сæ буц номæй лæггад.

*3-аг амонæг:*

Æнустæ ивдзысты æнусты, -
Кæм вæййы рæстæгæн кæрон?
Дæлдзæхы уа кæнæ уæлæрвты, -
Нæ фесæфдзæнис стыр Нартæн сæ ном…

Слайд: ныв «Нарты фæткъуы».
(Хъуысы ирон музыкæ)

*1-аг амонæг:*

Нæртон фæткъуы, дам, адавта æхсинæг,
Æхсар куы æрфынæй æхсæв,
Фæцæф кодта æхсинæджы Æхсæртæг,
Сæ фыд та уыд зæронд Уæрхæг.

*Сценæ «Дзерассæ æмæ Æхсæртæг»*
(хъуысы Плиты Жаннæйы музыкæ)

*2-аг амонæг:*

Æхсæртæг, Нарты фæткъуымæ цы ‘хсинæг тахти, уый фæцæф кодта, йæ туджы ‘ртæхтæ йын зæлдаг кæлмæрзæны батыхта æмæ ацыдис йæ тугвæдыл. Бафтыдис ден-джызы бын Донбеттырты хæдзармæ.

*(Æфсымæртæ фынджы уæлхъус æнкъардæй бадынц)*

Æхсæртæг: Фарн ацы хæдзары, æмæ уæ райсом хорз!

*1-аг æфсымæр:*

Хорз дæ хай уæд! Мидæмæ! Мидæмæ! *(Æхсæртæджы æрбадын кодтой).*

*2-аг æфсымæр:*

Дæ хуызæн уазæгыл бацин кæнын бæргæ хъæуы, фæлæ мастыл стæм.

Æхсæртæг: Хуыцау уæ мастæй бахизæд… Цæуыл мæсты стут?

*3-аг æфсымæр:*

Æртæ хойы нын уыдис, æмæ сæ фыдбылызæн сахуыр сты нарты цæхæрадонмæ.

*1-аг æфсымæр:*

Нæ хо Дзерассæ иу æхсæв уырдыгæй æхсинæджы хуызы радавта нарты сыгъзæрин фæткъуы.

*2-аг æфсымæр:*

Бæргæ йын дзырдтам, нартмæ фыдуаг фæсивæд ис, уыдонæй арвыл цъиу атæхын дæр нæ уæнды, зæгъгæ, фæлæ нæм нæ байхъуыста *(хъуысы хъæрзын)*

Æхсæртæг *(фестадис):* Уый кæй хъæрзын у?

*1-аг æфсымæр:* Уый нæ хо Дзерассæ цæфæй хуыссы.

Æхсæртæг: Æмæ йын ницы хос ис?

*2-аг æфсымæр:* Йæ туджы ’ртæхтæ – уыдон сты йæ хос; куы сæ æрæмбырд кæнай æмæ йыл сæ куы бафу кæнай, уæд аирвæздзæн.

Æхсæртæг: Æмæ йæ чи фервæзын кæна, уымæн цы хорз ракæндзыстут?

*3 -аг æфсымæр:*

Уыцы лæгæн раттиккам нæ хо Дзерассæйы – Хуыцау æй уымæн саккаг кодта.

*Æхсæртæг:*

Уæдæ æз дæн нарты Уæрхæджы фырт Æхсæртæг. Цæвгæ дæр æй æз ныккодтон, æмæ йæ дзæбæх дæр æз скæндзынæн *(æфсымæртæ фæгæппытæ кодтой).* Ракæнут-ма йæ ардæм.

*1-аг æфсымæр:*

Чызг уæззау рынчын у, уатмæ йæм бахиз (фæфæсвæд ис, стæй рацыдис Дзерассæимæ иумæ. Æфсымæртæ бацин кодтой).

*1-аг æфсымæр:*

Мæнæ диссæгтæ!



*2-аг æфсымæр:*

Авд хатты рæсугъддæр фестадис нæ хо Дзерассæ!

*3-аг æфсымæр:*

Чындзæхсæв! Чындзæхсæв!

(Хъуысы фæндыры цагъд. Æхсæртæг æмæ Дзерассæ кафынц «Рагон хонгæ»)

*2-аг ныв.*

*1-аг амонæг:*

Дæ намыс калдта арвы бын тæмæн,
Дæ къабæзты ныффидар ис нæртон тых,
Батрадз – дæ ном, ‘мæ а дунейыл дæу
Нæ басастаид хотыхæй зæххон гуырд.

Слайд: Тугъанты Махарбеджы нывтæ.

(Хъуысы ирон музыкæ)

Сценкæ «Батрадз æмæ Хъулонзачъе Уæйыг».

*2-аг амонæг:*

Нартæн сæ хæхты фæзындис Хъулонзачъе Уæйыг. Сæ фосы сын хизынмæ нал уагъта, хынджылæг сæ кодта. Уæд нарты хистæртæ бауынаффæ кодтой, зæгъгæ, куывд саразæм, æрхонæм нарты адæмы иууылдæр æмæ равзарæм фосгæс. Уырызмæг хонджыты арвыста Æртæ Нартмæ дæр.

(Фынджы уæлхъус лæууынц нарты адæм æмæ Уырызмæг æлутоны кæхцимæ)

*Уырызмæг:* Нарты адæмæн фосгæс ацæуынмæ йæ ныфс чи хæссы, уый кувæггаг айсæд! *(ничи йæм цæуы)*

*Уырызмæг:* Ацæут æмæ цъиуызмæлæг дæр мауал ныууадзут фæсте!

*(æрбакодтой Сырдоны дæр)*

*Уырызмæг:* Чи хæссы йæ ныфс фосгæсæй ацæуынмæ, уый кувæггаг айсæд! *(ничи йæ исы)*

*Сырдон (цингæнгæйæ):* Гъе уый уын кæй федтон, Нарт!

*Уырызмæг:* Исчи ма баззадис нарты адæмæй æдде?

Иу лæг: Уæлæ ма иу чысыл лæппу бæгъæввадæй фæнычы хъазы.

*Уырызмæг:* Ацæут æмæ йæ тагъд ардæм æркæнут. *(æрбакодтой лæппуйы)*

*Уырызмæг:* Чи ацæудзæн нартæн фосгæсæй, уый кувæггаг айсæд! *(лæппу сæрæн æвнæлд фæкодта кувæггагмæ)*

*1-аг амонæг:*

Дыккаг бон аскъæрдта Батрадз нарты фос хизынмæ.

*(Батрадз бады хизæны, йæ сæрыл – нымæтхуд, йæ размæ богътæ кæнгæ æрбахæццæ ис Уæйыг)*

Уæйыг: Чи куыдз, чи хæрæг, ам мæ зæхмæ йæ ныфс чи æрбахаста?

Батрадз: Куыдз дæр дæхæдæг æмæ хæрæг дæр, кæд дæ сæт цæуыл калыс?

Уæйыг *(хæстæгдæр бацыдис Батрадзмæ):* Лæппу, ды нарты Батрадзы нæ зоныс?

Батрадз: Зонын, бæгуыдæр.

Уæйыг: Æмæ уагæр цавæр хъæзтытæ фæкæны?

Батрадз: Хæстæгдæр ма мæм рацу, æмæ дын æй зæгъон.

(Уæйыг æм хæстæгдæр бацыдис)

Батрадз: Мæнæ ахæм! *(Уæйыджы йæ быны ракодта æмæ йæ цирхъæй бариуыгъта. Адæм цин кæнынц)*

1-аг лæг: Уæ дæ цæрæнбон бирæ уа, нарты адæмы чи фервæзын кодта Хъулонзачъе Уæйыгæй!

2-аг лæг: Гъе уый дын нæртон лæппу!

3-аг лæг: Гъе уый дын Батрадз!

1-аг лæг: Батрадзæн – иу кафт!

(Батрадз кафы «Хохаг кафт»)

*3-аг ныв*

Слайд: Тугъанты Махарбеджы ныв «Нарты куывд».

(Хъуысы ирон музыкæ)

*2-аг амонæг:*
Хуыдтой йæ буцæн Нарт «фæйнæгфарс»,
Нæ фидыдта æнæ Сосланæй хъазт,
Уыдис-иу хосгæнæг фыртыхстæн,
Æмæ-иу ‘рцыдис знаджы фидар саст.



Сценкæ «Сослан æмæ Челæхсæртæг» *(Нарт ныхасы бадынц)*

1-аг лæг: Цæй, Нарт, цы ног хабæрттæ уæм ис?

2-аг лæг: Афтæ фехъуыстон, æмæ, дам, Сослан Бедухайы куры, фæлæ йын æй йæ фыд нæ дæтты.

3-аг лæг: Чи? Челæхсæртæг?

4-æм лæг: О-о, хъал Челæхсæртæг!

5-æм лæг: Абон, дам, фæбыцæу сты, чи сæ хуыздæр ракафдзæн, зæгъгæ.

2-аг лæг: Челæхсæртæг загъта, кæд Сослан амбула, уæд ын мæ чызджы ратдзынæн, зæгъгæ.

3-аг лæг: Сослан та афтæ, Челæхсæртæг куы рамбула, уæд ын, зæгъгæ, ратдзынæн мæ диссаджы хотыхтæ.

Сырдон: Уыдон мæн куы уаиккой…

4-æм лæг: *(æнæрвæссон хуызæй):* Куыннæ, дæумæ куы ‘рхаудтой, Гæтæджы фырт!

(Музыкæ. «Ерыс-кафт»)

*1-аг амонæг:*

Хызы фырт, хорз кафыдтæ, фæлæ дзы Сосланæн æмбал нæ уыдис, æмæ хæснаг уый у. *(рахæцыдис Нарты Сосланы уæхскыл)* Уæдæ, Сослан, амæй фæстæмæ фыддæсны кафæджы ном – дæу!

*4-æм ныв*

Слайд: Тугъанты Махарбеджы нывтæ.
(Хъуысы хъæлдзæг музыкæ)

*1-аг амонæг:*
Хуыдтой йæ «бурзачъе фыдлæг»,
Уый кодта Нартмæ ‘дзух хæлæг,
Нывæста нарты зæххыл хин,
Сæ цинын никуы кодта цин.

*2-аг амонæг:*
Уæддæр-иу Нарт Сырдонæн барстой,
Фыдрæстæг-иу æй арæх фарстой.
Æрцыд-иу райсом бон фæсмонæй, -
Хынджылæг кодта Нарты кадджын номæй.

*Сценкæ «Сырдоны хæрæг».*

Сыхаг: Сырдон, гъе, Сырдон, æддæмæ ма ракæс!

Сырдон *(хъуыр-хъуыргæнгæ рацæуы):* Сырдон дарæг дæ мауал уæд! *(хъæрæй):* Кæцæй фæдæ, кæцæй?

Сыхаг: Æфсоны загъд мын, мидæмæ, зæгъгæ, уæддæр ракæ…

Сырдон: Æмæ мæхæдæг мидæгæй куы ницы арын, уæд дзы ды цы ссаринаг дæ? Цæй, цы та дæ хъæуы?

Сыхаг: *(йæ сæр батылдта)* Сырдон, дæ хæрæг ма мын авæр, кæд дзы ницы кусыс, уæд.

Сырдон: Уæуу, фæлтау мын мæ мард куы федтаис, æмæ мæм гыццыл раздæр куы ‘рбацыдаис.

Сыхаг: Хуыцау бахизæд!

Сырдон: Дæ хæдразмæ йыл нæ лæппу хъæдмæ суг ласынмæ ацыдис.

*(Уыцы рæстæг хæрæг хъæрæй ныууасыдис)*

Сыхаг: Худинаг дын нæу, Сырдон… Дæ хæрæг скъæты куы ис, уæд мæ цæмæн сайыс?



Сырдон: Æмæ йæ цæмæй зоныс, скъæты ис, уый?

Сыхаг: Уæртæ йын йæ уасын нæ хъусын?

Сырдон: Нæ фæлæ худинаг дæуæн у, мæныл ма баууæнд, фæлæ цавæрдæр хæрæгыл бауæнд?! *(Йæ къух ауыгъта æмæ ацыдис)*

*Кæронбæттæн ныв*

(Хъуысы ирон музыкæ. Архайджытæ иууылдæр сценæмæ рацыдысты)

*1-аг амонæг:*

Нарт Нарт уæд уыдысты, арв сæ нæрын уæд нæ уæндыди, æмæ мæлын куы зыдтой сæ дзыллæйы сæрыл!

*2-аг амонæг:*

Нарт Нарт уæд уыдысты, æмæ нæртон адæймаджы дзыхæй рæстдзинад йеддæмæ куы ницы ирвæзти!

*3-аг амонæг:*

Адæмтæ хæлæг уæд кодтой Нартмæ, сæ гуыбыныл хæцын куы фæрæзтой, нозтæй сæхи куы хъахъхъæдтой, сæ зонд, се 'хсар куы нæ састой!

*1-аг амонæг:*

Нæ адæм адæм уæд уыдысты, æмæ нæ кæстæр хистæры куы нымадта, кад ын куы лæвæрдта, кæрæдзимæ куы хъуыстой; сылгоймаджы тыххæй йæ цæсгом куы ничи сæфта!

*2-аг амонæг:*

Уæдæ нæ фæсивæд Нарты хуызæн хæдзонд, хъæбатыр æмæ хæрзæгъдау куыд уа, ахæм амонд сын Хуыцау раттæд!

*3-аг амонæг:*

Нæртон фарнæй хайджын ут!

*Зарынц Зæнджиаты Мæдинæйы фыст «Бæрæгбоны зарæг».*

*2-аг амонæг:*

Ныр та – «Симд», фæсивæд, «Симд»! Æрсимæм-ма нæртон симдæй!

Архайджытæ иууылдæр кафынц «Нæртон симд».

*Лазарты Иринæ,*
*Беслæны 1-æм скъолайы*
*ахуыргæнæг*

## БРЕЙН-РИНГ

### Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бонмæ

Дыууæ амонæджы кæсынц æмдзæвгæтæ (иуы къухы – чиныг «Ирон фæндыр», къулыл – Хетæгкаты Къостайы къам. Скъоладзау æмдзæвгæ кæсы, къаммæ кæсгæйæ).

Хъуысынц музыкæйы зæлтæ, æвдыст цæуы презентаци.

*1-аг амонæг:*

Къостайы ныв.
Фæкæсын джихæй райсомæй нæ къулмæ.
Поэты нывæй нал исын мæ цæст.
Йæ сæр йæ цонгыл ’рæнцой кодта зулмæ,
Кæнынц йæ риуыл урс бæрцытæ уæз.

Йæ хъамайы сæр айдæнау æрттивы,
Ныффидар и лæгъз кæрддзæмы йæ ком.
Йæ ном дæр афтæ баззади мæ риуы,
Мæ риу кæрддзæм у, хъама та – йæ ном.

Пухаты А.

*2-аг амонæг:*

Ирон фæндыр.
«Ирон фæндыр» – ирон чиныг,
Ирон дзыллæйы цин,
Зыдта уый иууыл ’нæкæсгæ
Сæрæй бынмæ гыцци.
Мæ мад мын æй цæстуарзонæй
Уæд бакодта лæвар.
Йæ фарсыл та йæ къухфыстæй:
«Мæ номыл æй фæдар!»
Мæ къухмæ йæ куы райсын ныр,
Уæд ыл фæкæнын цин.
«Ирон фæндыр» – нæртон хæзна –
Мæ уд, мæ дзæцц ысси.

Плиты И.

*1-аг амонæг:*

Абон æппæт Ирыстоны адæмæн у бæрæгбон. Хетæгкаты Леуаны фырт Къостайы райгуырæн бон бæрæг кæндзыстæм кадджынæй мах дæр. Уæд, Кæфты мæйы 15-æм бон, 1859 азы Ирыстоны сæрмæ ссыгъди ирд стъалы. Райгуырд, ирон адæмæн стыр лæггад чи бакодта, уыцы Къоста. Уæдæй абонмæ рацыд бирæ рæстæг, рацæудзæн ма ноджыдæр, фæлæ никуы ферох уыдзæн ирон адæмæй нæ лæугæ хох, нæ цæугæ мæсыг!

*2-аг амонæг:*

Абон та ногæй æрымысæм Къостайы ном. Нæ интеллектуалон хъазт «Зондабит»-ы архайынц 6-æм къласонтæ. (Зæлы зарæг «Зондабитæ»). Æрбацыди нæм уазджытæ дæр. Уæ дзуæппытæн та уын аргъгæнæг уыдзысты жюрийы уæнгтæ (нымайы сæ).

Уæдæ райдайæм нæ хъазт.

*1-аг амонæг:*

Фыццаджыдæр нæ фæнды, цæмæй жюрийы уæнгтæ аргъ скæной хъазты къордты нæмттæн æмæ эмблемæтæн. Аргъгонд сын цæуы 3-баллон системæмæ гæсгæ.

Алы къордæн дæр ис раздзог. Уый нын ныртæккæ бацамондзæн йæхи æмæ йæ къорды уæнгты дæр.

Зæгъут, цæмæн афтæ схуыдтат уæ къорды ном.

*2-аг амонæг:*

Абоны хъазт райдайдзыстæм хæдзармæ куыст бæрæг кæнынæй. Алы къорд дæр Къостайы сфæлдыстадæй хъуамæ бацæттæ кодтаид иу æмдзæвгæ. Хæдзармæ куыстæн аргъгонд цæуы 5-баллон системæмæ гæсгæ. Байхъусæм къордты минæвæрттæм.

(Ахуырдзаутæ кæсынц æмдзæвгæтæ, жюри аргъ кæны аив кастæн)

*1-аг амонæг:*

Ныр та нæ фæнды сбæрæг кæнын, Къостайы царды хабæрттæ чи куыд зоны, уый.

Къордтæн лæвæрд цæуы фысгæ хæслæвæрд. Тексты баххæст кæнут цухгонд бынæттæ. Раздæр чи фæуа, уыцы командæ ссудзæд йæ цырагъ, хъусæм æм фыццаг. Уый фæстæ дыууæ командæйы дæр сæ куыстытæ дæттынц жюрийы уæнгтæм. Хæслæвæрдæн аргъгонд цæуы 3-баллон системæмæ гæсгæ.

Хæслæвæрды текст.

Хетæгкаты Къоста райгуырд …азы … мæйы … бон, … комы, … хъæуы. Йæ фыд … уыдис … Къоста куы райгуырд, уæд йæ мад … Сабийы йæхимæ хъомыл кæнынмæ райста … Фæстæдæр Хетæгкаты бинонтæ цардысты … хъæуы. Къоста ахуыр кодта … гимназийы, … аивæдты академийы. Къоста амард … азы … низæй. Ныгæд æрцыд … .

*2-аг амонæг:*

Цалынмæ жюрийы уæнгтæ аргъ кæнынц уæ куыстæн, уæдмæ байхъусæм зарæгмæ.

Дарддæр хæццæ кæнæм нæ хъазт. (Хъуысы зарæг «Зондабитæ»)

Иннæ хæслæвæрд уыдзæн ахæм: къордтæ лæмбынæг хъусынц æмдзæвгæйы рæнхъытæм. Хъуамæ сбæрæг кæнат, кæцæй ист сты ацы рæнхъытæ, уый. Алы раст дзуаппæн дæр лæвæрд цæуы 1 балл. Йæ бон кæмæн у, уый æмдзæвгæ дарддæр ахæццæ кæнæд. Уый тыххæй лæвæрд цæуынц уæлæмхасæн 2 баллы.

*1-аг амонæг:*

Хъусæм лæмбынæг æмдзæвгæйы рæнхъытæм.

Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин,
Куы бафидин искуы мæ хæс,
Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин,
Нæ хъуысид мæ кæуын хъæлæс…

Цавæр æмдзæвгæйæ ист сты ацы рæнхъытæ?

Раст дзуапп: Хетæгкаты Къоста «Ныстуан».

*2-аг амонæг:*

Хъусæм иннæ æмдзæвгæмæ.

Йæ фыды фæндиаг
Кæм вæййы фырт дæр?
Лæппуйæ рæдиаг
Нæ вæййы æвзæр!

- Кæцæй ист сты ацы рæнхъытæ?
- Раст дзуапп: æмдзæвгæ «Ныфс»-æй.

*1-аг амонæг:*

Байхъусæм дарддæр.

Адæмæн сæ рæсугъд уæттæ
Хъармæй, райдзастæй лæууынц,
Махæн та нæ сывæллæттæ
Уазал лæгætты кæуынц…

Цавæр æмдзæвгæйы æмбæлынц ацы рæнхъытæ?

Раст дзуапп: Къоста, «Мæгуыры зарæг».

*2-аг амонæг:*

Иннæ рæнхъытæм дæр байхъусæм.

Кæд рухс нæ баййафы йæ цардæй,
Йæ бон кæд арвиты зынтæй,
Уæддæр нæ ныххуыссы æнкъардæй –
Йæ зæрдæ хъал вæййы фынтæй.

Цавæр æмдзæвгæйы æмбæлынц ацы рæнхъытæ та?

Раст дзуапп: Къоста, «Мæгуыры зæрдæ».

*1-аг амонæг:*

Цавæр уацмыс æрлæууы уæ зæрдыл ацы рæнхъытæм гæсгæ?

Артдзæсты кæрæтты,
Фæныкмæ æнгом
Бадынц сывæллæттæ, -
Чи бæгънæг, чи гом…

Раст дзуапп: «Сидзæргæс».

*2-аг амонæг:*

Æмæ фæстаг рæнхъытæ ацы хæсы.

Бæгънæг, бæгъæввад,
Æстонг, уысмæннад
Хуыцауы рæстæй!
Цъыфæй ныррæсыд,
Хæфсытæ уасыд
Йæ къахы скъуыдтæй…
Раст дзуапп: «Хъуыбады».

*1-аг амонæг:*

Бар раттæм жюрийы уæнгтæн ацы хæслæвæрдмæ гæсгæ хатдзæгтæ скæнынæн. Командæтæ та уал сæ фæллад суадзæд æмæ сæхи цæттæ кæнæд иннæ хæслæвæрд æххæст кæнынмæ.

Зæлы зарæг «Хъуыбады». Сывæллæттæ ацы музыкæмæ гæсгæ кафынц «Хонгæ кафт».

*2-аг амонæг:*

Рахизæм нæ хъазты иннæ хæсмæ (зæлы зарæг «Зондабитæ»).

Алы командæйæн дæр лæвæрд цæуы Хетæгкаты Къостайы ныв. Командæтæ хъуамæ нывмæ гæсгæ ныффыссой цыбыр нывæцæн-æрфыст. Тексттæ каст цæуынц хъæрæй, стæй сын жюрийы уæнгтæ аргъ кæнынц. Жюри ацы хæслæвæрдæн аргъ кæны 5-баллы онг.

*1-аг амонæг:*

Къордтæй кæмæ цавæр ныв æрхаудзæн, уый сбæрæг кæныны тыххæй сæ раздзогтæ хæлттæ сисæнт.

(Нывтæ: «Дурсæтджытæ», «Дондзау»).

- Ацы хæс баххæст кæнынæн лæвæрд цæуы 5 минуты.

(Хъуысы сабыр ирон музыкæ)

*2-аг амонæг:*

Уæ хорзæхæй, уæ куыстытæ бакæсут хъæрæй æмæ сæ раттут жюрийы уæнгтæм.

Ацы куыстæн аргъгонд цæуы 5-баллон системæмæ гæсгæ.

Ныхасы бар командæ «……..» - æн.

*1-аг амонæг:*

Банхъæлмæ та кæсæм нæ кадджын жюрийы уынаффæмæ. (Хъуысы зарæг «Мæ Иры фæсивæд»)

Æмæ та дарддæр хъусæм хæслæвæрдтæм. (Хъуысы зарæг «Зондабитæ»)

*2-аг амонæг:*

Ацы хæслæвæрд та у капитантæн. Сбæрæг кæндзыстæм, фæсномыг ныхас куыд æмбарут, уый.

Къорды уæнгтæн бар ис раздзогæн баххуыс кæнын. Фыццаг дзуапп дæттыны бар ис, цырагъ раздæр цы капитан ссудза, уымæн. Алы раст дзуаппæн дæр аргъгонд цæуы 1 баллæй. Уымæй уæлдай, рæнхъытæ кæцæй ист сты, уый базонгæйæ, бакусæн ис уæлæмхасæн 2 баллы.

*1-аг амонæг:*

Байхъусут Къостайы æмдзæвгæтæй ист рæнхъытæм, сæ хъуыды сын бацамонут.

1) Дæ фыдæлтæ рухсаг, дæхæдæг мын бæзз!

2) Цæстмæхъус ныхас фыдбылыз хæссы.

3) Æлдар фыдлæг у.
Лæгдзарм тæнæг у.

4) Лæджы, дам, бас куы басудзы,
Уæд фу кæны йæ донил дæр.

5) Ма худ ауонмæ æвзæрыл.

*2-аг амонæг:*

Скæнæм та хатдзæг ацы хæсæн дæр. Цалынмæ жюрийы уæнгтæ къордты раздзогты дзуаппæн аргъ кæнынц, уæдмæ уал хъусæм Къостайы æмдзæвгæтæм.

*1-аг амонæг:*

Нæ хъазт фæуыдзыстæм сфæлдыстадон ерысæй. Лæмбынæг байхъусут ацы хæслæвæрдмæ.

Алы къордæн дæр лæвæрд цæуы хал сисыны бар. Хæлттыл фыст сты Къостайы басняты нæмттæ. Баснятæй ист скъуыддзагмæ гæсгæ алы къорд дæр цæттæ кæны чысыл пантомима. (Баснятæ «Бирæгъ æмæ хърихъупп», «Халон æмæ рувас»). Ерысы архайæн ис, куыд иуæн, афтæ командæйæ цалдæрæн дæр.

*2-аг амонæг:*

Байхъусут скъуыддзагмæ.

Бирæгъ æмæ хърихъупп.

Раджы та иу бирæгъ
Нард хæдмæл хордта,

Афтæмæй адæмæн
Тугуарæн кодта.
Диссаг æвналынмæ,
Цас ын æнтысти!
Уалынмæ уæны стæг
Хурхы нынныхсти.
Атылди, адаргъ и,
Нал уыд йæ сæрæн.
Амонд – йæ хъахъхъæнæг
Ахæм æвзæрæн!
Хърихъупп хæстæджыты
Донбылтыл зилы…
Бирæгъ йæ цыппæртæ
Хърихъупмæ тилы.

*2-аг амонæг:*

Халон æмæ рувас.

Бæласы цонгыл
Цæргæсау сбадти,
Йæ сæфты стонгыл
Ныр дисæй марди.
Зæрдæхъæлдзæгæн
Уынаффæ кодта,
Йæхи фыдæнæн
Йæ цыхт нæ хордта.
- Цæй, ныр æвналон, -
Фæзæгъы халон,
Фæлæ та ’взары,
Цыхт дзыхы дары…
Уæд дын æм рувас
Кæцæйдæр рауад…
Уайтагъддæр минас
Йæ былтыл ауад, -
Цæст андæгъд цыхтыл…
Йæ къахы æлгътыл
Дæрддæр æрзилы,
Йæ къуди тилы…
Нæ рагон фыдсыл
Нæ зоны бæгуы!

*1-аг амонæг:*

Ацы хæслæвæрд бацæттæ кæнынæн лæвæрд цæуы 7 минуты. Жюрийы уæнгтæ хæслæвæрдæн аргъ кæндзысты 8-баллон системæмæ гæсгæ.

Зæлы Къостайы æмдзæвгæмæ гæсгæ арæзт зарæг

*2-аг амонæг:*

Йе сфæлдæстадон арæхстдзинад равдисыны бар дæттæм къорд «…..» - æн.

*1-аг амонæг:*

Байхъусæм жюрийы хатдзæгтæм.

(Жюрийы уæнгтæ арфæ кæнынц сывæллæттæн, уый фæстæ хатдзæгтæ хъусын кæнынц )

Хъуысы сабыр музыкæ, ногæй та æвдыст цæуы компьютерон презентаци.

*2-аг амонæг:*

Къоста! Ирон адæмы зæрдæты дæ ном цæрдзæн æнустæм. Ды дæ ирон адæмы стъалы, сæ уарзон хъæбул. Англисæгтæ сæрыстыр сты Шекспирæй, уырыссæгтæ – Пушкинæй, махмæ та ис нæхи Къоста.

Ирон адæмæн Къоста у сæ карздæр сомыйы, сæ зæрдæбындæр арфæйы сæр, сæ ныфс, сæ хъаруйы фидар мæсыг.

*1-аг амонæг:*

Къостайы хуызæн лæгтæ нæм фылдæр гуырæд.

Йæ адæмы хуыздæр миниуджытæ кæм баиу вæййынц, æрдзæй стыр курдиат чи рахæссы, йæ цард æппæтæй дæр адæмы хъысмæтыл чи бабæтты, æрмæст уыцы адæймаджы фæбарынц Къостаимæ.

(Хъуысы Къостайы зарæг)

***Къадзаты Мæдинæ,***
***Мызуры скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ КЪОРД «ХУРЗÆРИН»-Ы КУЫСТЫ ПРОГРАММÆ

## 1- аг къласи

*Æмбарынгæнæн фыстæг.*

Райдайæн скъола… Сывæллоны царды ног æмæ æппæты зынаргъдæр рæстæг. Ам саби зонгæ кæны йæ алыварс дунеимæ, фидар кæны йе 'хсæнадон нысаниуæг, фылдæр гæнæнтæ йын фæзыны йæхи равдисынæн.

Райдайæн скъолайы сæйрагдæр хæстæй иу у скъоладзаумæ ахуыры нысаниуæг фæхæццæ кæнын, ахуырмæ тырнындзинад æвзæрын кæнын.

Райдайæн скъола у ахуыры бындур, йæ æвæрæн, йæ къæбиц. Цы æвæрд дзы æрцæуа, уымæй аразгæ уыдзæн скъоладзауы дарддæры ахуыры фæндаг. Ам сабитæ райсынц хуымæтæг зонындзинæдтæ наукæйы алы къабæзтæй, райрæзы сæ логикон æмæ сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад. Ахуырдзаутæ фæцалх вæййынц алыхуызы иформациимæ кусын, хъæздыгдæр кæны сæ миддуне, уæрæхдæр – сæ дунембарынад.

Сывæллæттæн æрдзæй лæвæрд цымыдисдзинадæй хъæуы спайда кæнын, бацархайын, ахуырмæ сæм цы бæллондзинад ис, уый бахъахъхъæнын.

Ног стандарты домæнтæм гæсгæ, Уæрæсейы цæрæг адæмтæн сæхи 'хсæн хъуамæ фæбæрзонддæр уа сæ мадæлон æвзаджы кад, цæхгæр фæхуыздæр уа йæ ахуыр кæныны фарста. Мадæлон æвзаг стыр æххуыс у сабийы миддуне раргом кæнынæн, бындурон зонындзинæдтæ йын раттынæн.

Ирон æвзаджы къорд «Хурзæрин»-ы куысты программæ арæзт у ног стандарты домæнтæм гæсгæ æмæ йæ размæ æвæры ахæм нысантæ æмæ хæстæ.

*Программæйы нысантæ:*

- ахуырдзаутæм мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын;
- мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын, литературон æвзагыл аив дзурыныл æфтауын; скъоладзаутæн раттын хуымæтæг зонындзинæдтæ ирон адæмы истори æмæ æгъдæутты тыххæй.

*Программæйы хæстæ:*

- ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ тырнындзинад рæзын кæнын;
- ахуыргæнинæгтæм хъомыл кæнын национ химбарынад, цæттæ сæ+ кæнын æндæр культурæты æхсæн цæрынмæ;
- алы скъоладзауы дæр хибарæй кусыныл æфтауын; хи хъуыдытæ йæм куыд æвзæра, ахæм уавæртæ аразын;
- алыхуызон ахуырадон уавæрты фæрцы рæзын кæнын скъоладзауты арæхстдзинæдтæ;
- сабитæм гуырын кæнын æрдзмæ уарзондзинад;
- сывæллæтты ахуыр кæнын ирон æгъдау æмæ кадыл, сæ зæрдæты сын гуырын кæнын стыр уарзондзинад фыдæлты уæзæгмæ, рæсугъд æгъдæуттæм, Райгуырæн бæстæмæ.

Программæйæн ис тематикон пълан. Арæзт у программæйы домæнтæм гæсгæ, æнгом баст у 1-аг къласы ахуыры программæимæ.

Къорды программæмæ гæсгæ ахуыртæн лæвæрд цæуы 33 сахаты (къуыри 1 сахат).

*Программæйы мидис.*

1. Ивгъуыдмæ – зынггур. Адæмон сфæлдыстад. (12 сах.)

Адæмон сфæлдыстады бынат æмæ ахадындзинад ирон адæмы царды. Адæмон сфæлдыстады хæзнатæ. Адæймаджы хуыздæр миниуджытæ аргъæутты (цыргъзонд, рæстдзинад, куыстуарзон, хæрзæгъдау). «Нет на свете ничего чело-

вечнее колыбельной песни» (Кайсын Кулиев). Кадджыты хъайтартæ. Нарты аивад. Адæмон æгъдæуттæ Нарты кадджыты. Æртæ Нарты. Нарты кадджыты сæрмагонд æуузæлтæ, сæ иумæйаг фæзындтæ, сæ хицæн миниуджытæ.

*2. Ирыстон – мæ Райгуырæн бæстæ. (4 сах.)*

Райгуырæн бæстæ – ныййарæг мад. Ирон адæмы историйы сæйраг цаутæ. Ирыстоны символикæ. Тырысайы фæзынды историйæ цыбыр зонинæгтæ. Мадæлон æвзаг – нæ царды бындур. Ирыстоны сæйраг сахар. Нæ хæс – Фыдыбæстæйæн кад кæнын.

*3. Æрдз – нæ дарæг, не сфæлдисæг. (8 сах.)*

Арвæй зæххы 'хсæн цыдæриддæр ис, уыдон хъахъхъæнинаг сты. Æрдз æмæ адæймаджы 'хсæн удхæстæгдзинад. Адæймаг æрдзы хъæбул у. Æрдзы ивддзинæдтæ. Зайæгойты дуне. Цæрæгойты дуне. Æрдзы рæсугъддзинад æнкъарын. Æрдзыл ауыдын – адæймаджы бæрнон хæс. Сæрдыгон æрдзы нывтæ. Фæззæг – фарн æмæ бæркæдтæ хæссæг. Зымæг нæм æрцæуы хæхтæй. Сабиты цард сæрды. Доны ахадындзинад адæймаджы царды. Хæххон дæттæ.

*4. Æгъдауы фæндаг амонды бæстæм хоны.(4 сах.)*

Адæймаджы удварны миниуджытæ. Хи дарыны культурæ. Ирон адæмы удыхъæд, сæ рæсугъд æгъдæуттæ. Æнæуынондзинад фæлывд, гæды æмæ козбаудзинадмæ. Адæймаджы фæзминаг миниуджытæ. Адæймаджы хорз йæ цард æмæ йе 'гъдауыл баст у. Кæрæдзийæн æххуыс кæнын – хæлардзинады нысан.

*5. Сæ кад бæрзонддæр у нæ хæхтæй. (4 сах.)*

Нæ номдзыд адæм. Хетæгкаты Къоста. Тугъанты Махарбег. Ирыстоны спортсментæ. Аивады кусджытæ.

Программæмæ гæсгæ бакусыны фæстæ скъоладзаутæ хъуамæ зоной æмæ арæхсой:

- адæмон сфæлдыстады хуызтæ кæрæдзийæ иртасын;
- аргъæутты хуызтæ, аргъæуттæ хи ныхæстæй дзурын;
- Нарты кадджытæй цалдæр, сæ персонажты нæмттæ;
- ирон адæмы царды æгъдæуттæй хуымæтæгдæртæ;
- сæ кармæ гæсгæ хи дарыны æгъдæуттæ;
- Ирыстоны символикæ иртасын;
- Ирыстоны стырдæр сахарты нæмттæ, иуæй-иу кæмтты æмæ хъæуты нæмттæ;
- Ирыстоны æрдзы тыххæй хуымæтæг зонындзинæдтæ.

| № | *Сæйраг темæ* | *Ахуыры темæ* | *Ным* | *Бон* | *Куысты хуыз.* |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | *Ивгъуыдмæ – зынггур. (Адæмон сфæлдыстад) 12 сах.* | | | | |
| | *а) Аргъау – биргъау 3 сах.* | Цæрæгойты аргъæуттæ. | 1 | | Презентацион равдыст. |
| | | Фæзминаг миниуджытимæ хъайтарты фæлгонцтæ аргъæутты. | 1 | | Аргъæуттæм нывтæ скæнын. |
| | *æ) Диссæгтæ - æмбисæндтæ 2 сах.* | Ирон æмæ уырыссаг аргъæутты иудзинад. | 1 | | Презентацион равдыст. |
| | | Æмбисæндты равзæрд. | 1 | | Æмбисонд ахæццæ кæнæм. |
| | | Зонды ахадындзинад æмбисæндты. | 1 | | Таурæгъ «Зондджын куырм лæг». |
| | *в) Уыци-уыци, уый та циу? 1сах.* | Предметы нысаниуæг уыци-уыциты. | 1 | | Логикон хъазтытæ. |
| | *г) Адæмон зарджытæ æмæ хъæзтытæ. 3 сах.* | Авдæны зарджытæ. | 1 | | Инсценировкæ. |
| | | Ирон нымад сабиты хъæзтыты. | 1 | | Хъазт. |
| | | Доны чызджыты хъазт. | 1 | | Хъазт. |
| | *б) Нарты кадджытæ. 3 сах.* | Æртæ Нарты. «Нарты фæткъуы». | 1 | | Презентацион равдыст. |
| | | Нарты Зилахар. | 1 | | |
| | | «Батрадз æвзæрдзинад дæр нæ ракæндзæн, кæнын дæр æй никæмæн бауадздзæн йæ разы». | 1 | | Презентацион равдыст. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 2. | *Ирыстон – мæ Райгуырæн бæстæ. 4 сах.* | Ирыстоны историйæ. Ирыстоны тырыса. | 1 | | Презентаци равдыст. |
| | | Ирыстоны герб æмæ гимн. | 1 | | Презентацион равдыст. |
| | | Не 'взаг – нæ хæзна. | 1 | | Инсценировкæтæ. |
| | | «Фыдыбæстæ». | 1 | | Æмдзæвгæтæй равдыст. |
| 3. | *Æрдз - нæ дарæг, не – сфæлдисæг 9 сах.* | Нæ чысыл хæлæрттæ. | 1 | | Хъазт «Цы нæ цæры махмæ?» |
| | | Афæдзы афонтæ. | 1 | | Логикон хъазт «Цы нæу раст нывы?» |
| | | Мæргътæ. | 1 | | Экологон хъазт «Цъиуты хæрæндоны». |
| | | Ирыстоны дæттæ. Дон – царды фæрæз. | 1 | | Хъазт «Доны былтыл дæлæмæ». |
| | | Хæхтæй рæсугъддæр – хæхтæ. Уæлладжыры ком. Хуры ком. Дуртæ. | 1 | | Рагон ирон кадæг. |
| | | Бæлæсты куывд. | 1 | | Хъазт «Кæцæй у ацы сыф?» |
| | | Дидинджытæ. | 1 | | Сфæлд куыст. «Чи рæсугъддæр букет сараздзæн». |
| | | «Чи у хъæды хицау?» | 1 | | Хъазт «Кæй фæдтæ сты?» |
| | | «Хоры куывд». | 1 | | Сценкæ-равдыст Рæмоны бонæй. |
| 4. | *Æгъдауы фæндаг – амонды бæстæм хоны 4 сах.* | Раст æмæ хæрам. | 1 | | «Раст лæг æмæ зылын лæг». |
| | | Хистæрæн лæггад кæнын. Хистæр – зондамонæг, кæстæр – æгъдаухæссæг. | 1 | | Сценкæтæ. |
| | | Фæзминаг миниуджытæ. Фауинаг миниуджытæ. | 1 | | Сфæлд. куыст «Чысыл моралон кодекс аразæм». |
| | | Æмбал, лымæн, æрдхорд. | 1 | | Хъазт «Куыд зонын ме 'мбалы». |
| 5. | *Сæ кад бæрзонддæр у нæ хæхтæй 4 сах.* | Хетæгкаты Къоста. | 1 | | Презентацион равдыст. |
| | | Тугъанты Махарбег. | 1 | | Презентацион равдыст. |
| | | Гергиты Валери. Дударaты Вероникæ. | 1 | | Презентацион равдыст. |
| | | Ирон спортсментæ. | 1 | | Презентацион равдыст. |

Литературæ:


1. Абаев В.И. Осетинский язык и фольклор М., 1949
2.Абаев В.И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т.1-4 -М.,Л., 1958-1989.
3. Æлдаттаты В. Нæ алыварс дуне. - Владикавказ. 1998.
4. Бероев Б.М. Экологическими тропами Северной Осетии. Владикавказ, 1993.
5. Будун А.С. Природа и природные ресурсы Северной Осетии. Владикавказ. «Ир», 1989.
6. Журнал «Ногдзау» - ы номыртæ.
7. Майрæмыхъуаты Ф. Грамматикон хъæзтытæ. Наукон-методикон журнал «Рухстауæг» №1, Дзæуджыхъæу, 2010
8. Нæ хурты хур. Орджоникидзе, «Ир», 1977.
9. Попов К.П. Мир растений Северной Осетии. Владикавказ. Ир. 1991.
10. «Хурзæрин». Сывæлæтты литературæйы антологии. 2 т. Орджоникидзе, «Ир», 1973.

***Лохты Ритæ,***
***Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТЫ ПРОГРАММÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

## 5-æм кълас

**Æмбарынгæнæн фыстæг**

Куыд зонæм, афтæмæй фæсурокты куыст у ахсджиаг æмæ ахадгæ. Тынг ахъаз у мадæлон æвзагмæ цымыдисдзинад рæзын кæнынæн, скъоладзауты дунембарынад уæрæхдæр, сæ хъуыдыкæнынад та арфдæр кæнынæн, иумæйагæй ахуырдзауты интеллектуалон æмвæзад бæрзонддæр кæнынæн.

Сусæггаг нæу, бирæ скъоладзаутæ ирон æвзаджы уроктæ кæй нæ уарзынц, уый. Уымæн та ис бирæ аххосæгтæ. Сæ сæйрагдæр та, æвæццæгæн, у ахуыргæнæн æрмæджы вазыгджындзинад.

Ахæм уавæрты фæсурокты куыст хорз æххуыс у грамматикон æрмæг арфдæр бацамонынæн, мадæлон æвзагмæ цымыдисдзинад гуырын кæнынæн.

Зæрдылдаринаг у, фæсурокты куыстæн алыхуызон мадзæлттæ равзарынмæ арæхсын кæй хъæуы, уый. Кæд урочы фылдæр пайдагонд цæуы фронталон æмæ хибарæй куысты хуызтæй, уæд фæсурокты рæстæг та скъоладзаутимæ хъæуы цымыдисаг мадзæлттæй пайда кæнгæйæ архайын. Стыр хъуcдард хъуамæ цæуа практикон куысты хуызтæм: хъæзтытæм, викторинæтæм, ребустæ æмæ дзырдбыдтыл куыстмæ, презентацион куыстытæ æххæст кæнынмæ, проектон куыстытæ цæттæ кæнынмæ æмæ æндæртæм.

*5-æм къласы фæсурокты куысты программæйы нысантæ сты:*

- мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын;
- скъоладзауты дунембарынад æмæ хъуыдыкæнынад рæзын кæнын;
- ирон æвзагмæ позитивон-эмоционалон ахастдзинæдтæ хъомыл кæнын;
- ирон æвзаг ахуыр кæныны ахадындзинад фæбæрзонддæр кæнын.

*Программæйы хæстæ сты:*

- ирон æвзагмæ, йæ алыхуызон фæзындтæм цымыдисдзинад рæзын кæнын;
- скъоладзауты коммуникативон культурæйыл бакусын;
- сфæлдыстадон курдиаты райрæзтыл бацархайын;
- ирон æвзагмæ цымыдис чи у, ахæм скъоладзауты раиртасын; иртасæн куыстыл сæ фæцалх кæнын;
- скъоладзауты удварны хъæздыгдзинадыл бакусын, рæзын сæм кæнын ахæм миниуджытæ, куыд: ахуырмæ тырнындзинад, ахуыры хъæппæрисдзинад æвдисын, фæллой уарзын, хибарæй зонындзинæдтæм тырнын.

| № | *Урочы темæ* | *Фæсурокты куысты хуыз* | *Сах.* | *Фиппаинаг* |
|---|---|---|---|---|
| I. | *Райдайæн къласты цы æрмæг сахуыр кодтой, уый зæрдыл æрлæууын кæнын.* | Викторинæ: «Цы зонæм æмæ цæмæ арæхсæм?» | 2сах. | |
| II. | *Синтаксис æмæ пунктуаци. Ныхасы культурæ.* | | *11 сах.* | |
| 1. | Дзырдбаст. | Балц синтаксисы бæстæмæ. «Æз дæн сæйраг дзырд, æмæ мæм хъус!» | 1 | |
| 2. | Хуымæтæг хъуыдыйад. | Урок-хъазт «Хуымæтæг хъуыдыйады галуан. Цæй, ныр цы сæвæрон: стъæлф, фарсты нысан æви хъæры нысан?» | 1 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3. | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. | Беседæ æмæ фæлтæрæн куыстытæ. «Сæйрат æмæ згъинаг цæмæн сты хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ?» | 1 | |
| 4. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ. | Лингвистикон фæлтæрæнтæ. «Мах дæр æххуыс стæм, кæд фæрссаг хуыйнæм, уæддæр». | 1 | |
| 5. | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. | Хъазт. «Æмхуызон уæнгтæ хъуыдыйады зилгæуады». | 1 | |
| 6. | Сидæн, бавæргæ дзырдтæ. | Грамматикон хъазт. «Уæ бæрзонддзинад, сидæн æмæ бавæргæ дзырдтæ!» | 2 | |
| 7. | Вазыгджын хъуыдыйад. | Грамматикон фæлтæрæнтæ хъазты элементтимæ. «Цы диссаг дæ, вазыгджын хъуыдыйад!» | 2 | |
| 8. | Комкоммæ ныхас. | Ерыс къордты ’хсæн. «Дæ хъуыды дын нæ аивдзынæн, афтæмæй йæ æндæр хуызы зæгъдзынæн». | 1 | |
| 9. | Диалог. | Тематикон диалогтæ аразын. «Зæрдæбын ныхас акæнæм». | 1 | |
| III. | *Фонетикæ, орфоэпи, графикæ æмæ орфографи.* | | *6 сах.* | |
| 1. | Фонетикæ. | Лингвистикон фæлтæрæнтæ. «Мæ ном у фонемæ». | 1 | |
| | | Урок-цæстдард. «Цымæ алы фонемæйæн дæр ис дамгъæ?» | 1 | |
| 2. | Хъæлæсон мыртæ. | Беседæ æмæ фæлтæрæнтыл куыст. «Хъæлдзæг хъæлæсонтæ». | 1 | |
| 3. | Æмхъæлæсонтæ. | Къордты 'хсæн хъазт. «Хъæлæсонтæй, æмхъæлæсонтæй сæйрагдæр чи у? Цы ныффыссон: зылангон æви æзылангон?» | 1 | |
| 4. | Дамгъæтæ *ж, ш, ъ, ь* уырыссаг æвзагæй æрбайсгæ дзырдты. | Дзырдтæй хъазт. «Уæ фæрцы не ’взаг хъæздыг у». | 1 | |
| 5. | Алфавит. | Лингвистикон хъазт. «Чи «цæры» алфавиты?» | 1 | |
| *IV.* | *Лексикæ.* | | *4 сах.* | |
| 1. | Лексикæ. Иунысанон æмæ бирæнысанон дзырдтæ. Комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. | Беседæ æмæ лингвистикон фæлтæрæнтыл куыст. «Цал нысаниуæджы уын ис, цал, дзырдтæ?» | 1 | |
| 2. | Синонимтæ. Омонимтæ. | Грамматикон ерыстæ. «Дзырдтæ-æмбæлттæ» æмæ «дзырдтæ-фаззæттæ». | 1 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3. | Антонимтæ. | Ерыс. «Дзырдтæ-ныхмæлæуджытæ». | 1 | |
| 4. | Дзырды нысаниуæг ирон-уырыссаг дзырдуатмæ гæсгæ бæрæг кæнын. | Дзырдуæттимæ куыст. «Кæм «æфснайд» сты дзырдтæ?» | 1 | |
| V. | *Морфемикæ. Ныхасы культурæ.* | | *4 сах.* | |
| 1. | Морфемикæйы æмбарынад. Дзырдты арæзт. | Фæлтæрæн куыстытæ ерысы хуызы. «Цæмæй арæзт сты дзырдтæ?» | 1 | |
| 2. | Иууидагон дзырдтæ. Бындур æмæ кæрон. | Грамматикон быцæу. «Дзырдтæ-хиуæттæ». | 1 | |
| 3. | Уидаг, разæфтуан, фæсæфтуан. | Къордты 'хсæн хъазт. «Дзырды зæрдæ уидаг у, фæлæ мах дæр дзырд аразынæн æххуыс стæм». | 1 | |
| 4. | Хъæлæсонты рахауд æмæ æлвæстад… Æмхъæлæсон мырты æмхуызонад æмæ æзылангон æмхъæлæсон мырты рахызт зылангонтæм. | Фæлтæрæн куыстытæ хъазты элементтимæ. «Куы рахауæм, куы та æлвæст æрцæуæм , æмхъæлæсонтæ та…» | 1 | |
| VI. | *Морфологи. Орфографи.* | | *4 сах.* | |
| 1. | Номдар. | Викторинæ. «Ныхасы хæйттæн дæн сæ сæр». | 2 | |
| 2. | Миногон. | Цæстдард хъазты элементтимæ. «Номдары æмбал – миногон; кæддæриддæр – иумæ». | 2 | |
| 3. | Нымæцон. | Урок-балц нымæцоны дунемæ. «Номдартæн сæ хыгъд æвдисын стæй сæ рæнхъæвæрд дæр раст». | 2 | |
| VII. | *Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын æмæ ныффидар кæнын.* | Брейн-ринг (интеллектуалон хъазт). «Чи хуыздæр æмæ фылдæр?» | 1 | |

*Сидахъаты Дамирæ,*
*Зилгæйы скъолайы ахуыргæнæг*

# ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ КЪОРД (КРУЖОК)

## «Рагон ирон фыссынад æмæ литературæйы истори»

***Къорды куысты хæстæ:***

- сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад мадæлон æвзаг æмæ литературæмæ;

- фæпарахат кæнын скъоладзауты дунембарынад бынæттон æрмæгæй, базонгæ сæ кæнын мадæлон æвзаг æмæ литературæйы рæзты къæпхæнтимæ;

- цымыдис кæнын ирон æвзаг æмæ литературæйы равзæрды истори ахуыр кæнынмæ;

- фæцалх кæнын иртасæн куыстыл, лæвæрд темæйы бындурыл хибарæй проект бацæттæ кæнынargon;

- бакусын скъоладзауты ныхасы рæзтыл.

### *«Рагон ирон фыссынад æмæ литературæйы истори»-йы куысты пълан*

### (2012 – 2013 ахуыры аз)

| *Мæй, бон* | *Темæ* | *Куысты хуыз* |
|---|---|---|
| **Рухæны мæй** | Организацион фембæлд. Куысты пълан ныффидар кæнын, хæстыл æрдзурын. | Къулын газеты æрмæгыл куыст |
| **Кæфты мæй** | 1. Къулын газетмæ бацæттæ кæнын уацхъуыд «Хетæгкаты Къостайы сабибонтæ».<br><br>2. Нæ рагфыдæлты номдзыддæр лæгтæ Заратуштра, Анахарсис, Будда. | Архайын Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бонимæ баст мадзæлтты.<br><br>Нæ рагфыдæлты номдзыддæр лæгты тыххæй скъоладзауты цæттæгонд цыбыр докладтæм байхъусын. |
| **Джеоргуыбайы мæй** | 1. Цы амонынц дзырдтæ «ирон», «алан», «осетин»?<br><br>2. Викторинæ «Чи стæм, кæцæй стæм?» | Бакæсын видеоæрмæгмæ; равзарын мадæлон æвзаджы тыххæй æмдзæвгæтæ, ирон æвзаджы тыххæй рæнхъытæ-цитатæтæ.<br>Хъазты хуызы викторинæ саразын. |
| **Цыппурсы мæй** | 1. Нæ рагфыдæлты ном рагон чингуыты (Геродоты мысинæгтæ скифты царды тыххæй, рагон римаг поэт Публий Овидийы æмдзæвгæтæ скифты тыххæй).<br><br>2. Скифты таурæгътæ (Цгъойты Хазбимæ гæсгæ). | Æрмæджытæ кæсын, сæ мидисыл æрдзурын.<br><br>Скифты таурæгътæ кæсын, æвзарын сын сæ мидис æмæ хъуыды. |

| | | |
|---|---|---|
| **Тъæнджы мæй** | 1. Æвзагзонынады историйæ. Уæрæсейы Академийы ахуыргæндтæ Паллас æмæ Гюльденштедт (18-æм æнус), Клапрот æмæ В.Ф.Миллер (19-æм æнус), Ж. Дюмезилы (20-æм æнус) куыстытæ.<br><br>2. Нырыккон ирон æвзаг иртасджытæ (Абайты В., Л. Семенов, Б. Скитский, Исаты М., Гуыриаты Т., Тахъазты Х. æмæ æнд.) | Скъоладзауты цæттæгонд презентацитæм байхъусын, темæ: «Ирон æвзагæн лæггадгæнджытæ». Темæмæ гæсгæ къулын газет бацæттæ кæнын.<br><br>Скъоладзауты цæттæгонд презентацитæм байхъусын, темæ: «Ирон æвзагæн лæггадгæнджытæ». |
| **Æртхъирæны мæй** | 1. Фыссынады фыццаг цыртдзæвæнтæ (Иртышы дурын, «Авестæ»). | Турчаниновы чиныгæй скъуыддзæгтæ бакæсын, æрдзурын сыл.<br><br>Интеллектуалон хъазт «Зондабиты ерыс». |
| **Тæргæйтты мæй** | 1. Зеленчукы цыртдзæвæн.<br><br>2. Нузалы аргъуаны фыстытæ. | Скъоладзауты цæттæгонд презентацитæм байхъусын, темæ: «Ирон фыссынады цыртдзæвæнтæ». |
| **Хуымгæнæны мæй** | 1. Ясаг дзырдбæстыты чиныг.<br><br>2. Интеллектуалон хъазт «Зондабиты ерыс». | Кодзырты Тамарæйы чиныг «Памятники родного языка»-йæ скъуыддзæгтæ равзарын. |
| **Зæрдæвæрæны мæй** | Ирон æвзаджы бон. «Мæлæн дын нæй, нæ фыдæлты æвзаг!» | Хуыздæр æмдзæвгæкæсджыты конкурс, хуыздæр докладтæ æмæ презентациты равдыст. |


Литературæ:

1. Абаев В.И. Избранные труды. Вл., 1990.

2. Абаев В.И. Осетинский язык и фольклор. Вл., 1990.

3. Агънаты Æ. Иуæй иу дзырдты тыххæй. Дзæуджыхъæу, 2000.

4. Калоев Б.А. Осетины. М., 1971.

5. Козырева Т. Памятники родного языка, Ордж., 1972.

6. Кузнецов В.А. Археология Северной Осетии. Ордж., 1973.

7. Турчанинов Г.Ф. Древние и средневековые памятники осетинского письма и языка, Вл., 1990.

8. Мамукаев Т.Б. Тайна Нузальской часовни, Вл. 1999.

9. Салагаева З.М. От Нузальской надписи к роману, Ордж., 1984.

10. Уалыты Т. Хæслæвæрдтæ ирон æвзаг æмæ кæсыны уроктæм. Дзæуджыхъæу, 2000.

11. Цгъойты Х. Ирон æмбисонды хабæрттæ. Дзæуджыхъæу, 2006.

# ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

## 7-æм кълас

*1.Дзургæйæ зылангон мыр æзылангон цы дзырды свæййы, уый фæбæрæг кæн*

а) райдзаст
æ) æгъдауджын
б) хъызт
в) æлвыст

*2. Æвзаджы дзырдуатон сконд хонынц*

а) фонетикæ
æ) морфологи
б) синтаксис
в) лексикæ

*3. Дзырдтæм синонимтæ ссар:*

Къæсхуыр –
Аив –
Кусын –
Мæт кæнын –

*4. Рафысс хъуыдыйæдтæ. Ссар антонимтæ, сæ быны сын бахахх кæн*

1) Хорзæн бын ма скæн, æвзæрæн бын ма ныууадз. 2) Уæззау хъуыддаг рог дзырдтæй нæ рæзы. 3) Маст чи нæ бахордта, уый ад-джын нæ зоны. 4)Хъæздыгæй-мæгуырæй, тыхджынæй, æдыхæй, чи нæ кусы, уыдон æвзæр сты (Гæд.С.). 5) Рæгъæд æхстой, æмæ цъæх æрхауди. 6) Искæй нæу хызын, мæхи у. (Хетæгк. Къ.)

*5. Рафысс хицæнтæй иунысанон æмæ бирæнысанон дзырдтæ.*

Был, арв, къах, æвзаг, дзабыр, хæрын, къах, мæй, абон, гæды, номдар

*6. Хъуыдыйæдтæй æмбисонд кæцы у?*

а) Хъæздыгæй – мæгуырæй, тыхджынæй – æдыхæй, чи нæ кусы, уыдон æвзæр сты;
æ) Дыргъджын бынат кæй у, уый тыххæй йæ сырдтæ бирæ уарзынц.
б) Æфсæйнаг йæ тæвдæй хойын хъæуы.
в) Никæмæ, ницæмæ кодтон тæхуды.

*7. Æмбисæндтæ дарддæр ахæццæ кæн*

а) Æнгом бинонтæ цард арынц, æнгом цуанонтæ … …
æ) Зонды суадон … …
б) Иу мыдыбындз чыргъæд …
в) Кæй фæрцы слæг дæ, …

*8. Дзырдбæстытæй фразеологионтæ кæцы сты?*

а) мидæмæ цыдысты, хъæрæй худын
æ) цардæй къæртт æппары, мæтæй мæлын
б) авд лæппуйы, хи хо
в) сусæгæй ацæуын, æнцад бадын

*9. Вазыгджын дзырдтæ кæцы рæнхъы сты?*

а) цæхдарæн, хъæубæстæ, æвдудон
æ) сармадзан, гæнах, мæсыг
б) æмбæрзæн, æмбæлттæ, базонын
в) кæрдæгджын, хохаг, хæлардзинад

*10. Разæфтуантæ кæцы дзырдты æмбæлынц?*

а) æгад, æнамонд, æдых
а) фынг, стъалы, хæрæндон
б) æвзæр, æрдиаг, æмбис
в) къона, ердо, емынæ

*11. Номивджытæ алчи, æгас, алы, чидæриддæр, иннæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ сты:*

а) цæсгомон
æ) здæхгæ
б) æппæрццæг
в) бæлвырд

12. *Фæсæфтуантæй -аг, -джын, -ын дзырдтæм, кæмæ цавæр æмбæлы, уый баф-тау æмæ сæ рафысс.*

Кæрон, Мæскуы, дис, ад, цæгат, бæх, зæхх, картоф, æгъдау, нозт, фындз, æууæнк

*13. Мивдисджытæн сбæрæг кæн се здæхæнтæ:*

а) нымайын -

æ) фыстаиккой -
в) цæуон -
г) кусут

*14. Ærмæст сæрмагон ныхасы хайттæ цы рæнхъы ис, уый фæбæрæг кæн*

а) æмæ, йæ, мæ, нæ, сасир
а) бандон, æппæлын, сырх, бирæ
б) рæсугъд, æмæ, фæлæ, сын
в) та, фæлæ, бабыз, йеддæмæ

*15. Хицæнæй хъуыдыйады уæнг нæ вæййы дзырд*

а) къона
æ) æд
б) райсом
в) худ

16. Æмбисонды бындурыл ныффысс цыбыр нывæцæн: «Адæймаг йе’гъдауæй фидауы».

**Дзуæппытæ:**

1. б) хъызт
2. в) лексикæ
3. Къæсхуыр – мæллæг
Аив – рæсугъд
Кусын – фæллой кæнын
Мæт кæнын – тыхсын
4. Рафысс хъуыдыйæдтæ. Ссар антонимтæ, сæ быны сын бахахх кæн

Хорзæн – æвзæрæн, уæззау – рог, маст – адджын, хъæздыгæй-мæгуырæй, тыхджынæй - æдыхæй, рæгъæд - цъæх, искæй –мæхи.

5. Бирæнысанон дзырдтæ: был, хæрын, къах, æвзаг, мæй, гæды.

Иунысанон дзырдтæ: арв, дзабыр, номдар, абон.

6. б) Æфсæйнаг йæ тæвдæй хойын хъæуы.
7. а) Æнгом бинонтæ цард арынц, æнгом цуанонтæ саг марынц.
æ) Зонды суадон чиныг у.
б) Иу мыдыбындз чыргъæд нæ аразы.
в) Кæй фæрцы слæг дæ, уый ма рох кæн.
8. æ) цардæй къæртт æппары, мæтæй мæлын
9. а) цæхдарæн, хъæубæстæ, æвдудон
10. а) æгад, æнамонд, æдых
11. в) бæлвырд
12. Фæсæфтуантæй *-аг, -джын, -ын* дзырдтæм, кæмæ цавæр æмбæлы, уый бафтау æмæ сæ рафысс.

Кæройнаг, мæскуыйаг, диссаг, адджын, цæгатаг, бæхджын, зæхджын, картофджын, æгъдауджын, ноздджын, фындзджын, æууæнкджын, æхсырджын.

13. а) нымайын - æргомон
æ) фыстаиккой - бæллиццаг
в) цæуон - бадзырдон
г) кусут – фæдзæхстон
14. а) бандон, æппæлын, сырх, бирæ
15. æ) æд

## 8-æм кълас

*1. Рафысс текст, рæдыдтытæ раст кæнгæйæ.*

Зымæджы фыдзцаг къахцæвтæ фæзынынц алы хъæумæ дæр, уыны сæ алы цæрæг дæр, фæлæ æвцæгыл бæхфæндаг нал ис, уый фехъыстой адæм фыдзцаг хат Дзаххойæ. Иугæр зæх куы нысæлы, йæ уæлцъарыл тæнæг их куы фæзыны, уæд йыл бæхы къæхтæ нал хæцынц æмæ тæссаг у фыд былызæй. (Дзесты К.)

2. Мæ уазæджы хæрæндонмæ **бахуыдтон.**

Мæ чызгæн ног къаба **бахуыдтон.**

*Хъуыдыйæдты бæрæггонд дзырдтæ сты:*

а) антонимтæ
æ) синонимтæ
б) омонимтæ
в) бирæнысаниуæгон дзырдтæ

*3.Фразеологион дзырдбаст «цыбыр*

*къух»-æн йæ синоним у*

а) чъынды

æ) мæгуыр

б) давæгой

в) рæдау

*4. Кæмæн фæзæгъынц афтæ?*

«Донарæхæн дæ цард!»

*5. Вазыгджын дзырдты къорд фæбæрæг кæн.*

а) фыдыуæзæг, Хæтæлдон, фæззыгæнд

æ) лæгдзинад, æххормаг, ичъына

б) фæззыгон, хурджын, мæймæ

в) амондджын, æхсардзинад, Хъусой

*6. **Æнæ** разæвæрд у хъуыдыйады:*

а) (Æнæ) дон быдыр хус вæййы.

æ) (Æнæ) хæцæнгарз цуаны ничи цæуы.

б) (Æнæ) мæтæй бадын не 'мбæлы.

в) (Æнæ) уаг митæ кæнын хорз нæу.

*7. Бæллиццаг здæхæны мивдисджытæ сты:*

а) дарин, бафидин, зарин, уарзин, цæуин

æ) нымайын, цæуын, архайын, кæсын

б) бауарзон, дзурон, кæсон, ахуыр кæнон

в) хъусут, нымайут, аразут, амонут

*8. Ацы дзырдтæй фæрссагмитæ сты:*

а) талынг, рухс, бæрзонд

æ) аразæг, æрбацæуæг, хъахъхъæнæг

б) дзургæ, æрттивгæ, бæлгæйæ

в) нæхи, сæхи, дæхи, уыдоны

*9. «**Раджы** уæйыгмæ лæскъдзæрæн иу мæгуыр лæг цард».*

*Хъуыдыйады бæрæггонд дзырд у*

а) номдар;

æ) миногон;

б) фæрссагми;

в) фæрсдзырд.

*10. Фæбæрæг кæн мивдисджыты здæхæнтæ.*

а) кæсдзынæн -

æ) кæсин -

б) кæсон -

в) кæс –

*11. Ирон æвзаджы нымæцонтæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ вæййынц*

а) бæрцон, рæнхъон, мурон

æ) бæрцон, рæнхъон

б) бæрцон, рæнхъон, мурон, дихон

в) бæрцон, рæнхъон,

*12. Цæугæ мивдисæг у*

а) зонын

æ) бадын

б) тезгъо кæнын

в) кусын

*13. Æмбисæндтæ баххæст кæн мивдисджытæй.*

а) Дон фæцæуы, дур ...

æ) Æмвæнд адæмæн хох дæр нæ ...

б) Гæдыйы къах … .

в) Тулгæ дурыл хъуына нæ …

*14. Схемæтæм гæсгæ дзырдбæстытæ сараз.*

миногон + номдар

мивдисæг+фæрсдзырд

миногми + номдар

фæрссагми+мивдисæг

*15. Дзырдты къордтæй дзырдбаст у*

а) къонайы дур

æ) балымæн уæвын

б) цъæх, сырх, морæ

в) мæ фæстæ

*16. Æфтыдадæй баст сты дзырдты къордтæ*

а) цыдысты сæхимæ, бакастæн чиныг

æ) хорз адæймаг, бæрзонд скъола

б) дзурын хæдзарæй, цæуын дæумæ

в) фыссын писмо, æнхъæлмæ кæсын ме 'мбалмæ

*17. Ацы хъуыдыйæдтæй вазыгджын у:*

а) Уæздан æгъдауджын лæджы хонынц. (Æмб.)

æ) Кæд ды дзырд мæ дзырдмæ ссарай, дæу фæуæд мæ фос. (Къ.)

б) Бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы.

в) Хæстæй æмæ фæдисæй лидзын – худинаг. (Æмб.)

*18. Бæттæг **æмæ** - йы размæ къæдзыг кæцы хъуыдыйады æвæрæм?*

а) Бады дуры сæр Сослан æмæ алырдæм фæлгæсы.

æ) Госæма æмбырд кодта къæбæртæ, стджытæ æмæ сæ бахаста Хъусойы размæ.

б) Хуыцауæхсæв уыд æмæ дзæнгæрæг адæммæ сидт аргъуаны кæртмæ.

в) Райсомæй изæрмæ къæвда æмæ мит иумæ фæуарыдысты.

*19. Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæн.*

Ахуырдзинадмæ бæлгæйæ, Цæлыкк уыцы ’хсæв кæрдзын дæр нал бахордта (Б.Б.)

*20. Æмбисонды бындурыл ныффысс цыбыр сочинени- тæрхон: «Фæллой кæм уа, фарн дæр уым ис».*

**Дзуæппытæ:**

1. Зымæджы фыццаг къахдзæфтæ фæзынынц алы хъæумæ дæр, уыны сæ алы цæрæг дæр, фæлæ æфцæгыл бæхвæндаг нал ис, уый фехъуыстой адæм фыццаг хатт Дзаххойæ. Иугæр зæхх куы ныссæлы, йæ уæлцъарыл тæнæг их куы фæзыны, уæд ыл бæхы къæхтæ нал хæцынц, æмæ тæссаг у фыдбылызæй. (Дзесты К.)

2. б) омонимтæ

3. æ) мæгуыр

4. «Донарæхæн дæ цард» фæзæгъынц, тынг сдойны уæвæгæн дон чи авæры, уымæн.

5. а) фыдыуæзæг, Хæтæлдон, фæззыгæнд

6. æ) (Æнæ) хæцæнгарз цуаны ничи цæуы

7. а) дарин, бафидин, зарин, уарзин, цæуин

8. б) дзургæ, æрттивгæ, бæлгæйæ

9. <u>*Раджы*</u> уæйыгмæ лæскъдзæрæн иу мæгуыр лæг цард.

Бæрæггонд дзырд у в) фæрсдзырд

10. а) кæсдзынæн – æргомон здæхæны мивдисæг

æ) кæсин - бæллиццаг здæхæны мивдисæг

б) кæсон - бадзырдон здæхæны мивдисæг

в) кæс – фæдзæхстон здæхæны мивдисæг

11. Ирон æвзаджы нымæцонтæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ вæййынц

б) бæрцон, рæнхъон, мурон, дихон

12. Цæугæ мивдисæг у а) зонын

13. а) Дон фæцæуы, дур йæ бынаты баззайы

æ) Æмвæнд адæмæн хох дæр нæ лæууы.

б) Гæдыйы къах цыбыр у.

в) Тулгæ дурыл хъуына нæ хæцы.

14. Хорз адæймаг

Зарын хъæрæй

Кусаг адæймаг

Худгæйæ ныхас кæнын

15. Дзырдты къордтæй дзырдбаст у а) къонайы дур

16. Æфтыдадæй баст сты дзырдты къордтæ

æ) хорз адæймаг, бæрзонд скъола

17.Ацы хъуыдыйæдтæй вазыгджын у:

æ) Кæд ды дзырд мæ дзырдмæ ссарай, дæу фæуæд мæ фос. (Къ.)

18. Бæттæг *æмæ* - йы размæ къæдзыг æвæрæм хъуыдыйады

б) Хуыцауæхсæв уыд, æмæ дзæнгæрæг адæммæ сидт аргъуаны кæртмæ.

## 9-æм кълас

*1. Орфоэпион нормæтæм гæсгæ растдæр кæцы вариант у, уый фæбæрæг кæн.*

а) ведра а) сæлавыр а) дзывыр

æ) бедра æ) сæлабыр æ) дзыбыр

*2. Морфемæтæ сты*

а) дзырды хæйттæ

æ) хъуыдыйады уæнгтæ

б) ныхасы хæйттæ

*3. Уæлдай дзырд ссар:*

Æмгардзинад, æрбалæууыд, хъусæгой, хохæй.

*4. Нысангонд дзырдтæ цавæр ныхасы хæйттæ сты? Бацамон сын сæ растфыссынад.*

1) **А** уалдзæг къæвдаджын уыд. – **Ауалдзæг** къæвдаджын бонтæ уыд.

2) **А** изæр тынг хъарм у. – **Аизæр** мæм ме ’мбал дæр фæзындзæн.

*5. Мивдисджытæ дзырдарæзтон æвзæрст ракæн.*

Хордтон, нымадтон, ивд, ивтон.

6. Дзырдты къордтæй дзырдбаст у

а) хæдзары сæрмæ

æ) хъæдмæ цæугæйæ

б) урс, цъæх, морæ

в) дыууын фараст

7. Тире æвæрын хъæуы хъуыдыйады

а) Куыдзæй стæг не ’нтысы. (Æмб.)

æ) Рæмпæгау сусæгхор ма у. Æмб.)

б) Ælгъин лæг дзуары бын дæр æлгъин вæййы. (Æмб.)

в) Уазæг цæттæ, фысым æдзæттæ. (Æмб.)

*8. Рафысс текст, къæлæтты æвæрд номивджытæн сæ цыбыр формæтæй пайдагæнгæйæ.*

Сæххæст кæн хæслæвæрдтæ.

Знон Джызæлæй æрыздæхтæн (мæн) хъанхæстæг зæрæдтæй. Диссаджы цинтæ (мæныл) фæкодтой, куы (уыдонмæ) бацыдтæн, уæд: цæмæй ма (мæн) сбуц кодтаиккой, уый нал зыдтой. Зæронд Смайлы, мæ хъанфыд, кæмдæр уæрыкк самал кодта æмæ (уый) (мæн) номыл æрбаргæвста. Зæронд Доййон уæлибæхтæ сфыхта, къæбицы (уымæ) рагæй æфснайд чи уыди, уыцы арахъхъы авг райста æмæ куывд скодта, дыууæ-æртæ сыхаджы æрбахуыдта. Фынг куы срæвдз, уæд уазджытæ куыдхистæрæй рабадтысты къонайы нæлгоймæгты фарсы ’рдыгæй. Хистæрæн æрбадти Смайлы йæхæдæг, (уый) худ систа. Уазджытæ дæр (уыдон) худтæ систой. Смайлийæн (уый) иу къухы – уæлибæх æмæ физонæг, иннæйы – арахъхъы агуывзæ, афтæмæй сыстад (уый) бынатæй æмæ кувын райдыдта. (Хъ.И.)

*1) Цавæр у текст йæ хуызмæ гæсгæ? Раст дзуапп фæбæрæг кæн.*

а) таурæгъон

æ) æрфыстон

б) тæрхон

2) Цавæр орфограммæ æмбæлы дзырдты «хъанхæстæг, хъанфыд, куыдхистæрæй»?

3) Бацамон дзырд «хъанхæстæг»-ы нысаниуæг.

4) Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæн.

*Фынг куы срæвдз, уæд уазджытæ куыдхистæрæй рабадтысты къонайы нæлгоймæгты фарсы ’рдыгæй.*

- Цавæр у хъуыдыйад йæ арæзтмæ гæсгæ?

-Цал хайæ арæзт у хъуыдыйад?

-Цæмæй баст сты хъуыдыйады хæйттæ кæрæдзиуыл?

- Сбæрæг кæн уæлæмхæст хайы хуыз.

- Хъуыдыйады уæнгтæ бахахх кæн.

9. Æмбисонды хъуыды цыбыр нывæцæн-тæрхоны хуызы райхал: *«Лæгæн хорздзинад йæхицæй цæуы».*

**Дзуæппытæ:**

1. 1) А – амонæн номивæг «ацы»-йы цыбыр хуыз, фыссын æй хъæуы хицæнæй.

Ауалдзæг – фæрсдзырд, фыссын æй хъæуы æмхæстæй.

2. Мивдисджытæ морфемикон æвзæрст ракæн.

Хор-д-т-он, ныма-д-т-он, ив-д, ив-т-он.

3. Орфоэпион нормæтæм гæсгæ растдæр вариант у

а) ведра а) сæлавыр а) дзывыр

4. Морфемæтæ сты

а) дзырды хæйттæ

5. Уæлдай дзырд – хохæй, æнæаразгæ бындур.

Иннæ дзырдты бындуртæ сты аразгæ.

6. Дзырдты къордтæй дзырдбаст у æ) хъæдмæ цæугæйæ

7. Тире æвæрын хъæуы хъуыдыйады

в) Уазæг – цæттæ, фысым – æдзæттæ. (Æмб.)

8. Знон Джызæлæй æрыздæхтæн мæ хъанхæстæг зæрæдтæй. Диссаджы цинтæ мыл фæкодтой, куы сæм бацыдтæн, уæд: цæмæй ма мæ сбуц кодтаиккой, уый нал зыдтой. Зæронд Смайлы, мæ хъанфыд, кæмдæр уæрыкк самал кодта æмæ йæ мæ номыл æрбаргæвста. Зæронд Доййон уæлибæхтæ сфыхта, къæбицы йæм рагæй æфснайд чи уыди, уыцы арахъхъы авг райста æмæ куывд скодта, дыууæ-æртæ сыхаджы æрбахуыдта. Фынг куы срæвдз, уæд уазджытæ куыдхистæрæй рабадтысты къонайы нæлгоймæгты фарсы ’рдыгæй. Хистæрæн æрбадти Смайлы йæхæдæг, йæ худ систа. Уазджытæ дæр сæ худтæ систой. Смайлийæн йæ иу къухы – уæлибæх æмæ физонæг, иннæйы – арахъхъы агуывзæ, афтæмæй сыстад йæ бынатæй æмæ кувын райдыдта. (Хъ.И.)

1) таурæгъон текст;

2) вазыгджын дзырдты растфыссынад;

3) Дзырд «хъанхæстæг»-ы нысаниуæг. Нæ фыдæлтæм уыд ахæм æгъдау, æмæ-иу сывæллоны (лæппуйы) æцæгæлон бинонтæм хъомылгæнынмæ радтой. Уыцы æгъдау хуынд «æмцегдзинад». Хъомылгæнынмæ-иу цы сывæллоны радтой, уый хуыдтой *æмцег* кæнæ *хъан.*

Лæппу-иу, цы бинонтæм схъомыл, уыдоны хуыдта «хъанхæстæг».

4) *Фынг куы срæвдз, уæд уазджытæ куыдхистæрæй рабадтысты къонайы нæлгоймæгты фарсы ’рдыгæй.*

Домгæвазыгджын хъуыдыйад афоны уæлæмхæст хаимæ;

- дыууæ хайæ арæзт;

- хъуыдыйады хæйттæ кæрæдзиуыл баст сты бæттæг *куы* æмæ бæттæг дзырд *уæд*-æй.

# ДИДАКТИКОН ӔРМӔГ УРОКМӔ

***Хозиты Эльвирæ,***
***АКЗУИ-ты методикон***
***кæбинеты сæргълæууæг***

## ДИКТАНТТЫ БÆРÆГГÆНÆНТЫ НОРМÆТÆ

### (Æрыгон ахуыргæнджытæн æххуысæн)

Диктант у скъоладзауты растфыссынады хæрзхъæддзинад сбæрæг кæныны сæйрагдæр куысты хуызтæй иу.

Диктанттæн хуыздæр у æххæст текстæй пайда кæнын. Текст хъуамæ дзуапп дæтта литературон æвзаджы нормæтæн, скъоладзаутæн уа æнцонæмбарæн, хæстæг уа сæ кармæ.

Диктанты дзырдты нымæц хъуамæ дзуапп дæтта программæйы домæнтæн. Ирон æвзаджы программæмæ гæсгæ, диктанты дзырдты нымæц равдисæн ис ахæм хуызы:

***Фиппаинаг:*** *нымад цæуынц, куыд сæрмагонд, афтæ æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ дæр.*

Диктант кæнгæйæ, æнæмæнг хынцын хъæуы орфограммæты хуызтæ дæр. Кæсын хъæуы, скъоладзаутæн зын бахъуыдыгæнæн чи у, уыцы орфограммæты нымæцмæ (хонынц сæ «зынфыссæн дзырдтæ»). Диктанты тексты æгæр бирæ хъуамæ ма уой.

Зæгъæм, 4-æм къласы диктанты тексты, сæ растфыссынад зын бахъуыдыгæнæн кæмæн у, ахæм дзырдтæ фондзæй фылдæр хъуамæ ма уа.

| *Кълас* | *Контролон диктанты дзырдты нымæц* | | *Дзырдуатон диктанты дзырдты нымæц* |
|---|---|---|---|
| | | *Орфограммæты нымæц* | |
| 5 | 90-100 | 12 | 15-20 |
| 6 | 100-110 | 16 | 20-25 |
| 7 | 110-120 | 20 | 25-30 |
| 8 | 120-150 | 24 | 30-35 |
| 9 | 150-170 | 24 | 35-40 |
| 10-11 | 170-180 | 30 | 40-50 |

5-6-æм кълæсты та ахæм дзырдты нымæц, гæнæн ис, æмæ уа авд-аст; 7-9-æм кълæсты – дæс дзырды бæрц; 10-11-æм кълæсты æртындæс-фынддæс дзырды онг.

Диктанттæ бæрæггæнгæйæ, раст кæнæм, фæлæ ***рæдыдыл нæ нымайæм*** ахæм орфографион æмæ пунктуацион рæдыдтытæ:

1) дзырд иу рæнхъæй иннæмæ хæсгæйæ уагъд рæдыд;

2) скъоладзаутæ кæй нæма ахуыр кодтой, уыцы орфограммæйыл фæуагъд рæдыд;

3) сæ растфыссынад бæстон бæрæггонд кæмæн нæма æрцыд, уыцы дзырдты растфыссынадимæ баст рæдыдтытæ;

4) авторы пунктуацион нысантæ æвæргæйæ фæуагъд рæдыд.

Раст кæнæм, фæлæ ***рæдыдыл нæ нымайæм,*** скъоладзау æнæрхъуыдыйæ цы рæдыдтытæ скодта, уыдон дæр (уырыссагау – описки).

Диктантæн бæрæггæнæн æвæргæйæ, кæсын хъæуы рæдыдтыты хуызтæм дæр.

Скъоладзау фысгæйæ фæуадзы, йæ растфыссынады хæрзхъæддзинад ын бæлвырд чи не ’вдисы, ахæм хуымæтæг рæдыдтытæ. Дыууæ ахæм рæдыды нымайæм иуыл.

*Хуымæтæг рæдыдтытыл нымад сты ахæмтæ:*

1) раиртæстмæ гæсгæ фиппаинагыл нымад чи у;

2) стыр дамгъæ вазыгджын сæрмагонд нæмтты;

3) иннæ æвзæгтæй æрбайсгæ сæрмагонд нæмтты;

4) иу æрхæцæн нысаны бæсты æндæр æвæрд куы ’рцæуы;

5) æрхæцæн нысæнттæ куы фембæлынц, æмæ дзы иу уагъд куы ’рцæуы, кæнæ та сæ бынæттæ ивд куы ’рцæуынц.

Хъус дарын хъæуы æмхуызон, кæнæ цалдæр хатты цы рæдыдтытæ æмбæлынц, уыдонмæ дæр.

Уыцы-иу дзырды, кæнæ æмуидагон дзырдты уидаджы æмбæлгæ рæдыдтытæ нымайæм иу рæдыдыл.

Æмхуызоныл нымад сты иу орфограммæйыл уагъд рæдыдтытæ. Дзырды растфыссынад æндæр дзырд, кæнæ æндæр формæмæ гæсгæ бæрæггæнинаг куы вæййы, уæд ахæм рæдыдтытæ æмхуызонтыл нымайын нæ хъæуы.

***Фиппаинаг:*** *фыццаг æртæ æмхуызон рæдыды нымайын хъæуы иуыл, цыппæрæм æмæ а. д. – хицæн рæдыдтытыл.*

5 растгонд рæдыдæй фылдæр кæм уа, ахæм диктантæн йæ бæрæггæнæн 1 балл фæныллæгдæр кæнын хъæуы.

3 æмæ фылдæр растгонд рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн нæй сæвæрæн иттæг хорз бæрæггæнæн («5»).

Диктанты грамматикон хæс куы нæ уа, уæд ын æвæрын хъæуы иу бæрæггæнæн.

Бæрæггæнæн «5» æвæрд цæуы æнæрæдыд куыстæн. Гæнæн дзы ис 1 хуымæтæг орфографион, кæнæ 1 хуымæтæг пунктуацион рæдыдæн.

Бæрæггæнæн «4» æвæрд цæуы:

- 2 орфографион æмæ 2 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн;
- 1 орфографион æмæ 3 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн;
- 4 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм диктантæн;
- 3 орфографион рæдыды кæм уагъд æрцыд, ахæм куыстæн дæр (æрмæст се ’хсæн æмхуызон рæдыдтытæ куы уа, уæд).

Бæрæггæнæн «3» æвæрд цæуы:

- 4 орфографион æмæ 4 пунктуацион рæдыды уагъд кæм æрцыд, ахæм куыстæн;
- 3 орфографион æмæ 5 пунктуацион рæдыды кæм æмбæлы, ахæм куыстæн;
- 7 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм диктантæн.

Бæрæггæнæн «2» æвæрд цæуы:

- 7 орфографион æмæ 7 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн;
- 6 орфографион æмæ 8 пунктуацион рæдыды кæм ис ахæм куыстæн;
- 5 орфографион æмæ 9 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн;
- 8 орфографион æмæ 6 пунктуа-

цион рæдыды уагъд кæм æрцыд, ахæм диктантæн.

***Фиппаинæгтæ:***

*4-æм къласы* бæрæггæнæн «3» сæвæрæн ис:

- 5 орфографион æмæ 4 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн;
- 6 орфографион æмæ 6 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн дæр (кæд се 'хсæн ис хуымæтæг æмæ æмхуызон рæдыдтытæ, уæд).

*4-æм къласы* бæрæггæнæн «2» æвæрын хъæуы:

- 7 орфографион æмæ 7 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн;
- 6 орфографион æмæ 8 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм диктантæн;
- 5 орфографион æмæ 9 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм диктантæн;
- 8 орфографион æмæ 6 пунктуацион рæдыды кæм ис, ахæм диктантæн.

Контролон диктантимæ ахуыргæнæг ратты уæлæмхасæн грамматикон хæслæвæрд (фонетикон, орфографион, лексикон, морфологион кæнæ синтаксисон æвзæрст; сфæлдыстадон куысты хуыз æмæ а.д.). Ахæм диктанты грамматикон хæслæвæрдæн æвæрын хъæуы хицæн бæрæггæнæн.

Уæлæмхасæн хæслæвæрдæн бæрæггæнæнтæ æвæрд цæуынц афтæ:

«5» – раст æххæстгонд куы 'рцæуа, уæд;

«4» – ¾ (фылдæр хай) æххæстгонд куы уа, уæд;

«3» – æрдæгæххæстгонд куы уа, уæд;

«2» – æрдæгæй къаддæр æххæстгонд куы уа, уæд.

Дзырдуатон диктантæн æвæрын хъæуы ахæм бæрæггæнæнтæ:

«5» – æнæрæдыд куыстæн;

«4» – 1-2 рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн;

«3» – 3-4 рæдыды кæм ис, ахæм куыстæн;

«2» – 5 рæдыды онг кæм ис, ахæм куыстæн.

Фысгæ куыстыты рæдыдтытæ сырх хаххы æдде бæрæг кæнын хъæуы ахæм хуызы:

*диктанты рæдыдтытæ:*

I - орфографион рæдыд;

V - пунктуацион рæдыд;

Г- грамматикон рæдыд;

*изложени æмæ сочиненийы ныхасы рæдыдтытæ:*

Л - логикон рæдыд;

Ф - фактон

[ ] - уæлдай хай (дзырд)

Z - абзац раст хицæнгонд не 'рцыд.

***Тыбылаты Мананæ,***
***Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ВИКТОРИНÆ НАРТЫ КАДДЖЫТÆМ ГÆСГÆ

**1-аг хæс.**

• Нартæ цал мыггагыл дих кодтой? (Нартæ дих кодтой æртæ мыггагыл)

• Чи сты Æртæ Нарты? Кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц? (Æхсæртæггатæ – тыхджын, æхсарджын, хъæбатыр. Борæтæ – бонджын, хъæздыг. Алæгатæ – зонджын, куырыхон, уæздан)

• Нарты хæцæн боныл нымад кæцы уыд? (Майрæмбон)

• Чи уыдис Нарты хистæр? (Уæрхæг)

• Чи сарæзта ирон бæгæны? (Сатана)

• Чи сарæзта ирон фæндыр? (Сырдон)

• Аргъæуттæ сæ хъуыдымæ гæсгæ цавæртæ вæййынц? (Цæрæгойты, царды-уаджы, алæмæты аргъæуттæ)

• Цæмæй хицæн кæны адæмон аргъау литературон аргъауæй? (адæмон аргъауæн нæ вæййы автор, литературонæн вæййы автор; адæмон аргъауæн вæййы варианттæ, литературон аргъауæн – æрмæст иу вариант)

• Цæмæй хицæн кæнынц аргъæуттæ æмæ таурæгътæ? (Таурæгъы хъайтар вæййы, æцæг чи царди, ахæм адæймаг, вæййы йын ном æмæ мыггаг; аргъауы та вæййы æрымысгæ хъайтар)

• Адæмон хъайтар Чермен кæмæй уыди æмæ кæм царди? (Тлаттаты Чермен царди Хъобаны)

• Цы сты æмбисæндтæ?

• Бацамонут æмбисонды хъуыды: «Нарт дæр æмдыхæй архайдтой».

• Базонут ацы уыци-уыци: «Дзых ын нæй, афтæмæй дзуры».

**2-аг хæс.**

Дзырдты нысаниуæг бацамонут.

Калак, стæр, хъалон, уад, Зилахар, обау, ронг, æрхæндæг, цирхъ, мусонг.

***Гæззаты Татьянæ,***
***Æрхонкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## УÆЛÆМХАСÆН ÆРМÆГ 7-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ

**Грамматикон темæ «Бæттæг»**

*1-аг хæс.* Хъуыдыйæдтæ рафыссут. Бæттæгтæ фæнысан кæнут; зæгъут, цы бæттынц, уый. Хъуыдыйæдты сæвæрут цух-гонд æрхæцæн нысæнттæ, бацамонут сæ.

Æртыккаг хъуыдыйад равзарут ныхасы хæйттæм æмæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

1) Ма худ ауонмæ æвзæрыл, хорзыиу йæ цуры бафау. *(Къоста.)* 2)Тугдзых цъиусуртæ цæргæстæ халæттæн

уалдзæджы сæ кой сæ хъæр нал вæййы фæлæ æрæгвæззæг дзугтæ - дзугтæй нæ сæрмæ фæзилынц.*(Тыджыты Ю.)* 3) Хур йæ был сдардта цыргъдæр хæхты фæсте æмæ сырх арт суагъта Хъазыбеджы хох. *(Дзадтиаты Т.)* 4) Хърихъуппытæ сæ базыртæ тилынц хæрзбон зæгъынц бæгънæг бæлæстæн цæугæдæттæн. *(Баситы М.)* 5) Йæ улæфт къуыхцы кæнын байдыдта, хаттæй-хатт æрдæгыл баззайы, фæлæ та æппынæрæджиау схæкъуырцц кæны рынчын æмæ дыууæрдæм азилы йæ цæстытæ. *(Æрнигон И.)* 6) Дæ маст райсынмæ хъавыдтæ дæ карды комæй, æмæ та дæ кады сидт дæр худинаджы хос фæци де знагæн. *(Дзесты К.)* 7) Къуым дзаг уыди алымыггаг дзауматæй, сæ цæнд стъолæй фæбæрзонддæр ис. *(Коцойты А.)*

*2-аг хæс.* Хъуыдыйæдтæ дыууæ къордæй рафыссут: фыццаг – бæттæгтæ хицæн хъуыдыйæдтæ кæм бæттынц, уый фæстæ та – æмхуызон уæнгтæ кæм бæттынц, уыдон. Раст сæвæрут хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ. Фыццаг хъуыдыйад равзарут хъуыдыйады уæнгтæм æмæ ныхасы хæйттæм гæсгæ. Иу фæрсдзырд ссарут æмæ йæ морфологион æвзæрст ракæнут.

1) Рæсугъд хъарм бон уыд æмæ арвы астæуæй хурзæрин йæ хъарм тынтæ зæхмæ æппæрста. *(Гæдиаты С.)* 2) Сабан æмæ Гуйман бадтысты кæрты кауын быруйы цур зæххыл æмæ бынтон сабырæй сæ ныхас кодтой. *(Тугъанты Б.)* 3) Чысыл сывæллон Мела уæдæй нырмæ æнцад бадти ныхæстæм хъуыста фæлæ сæ хорз не' 'мбæрста. *(Коцойты А.)* 4) Хъазты чъегъре æваст Хуысинæйы раз февзæрд æмæ ләппуйы хъуыдытæ гандзайы хай баисты. *(Хъайттаты С.)* 5) Сæрдыгон фæлмæн дымгæ рахъазы хохы цъуппытыл ракафы дидинæджы алыварс ахъæбыстæ йын кæны æмæ та фæауухон вæййы кæмдæр дæлбылты. *(Гæдиаты Ц.)* 6) Хистæрæн кæстæр куы дæтта æгъдау, кæстæрмæ ничи æрхæсдзæн уæд фау. *(Дзасохты М.)* 7)Æрæппæрста та халон йæ холы уырдыгæй, фæлæ та ацы хатт дæр йæ бæллиц не сæххæст. *(Ситохаты С.)* 8) Кæнæ æрра ссис Хъуырруй, кæнæ йæ сæр разылд, æмæ фæндæгтæ бынтон схæццæ кодта. *(Мамсыраты Д.)*

*3-аг хæс.* Фыццаг хъуыдыйады бæттæг æмхуызон уæнгтæ кæм бæтта, дыккаджы та – хицæн хъуыдыйæдтæ, ахæм фæйнæ дыууæ хъуыдыйады æрхъуыды кæнут бæттæгтæ ***æмæ, фæлæ*** æмæ ***та***-имæ. Раст сæвæрут æрхæцæн нысæнттæ.

*4-æм хæс.* Текст бакæсут. Æрхъуыды йын кæнут сæргонд. Рафыссут, бæттæгтæ цы хъуыдыйæдты ис, уыдон. Хъуыдыйæдты фæстæ къæлæтты фæбæрæг кæнут, цы бæттынц бæттæгтæ, уый. Нысангонд дзырдтæ цухгонд дамгъæтæй баххæст кæнут, афтæмæй сæ рафыссут. Сæ растфыссынад сын бацамонут. Дзырд **цъиусур** фонетикон æвзæрст ракæнут.

Сæрды каникулты Хасан ацæуы хохмæ. **Фæ…æгмæ фæвæ…ы фы…æу…тимæ** уым. Æнæзивæг, сæрæн кæй у Хасан, уый **ты…æй** йæ **фы…æу…тæ** бирæ уарзынц.

Хасан бады къуыбырыл æмæ алырдæм фæлгæсы. Уæлæ арвыл цъиусур **бæлæ…ты** йæ разæй айста æмæ сæ куы иуырдæм, куы **и…æрдæм** ратæр - батæр кæны. Уæлæ се' хсæнæй иу бæлон фæхицæн. Цъиусур ыл йæхи **ны…æвы,** нæ йыл фæхæст **вæ…ы**, фæлæ та йын йæ пакъуы акалы. Мæнæ та цъиусур бæлоныл ногæй йæхи **ны…авта**, нæ йыл фæхæст, фæлæ та йын йæ пакъуы акалдта.

Бæлон йæхи фæсайдта, зæхмæ уырдыг рауагъта йæхи æмæ Хасаны нымæты бын фæмидæг.

Цъиусур ма цалдæр зылды æркодта сæ сæрмæ. Йæ бон куы базыдта, уæд фæстæмæ атахт.

* Текстæн пълан саразут, хæдзары йæ изложенийы хуызы ныффыссут.

*5-æм хæс.* Рафыссут скъуыддзæгтæ. Бæттæгты бын бахахх кæнут, бацамонут, цы бæттынц, уый. Нысангонд дзырдты сæрмæ фæбæрæг кæнут, цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый.

1. **Æдзухдæр** кодта хистæрæн лæггæдтæ Зæрдырай æмæ барджынæй кæстæр.

Фæлтæры ивы ног бæлццон фæлтæр,
**Фæлæ** нæ сæфынц зæйæ дæр сæ фæдтæ.
*(Мыртазты Б.)*

2. Цæмæ **бæллы** мæйдар æхсæв
бæлццон? –
Ыскæсæны сæуæхсиды фæзындмæ.
Æууæнды уый, кæй йæм бахуддзæн бон,
Æмæ нæ дары мурмæ дæр йæ зынтæ.
*(Джыккайты Ш.)*

3. Йе стонгæн бæргæ ис цары
**Иу** нæртоны хос,
Фæлæ йæм фæндаг нæ ары, –
Аскъуыйа йæ бос!
*(Къоста.)*

4. Бады **æнкъардæй** Сæлимæт,
Нал хæцы цæстыл хуыссæг.
Йе' гъдау æмæ йын йæ сурæт
Никуы ныффысдзæн фыссæг.
*(Плиты Х.)*

5. Нæ нын зæронд уадзынц, нæ – саби
Фыдгултæ, райстой нæм кæрдтæ…
Аланты 'хсидгæ туг, о, сабух! –
**Кæнæ** – мæлгæ, кæнæ – **цæргæ**!
*(Ходы К.)*

6. **Нæхицæн**, цæй, æнусмæ скæнæм ном:
Кæд ацы хæхты нал фаг кæна дуртæ,
Уæд фестын кæнæм урс дуртæ нæ удтæ,
**Æндон** къулты сæ бавæрæм æнгом.
*(Хъодзаты Æ.)*

6-æм хæс. Дыууæ хуымæтæг æмæ дыууæ вазыгджын бæттæгимæ æрхъуыды кæнут фæйнæ хъуыдыйады æмæ сæ ныффыссут. Къæлæтты фæбæрæг кæнут, бæттæгтæ цы бæттынц, уый.

*7-æм хæс.* Фыццаг рафыссут хъуыдыйæдтæ бабæтгæ бастдзинады бæттæгтимæ, стæй та – домгæ бастдзинады бæттæгтимæ; уый фæстæ рафыссут, домгæ æмæ бабæтгæ бæттæгтæ иумæ кæм сты, уыцы хъуыдыйæдтæ. 8 – æм хъуыдыйад равзарут ныхасы хæйттæм æмæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

1) Цола рагæй дæр фæллойгæнæг лæг уыдис, æххуырстæй дæр сайын йæ сæрмæ никуы æрхаста, стæй ныр дæр афтæ. *(Мамсыраты Д.)* 2) Гетæ сæм йæхи тавта, цыма царды хорздзинадмæ æрмæст уыдонмæ æнхъæлмæ каст, уыйау. *(Бесаты Т.)* 3) Фæхъæбатыр кодта йæхи Зæлимхан, фæлæ къах скъуырдта дурыл æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыдис. *(Барахъты Г.)* 4) Йæ алыварс цытæ цæуы, уыдонæй хорз зыдта æрмæстдæр уый, æмæ хъæуы хист, куывд, кæнæ чындзæхсæв кæмæ ис, кæнæ тагъд рæстæджы кæмæ уыдзæн. *(Мамсыраты Д.)* 5) Гæбилы æмбæйттæ ныр дыккаг аз цæуынц ахуыр кæнынмæ, фæлæ уый ныр-ма скъолайы къæсæрæй кæсгæ дæр нæма бакодта. *(Дзесты К.)* 6) Кæд ды дзырд мæ дзырдмæ ссарай, – дæу фæуæд мæ фос! *(Хетæгкаты Къ.)* 7) Дыууæ боны æмæ дыууæ æхсæвы цæуынц, æмæ, сырд нæ, фæлæ цъиуыл дæр никуы амбæлдысты. *(Аргъау.)* 8) Фос бæрзонд хохы ныппырх сты æмæ зад цъæх кæрдæгыл зыдæй хызтысты. *(Тугъанты Б.)* 9) Тасолтан куыддæр Таймуразы цæфтæм æркасти, афтæ йæ риуыл ныддæлгом, æмæ цæссыг хуырызгъæлæгау уырдыгмæ згъæлы. *(Историон таурæгъ)* 10) Дадолты æртæ сылгоймаджы дуары мидæг куы фес-ты, уæд сагъды хуызæнæй баззадысты, фезмæлын дæр нал уæндыдысты. *(Коцойты А.)*

*8-æм хæс.* Бакæсут текст. Бæттæгтæ цы хъуыдыйæдты цухгонд сты, уыдон, бæттæгтæй æххæст кæнгæйæ, рафыссут. Ссарут тексты фæсæвæрдтæ æмæ сæ, цы дзырдтимæ баст сты, уыдонимæ рафыссут. Дыккаг абзацæй рафыссут миногонтæ, сæ сæрмæ сын фæбæрæг кæнут сæ хуыз (миниуæгæвдисæг, ахастæвдисæг). Антонимтæ сæм ссарут.

Зæронд гогыз.

Хур стылд арвы астæумæ. У тынг тæвд. Зæронд гогыз йæ цъиутимæ йæхи фæцæйласта ауuонмæ. Хъæрццыгъа сæ ауыдта … сыл бæрзондæй йæхи рауагъта. Зæронд гогыз фæдисы хъæр systa. Цъиутæ фæтарстысты … къудзиты бын фæмидæг сты.

Хъæрццыгъа хъавыд æвиппайды гогызы йæ цыргъ ныхтæ фæсадзын, … афтæ нæ рауад. Зæронд гогыз не' руагъта хъæрццыгъайы базырты цæф йæхиуыл. Иу-

варс агæпп кодта, … хъæрццыгъайы тъæпп зæххыл фæцыд. Уæд гогыз йæ фындзæй тыхджын цæф ныккодта хъæрццыгъайы къæбутæн. Хъæрццыгъа фæсонтау. Уæдмæ та йæ гогыз ногæй ныццавта.

Цыдис тох, мæлæтдзаг тох гогыз … хъæрццыгъайы æхсæн. Тынг бафæлладысты сæ дыууæ дæр. Сæртæ-иу бæрзонд систой, æрриуыгъынмæ-иу хъавыдысты сæ кæрæдзийы, … - иу куыддæр сæртæ фæкъул сты, афтæ-иу къæхтæ фæцудыдтой, … - иу мæргътæ кæрæдзийыл бахаудтой. Æппынфæстаг фæйнæрдæм ахаудтой сæ дыууæ дæр. Хур сын мардта сæ фæстаг тыхтæ.

Тыхтæ-амæлттæй сыстад зæронд гогыз, цудтытæгæнгæ бацыд йæ цъиутæм … бахауд сæ цуры.

Уыцы афон кæцæйдæр фæзынд рувас. Ауыдта хъæрццыгъайы уæлгоммæ хуысгæ … уайтагъд февзæрд йæ разы. Асагъта йæ цыргъ дæндæгтæ хъæрццыгъайы къубалы … йæ дæлæ æрхмæ фæдавы.

*(Хацырты С.)*

* Текст хи ныхæстæй радзурут. Текстæн пълан скæнут, хæдзары йæ изложенийы хуызы ныффыссут.

9-æм хæс. Стъæлфыты бæсты цухгонд бæттæгтæ æвæргæйæ, рафыссут скъуыддзæгтæ. Бæттæгты бын бахахх кæнут, сæ хуызтæ сын сбæрæг кæнут (хуымæтæг æви вазыгджын, бабæтгæ æви домгæ). Нысангонд дзырдты сæрмæ фæбæрæг кæнут, цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый. Дзырд ***зондамонæгмæ*** равзарут дзырды хæйттæм гæсгæ.

1. Нæй, мæ хуртæ, нæй гæнæн!
**Уарзут** мæ, уый хатын,
**…** тынг зын у мæнæн
Ахæстоны бадын.

2. **Зондамонæгмæ** хъус,
Цы зæгъа, уый - иу кæн.
**Зæрдæхъæлдзæгæй** кус
**…бæззай** лæгæн!

3. Сидзæртæн хъæдуртæ
Се' хсæвæр хуыдта,
**…**сын дуртæ
Цуайнаджы фыхта.

4. **Æцæгæлон** адæм, æцæгæлон бæстæ
Æхсныфæй нуазынц мæ туг.
Мæлæтæй нæ тæрсын, **…** мын мæ фæстæ
Мæ уæлмæрдмæ **чи** хæсдзæн суг?

5. **Никуы** схицæн уыдзæни дæ зæрдæйæ уæд
Уыцы сахъгуырд – хъуыдынгас, сæрыстыр.
Уадз йæ фæндыры **хъæлæс** дæ кæмтты нæрæд,
**…** хуры **бын** сæфæд æлгъыст дуг.

* Ацы скъуыддзæгтæ цавæр уацмыстæй ист сты? Чи у сæ автор?

### Грамматикон темæ «Хайыг»

1-аг хæс. Рафыссут хъуыдыйæдтæ. Хайыгты бын бахахх кæнут. 4-æм хъуыдыйад равзарут ныхасы хæйттæм гæсгæ. Ставддæрæй фыст дзырдбæстытæ рафыссут хицæнæй, синонимтæ сæм ссарут. Зæгъут, куыд хуыйнынц ахæм дзырдбæстытæ?

1) Худынц иннæ 'фсæддонтæ дæр, æрмæст иу-цалдæрæй лæууынц хицæн къордæй æмæ æдзынæг каст кæнынц Дзангмæ. *(Дзесты К.)* 2) Дардæй-иу паддзахвæндаджы былæй ракасти Бесо дæлæмæ, цъаламæ, сæ хъæумæ æмæ-иу **сагъæсы бахаудта** йæ бинонты тыххæй, кæд исты хъуаг сты, кæд сын уазал у æмæ æндæртæ. *(Гæдиаты Ц.)* 3) Акæсма фæстæмæ дæ цардмæ, мæлæг уд! Цы æвзæрдзинад бакодтай дæ бинонтæн, дæ сыхæгтæн, цæмæн æнхъæлмæ кæсынц **дæ цæстыты фæцъындмæ**, куыд никæйуал хъæуы дæ зæронд? *(Æрнигон И.)* 4) Дæле арф комы хæрæмигъ бадти, хæхтæ та мæйрухсы æнахуыр стыртæй зындысты, цыма арвмæ фæцыдысты æмæ ууыл æмбæлдысты, цыма боныгон куыд вæййынц, уымæй ныр хæстæгдæр лæууыдысты хъæуы алыварс. *(Бесаты Т.)* 5) Леуанæн йæ **зæрдæ рухс нæ кодта**, нæ цин кодта, кæд та йын лæппу

райгуырд, уæддæр. *(Гæдиаты С.)* 6) Се' ппæты кæстæр æфсымæрæн **нал уыди йæ бон** æххормагæй æмæ бæгънæгæй. *(Аргъау.)*

*2-аг хæс.* Хъуыдыйæдтæ ныффыссут хайыгтимæ: ***æрмæст, дæр, та, куы, канд, нал.*** Куыд гæнæн ис, афтæ спайда кæнут дыгай хайыгтæй дæр. Зæгъут, куыд аивта сæ хъуыды? Цы хъуыдыйæдтæ сарæзтат, уыдон ратæлмац кæнут уырыссаг æвзагмæ æмæ сæ ныффыссут.

1) Лæппутæ ацыдысты хъæдмæ. 2) Гыццыл сывæллæттæ хъазыдысты уынджы.

*3-аг хæс.* Цухгонд дамгъæтæ æххæст кæнгæйæ, рафыссут текст. Ссарут хайыгтæ æмæ сын сæ сæрмæ фæбæрæг кæнут сæ хуыз. Тексты ссарут антонимтæ æмæ сæ рафыссут.

Дзырдтæ **сфæлмæцыдысты, æрбалæууыд** дзырды хæйттæм гæсгæ равзарут.

Цавæр фразеологизмтæй пайдагонд цæуы тексты?

Дон – кæстæрæй.

Кæд…æр, дам, дард балцы цæуæг ирон адæмы иу къорд хус тыгъд быдыры бирæ рæстæг фæцыдысты. Бафæ…адысты, бастадысты, фæлæ фылдæр сфæлмæцыдысты æнæ донæй. Зæрондæй – ногæй, стырæй – чысылæй дзойдзойгæнгæ цыдысты. Хылдысты размæ.

Æмæ иуахæмы бахæ…æ сты фæнда…гæрон зæронд цъаймæ. Дон дзы систой æмæ йыл фæхæлæф ко…той. Уыцы рæстæг сæ уæрдоны айрох сæ чысыл æртæаздзыд саби. Уый сæ дон нуазгæ куы фе…та, уæд ноджы тынгдæр смондаг æмæ сæм йæ чысыл къухтæ бæргæ тыл…та, сдзурын йæ бон нал уыд, фæлæ йæ ничи бафи…пайдта. Сæ зæрдыл куы æрбалæ…уыд, уæд ма йæм дон бæргæ баскъæ…той, фæлæ уый уæдмæ йæ уд систа.

Бирæ фæфæсмон, фæмæт кодтой адæм, стæй рахастой ахæм фæнд: «Абонæй фæстæмæ дон нуазгæ, уæд – кæстæрæй, цæмæй ахæм бæ…лæх макæуыл уал æрцæуа!» Уыцы хъуыды ахæлиу æ…пæт ирон адæмыл, æмæ нæм дон нуазынц кæстæрæй.

*(Адæмон сфæлдыстад.)*

*4-æм хæс.* Къæлæтты цы хайыгтæ ис, уыдонæй раст пайда кæнгæйæ, рафыссут хъуыдыйæдтæ.

1. Мах зарæм ирон зарджытæ *(æрмæст, ма, та, дæ, мæнæ).*
2. Мæ фыд абон цæуы хъæумæ *(фæлтау, нал, бæргæ, куы).*
3. Нæ сыхаг лæппу ахуыр кæны хорз *(нал, æрмæст, дам, бæргæ, æвæдза).*

**5-æм хæс.** Æрхъуыды кæнут фæйнæ хъуыдыйады дихгæнæг хайыгтимæ **канд, æрмæстдæр, уæлдайдæр, æрмæст.**

*6-æм хæс.* Рафыссут скъуыддзæгтæ. Хайыгты бын бахахх кæнут, сæ сæрмæ сын фæбæрæг кæнут сæ хуыз. Текстты ссарут синонимтæ æмæ сæ фæнысан кæнут. Фыццаг æмæ цыппæрæм скъуыддзаг равзарут ныхасы хæйттæм гæсгæ. Дзырд **æгадæй** равзарут дзырды хæйттæм гæсгæ.

1) Æрмæст дæ кой, дæ буц ном дæр
Стыр ныфс у лæгæн.
У суанг дæ сыгъдæг уæлдæф дæр
Æвдадзы хос мæнæн.
*(Кочысаты М.)*

2) Амар æй фæлтау фырнадæй,
Акъах ын йæ цæст,
Фесаф æй бынтон æгадæй, –
Бафсад æй æрмæст!
*(Къоста)*

3) Сурынц æй цалдæрæй иумæ:
Бæхтæн сæ лæнк - лæнк цæуы.
Мæнæ хæрз æввахс…Сæлимæт
Бæхы æнæвгъау тæры.
*(Плиты Х.)*

4) Кæддæр æз буц уыдтæн, бæргæ,
Мæ дард фыдæл, дæ ном, дæ кадæй,
Фæлæ цы ныуугъутай, уæвгæ,
Мæнæн дæ цирхъ æмæ дæ фатæй?!
*(Хаджеты Т.)*

5) Цыма цæй, хæрзбон, мæ фысым,
Зæгъгæ, зæгъы, раст гъе уыйау,
Лæг æм хъусы' мæ нынкъард ис.
*(Нигер)*

7-æм хæс. Ӕрхъуыды кæнут фæйнæ хъуыдыйады амонæг хайыгтимæ **мæнæ, уæлæ, уæртæ, далæ, уалæ.** Хъуыдыйæдтæ ныффыссут. Дыууæ дзы равзарут ныхасы хæйттæм гæсгæ.

*8-æм хæс.* Текст бакæсут. Рафыссут, хайыгтæ цы хъуыдыйæдты ис, уыдон. Хайыгты бын бахахх кæнут æмæ сын сæ сæрмæ фæнысан кæнут сæ хуыз. Фæстаг абзацæй рафыссут номдартæ, бацамонут сын сæ хауæнтæ.

Бæхы мадзура цæссыгтæ.

Мæ бабамæ уыдис бæх. Бирæ азты дæргъы йын æххуыс кодта хæдзары куыстыты. Хатгай-иу зæронд лæг йемæ ныхас дæр кодта. Уый дæр-иу æм комкоммæ кастис. Йæ сæр-иу разыйы тылд дæр бакодта, æмбæрста-иу ныхæстæ.

Уый раджы уыд, фæлæ ма абон дæр мæ зæрдæйæ нæ цух кæны уыцы ныв. Мæ баба куы амард, уæд нæм адæм цыдысты тæфæрфæсмæ. Зиан цы уаты уыдис, уый рудзгуытæ гом уыдысты. Бæх дын куы бацæуид рудзынджы цурмæ æмæ, йæ сæр ныллæг æруадзгæйæ, куы «кæуид». Йæ цæссыгтæ цæппузыртау уадысты.

Бабайы ныгæнæн бон бæхы дæр уæлмæрдмæ æрбакодтой. Кæд æй кодтой фæлдисгæ! Ӕмæ та йæ цыма æмбаргæ кодта, уыйау чырыны уæлхъус йæ цæссыгтæ гæр-гæр кодтой. Чи йæм кастис, уыцы мæрддзыгой адæм дæр æмкуыд кодтой. Ӕвæццæгæн, нæ цыппаркъахыг хæлæрттæ дæр риссынц, мæт кæнынц, æрмæст сæ хъыг зæгъын сæ бон нæу.

*(Хъæрджынты С.)*

*9-æм хæс.* Рафыссут хъуыдыйæдтæ. Нысангонд хайыгты сæрмæ фæбæрæг кæнут сæ хуыз. Фыццаг æмæ дыккаг хъуыдыйады пунктуацион рæдыдтытæ сраст кæнут, равзарут сæ ныхасы хæйттæм æмæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

Дзырд **чындз** фонетикон æвзæрст ракæнут.

1) Хур хæхты фæстæмæ ныттылдис **æрмæст** ма Хъазыбеджы хохы цъуппыл хъазыдысты йæ тæмæнтæ. *(Тугъанты Б.)* 2) Гæбил **нал** фенхъæлмæ каст чындзы ныхасы кæронмæ **дæр,** æмæ уайтагъд ныхасы бамидæг. *(Дзесты К.)* 3) Чысылтыл **ма-иу** баззадис бæх æнæ фæкæлгæ, **уæлдайдæр**, æгæр уæззау уæрдон куы уыдис, уæд. *(Барахъты Г.)* 4) Адæм **ма** ныхасы дæр ракæнынц Иосебы гуыбыны кой, фæзæгъынц: раст **уæртæ** Иосебы гуыбыны йас, **зæгъгæ.** *(Коцойты А.)* 5) – **Цæй,** дæ мыдамæстытæ **уал** бахæрæм, æнтыдджынтæ ницы бæллиццаг сты, æмæ **уал** сæ фæстæдæрмæ уадзæм. *(Аргъау.)* 6) **Ӕниу** ды цæй æфсымæр дæ? Фыдызнаг! *(Санаты У.)* 7) Сæ бакаст **цыма** дурæй амад у, æмæ сæ ныхыл фыст ис – мæлæт. *(Хъуылаты С.)* 8) **Бæргæ ма** архайдта лæппу, фæлæ хъæлæс дæр ныффæсус. *(Дзесты К.)* 9) Бас, **дам**, кæй басудзы, уый йæ донып дæр фу-фу кæны. *(Ӕмб.)* 10) Ӕмæ дæ никуы ратдзынæн знагæн, зон уый ды, **фæлтау** мæлæт ссардзынæн дæ сæрвæлтау хæсты! *(Кочысаты М.)* 11) – **Ӕвæдза**, нæ фесæфт хуыздæр у, – загъта Мистала, – уыцы сырд æлдарæн утæппæт æвзæр митæ ныббарыны бæсты. *(Гæдтаты С.)*

*10-æм хæс.* Ӕрхъуыды кæнут фæйнæ дыууæ хъуыдыйады хайыгтимæ **фæлтау, цыма, уæртæ, ма, - иу, дам, уал.**

*11-æм хæс.* Къæлæтты хайыгтæ, кæм æмбæлы, уым æвæргæйæ, рафыссут хъуыдыйæдтæ. Хайыгтæн сæ сæрмæ фæбæрæг кæнут сæ хуыз. Дзырд **хъарджытæ** атасындзæг кæнут.

1) Хъæдгæрон иу лæг фæзынд **(мæнæ).** *(Фæрнион Къ.)* 2) Чындз йæ гуыр дыууæрдæм æнкъусын байдыдта **(та).** *(Коцойты А.)* 3) Багæпп кодта йæ фæстæ Сос-лан, фæлæ ницыуал ссардта **(бæргæ ма; нал).** *(Нарты кадджытæ.)* 4) Хъуысти галуанæй æлдары усы хъарджытæ **(æрмæст ма)**. *(Гæдиаты С.)* 5) – Зæгъгæ йын кодтон, – дзуапп радта Сабан, – фæлæ нын, æвæццæгæн, йе ссарын бантысдзæн **(бæргæ; нал).** *(Тугъанты Б.)* 6) Райсом дæ раджы сыстын ферох уæд **( - иу; ма)**. *(Бу-*

*куылты А.)* 7) Хъæндилы мад тагъд-тагъд куывд бацæттæ кодта, фæлæ йæхæдæг æрхуыссыд **(ма; бæргæ; дæр).** *(Мамсыраты Д.)* 8) Æм цæй фидæн æнхъæлмæ каст! **(æниу).** *(Хъайттаты С.)*

*12-æм хæс.* Цухгонд дамгъæтæ раст æвæргæйæ, рафыссут текст. Хайыгты бан бахахх кæнут. Нысангонд дзырдты сæрмæ фæбæрæг кæнут, цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый. Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнут.

**Нартæн** се стырдæр хæзнатæй **иу** уыд Уацамонгæ. Уымæ ахæм миниуæг уыд æмæ, **æвæдза**, адæймаг йе сгуыхтдзинæ… ты ты…хæй æцæ…тæ дзуры, уæд - иу, нæ йæм **бавналгæйæ**, йæхи систа æмæ - иу адæймаджы дзыхмæ бацыд. **Намæ** - иу йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæко…та.

Адæмы сæрвæлтау **тохгæнæг** хъæбатырты, рæстдзинадыл дзурæг лæгты ди…саджы **æрдхæрæны** кæхц уыд Уацамонгæ. Уыдонæн - иу **уайта…д** йæхæдæг **айдзаг** æлутон, ронг, кæнæ къ… ымæлæй. И…нæтæй йæ къухы **никæмæн** æфтыд Уацамонгæйæ бан…азын, уайта…д - иу хилагæй айдзаг.

*13-æм хæс.* Рафыссут скъуыддзæгтæ. Хайыгты бын бахахх кæнут. 2-3 хайыджы морфологион æвзæрст ракæнут.

1) – О гыцци, кæд уыдзæн?  
Райс-ма, цæй, дæ аг!..  
– Абадут!..Фæуыдзæн  
Алкæй дæр йæ фаг.  
*(Къоста)*

2) Йе та лæппу уæлдæфы хæцыд  
Æмæ кæд йæ хæдтæхæджы басыгъд,  
Чи зоны, хæстон – денджызон уыд  
Æмæ науы доны бынмæ ацыд.  
*(Гаджиты Г.)*

3) Бирæ нал уыд хурæй…  
Зарынц та кæмдæр…  
Дарддзæст лæппу дурæй  
Акаст та ныр дæр…  
*(Къоста.)*

4) Искуы, фæзæгъын æз дæр уæд мæхинымæр,  
Искуы та уалдзæг куы' рцæуид,  
Дардмæ куы хъуысид нæ зарды, нæ цины хъæр,  
Хур нæм йæ цæстæй куы кæсид.  
*(Гæдиаты Ц.)*

5) Фæлæ хæстæг къæхты хъæр хатын,–  
Цыма сты лидзджытæ…Хуыцау,  
Мæ фырты баиргъæв æгадæй,  
Йæ мард мæм фехъуысæд фæлтау!..  
*(Джыккайты Ш.)*

6) Ма фæбæззæд, ма, фыртæн йæ фыдæн,  
Уæд фæлтау рæхджы бонты йæ мæлæт,  
Кæд ныббара дудгæ маст мæрдты дæр,  
Кæд ныббара Иры' фхæрд Мæхæмæт!  
*(Асаты Р.)*

*14-æм хæс.* Къæлæтты æвæрд мивдисджытæ хъæугæ формæйы æвæргæйæ, рафыссут текст. Хайыгты бын бахахх кæнут. Зæгъут, цавæртæ сты сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. Дзырд **карк** атасындзæг кæнут.

Рувас æмæ бирæгъ.

Рувас æмæ бирæгъ кæцæйдæр карк (радавын). Куы йæ (сфыцын), уæд (зæгъын):

– Ай нæ кæй (фаг уæвын), фæлтау æй нæ иу куы (бахæрын), уæд – хуыздæр.

Уæд рувас афтæ (зæгъын):

– Æмæ йæ нæ дыууæйæ чи хъуамæ (бахæрын)?

Бирæгъ (ахъуыды кæнын) æмæ йын (дзуапп радтын):

– Ахсæв нæ хуыздæр фын чи (фенын), карк райсом уый (бахæрын).

(Схуыссын). Бирæгъ куы (афынæй уæвын), уæд рувас (сыстын), карк (бахæрын) æмæ фæстæмæ йæ бынаты (схуыссын). Райсом куы (рабадын), уæд рувас бирæгъы (фæрсын):

– Гъы, цы фын (фенын)?

– Мæ хæлар, диссаджы фын: цыма мæ зæдтæ (сисын) æмæ мæ сæ рухс бынатмæ (схæссын).

Уæд рувас (зæгъын):

– Æз дæр дæ тæхгæ (фенын), афтæ (æнхъæлын), фæстæмæ нал (æрыздæхын), уымæ гæсгæ карк (бахæрын).

Научно-методический журнал

ПРОСВЕТИТЕЛЬ
1(2013)

Редактор А.Ф. Кудзоева
Технический редактор А.Ю.Цопанова
Компьютерная верстка Е.Н.Маслов
Оформление обложки Е.Н.Макарова

Подписано в печать 28.11.2012. Формат 60×84 1/8.
Усл. печ. лист 12,3. Гарнитура «Times».
Бумага офсетная. Печать цифровая. Тираж 700 экз.

Издательско-Полиграфический Комплекс «Литера»
Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.
362000, г.Владикавказ, пер.Павловский, 3.